



- 1 Sèh Amongraga kapundhut mantu Ki Bayi Panurta angsal Kèn Tambangraras, pinahargya dening para sanak kulawarga
Sèh Amongraga nyuwun pahargyanipun sampun ngantos mawi cara maksiyatan. Lampahing upacara paningkah kawiwitan pêngantèn èstri kapingit. Salajêngipun sasaji jangkêp. Têtiyang ingkang sami ambiyantu sadaya kaparingan pangangge enggal. Tangga-têpalih sadhusun lan sakiwa-têngênipun Wanamarta nyumbang, lajêng jagong mangangge sarwi sae, langkung-langkung para mudhanipun. Sumbangan tumpuk-tumpuk, wontên ingkang nyumbang maesa, lêmbu, banyak, bèbèk tuwin ayam. Kangjêng bupati ugi paring sumbangan kathah arupi uwos sarta maesa, lêmbu, menda, iwèn, tuwin arta. Tiyang nyambut damêl sakalangkung rame, binarung swantênipun para têtiyang èstri sami ucal-ucal rêratêng.
Kaca 01 - 17

Jilid 6 - Kaca : 1

SÊRAT CÊNTHINI VI

357 Mijil

1. Sigra kang garwa Nikèn Malarsih |
lampahira alon |
praptèng ngarsa amipit silane |
jatmikane sêmune awingit |
tingkah ngati-ati |
ketange yèn luput ||
2. Tekad tinawajuhkên ing ati |
lumampah sapakon |
tan purun ngrumiyini karsane |
pan kumambang wisesaning laki |
tan watak nisani |
ing wuwus myang catur ||
3. Solah-bawa angganya sadêrmi |
narah tan rumaos |
andarbèni ing tyas sèndhêt sèdhèng |
mung sumangga sakarsaning laki |
jrih durakèng akir |
apanggih papa gung ||
4. Pan mangkono wong wadon prêmati |
gêng bêgjaning wuwoh |
yekang kaya Malarsih anggêpe |
anut runtut nora mêmalingi |

- muwuhi kamuktin |
marang kakungipun ||
5. Aningali mring garwa kiyai |
angandika alon |
sutanira Ni Tambangraras-e |
paningkahe iya mêngko wanci |
Ngasar sangatnèki |
Amad-e kang luhung ||
6. Sutanira rêsikana nuli |
pêsajan kang mungguh |
paesana lêlorodan bae |
mung busana patutên kang bêcik |
wiwida ywa mawi |
cicithak kêncênthung ||
7. Myang lêlatha pêpêtha thi-athi |
iku aja nganggo |
aywa kaya maksiyat carane |
apan cêgah ngèlmu tan pakolih |
kapindho manawi |
dudu parêngipun ||
8. Kang kinarsan Ki Sèh Amongragi |
krana Lah kemawon |
malah kaya mung samene kiye |
kaya-kaya nora amarêngi |
bêcik anjurungi |
ing sakarsanipun ||
9. Pan panggawe ing sadina iki |
kabèh abon-abon |
rampungana apa ing adate |
parabote wong amungguh haji |
aja kongsi sisip |
kêkuranganamu ||
10. Nikèn Malarsih umatur inggih |
sandika ing pakon |
bêrkah tuwan tan wontên kang kèthèr |
sampun mirantos sadaya sami |
mung kantong kên dhuri |
ingkang dèrèng rampung ||
11. Ya wis mangsa bodhowa sirèki |
saliring pakèwoh |
aywa nganti kakurangan kabèh |
amung kari ing sadina iki |
tan mêmêkas malih |
hiya mumpung esuk ||
12. Mundur saking ngarsa Ni Malarsih |
ingiring pra wadon |

Jilid 6 - Kaca : 2

- pan anjujug ênggonne putrane |
 Nikèn Tambangraras kang piningit |
 apan wus tri ratri |
 catur dhahar turu ||
13. Lir pradapa sinêmpal ngawêngi |
 lorod wênês ijo |
 angga-angga citra anglêlêntèh |
 trah turase kang ngèlmu mawingit |
 rêpiting pangarsi |
 angganthêng nganguwung ||
14. Sarwi sêdhêng pangadêg rêspati |
 tan ana winaon |
 antêng adi wuwuh jatmikane |
 rema kêbês mêngtas dèn-jamasi |
 jamusing waja lir |
 laring kumbang gêmpung ||
15. Tasik wawalêran bae nipis |
 pasaja yèn tinon |
 sinjang seta limar sêmêkane |
 rasukan takwa sêmbagi kuning |
 pangangge tan pati |
 wus masêm asêmu ||
16. Ingkang ibu prapta ing gyannèki |
 Tambangraras anon |
 gupuh mingsêr mudhun saking (ng)gonne |
 wus pinarak wau Ni Malarsih |
 angandika aris |
 aduh atmajèngsun ||
17. Timbalane pan ramanirèki |
 dhawuhe maring ngong |
 kinèn angrêsiki mring sira (ng)gèr |
 tan linilan trap paès pipidih |
 lèlatha thi-athi |
 cicithak cêcênthung ||
18. Panjaluke Ki Sèh Amongragi |
 karsane mangkono |
 aja kaya maksiyat carane |
 mung krana Lah bae dènkarsani |
 kapindhone lagi |
 kawingitan kalbu ||
19. Dadya ramanira angrojongi |
 sakarsane winong |
 pan angrasa bégja mring sira (ng)gèr |
 krama antuk ngulama trang ngèlmi |
 sru sukur ing Widi |
 ing pandonganipun ||

20. Sumpêg dhêdhêl tyas dening sirèki |
mêngko wus cumêplong |
lir punagi ya saking bungahe |
yèn ta aja kêpagol ing kingkin |
-nira Sèh Mongragi |
kaya numbuk bêtus ||
21. Pasthi ngaturi para priyayi |
anggêdhèkkên dhayoh |
nganggo bubak kawah tumpak-ponjèn |
mung pinupus utamaning ngèlmi |
sunat maksiyati |
ngundhakkên têtakabur ||
22. Tambangraras sangsaya awêning |
tyasira sumorot |
pan sumrowong mindhak mènèr antèr |
tar pêpêka tyas mring maksiyati |
raosing tyas kadi |
kacondhongan jumbuh ||
23. Matur mring ibunira aririh |
kawula sayêktos |
paminipun cinara pangantèn |
ing ngadesa kang limrah nglimrahi |
mawi klênak-klênik |
kula botên sukur ||
24. Dados rubêd rubeda ing budi |
badankula mopo |
katujunipun wontên ingkang rèh |
kalêrêsan botên mawi-mawi |
yèn mawiya pêsthi |
tan wande (m)bêguguk ||
25. Ni Malarsih gumujêng ngling aris |
dhuh sutèngsun babo |
nora nyana yèn kabênêrane |
manira sêngguh tyasira mutik |
ing mêngko wus nunggil |
dhenok sukur-sukur ||
26. Mugi sira jinurung ing Widi |
santosamu wuwoh |
pira-pira nugrahan tibane |
maring sira ilhame Hyang Widi |
manawa nyaloni |
lukitaning luhung ||
27. Ingkang putra matur nuwun mugi |
amanggiha yêktos |
sabda ibu nastijaba mangke |
pandongane ramèbu kapundhi |
pan kawula dêrmi |

anglampahi tuduh ||

28. Tambangraras ingaras (m)bunnèki |
surya (m)barêbêl loh |
dhuh sutèngsun woding tyasku anggèr |
iya-iya muga-muga nini |
sinihana Gusti |
Pangeran kang Agung ||
29. Nulya ngandika nuduh ing cèthi |
Sumbaling sunkongkon |
undangên si bibi Daya kae |
nèng pajangan kang tunggu pêtani |
wong tuwa (m)bêrkahi |
ingkang kang wus tau ||
30. Amaèsi pangantèn priyayi |
ya ninèkmu dhenok |
pan sêlire dipati swargine |
Wirasaba mulane si bibi |
nèng kene nut kyai |
dadi kadang katut ||
31. Tambangraras aturira inggih |
kang tinuding gupoh |
tan adangu ni Daya praptane |
mungging ngarsane Nikèn Malarsih |
angling mila bibi |
wayahe puniku ||
32. Ngalap bêrkah andika pahyasi |
lorodan kemawon |
datan mawi pêtha lalathine |
cêthak cênthung trap pidih tan mawi |
mung angimpun alis |
wulu puhunipun ||
33. Ngênca kêncênging kêtêp malipit |
ngilang wulu kalong |
ingkang ana ing ngarsa wurine |
pinrih maya-maya kulit rimpi |
rampinging pangaksi |
supaya sumunu ||
34. Tuwin sadadosipun ing mangkin |
bibi mangsa borong |
kula sampun pitaya pênêde |
kang sumurup mring karsane kyai |
krana Lah kang pinrih |
ingkang mara sêmu ||
35. Ni mbok Daya pamuwuse inggih |
sampun walangatos |
kula angkah-angkah prayogine |

Jilid 6 - Kaca : 4

- Ni Malarsih nuduh mring Sumbaling |
enggalna tumuli |
sajèn-sajènipun ||
36. Panggang tumpêng cara jê nang abrit |
lan kalapa uwos |
gêdhang ayu suruh ayu jambe |
gambir bako mênyan sarwa bêcik |
lan (n)jupuka dhuwit |
tindhihe nê m suku ||
37. Warnan pasar iya kang mêpêki |
ayam urip babon |
klasa bangka anyar lan palèmèk |
jarik kêkembangan bathik lurik |
kang pêpak swarnaning |
among aja kantun ||
38. Lan godhong kluwih ginawe linggih |
myang rujak carobo |
dupa diyan sumêtên kang mènèr |
yèn ana kêlalènku Sumbaling |
takona si bibi |
ladènana gupuh ||
39. Ni Sumbaling aturira inggih |
ngomèl sarwi jomblong |
akèh tèmên klênak-klênike |
kinumpulna kèh pêngajinèki |
ana rolas anggris |
kalamun dènetung ||
40. Ingsun mujur plemèk bae yèn wis |
dene mumah-mumoh |
gitik trohi nyai Daya kuwe |
agumujêng duka Ni Malarsih |
ora têka gêlis |
pijêr akumrusuk ||
41. Ni Sumbaling pan kaya têngbaling |
prentah maring wong-wong |
kinèn mundhut pêpaking sêsajèn |
tan adangu wus samêktêng sami |
katuran ing ngarsi |
kang bêkta andulur ||
42. Campur-bawur myang sêkar tulyasri |
sêtaman nêng bokor |
Ni Malarsih arum andikane |
kula-tilar mangsa-borong bibi |
kula angrumati |
karya liyanipun ||

Jilid 6 - Kaca : 5

43. Ni-bok Daya turnya (ng)gih prayogi |
 mugi kang pitados |
 dan lumampah ingiring rencange |
 anjênêngi kèh kang nambutkardi |
 kang dèrèng ginêlis |
 kang uwus tinunggu ||
44. Maring wisma mundhut jarit-jarit |
 sinungkên pra wadon |
 wiyar ciyut wradin sêdayane |
 kang santana miwah magêrsari |
 kinaot pêparing |
 undha usukipun ||
45. Jalu èstri pan samya pining |
 pêsalin sabobot |
 têlas sinjang nêmbodhi kathahe |
 wiyar ciyut wus dinum jalwèstri |
 mangkana kalaning |
 wontên wong martamu ||
46. Anak putu ing Wanamartèki |
 sadaya punang wong |
 jalu èstri pan padha êmbyake |
 sumawana pêtinggi jalwèstri |
 samya nadar bêkti |
 ngaturkên pamunjung ||
47. Mring (n)Jêng Kyai Bayi Panurtèki |
 dènnira mêmanton |
 panggraitanira sêdayane |
 pupungkasan dènya nambut kardi |
 putrèstri sawiji |
 dinama ingugung ||
48. Kusung-kusung sami niyatnêki |
 tangkêbe babyanton |
 samya amrih katon dhewe-dhewe |
 jalu èstri anyumbang pribadi |
 katrima-a dening |
 sakaliyanipun ||
49. Ing (n)Jêng Kyai tuwin mring (n)Jêng Nyai |
 kabèh pan mêngkono |
 tur tan ana pinardi sumbange |
 samya thukul nadare pribadi |
 kang sugih myang miskin |
 pan sami dènipun ||
50. Ingkang nyumbang wiwit byar anggili |
 samya jodhon-jodhon |
 amêrabot sabobot pêngangge |
 kang tan duwe sakadarirèki |
 wong kang sugih-sugih |

sêmuwa dinulu ||

51. Jor-jinoran busana di-adi |
rare pinarabot |
pan rinukmi rummi pênganggone |
samyâ bêtka panganan mawarni |
nèng dhulang tup saji |
bobokoran munjung ||
52. Miwah jodhang sinarêbèt putih |
myang jodhang ginodhong |
ancak kothok angkring lawan jolèn |
samyâ inginthalan bèbèk pitik |
kang banyak kêbiri |
wènèh ingkang wêdhus ||
53. Inkang kidang mênjangan myang sapi |
gudèl pêdhèt kêbo |
sabên wong kang numbang bèbêktane |
pangiring sêmbêlèhanèki |
rekanira kadi |
sêmayan sadarum ||
54. Kang panganan pangiringing èstri |
ngarsa bêktèng bokor |
sinamiran antakusumane |
ingkang nampa rare busanadi |
kinarya di asri |
pangiriding laku ||
55. Wènèh patadhahan kang sinamir |
kang garwa pinrabot |
pra rarèstri kang anampa kabèh |
kang anyumbang samyâ ngangge kêling |
jarijya li-ali |
mirah intên tajuk ||
56. Kang maksih nèm sêngkangan tulyasri |
pênunggul rinoyok |
intên byur myang sêkar sêtamane |
abra markata awarni-warni |
jalu lawan èstri |
mompior mubra-mubru ||
57. Palawija kinarya pangiring |
ing wong lanang mêngko |
kabèh samyâ kinalungan lawe |
anyatukêl nadyan pitik siji |
sinarimpung dening |
ing lawe sagêmuh ||
58. Inkang ngirid lare jalêr sami |
jêjaka mêrabot |
prajuritan kotang baludrone |

Jilid 6 - Kaca : 6

abangkok mas sabuk cindhe abrit |
bêbêt limar-wilis |
sinerong cinancut ||

59. Akris landheyan prasu pinodhi |
pêndhok ngunir bosok |
sruwal sangklat brit panji-panjine |
ikêt rendan jêplakan brèh kuning |
anggagas mrêjurit |
sarwi nuntun wêdhus ||
60. Miwah kang rapèkan golang-galing |
udhêng-gilig jarot |
kotang sangklat ijo renda jêne |
kris cara Balèn cara pangrukmi |
ukiran kêndhit tri |
brêngos wulu lutung ||
61. Borèh kuning-garut tan mêtèni |
jadhug nuntun kêbo |
wênèh jaka kulambi balênggèn |
asikêpan baludru lilincis |
sabuk cindhe wilis |
brêngos lèchèt angus ||
62. Bêbêt polos ikêt jingga manis |
adu-mancung pênyon |
singsêtane githok mawi koncèr |
pêndhok buntan kris landhèyan miling |
bêsus ngêrik alis |
sarwi nuntun lèmbu ||
63. Pan sadaya jêjaka kadyèki |
samyar marong-marong |
sarwi kêling sarwa rukmi kabèh |
ing anake sudagar wong gramè |
wontèn bêktèng pitik |
anèng wurinipun ||
64. Bapakira pribadi pan sami |
tan pae mêtèbot |
warna-warna saduwèk-duwèke |
kang prajuritan kang cara santri |
ingkang cara Bugis |
cara Madurèku ||
65. Êndi kang wus dènambah agrami |
carane ing kono |
pan tiniru-tiru panganggone |
pra sudagar samya anutugi |
panganggenirèki |
ancung rêbut unggul ||

Jilid 6 - Kaca : 7

66. Datan carub sapangkatirèki |
 bêbrayatan golong |
 kang sudagar sami sudagare |
 ingkang kriya sami kriyanèki |
 dhalang lawan gëndhing |
 niyaga akumpul ||
67. Kang blantikan pan sami bêlantik |
 tan ana uwor soh |
 sabangsane maju barêng gëntèn |
 kêrig-lampit wong sadesa prapti |
 kang miskin tan isin |
 ing sakuwatipun ||
68. Datan etang mung godhong salêmpit |
 myang bêras satompo |
 kayu satikêl ingaturake |
 sami cipta marang (n)Jêng Kiyai |
 putrèstri sawiji |
 wêwakasan mêmantu ||
69. Mila samya darbe nadar sami |
 sakadare kang wong |
 wus mangkono sadaya kajade |
 datan ana kang tumumbuh siji |
 wong kang sugih-sugih |
 lumampah andulur ||
70. Dupi prapta palataranèki |
 jalu èstri nyero |
 ingkang èstri lajêng mring dalême |
 dene para jalêr mring pêndhapi |
 samya bêkta anggris |
 sadaya kinandhut ||
71. Ambrêngangang nêng pandhapa asri |
 busanane mompyor |
 samya akris cra pangudhal mele |
 kèh ukiran sagolèk gêngnèki |
 krahing rukmi wus lir |
 buta prang anggrêgud ||
72. Ki Murtala Ki Gopa Ki Pêthi |
 Ki Gandhang Ki Lundhong |
 Kyai Dêrmayuda kyai Gobès |
 Kyai Kêrta Lamba Jagapati |
 Ki Bênthang Ki Kêcil |
 Ki Bapang Ki Kuwu ||
73. Ki Jumêna Jêmpina Sêmbagi |
 Ki Dhoplant Ki Polong |
 Kyai Jamblang Ki Bopong Ki Kènthèng |
 Ki Balêndhang Ki Mèdhang Ki Canthing |
 Ki Brarêm Ki Brahim |

Jilid 6 - Kaca : 8

Ki Kulur Ki Lêngur ||

74. Kyai Padhangbulan Ki Sêntagi |
Kyai Singabarong |
Kyai Mênthak Ki Kêblak Ki Cothèk |
Kyai Pandhak Ki Galak Ki Klithik |
Ki Kathik Ki Pathi |
Ki Bathok Ki Bathuk ||
75. Kyai Jambang Ki Jumbêr Ki Kadir |
Ki Sêmbong-dhungaron |
Ki Trênggunèng Ki Gulêng Ki Sole |
Kyai Mêrdi Ki Kolih Ki Wakil |
Ki Pênggik Ki Sidik |
Ki Gugut Ki Kêtul ||
76. Ki Jakrêndha lawan Ki Sumêndhi |
Ki Gondrong si Sêndrong |
Kyai Imayuda Kyai Gombrèng |
Kyai Tajêm Ki Jênjêm Ki Mubin |
Kyai Andhamohi |
Kyai Jagasatru ||
77. Pak Rajiyah pak Rumiya tuwin |
pak Kijah pak Barong |
pak Budiyah pak Klimah pak Mèdèng |
pak Salbiyah pak Mirah pak Rajin |
pak Imran pak Yasin |
pak Garêm pak Rêmu ||
78. Pak Banikêm pak Trikêm pak Kêmis |
pak Têmas pak Dêrbos |
Ki Sampura Ki Jalipurna-ne |
Ki Jêpara Ki Sapura tuwin |
Ki Taman Ki Amin |
Ki Panjangjiwèku ||
79. Ki Lawatan Ki Jugah Ki Tikyik |
lan Kyai Malambong |
Ki Pangirat Ki Noja Ki Jaèt |
Ki Budiman lan Kyai Baudin |
Ki Bandha Ki Kabir |
Ki Bandhung Ki Canthur ||
80. Kyai Sukadana Ki Wardadi |
Ki Bengkong Ki Bonong |
Ki Pandaya Ki Baga Ki Kurnèn |
Kyai Malangjiwa Malangsari |
Kyai Purasari |
Ki Putu Ki Mantu ||
81. Ki Sêkarpêthak Ki Kêmbangkuning |
Ki Sawo Ki Suro |
Ki Dhadhapan Ki Warga Ki Tompe |
Ki Rubiya Ki Candra Ki Widhig |

Ki Garuta tuwin |
Kyai Sapugarut ||

82. Kyai Jêbad lan Kyai Kasturi |
myang Kyai Salobok |
Kyai Pusparana Ki Sêntagèn |
Kyai Pusparaga Puspanjali |
Kyai Talipranti |
Kyai Tali-datu ||

Jilid 6 - Kaca : 9

83. Kyai Puspajiwa Puspanjali |
Kyai Tali-wangkong |
Tali-kapa kyai Tali-rante |
Kyai Tali-monce Tali-kambil |
Kyai Tali-sutri |
Kyai Tali-têmbung ||
84. Kyai Rêmbêt Kyai Pêt Ki Pêti |
myang Kyai Balongsong |
Ki Pramada Ki Jadrêma-gumbrèng |
Ki Purwaka Purwanggan Wira Ki |
Kyai Wiragati |
Kyai Margaewuh ||
85. Prabadrana Prabajaya Kyai |
Pratima Ki Gêdhong |
Ki Jumiyah Kyai Basiahe |
Kêrtisêdana Ki Sokanandi |
Jumilah Ki Rubi |
Ki Jamur Ki Ganjur ||
86. Kyai Galang Ki Kalang Ki Kalim |
Ki Jongkang Ki Gonjong |
Kyai Sutajiwa Kyai Pèrès |
Ki Calura Ki Gombak Ki Mètri |
Ki Jungkung Ki Kunthing |
Ki Dhapur Ki Dhampu ||
87. Kyai Banjayuda Ki Panjari |
Kyai Rêngga-ganggong |
Kyai Hanggadipa Hangga-thithe |
Kyai Mara Kyai More-Mori |
Limaran Ki Guling |
Kyai Condhongcampur ||
88. Kyai Rêban Ki Rêmbên Ki Rêndhik |
Ki Sèmbong Ki Songsong |
Ki Mangkurah kalawan Ki Gêbèl |
Ki Panjala lawan Ki Panjalin |
myang Kyai Walulin |
Kyai Cakra-wêdhuk ||
89. Samya majêng matur gènti-gènti |
nêmbah matur alon |

- kang punika kawula wiyose |
sumapala angaturi bêkti |
kunjuka (n)Jêng Kyai |
patumbasing apu ||
90. Pan mangkana aturira sami |
(n)Jêng Kyai nglingnya lon |
iya bangêt tarimèngsun kabèh |
muga-muga brêkata kang kari |
salamêting urip |
kang padha rahayu ||
91. Tinampanan pasumbangirèki |
sadaya punang wong |
kang rong reyal têlung reyal wênèh |
matang reyal limang reyal nênggih |
sakêdhike sanggris |
pra sudagaripun ||
92. Magêrsari myang para pêtinggi |
kang nyagak pat recon |
samyang ngaturakên pasumbange |
ingkang nyuku ingkang jampêl tuwin |
tigang sêka sanggris |
kêdhike nyatangsul ||
93. Nulya sinugatan sadayeki |
para numbang kang wong |
sarta brêkatane nêng teboke |
sadangunya kang numbang nis prapti |
tan beda turnèki |
lan wangsulanipun ||
94. Kang parèstri malbèng dalêm sami |
mêrabot dikaot |
sakadare wong desa pamère |
samyambêkta rare jalu èstri |
mabusana rukmi |
anak-putu buyut ||
95. Ingkang sugih nganggo jamang sumping |
kalung sungsun badhong |
kalung dirham kokodhokan slêpèn |
kuku sima pinodhi rinukmi |
myang kalung li-ali |
lang-alang sakapung ||
96. Kinanthèt têtung samya li-ali |
myang mirah sabêton |
kalung picis mas kang anggris cènthèl |
binggêl kêlatbau anting-anting |
cundhuk-suri rukmi |
miwah srumbung kuncung ||

Jilid 6 - Kaca : 10

97. Samya apipinggang apêpênding |
 slêpe cathok kroncong |
 sarwa kêling kabèh panganggone |
 sinjang kêmbên salendhang kulambi |
 sasênêngirèki |
 kewala pinatut ||
98. Kang kumbaya êncit myang sêmbagi |
 putih kuning ijo |
 pandhan surat samboja limare |
 lurik rambutan lawan cêlari |
 dêraga walulin |
 palangi myang pêlung ||
99. Bèrêm daragêm paniti tluki |
 solok kang balongsong |
 mur baludru kêsting kêstop cindhe |
 myang kang ngangge sêngkang warni-warni |
 mas samya angunir |
 -bosok sêpuh-sêpuh ||
100. Sêngkang seta myang panunggul siji |
 kang sêngkang têronyok |
 sêngkang sêtaman sêling mirahe |
 kang cêplok kêmbang rinajawêrdi |
 kang sumbulan adi |
 srumbung gêdhah biru ||
101. Apanunggul pipinggir pinodhi |
 myang kalpika kaot |
 intên mirah pan kathah dhapure |
 ngangge raja-kaputrèn rarèstri |
 jalu panganggya di |
 raja-kaputrèn nung ||
102. Thèsèl pinarjuritana rarywa lit |
 sarwalit anganggo |
 kris pêndhok mas cêrapang kirane |
 kraèng prasu miling dèn-netrani |
 intên mirah abrit |
 kinotang baludru ||
103. Cêmêng ijêm biru wungu abrit |
 èpèk abêbangkol |
 sruwal panji-panji kèh warnine |
 jamang gêgarudan asusumping |
 samya bêtêt kêling |
 wida jênar arum ||
104. Samya jèjèr lir wayang kalithik |
 muwuhi sri tinon |
 sudagar kang prapta sadayane |
 Nyai Dhopleng Nyai Jomblang tuwin |
 Ni Bênthang Ni Canthing |

Nyai Jagasatru ||

105. Ni Drêmayuda Ni Jagapati |
Ni Gandhok Ni Bathok |
Ni Jumêna lan Jêmpinane |
Ni Sêmbagi Ni Kinjêng Ni Tik-yik |
Ni Blêndhang Ni Bêning |
Ni Tala Ni Bungsu ||
106. Bok Rajiyah Bok Tajêm bok Yasin |
Bok Imran Bok Bobot |
Bok Trikêm Bok Sêmangka bok Sundhèr |
pêpak sadaya para pawèstri |
randha somah prapti |
sugih miskin tan wun ||
107. Lan bojone kamisêpuh santri |
kabèh samya rawoh |
matur gênti-gênti dhewe-dhewe |
samya ngaturkên pasumbangnèki |
mring Nikèn Malarsih |
patumbasing apu ||
108. Kang sareyal rong reyal patanggris |
myang sinjang kemawon |
wiyar ciyut samya kêling kabèh |
miwah bojoning para pêtinggi |
tuwin magêrsari |
ngaturkên pisungsung ||
109. Wus tinanggapan pasumbangnèki |
tinarima kang wong |
Ni Malarsih alon andikane |
muga barêkata ingkang kari |
kapindhone malih |
ywa susah sadarum ||
110. Dene ngong tan mawi angulêmi |
kabèh saking ngong |
samya matur sadaya parèstrèn |
botên susah pan kawula drêmi |
bêrkah paduka wit |
sagêd atur-atur ||
111. Sarta barkahipun (n)Jêng Kiyai |
sawabipun kaot |
Nikèn Malarsih arum dêlinge |
Alkamdulilah kajade sami |
nulya ingkang prapti |
sira Nyai Jambul ||
112. Ngirid jodhang pat sinêrbèt putih |
linapis ing godhong |
kang sajodhang woh-wohan isine |
lah-olahan kang sajodhang malih |

sajodhang kêrambil |
kang sajodhang bumbu ||

113. Sarwi ngiringakên rare alit |
rolas amêrabot |
kinêmbar sadaya busanane |
gêlang kêlatbau jamang sumping |
kêroncong pêpênding |
kalung srumbung kuncung ||
114. Samyambêkta bokor salaka lit |
sinamir bludrijo |
pan gumrudug kang ngiring wurine |
samyamrabot kêling warni-warni |
pan randhaning êncik |
wasta êncik Jambul ||
115. Têngah tuwuh wancinipun nyai |
sajak masih dèn-(ng)go |
cara bojoning êncik prabote |
sakalangkung rahabing agami |
asring mulang ngaji |
rare sabên esuk ||
116. Langkung sugih piyambak nyaincik |
Jambul amêrabot |
sinjang sarung sobanlah ngalêmbrèh |
apan rasukan kabayak sêtin |
biru pinalêtik |
ing kêmbang mas murub ||
117. Kotang putih kancing rus mirah brit |
kancing tangan karo |
bêrleyan hêrlaut sanga sisèh |
li-ali tahota lawan lantring³⁰¹ |
mirah tulèn tuwin |
sarakit gêng tajug ||
118. Akêrabu rus barleyan adi |
gêlung anyonthong |
cundhuk suri tumanggal tinrètès |
intên kinêmalan mirah abrit |
kaca kumbaya brit |
kusta dhasar alus ||
119. Praptèng tarub Kiyai ngudhuni |
malbèng wisma wong ro |
parèstri sadaya samya mire |
Nikèn Malarsih mingsêt saryangling |
lah ingriki bibi |
lan kula alungguh ||
120. Wus pinarak lan Kiyai Bayi |
tata dènyanya lunggoh |

Jilid 6 - Kaca : 12

Nyai Jambul nêmbah tur salame |
sêmbah kapadha Allah (n)Jêng Kyai |
Ki Panurta gipih |
rahab salamipun ||

121. Sinauran ngalekum salami |
nulya ngalih gupoh |
marang Nikèn Malarsih salame |
sêmbah kapadha Allah (n)Jêng Nyai |
Malarsih nauri |
ngalekum salamu ||

122. Wusnya prênata ngumpulkên samir |
ingkang rolas bokor |
sarwi matur lan punika nikèn |
kula ngaturi patumbas sirih |
lan malih nyaosi |
tape kang sawungkus ||

123. Kyai Bayi lan kang garwa sarwi |
gumujêng wiraos |
sampun susah-susah dados tyase |
lintang namung donganipun bibi |
lan tan mawi-mawi |
ngulêmi sadarum ||

124. Jambul matur he susah punapi |
bêrkah pandukandon |
sinung rijêki kamurahane |
dening Allohu Tangala paring |
sawabe (n)Jêng Kyai |
tan kirang wus cukup ||

Jilid 6 - Kaca : 13

125. Wawrat kula dhusun tiyang alit |
tan awalangatos |
inggih saking (n)Jêng Kyai dongane |
mangsa sabên wulan darbe kardi |
mung kantong puniki |
(n)Jêng Kyai mêmantu ||

126. Ni Malarsih gumujêng nampèni |
ingkang rolas bokor |
binuka isi ngrong reyal kabèh |
gunggung kabèh salawe prah anggris |
Ki Baywa ngling inggih |
sangêt tarimèngsun ||

127. Tuwin nuwun narimèng Malarsih |
langkung suka karo |
Kyai Bayi andonga amine |
wa barakalahu palalihi |
inggih mugi bibi |
bêrkata kang kantong ||

128. Kinèn nulya Malarsih anuding |
 mring Sumbaling gupoh |
 mêdalakên ambêng sugatane |
 sigra nuduh marang kang ngladèni |
 lan kinèn nampani |
 jodhange Ni Jambul ||
129. Rumat ingkang ngladèni nampèni |
 tinata kang sugoh |
 Kyai Bayi alon andikane |
 bibi jêngandika kantun bukti |
 kula amanggihi |
 yèn wontên têtamu ||
130. Matur inggih gya (n)Jêng Kyai mijil |
 Ni Malarsih alon |
 lan wantinga bibi miwah kabèh |
 nulya sadaya sami awijik |
 adan lêkas bukti |
 royom apikantuk ||
131. Wus antara nutug dènnya bukti |
 gya kinèn anglorod |
 ingundurkên ambêng rampadane |
 nulya cinarik marang pamburi |
 wrata sadayèki |
 rarywalit myang batur ||
132. Lan brêkatan tampah tedhok tampir |
 sampun pinirantos |
 Nikèn Malarsih alon dêlinge |
 sadayanya ingkang sami prapti |
 yèn wus sami bukti |
 muging ingkang mujud ||
133. Atugura banjur aywa mulih |
 jroning gawe kono |
 padha bumènana dhewe-dhewe |
 myang rarywalit kang manganggo sami |
 dimène nèng riki |
 aywa na kang mantuk ||
134. Krêbèn dolan padha rare alit |
 samuha tinonton |
 amuwuhi srine jroning gawe |
 kang liningan tan sawalèng kapti |
 dhasar tyas kadyèki |
 nêdyèng sami tugur ||
135. Wus pinatah patah sadayèki |
 karyane pra-wadon |
 pan binagèn cukup sadayane |
 wusnya nutug aluwaran bukti |
 barêkat pinaring |

-ngakên marang batur ||

136. Kinèn ngulihakên rencangnèki |
rumat sadaya wong |
nulya sami bubar andum gawe |
rare dolan sapurugirèki |
ting sariwêd asri |
srining kang pandulu ||
137. Gêdrah gumêdêr pating jalêrit |
miwah kang dènêmong |
ingaringan sindhèn mrih lulute |
rare kang rada gêdhe abênthik |
tujon cirak ubris |
gangsingan arubung ||
138. Kang tamburan kêndhangan (n)dharindhil |
tut-êntutan konthol |
myang plêmbungan pitik pinidak thèt |
mêksih samya ngangge-angge rukmi |
ting pancorong kadi |
brana sinêbar byur ||
139. Kèh kang nangga sêga anèng takir |
sinambi guguyon |
langkung suka tanpa rungyan rame |
tan wus ucapên sakèh rarywalit |
kang sami (n)dhatêngi |
nunumbang andulur ||
140. Tiyang jalêr dhatêng Kyai Bayi |
pra jalêr kemawon |
ingkang èstri samyèstri kature |
tan kaliru sumbang ingkang prapti |
yata Kyai Bayi |
nèng pëndhapanipun ||
141. wontên tiyang titiga kang prapti |
sami ambêlowos |
nanging mathis kabèh tapsilane |
Kyai Bayi tanya sira ing (n)di |
matur kang sinung ling |
kawula ingutus ||
142. Putranta (n)Jêng Kiyai Dipati |
maringakên uwos |
kawan atus pitrah ing kathahe |
mesa pitu lêmbu wolu nênggih |
lan sêdasa kambing |
bèbèk ayam nyatus ||
143. Kang punika katura (n)Jêng Kyai |
pisungsung supados |
dadosa lothung kemawon mangke |
kagyat Bayi Panurta nglingnya ris |

sun narima inggih |
mungguh ing Hyang Agung ||

144. Nulya sinugata kinèn bukti |
wus tutug linorod |
cinarik mring rencangira kabèh |
pan warata tuwuk sadayèki |
nulya caraka tri |
pamit nyuwun mantuk ||
145. Tan linilan kédah adrêng pamit |
wusana rinojong |
nulya nêmbah lèngsèr sing ngarsane |
yata kang nèng dalêm Ni Malarsih |
mangkana kalaning |
wontên kang martamu ||
146. Ni Malarsih ambagèkkên nuli |
kang tamu tinakèn |
karyanira kang liningan ture |
utusane (n)Jêng Kyai Dipati |
Wirasaba nênggih |
paring arta satus ||
147. Dhawuhipun dhêdhêmitan paring |
putukoning lombok |
sabab nora wèh wêruh marene |
yèn aweha wêruh marang mami |
(ng)gonne duwe kardi |
sadya sun-sangkul ||
148. Ni Malarsih (n)jêtung aningali |
ing reyal sakanthong |
nora nyana kadhatêngan gandhèk |
narima mring rijêkining Widdhi |
saèstu Ki Bayi |
ing mangunahipun ||
149. Wus tinampan arta mring Malarsih |
anulya sinugoh |
wusnya nutug nadhah sugatane |
tan antara caraka nulya mit |
ingandhêg tan kenging |
sigra lèngsèr laju ||
150. Kyai Bayi Panurta nimbali |
mring kang garwa gupoh |
praptèng ngarsa alon andikane |
tampanana lagya na rêjêki |
paringe dipati |
bêras patangatus ||
151. Kêbo sapi suwap lan kêbiri |
bumbu lan bon-abon |

Jilid 6 - Kaca : 15

- Kangjêng Kyai Dipati paringe |
 calêngêpan bae apêparing |
 miwah kang tinuding |
 ngangge sarwa kluwuk ||
152. Nora kêna sunandhêg (n)dang mulih |
 mung mangan sunsugoh |
 sapi wolu kêbo pitu kêhe |
 lawan bèbèk ayam myang kêbiri |
 kang garwa mèsêmi |
 mring raka umatur ||
153. Kawula mèh marêg nuntun Kyai |
 animbali mring ngong |
 kula inggih makatên tan pae |
 wontên utusan èstri satunggil |
 Kangjêng Ki Dipati |
 paring arta satus ||
154. Ingaturkên arta satus ringgit |
 Ki Bayi anjomblong |
 gèdhèg-gèdhèg muwus uwe-uwe |
 dene akèh tèmên paparingsih |
 desun tan ngaturi |
 uninga malêbu ||
155. Kang santosa lulusing kamuktin |
 kasuding Hyang Manon |
 ananjèhkên ing panarimane |
 muga-muga Kangjêng Ki Dipati |
 winalês ing Widi |
 kabukaning ngèlmu ||
156. Kang santosa lulusing kamuktin |
 ing donya praptèng (n)don |
 wusing dodonga sukuring tasbèh |
 subkan Allah ngala palalihi |
 rijèku apihi |
 wa bil ngibadarum ||
157. Wus mangkana nulya animbali |
 ingkang rayi karo |
 Ki Panukma lawan Panamar-e |
 praptèng ngarsanira kang raka ngling |
 pasumbang kang prapti |
 kêbo lawan lêmbu ||
158. Banyak bèbèk ayam swap kêbiri |
 pêragatên gupoh |
 sarupane ya olahên kabèh |
 iku sidhêkahe (n)Jêng Kiyai |
 Dipati pèparing |
 ingong kaum-kaum ||

Jilid 6 - Kaca : 16

159. Ki Panukma bibisik kang rayi |
wus rêmbug wong roro |
alon matur kang rayi kalihe |
lamun parêng karsane (n)Jêng Kyai |
pinragat sapalih |
sapalih kang kantun ||
160. Yèn sadaya kathahên ngubadir |
pinragat kêsompok |
ingkang kantun kangge sapesare |
putradalêm Mongraga manawi |
wontên nêring wingit |
adhikiran Mulud ||
161. Ki Bayi wus parêng turirèki |
umundur ari ro |
rinampungan parentah nêmbêlèh |
wus pinurak sakathahing pri santri |
mring pawon (n)dalidir |
kang samya sung-usung ||
162. Tangi malih kang anambut-kardi |
gumêrah ing pawon |
ubrês umrês myang sinêngkakake |
carub santri kaum nyai-nyai |
lah-olah ngramèni |
kabèh bantu-bantu ||
163. Banyu kayu kayu-kayu tuwin |
ingkang ambêlandhong |
ting grathok blag-blug prak-prêk sruk srèng |
srang-srèng krècèp ting krècèp karêncip |
mambu anyir gurih |
lir gêreh gumuruh ||
164. Kathah solahe kang ngrêratengi |
gêgêlakan kang wong |
para santri tan ana wangêne |
amêmangan angganda cip-icip |
angiras nyênyangking |
ambuntêl kêkêmul ||
165. Akèh kêmlêkarên para santri |
kuwarêgên (ng)gado |
(ng)gadho kalak sa-ênggon-ênggone |
kalak daging tungtut lawan ati |
ginjêl myang kikisi |
pênthul sandhung-lamur ||
166. Pondhok kêbak kalak ting salêmpit |
anèng rênggang-rênggong |
mêntah matêng akèh meme dhèndhèng |
lir punagi agahan tan wigih |
gagah wêgah ngaji |

Jilid 6 - Kaca : 17

amung ngaji pupung ||

167. Ana santri sawiji kang sakit |
andheprok nèng pawon |
sèndhèn tumpang alêmpêng lèmpènge |
pan andouble (n)dalole mandèlik |
mlêmbung wêtêngnèki |
mutah-mutah wurung ||
168. Binabayang mring kancane santri |
ginawa mring pondhok |
pan wus siyang ing wanci têngange |
Kyai Bayi nuduh santri Luci |
kon ingon-ingoni |
mring wong-wong sadarum ||
169. Wus warata dènnira ngingoni |
jalwèstri kumroyok |
wusnya nutug dènnya nadhah kabèh |
kongsi bêdhug andhêrêndhêng muni |
nulya dènkênthongi |
salat wêktu Luhur ||
170. Kyai Bayi salat maring masjid |
angimami Lohor |
wusnya bakda bubar santri kabèh |
Kyai Bayi kondur mring pandhapi |
pêpak kang para ri |
Jayèngraga ngayun ||
171. Miwah para lurah santri-santri |
nèng ngarsa tuwa nom |
angandika Ki Bayi dhawuhe |
padha adandana kang prayogi |
sarèrèhanèki |
ingkang mungguh-mungguh ||
172. Iya saduwèk-duwèkirèki |
samyang nganggo-anggo |
tuwin padha muliha dènage |
matur sandika sadaya sami |
mundur saking ngarsi |
para pinisêpuh ||
173. Tan wun sakenjing kang sami prapti |
nyumbang lanang wadon |
yèn wus nyumbang ing jro saulihe |
lajêng nyumbang marang Jayèngwèsthi |
sakadarirèki |
mangkana sadarum ||
174. Yata ingkang anèng dalêm wingking |
kang lagya binonyo |
Tambangraras badhe pinangantèn |
pinahyasan marang ingkang nini |

sarira kinisik |
pan lagya linulur ||

175. Ing bras têtmu lan kêningar tuwin |
asêm pupus laos |
sinalusur lalar pênglulure |
cèthinira Cènthini tan têtbih |
pan sakesuk uthi |
ngladèni abikut ||

176. Wusnya tutug panglalarirèki |
kinèn sira gupoh |
siram marang ing patirtan age |
Ni Cènthini ingkang nglèladèni |
ngosoki barèsih |
sawusira adus ||

2 Pêngantèn putri Kèn Tambangraras dipundandosi, wiwit dipunlulur dening abdinipun nama Cènthini, lajêng dipunpaèsi engga dipundandosi sakalangkung èdi. Abdi Cènthini dipundandosi minangka patah. Ki Bayi Panurta lênggah ing pëndhapi ngagêm sinjang kêling, sabuk sindur ngagêm jubah pêthak jangkêp dalah tasbèh tuwin golokipun, kulukan bathokan. Garwanipun Ni Malarsih ngagêm pantès, sinjang sêmbagi ijêm, kasêmèkan sindur. Para kulawarga sami mangangge sarwi endah. Para tamunipun kalêbêt para dê mang, lurah lsp. tuwin pangulu sarta para santri sami mangangge sarwi mirunggan ing sagadhahipun. Busana manekawarna damêl asrining pasamuwan. Pangantèn kakung Sèh Amongraga mangagêm sarwi pêthak, kulukipun ugi pêthak, ngasta tasbèh manik toya, tanpa golok. Pangantèn kakung saking griyanipun Jayèngwèsthi, kairing para sadhèrèk kulawarga sarta para santri kathah, kanthi têrbangan. Para pangiringipun mangangge mawarni-warni anambahi asrining pahargyan. Sadaya agêman manut jamanipun lan tatacaranipun.
Kaca 17-33

Jilid 6 - Kaca : 18

357 Mijil

177. Apasatan sinjang seta nuli |
wangsul prapta ing (ng)gon |
gya ingulik kinirab rikmane |
pan winiwir jinêbadan amrik |
rema mêmak wilis |
apanjang ambakung ||

178. Wus ingêjum kang ura sinuri |
ingimpun sinerong |
pan kinêlun sinêkaran oncèn |
-oncèn anggitan gambir mêlati |
minangka pêmilih |
bêbalunging gêlung ||

179. Wèni tinrap tinata dènapti |
pangulahira lon |
wus ingangkah katêmu sêdhênge |
nora mudhêng linus ing susuri |
ing ukêl tan apik |

gêlung sèntêg kukuh ||

180. Padha bote lulungsèn nêngahi |
pan mungsêr anggandhok |
kinêlaban jinum pinalêthèk |
surat-surat ing puspita kengis |
lir sudama mingip |
amêmiyak mëndhung ||
181. Nulya Cênthini kinèn maèsi |
sarwa-di kinaot |
nênggih badhe kinarya patahe |
pinahyasan lir pangantèn yêkti |
amawi pipidih |
cicithak cêcênthung ||
182. Lagya gêlungira ingkang uwis |
sinarèhkên aso |
yata Kyai Bayi Panurta-ne |
pan pinarak anèng ing pandhapi |
nyampingira kêling |
sarung tabur-tabur ||
183. Apaningsêt sindur amantêsi |
apipinggang cathok |
golok suwasa mêtjan tasbèhe |
arasukan jubah leja abrit |
kotang kipêr putih |
kancing mirah mancur ||
184. Kuluk bathokan bêtudru langking |
ancêpe dhinoyong |
kanigara rinêngga balênggèn |
acêripu samak unta abrit |
rinenda ing pinggir |
pan pinaku jamur ||
185. Ingkang anèng ngarsa Ni Malarsih |
sinjang sêmbagi jo |
asêmêkan sindur wêlakane |
arasukan galêr konus putih |
supe tajug siji |
wuri karo mantu ||
186. Ni Turida alungguh rêspati |
sinjang limar ijo |
asêmêkan udaraga adèn |
rasukanira sêmbagi putih |
kacu gumbaya brit |
kênarèn mas lurus ||
187. Gêlung sêdhêng lulungsèn tinitih |
ing sêkar argulo |
asusupe mirah intên sêlèn |
kananira Nikèn Larasati |

sinjang cindhe wilis |
kasêmêkanipun ||

Jilid 6 - Kaca : 19

188. Plangi tumpal podhang ngingsêp sari |
pan rinenda mompyor |
Harja rasukan sêmbagi jêne |
corakira kayu anyang rêmit |
talêkêman adi |
supe intên tajug ||
189. Atêtasik sumilak arêsik |
agêlung kêkêndhon |
pan atitih cêpaka lan ronne |
wingking tarap sakulawargèstri |
pangange mawarni |
samy mubra-mubru ||
190. Ni Sumbaling tapihe sêmbagi |
mindho-ibang pêlong |
kêmbên sindur sêsêr li-aline |
lang-alang sakampung kalih sisih |
ngampil tas tan têbih |
lan buntêlan rukuh ||
191. Ki santri Luci dènbusanani |
amubru amarong |
wuwuh cèkèh abêsus mênjete |
pan abêbêt kêling golang-galing |
kopyah baludru brit |
ikêt adu mancung ||
192. Mencong prandene dèнкуwuk mlirit |
jêplakan lir anthok |
bathik bang ngarab têpèn pinggire |
mèrèt ngarêp wae urut alis |
klambi krêstin abrit |
singsêtan asaguh ||
193. Binalênggi ing renda sanyari |
linincis amompyor |
bênik malunthungan gêdhe-gêdhe |
sabuk cindhe wilis renda kuning |
rangkêp kotang putih |
bênike karêpu ||
194. Anyothe golok balongsong rukmi |
têsbèh mote ijo |
sinampirkên ing golok amoncèr |
sruwal panji-panji kancing dhasi |
têkên cis cinèt brit |
ngadhêp anèng pungkur ||
195. Nulya Ki Pangulu Basarudin |
prapta anjêmperok |

pan ingiring modin mêtabote |
Talabodin Nur Sukidin Jali |
Pranita tuwin |
sarèrèhanipun ||

196. Ing Pakauman sadaya ngiring |
samyamêtabot |
saduwèke angêtog pangangge |
bathik lurik ingkang sugih kêling |
golok kris rinukmi |
angiring gumrudug ||
197. Ingkang (m)bêkta epok lante êcis |
cêripu paidon |
Kyai Amad Diman Amad Jubèr |
Mad Dullah Amad Kahar Mad Tahir |
Amad Jaelani |
Mad Badir Madênur ||
198. Amad Kora Mad Kapas Mad Kupi |
Mad Lubi Madanom |
Amad Sraya Mad Duryat Mad Bae |
Amad Isan Mad Rawi Mad Supi |
Mad Kabir Mad Sahir |
Mad Unus Mad Suyup ||
199. Sami anggêrêbêg anèng wuri |
wong salawe golong |
Kyai Kampuh kawung kêtunggènge |
sabuk wêwiron putih tinêpi |
akris pëndhok putih |
landhèyan ambêthut ||
200. Arasakan sêmbagya lus abrit |
lorog blorong-blorong |
têsbèh gênitri sèwu kathahe |
dèrubêtkên ing golok sumampir |
binalongsong rukmi |
pan minangka wêdhung ||
201. Kotang putih kancing mirah abrit |
srêbèt krêstin ijo |
ngawêng ngiwa-nêngên ing pungkure |
amung sêla gandar Mèkah adi |
nèng pundhak sumampir |
kêthune ngêndhukur ||
202. Pandhan binêthok agêng angêndhil |
lir cangkoking keyong |
lêmundsire pinuntir ngaloncèr |
mungsêr anjêprak nglèwèr nèng wingking |
jêbraking pipinggir |
pan kinayu-apu ||

Jilid 6 - Kaca : 20

203. Andhap agêng Kyai Basarodin |
 lêmu angêlombroh |
 jenggod panjang wus sumambêl wijèn |
 pan amêwok aberok nglênggirik |
 nglêmbêrêg mêtèni |
 anglir bara-budhur ||
204. Talabodin Nur Sukidi (n)jagi |
 Pranaita kêtbon |
 modin mêtbot sami pênganggone |
 dodod kawung kêmplang sabuk putih |
 kulambi sêmbagi |
 abrit kêtbu biru ||
205. Wong Kauman tan ana mênèhi |
 samya akêkêtbon |
 Ki Pangulu prapta pandhapa ge |
 atur salam mring (n)Jêng Kyai Bayi |
 wus tata alinggih |
 nulya ingkang rawoh ||
206. Ki Suharja wau ingkang prapti |
 kampu genjong ijo |
 sabuk renda kuning byur gombyoke |
 dhuwung alandhèyan miling gadhing |
 ajubah sêmbagi |
 dhasar coraking lung ||
207. Kotang putih kancing crêmèn rukmi |
 asêbe mur biron |
 kuluk kêtstup srêbanipun jêne |
 acêripu têtên jolang abrit |
 têtbeh candhana gi |
 lêtawêdan arum ||
208. Pan ingiring sarèrèhanèki |
 kriya sadaya wong |
 samya ngêtog busana pamère |
 anut basahan sarêban sami |
 pan awarni-warni |
 ing saundha-usuk ||
209. Ki Supara Ki Noja Ki Amin |
 Nong-nong Banda-bonong |
 Ki Budiman Taman Wrêga-jahèt |
 Ki Wêrdadi Candra-tumpe Kabir |
 Baudin Pasari |
 Malangsari putu ||
210. Malangjiwa mantu Kêmbang-kuning |
 Sêkar-pêthak Bêkong |
 Ki Garuta Sura Sawo Kurnèn |
 Ki Baidin Canthur Baga-widik |
 gumrudug angiring |

Jilid 6 - Kaca : 21

kèhe têlungpuluh ||

211. Prapta sadaya anèng pandhapi |
nêmbah tata lunggoh |
pan atarap wong kriya wurine |
Kyai Bayi mèsêm aningali |
sajake kang rayi |
nulya ingkang rawuh ||
212. Wiradhusta kampuhira bathik |
parang-rusak barong |
sabuk renda putih klèngkam jêne |
dhuwung landheyan gadhing sinêmi |
wrangka ladrang kèndhit |
pêndhok swasa mancur ||
213. Arasukan kudhèdhar nêlahi |
sêbènira kêstop |
baludru brit linincis kotange |
kuluk cêmêng srêban krêstin abrit |
binara mas ngrawit |
têsbèh akik wungu ||
214. Acêripu lapis bêtudru brit |
rinenda wêwêngkon |
pan ingiring sakèh rèhrèhane |
wong kang bukak warung sadayèki |
Kyai Jagapati |
Ki Mèndhang Ki Gugut ||
215. Drêmayuda Gopa Polong Kêcil |
Pathi Singabarong |
Lambakrêta Gandhang Canthing Konthèng |
Ki Trênggunêng Jabar Jubir Kadir |
Gulêng Kulah Mèrdi |
Gathik Sole Gathuk ||
216. Tiyang tigangdasa sadayèki |
gumarudug golong |
Wiradhustha prapta pandhapa ge |
nêmbah ing raka tata alinggih |
Kyai mèsêm mèksi |
mring ari kang rawuh ||
217. Ki Panukma prapta kampuh kêling |
pêlong bangun teplok |
arasukan kêlenthang binêsèt |
sabuk renda kris landhèyan gigi |
pêndhok suwasa di |
têsbèh balung dhuyung ||
218. Akotang kancing magori kèndhit |
sebe brit mantlas top |
kuluk bêtudru wilis balènggèn |

Jilid 6 - Kaca : 22

- srêban jênar pan binara putih |
cripu sêngklat langking |
pan rinenda wêngku ||
219. Sarta ingiring rèrèhanèki |
wong jagal ngon-ingon |
sawarnaning blantik sato-iwèn |
Kyai Rêban Jêbad lan Kasturi |
Kyai Pusparagi |
Rêmbên Tali-datu ||
220. Pusparana Kyai Puspajali |
lawan Taliwangkong |
Puspajiwa Kyai Talimonce |
Taliambên Tali-kêmbang Tali |
-gundha Talisutri |
miwah Talitêmbung ||
221. Kyai Talibancak Talipranti |
lawan Talibandhong |
Talisêntagèn lan Taligodhèg |
Talirante Kyai Pêt Ki Pêtri |
Balongsong Prêmadi |
Jadrêma Ki Gêmbung ||
222. Tigangdasa karèrèhanèki |
samyamêrabot |
prantèng pandhapa nêmbah wus linggèh |
Kyai Bayi ningali mring ari |
suka tyasirèki |
anuntên kang rawuh ||
223. Ki Panamar kampuh limar abrit |
tumpal ijon-ijon |
apaningsêt èpèk renda jêne |
dhuwung alandhèyan cula miling |
pêndhok buntun gunir |
têsbèh kincang mancur ||
224. Arasakan sêmbagya lus kuning |
corak woh sadhompol |
kotang putih kancing mas sêrunèn |
sêbe gambar Arab latar putih |
kuluk êmur kuning |
sarêban gadhung byur ||
225. Acêripu gêgêmulan kuning |
pasaja inganggo |
sarèh-rèhanira ngiring kabèh |
samyangge kêling warni-warni |
wong atandho sami |
sadya tripuluh ||
226. Imayuda Sampura Cêlari |
Wiragati Drêbos |

Mértigala Kalang Guling Pèrès |
Gombak Kêmbak Murah Mandra Dhimpil |
Pênjalin Walulin |
Rêmbêt Condhong Sampur ||

227. Anggadipa Rêmbên Mara Rindhik |
Guntang Ganggong Boyo |
Sombong Songsong Mure Mori Gêbèl |
Rênggang Muncar Angga Pura Kêling |
Grago Rênggong Sêling |
Ki Galêndhêng Dhampu ||

Jilid 6 - Kaca : 23

228. Nulya prapta ing pandhapa nênggih |
nêmbah tata lunggoh |
tarap anèng wuri jèjèr linggeh |
Kyai Bayi suka myat ing ari |
samyamriyayi |
nulya ingkang rawuh ||

229. Kulawirya kampuhe mênèhi |
jingga pinaraos |
pan rinenda mubêng myang barane |
pan sagêblog èpèk renda putih |
kris landhèyan rukmi |
kraèng ngunggut-unggut ||

230. Kodhok kasingsal cancut ancangcing |
cèkèh-cèkèh cekoh |
ngumbar kunca ngêdhèdhèr ambancèr |
akulambi jobah limar wilis |
baludru bangun jing |
bordhir kotangipun ||

231. Alancingan cindhe panji-panji |
pinarada porong |
têsbèh sèwu jênangan sêlinge |
ingubêtkên tinon amênthalit |
kêthu putih ngêndhil |
ambawang sabungkul ||

232. Lumungsir lir uwêring bêkiking |
anjêprak wiwiron |
ngoncèr panjang ngalèwèr wurine |
pan dèn-kayang mênganggo mrih mencil |
tan mambu ngulami |
larasing bakikuk ||

233. Pan dèning sarèhrèhanèki |
wong Kêtandhan golong |
samyakêmbangan kabèh dodode |
akêkêthon kadya lurahnèki |
jor-joran mawarni |
kabèh têtungpuluh ||

234. Ki Sêntana Witana Wira Ki |
 Wiaga Ki Winong |
 Purwaka Purwangga Angga-thethe |
 Prabadrana Prabajaya Rubil |
 Mangundrana Paris |
 Kêblak lawan Dhapur ||
235. Ki Pandhu Tarumpaka Wirangi |
 Ki Dhèmês Sêlobog |
 Ki Pandêlêm Sumbrèng Kêbak Jolèn |
 Bamban Eka bawèn Moga-pênggik |
 Bancang Wora-wari |
 Dhêmpêl Kuwêl Mandhul ||
236. Prapta anèng pandhapa anuli |
 nêmbah nulya lunggoh |
 Kyai Bayi angguguk guyune |
 langkung suka dènnira ningali |
 mring kang rayi-rayi |
 sukur ing Hyang Agung ||
237. Nulya ingkang pra santana prapti |
 samya amêrabot |
 Ki Sêmbagi jumênêng lurahe |
 kulawarganira Kyai Bayi |
 misan mindho sami |
 prênah anak putu ||
238. Kawandasa ingkang kulit-daging |
 kang tunggil bêndhoyot |
 Ki Sêmbagi praptèng pênnyampinge |
 sarung lurik alus Bugis abrit |
 jubah ginggang lurik |
 kotang bènik biru ||
239. Kuluk bêludru bang binalênggi |
 udhêng-udhêng ijo |
 têsbeh jênangan nyampir goloke |
 Ki Jumêna nyamping sutra gringsing |
 sabuke walulin |
 klambi krêstin wulung ||
240. Kuluk bêludru wungu tinêpi |
 udhênge kamanyon |
 têsbeh bathok nyampir ing goloke |
 cripu linapis sangkêlat abrit |
 pra santana wuri |
 ngangge rêbat unggul ||
241. Kyai Panjangjiwa Ki Kalithik |
 Ki Cothak Malangbong |
 Ki Lawatan Ki Andhamohine |
 Ki Jêmpina Pandaya Panjari |
 Ki Jakrêndha Ki Cèk-yik |

Jilid 6 - Kaca : 24

Kyai Kinjêng-Kupu ||

242. Kyai Dhoplâng Jamblang Bênthang Bênthik |
Ki Bapang Bêlongsong |
Ki Pangirat Krêti-sêdaya-ne |
Kyai Sukadana Sukanandi |
Ki Gêmlak Cêlari |
Ki Kutur Ki Lêngkur ||
243. Kyai Jalipura Surantani |
Ki Dhadhapan-gonjong |
Unggantake Unggadua Sêlèn |
Kyai Jongkang Padhang-bulan Bêning |
Ki Mangkurah Kunci |
Kyai Jagasatru ||
244. Cakrawêdhug Ki Panjalin Mubin |
Jalasutra Bobot |
Ki Rumbaya Rumbaka Ki Bangèn |
Ki Dhokerok Jêmbangan Wêrdati |
Ki Tawêng Cêraki |
Kyai Dhampu Banung ||
245. sarêng prapta kêtêping pëndhapi |
samyâ lênggah lunggoh |
Kyai Bayi suka sokur tyase |
aningali santana mêtêki |
karaos ing galih |
(m)bêrêbêl ingkang luh ||
246. Ketangsih kamurahaning Widi |
rahmating Hyang Manon |
rinêjêkèn sakulawargane |
sawêngkoning ing Wanamartèki |
sadaya pinaring |
rêjêki Hyang Agung ||
247. Anor driya anggrus ingkang galih |
kumêmbêng waspa non |
pira-pira sokur pandongane |
nulya para sudagar kang prapti |
karèhing Jèngwèsthi |
asarat malêbu ||
248. Kyai Tajêm Ki Jêngjêm Sumêndhi |
Ki Partima Sendrong |
Pak Rajiyah Pak Tijah Pak Mèdèng |
Pak Mujiyah Pak Rumiya Rajin |
Salbiyah Pak Widi |
Ki Cênthing Pak Canthur ||
249. Ki Samirah Pak Murah Pak Kitri |
Pak Basiyah Gombong |
Pak Jumilah Jumiyah Pak Pèrès |

Jilid 6 - Kaca : 25

- Pak Kabirah Pak Nakirah Kobis |
Pak Wijah Pak Siti |
Pak Kunthing Pak Jungkung ||
250. Pak Borerah Sajiyah Pak Suci |
Pak Parah samêngko |
Pak Sariyah Pak Tomas Pak Bèsèr |
Pak Banikêm Pak Trikêm Pak Kêmis |
Pak Surêm Pak Rimbi |
Pak Garêm Pak Rêmu ||
251. Samya ngangge sasênêngirèki |
ting prêngangah mompyor |
mung Pak Rajiyah tan pati ngangge |
sarwa lungsêt kewala tur rêsik |
sabuk wlulang langking |
cathoke pêrunggu ||
252. Praptèng pandhapa samya ngabêkti |
tata samya lunggoh |
nulya pra lurah santri praptane |
sarèh-rèhanira santri-santri |
pangangge mawarni |
ing sadarbèkipun ||
253. Ingkang srêban dhêng-udhêngan tuwin |
ikêt myang kêkêthon |
sacaraning ngulama bêsuse |
saduwèk-duwèk kang dènsimpêni |
samya dènanggèni |
wênèh kang nènambut ||
254. Ting bilulung pan silih-sinilih |
myang kang liron anggon |
ana santri tan olèh nyênylèh |
(n)jajah omah kawanuhanèki |
mêksa datan olih |
mupus nulya masuh ||
255. Wênèh santri kaboyung nênilih |
kabutoh mimisoh |
wingi mula ninilèh tan-olèh |
kawanuhan kang wus luwih bêcik |
myang sanak pribadi |
cumpêt nora antuk ||
256. Ih ya talah wong wus têpung bêcik |
tan ngandêl maring ngong |
dene-dene tan katon aduwe |
lir tumingal bangsat maring mami |
panêdhaku nuli |
gegera kang rusuh ||
257. Krêbèn modar susah olèh ngili |
kêjaba mangkono |

iku kèlingan mring si mêngkene |
padha dene mungguh Allah iki |
jare murah asih |
dene ki wakingsun ||

258. Tan pining kamurahan mami |
de tan beda ingong |
nêmbah muji ing rina wêngine |
êndi ganjarane murah-asih |
adil tlênong-tlêning |
adile (m)barênjul ||

Jilid 6 - Kaca : 26

259. Kêdumêlan muring-muring sami |
nangis anggêlolo |
pan mênthokol sabithi atine |
nulya wontên kang santri nyilihi |
lungsêd dèntampani |
agupuh winasuh ||
260. Pan kumêrab para santri-santri |
sarèh-rèhan golong |
para lurah dadya pangarêpe |
Ki Murtala Ki Murtaja Murjaki |
Bagus Jaelani |
Gus Suleman Yusup ||
261. Gus Jamjani Arpani Tabrani |
Bêlawi Gus Unoh |
Gus Yahya Gus Suhada Gus Juhèr |
Gus Ngaripin Masin Mukin Yasin |
Janodin Ngabidin |
Sarapdin Gus Jadhug ||
262. Gus Juakir Ngajujir Gus Kanjir |
Wajir Tamin Naot |
Gus Tapyani Johari Gus Jahèr |
Bahri Bahwi Kanawi Tukrani |
Gus Tayib Gus Brahim |
Gus Yunus Gus Tamsur ||
263. Gus Dawud Dulsungur Dulmudangi |
Dulkabir Dulkaop |
Dulkahar Duljalal Duljalalèn |
Dulkami Dulkamid Ngabdulgani |
Dulkamil Dulmuhyi |
Dul Subur Dulgapur ||
264. Dulsukur Dulkulur lan Dulbasir |
Dultaksir Dulsura |
Dulmansur Duljabur Ngabuljaèt |
Nurjani Nurngali Nurkamali |
Nurani Nurbani |
Nuriman Nursuhud ||

265. sarêng prapta para santri-santri |
 nêmbah tata lunggoh |
 apan ora jèjèr jêjêl bae |
 Kyai Bayi mulat ing pra santri |
 arahab tyasnèki |
 nulya ingkang rawuh ||
266. Jayèngraga kampuh cindhe abrit |
 pinarada mompyor |
 pan baludru burdiran èpèke |
 curaking lung sinungkèt ing lung brêji |
 Klengkam banyu manggis |
 ginombyok borliyun ||
267. Acêlana putih pinrada-sri |
 kêpoh tundha mêdhok |
 mungsêr ngayu-apu talibane |
 wêwalikan sindhêtan mêlipit |
 pirid lambung wingking |
 turut adu-mancung ||
268. Têpung mathis lan panêngênèki |
 muwêr nyangkok keyong |
 buntaring pasingsêtan lungsene |
 jèrèng lir laring walang walêri |
 acangcutan inggil |
 sangingiling dhêngkul ||
269. Kodhok kabêsèt anyatriyani |
 sacêngkang angongkang |
 wiron sêmbulihan pangasihe |
 sipat polok sandhungan amiwir |
 anggubah winingkis |
 sêseronganipun ||
270. Wêwalêran tan ana ngalêngkin |
 mêkar ambêdhodhok |
 ngumbar kunca winiru tan têtèn |
 ambêlarak nêrampat ing siti |
 panjanging kunca sri |
 tigang asta landhung ||
271. Kris landheyan tayuman sinêmi |
 kandêlan mas buntan |
 wrangka timaha pèlèt sêmbure |
 tan rasukan akokonyoh kuning |
 abadhong sungsun tri |
 tinatur mas tatur ||
272. Binggêl kilat bau anting-anting |
 pamêkak bêbangkol |
 uncal rante udawalane |
 agêgongsor cêrapang pinodhi |
 atêkês mawingit |

Jilid 6 - Kaca : 27

ajajamang sungsung ||

273. Kinarang-mêlok mântul hêrthathit |
sinalon kêkupon |
garudha ngrêmpa m êkak wurine |
Harja sumping puspa krêna rukmi |
inguncèn mêlathi |
myang gêgombyok dhuwung ||
274. Apêpaès imbane pinirid |
alungit mucuk dom |
sugih liring kêsit iribane |
brêngos kêtug t êpèn lir minangsi |
pasêmon maringgit |
abagus lir Wirun ||
275. Pan dêniring sarêh-rêhanèki |
kabêh para bagor |
samyâ t êkês kabêh sêsumpinge |
gêlang kilat bau anting-anting |
rapèk kunca kalih |
bangkol akêkalung ||
276. Borêh kuning sruwal panji-panji |
kris p êndhok mas buntun |
patra êmas mengkol ukirane |
oncèn tibèng dhadha sêkargambir |
anggêrbêg asri |
tiyang pitulikur ||
277. Crêmasana Widiguna Widi |
-lêksana Bintaro |
Gandasana Gandataruna-ne |
Gandabaya lawan Gandasanggit |
miwah Gandasasi |
Gandamara arum ||
278. Gandatênaya lan Gandawangi |
miwah Gandamirong |
Gandapurwa lan Gandarêsmi-ne |
Gandapuspita myang Gandasari |
Gandaparwa dêwi |
miwah Gandalayu ||
279. Gandarêtna miwah Gandalatri |
Gandakriya kang wong |
Crêmalaya Crêmawiraga-ne |
Crêmajiwa Crêmasuta tuwin |
Crêmayasa kawi |
Tunjangkara badhut ||
280. Ki Nuripin kinarsan ingkang sih |
kinampuhan jonggrong |
akris ukiran patra mêngkole |

Jilid 6 - Kaca : 28

- sabuk sindur cêlanane kuning |
binorèhan kuning |
sumping oncèh landhung ||
281. Kopyah mathak rambute jumiwit |
wangunne apego |
santri lugu cinara-priyayèn |
nora santri nora amriyayi |
gundhul ambalindhis |
dhapure anyêpuk ||
282. Rada sugih wulu Ki Nuripin |
jenggote abrewok |
kinanthilan cêpaka lan ronne |
lawan kinanthilan jangkrik gangsir |
orong-orong bibis |
kowangan kuwangwung ||
283. Myang wulu cangklakan dènkantili |
yuyu walang gamboh |
dhadha kinanthilan sambêrlilèn |
gèdhèg-gèdhèg sukêr ting salênthik |
bau malangkêrik |
tan bisa mêringkus ||
284. Yèn sinapit ing yuyu anjêlih |
ginuyu pra bagor |
prapta ing pandhapa nêmbah kabèh |
Kyai Bayi gumujêng ningali |
mring putra Jèngragi |
ing busananipun ||
285. Cara duk jamaning Kabulêngkir |
prabote mêngkono |
cingak ingkang nèng pèndhapa kabèh |
eram ningali mring Jayèngragi |
sarwa angalami |
Jawa-Arab-ipun ||
286. Yata wontên tamu ingkang prapti |
kêkapalan rawoh |
rencang rolas kêkapalan kabèh |
nama Kyai Dêmang Purasani |
ing Pagêrwajèki |
wus nêcêp (ng)gêguru ||
287. Marang Kyai Bayi Panurtèki |
praptane agupoh |
cinancangan sadaya kapale |
kèndêl anèng paregolanèki |
wus kinèn tur uning |
tinimbangan laju ||
288. Ngangge prajuritan amanthinthing |
marabot ajarot |

sêdhêng têngah-tuwuh ing umure |
cèkèh cikat rikat amantêsi |
bêbêd nagasari |
sinerong cinancut ||

289. Sabuk gêdhog biru bara kuning |
apêthat bêbangkol |
arasukan sikêpan lurike |
kancing êmas nanasan angunir |
kotang bêludru brit |
blênggi lincip mungguh ||

Jilid 6 - Kaca : 29

290. Saruwalira sangkêlat abrit |
panji-panji kaos |
nyuriga kris sinampiran kace |
tali bandhang tas Cina nêng kering |
ikêt modang putih |
basunanda tudhung ||
291. Sigrak lir jaka nêdhêng birai |
anulya praptèng (ng)gon |
kang linggihan mungsêr samya mire |
wusnya lênggah Dêmang Purasani |
nulya majêng ngarsi |
sumêmbah angujung ||
292. Angandika aris Kyai Bayi |
lah wus (n)dika lunggoh |
dene kula tan wèh uningane |
niyat ringkês kêndhuri sabithi |
Dêmang Purasani |
nêmbah nuwun-nuwun ||
293. Inggih mirêng wêrti kala wingi |
mila kula guroh |
apan sarwi nguculi êtase |
mêndhêt arta tigawêlas ringgit |
kawula nyaosi |
patumbasan apu ||
294. Nulya tinanggapan sarwi angling |
bangêt tarimèngong |
tiyang pintên rencang (n)dika kabèh |
Dêmang Purasani matur naming |
kalihwêlas nênggih |
lancaran agupuh ||
295. Ki Baywa ngling Alkamdulilahi |
narimèng Hyang Manon |
nulya sinugata sarencange |
arta sinungkên ing santri Luci |
kèn maringkên aglis |
mring Malarsih wau ||

296. Para Kyai miwah santri-santri |
 tumingal agawok |
 Kyai Bayi agung mangunahe |
 samya pêpuji sukuring Widi |
 miwah ajrih asih |
 yata kang cinatur ||
297. wontên tiyang wus sêpuh satunggil |
 kaki-kaki reto |
 pan minantên ing sadesa kabèh |
 dhukuh Pucangan wisamanirèki |
 wong Wanamartèki |
 jalu èstri takut ||
298. Myang pêrapat dhusun kanan kering |
 punjunge mêrono |
 marang pundhèn dhukuh Pucangane |
 lêluhure ing Wanamartèki |
 samya punjung bêkti |
 ngalap sawabipun ||
299. Kyai Wanahita wasthanèki |
 wus pikun adheyog |
 kaprênah pan kaki ing awune |
 eyang uwa ibune Ki Bayi |
 mila tan ngaturi |
 saking maklumipun ||
300. Wong wus tuwa mung tinuwi-tuwi |
 ing mangkya Ki Jêmpo |
 yun uninga ing canggah ningkahe |
 kêjumutan sarwi dèn-jagani |
 lumampah wus wigih |
 kêthuyuk-kêthuyuk ||
301. Limar biru wus lungsêt kang nyamping |
 rasukan kêmanyon |
 kuluk kropak wus lawas sêmune |
 udhêng ubêd pisan putih lami |
 têsbèhe gênitri |
 sabuk tali datu ||
302. Prapta jroning paregolanèki |
 Ki Bayi duk anon |
 mudhun gupuh Ki Bayi ge-age |
 nyandhak astanira ririh sarwi |
 Ki Buyut ngarasi |
 mring Ki Bayi wau ||
303. Mudhun sadaya ingkang alinggih |
 sami angrêroyom |
 wus pinrênah Ki Buyut lênggahe |
 nulya sadaya sami ngujungi |
 Ki Bayi ngling aris |

Jilid 6 - Kaca : 30

- sampeyan puniku ||
304. Susah-susah pinarak mariki |
wong wis sêpuh repot |
Kyai Buyut Wanahita linge |
mumpung aku iya mêksih urip |
arsa wruha mangkin |
ningkahe canggahku ||
305. Ki Bayi matur inggih utami |
sawabipun kaot |
angling malih srawungan ing akèh |
langkung sangêt sêpuhe Kiyai |
papantaran tapis |
wus ngajal sêdarum ||
306. Jaman awal ing Pajang mênengi |
wêruh duk patogog |
cêr-ancêr pagêr kutha kojore |
iba lamine wus kawak uwi |
mulane pinundhi |
ing tiyang sadhusun ||
307. Langkung rahmad sampeyan puniki |
sarwi atanya lon |
pintên yuswa ing paduka mangke |
Kyai Buyut angling umur mami |
taune sapriki |
wus satus nêmlikur ||
308. Samyandhêku tumungkul kang myarsi |
pitutur kinaot |
ngungun tyase ngalap bêrkah kabèh |
ya wus andungkap ing Ngasar wanci |
santri magêrsari |
tan ana kang kantun ||
309. Pêpak sadaya kang dênanti |
Ki Bayi lingnya lon |
apa uwus prapta sakabèhe |
samy matur têlas tan na kari |
(n)Jêng Kyai nging malih |
Jèngraga sirèku ||
310. Angirida kabèh para santri |
banjura mêrono |
marang kakangira Jèngwèsthi-ne |
manira laju marang ing masjid |
lan pamanirèki |
tuwin Ki Pangulu ||
311. Inggang putra sandika turnèki |
Ki Bayi nabda lon |
hèh Luci sira rumatên age |

- sêsanggan praboting munggah kaji |
Luci matur inggih |
pan sampun sêdarum ||
312. Kyai Bayi Panurta ngling malih |
mring pangulu alon |
iki pa wus andungkap sangate |
mêngko bakda Ngasar sêdhêng akir |
pêngantène prapti |
ing paningkahipun ||
313. Ki Pangulu matur aprayogi |
luhung nuntên bodhol |
wusnya parêng bodhol nulya lèngsèr |
Kyai Buyut Wanahita ngarsi |
Ki Bayi angiring |
ing wingking gumrudug ||
314. Jayèngraga animpang ing margi |
sadaya punang wong |
praptèng pandhapaning Jèngwèsthi-ne |
tan kaliru saurutirèki |
jèjèr jêjêl pipit |
dènnira alungguh ||
315. Kang lumampah ing masjid wus prapti |
sadaya agupoh |
ngambil toya wulu sawarnine |
binêndungan wêktu Ngasar manjing |
Ki Bayi ngimami |
anutug bakda wus ||
316. Yata kang wontên kidul winarni |
Amongraga dandos |
sinaosan busana saking lèr |
kalih pêtadhahan kêbak nyamping |
clana kampuh tuwin |
kulambi myang kêthu ||
317. Wus arêsik sinaratan mawi |
nyukur wulu-kalong |
Nyai Daya juru pamarase |
imba ingimba tanggal alungit |
sêsajènnya sami |
Nyai Daya untung ||
318. Sira Ki Sèh jamhur Amongragi |
dènnira adandos |
ngagêm sarwa seta sauyune |
nyamping brêtis apaningsêt mori |
rasukan cawêni |
galêr galar konus ||
319. Kuluk pêthak sarêbannya putih |
srêbèt seta mawar |

têsbèh maniking toya aputèh |
caripunya sinangkêlat putih |
tan karsa nyanyangking |
golok miwah dhuwung ||

320. Pan solaha auliya wingit |
tan karêm mênganggo |
pasaja karena tulèn |
wutuh auliyanya awêning |
samono prandening |
sokur mubra-mubru ||

Jilid 6 - Kaca : 32

321. Amongraga cahyanya nêlahi |
amanon yèn tinon |
sabatira Jamal lan Jamile |
pan kinêmbar karo sarwa langking |
sapêngadêgnèki |
pan sarwa wulung byur ||
322. Jayèngwèsthi pan akampuh bathik |
latar cêmêng ganggong |
sabuk renda putih pan amèpèt |
ngumbar kunca cancut mrak kasampir |
kampuh tundha apik |
bagus mara sêmu ||
323. Arasakan ginggang sutra putih |
srêbèt kastup ijo |
kotang akancing mirah sêlane |
dhuwung landheyan cula sinêmi |
kandêlan mas adi |
balewahan sêpuh ||
324. Kuluk êmur jênar sêbe wilis |
sinêkar argulo |
pan magêri Suleman têsbèhe |
cêripunira rinenda kuning |
kacu gumbaya brit |
lênggah anèng ngayun ||
325. Tuwin para lurah santri-santri |
kang samya adandos |
wus samêkta ngangge sakadare |
pêpak sadaya uwus miranti |
nulya ingkang prapti |
Panukma Panamur ||
326. Pan ingiring para lurah santri |
wus tata alunggoh |
nabda aris mring Jayèngwèsthine |
kula ingutus ramanta kyai |
kinèn angaturi |
rakanta sang bagus ||

327. Jayèngwèsthi aturira aris |
 mring kang raka alon |
 pan punika wontên utusane |
 rama jêngandika angaturi |
 mring paduka mangkin |
 Mongraga lon muwus ||
328. Inggih sumangga karsane yayi |
 adan nulya bodhol |
 sinongsongan ijêm sorot jêne |
 santri tata ngurung-urung ngarsi |
 miwah kang ngêtêbi |
 garêbêg ing pungkur ||
329. Inggang anèng ngarsa Jamal Jamil |
 lan santri nèm golong |
 Jamal Jamil anabuh trêbange |
 ukur ngêbêm imbal kêmpyangnèki |
 kanêm bawa singir |
 lagune alandhung ||
330. Singirira mung kalimah kalih |
 ngalik-alik alon |
 sinauran lirikan wong akèh |
 pan gumrêmêng rêmpêg pawèh wingit |
 ngarsane kang singir |
 Jayèngraga bagus ||
331. Jêjêl uyêl wong kang niningali |
 jalwèstri rêbut (ng)gon |
 pan sakesuk mula panontonne |
 tumplak lawan wong sadesa kêrig |
 pêrapate prapti |
 manca-limanipun ||
332. Kurang ombèr ing paran apipit |
 kèh bêthèk abojod |
 tan adangu wus prapta lampahe |
 anèng masjid agêng wus miranti |
 ing panggenan mungging |
 pangimanan ngayun ||
333. Wus tinata jèjèr ing alinggih |
 urutan tuwa nom |
 tan balêjat apapak dhêngkule |
 ingkang lênggah kilèn lèr kiyai |
 Wanahita nênggih |
 nulya Ki Pangulu ||
334. Nulya Talabodin Nursukidin |
 Pranahita mrêbot |
 murid Jaki lan santri Luci-ne |
 ingkang lênggah lèr wetan kiyai |
 Bayi Panurtèki |

Jilid 6 - Kaca : 33

nulya Ki Sèh Jamhur ||

335. Amongraga lênggah anèng ngarsi |
kinubêng tuwa nom |
lajêng kiwa têngên ing burine |
sila bata apêpêt apipit |
dalah ing surambi |
ajêjêl supênuh ||
336. Sawusira rèhèh ingkang linggih |
sadaya sakèh wong |
dhêdhêp mênêng tan ana banènne |
nulya Kyai Bayi Panurtèki |
pamuwuse aris |
mring Kyai Pangulu ||
337. Hèh Kyai Pangulu Basarodin |
angrêsaya ingong |
ningkahêna putraningsun Nikèn |
Tambangraras lan Ki Amongragi |
maskawinirèki |
Kur'an kang aplalu ||
338. Nulya Ki Pangulu angijabi |
tangawudira lon |
Bismillahi rahman nirakim-e |
ngusikum ngibadallah wanapsi |
wabi takwalahi |
ankahtu wangidun ||
339. Binta pulanin mintabi mahri |
kada pan mangkono |
ingsun ningkahakên maring Nikèn |
Tambangraras lan Ki Amongragi |
kalawan mas-kawin |
Kur'an ingkang agung ||
340. Pakênira ngucap angabuli |
Mongraga miraos |
anrima kula ing paningkahe |
Nikèn Tambangraras lawan mami |
mas-kawin Kur'an-i |
ngalim ingkang agung ||
341. Sarta amuruk ing awal akir |
ahline kêtêmpoh |
dadosa utang kawula mangke |
ing dalêm donya rawuh ing akir |
pangulu nulya ngling |
wa barakallahu ||

3 Ijab paningkahipun Sèh Amongraga, rombongan bidhal mêtuk pêngantèn kakung. Ki Bayi sapandhèrèkipun laju dhatêng mèsjid badhe papaning paningkah. Sasampunipun pangantèn kakung dumugi ing mèsjid sarta lênggah sawatawis, Ki Pangulu majêng aningkahakên pangantèn sinêksenan

para saksi, wêkasan maos donga. Sasampunipun paripurna, Sèh Amongraga salaman kalihan Ki Bayi sarta sujud ing pangkonipun pinisêpuh Buyut Kyai Wanahita, lajêng salaman kalihan Ki Pangulu.
Kaca 33-34

Jilid 6 - Kaca : 34

357 Mijil

342. Ngala kahèr wa bi palalihi |
wise pan mangkono |
Allahuma alipbinahume |
kama alapta baenalmaki |
walbardi wasalji |
watin jangkêpipun ||
343. Gya sêksi Tabalodin jangjèni |
sarwi nyêpêng jêmpol |
(n)dika tampi jangji-dalêm dene |
samangsane pakênira mangkin |
aningal mring rabi |
tri taun ing laut ||
344. Pitung sasi ing dharatan benjing |
liya karyèng katong |
tan trimane rabinira mangke |
pêsthi pègat tanpa talak sarwi |
tinagih sri-kawin |
Mongraga wus saguh ||
345. Sêksi kalih satunggale kyai |
Nursukidin gupoh |
maca donga Ngumur sabanjure |
sinauran Amin gêr pra sami |
wus paragat suci |
ing paningkahipun ||
346. Nulya Bayi Panurtèku wiwit |
sêsalaman gupoh |
Amongraga ngabêkti salame |
kinèn majêng sarwi wus ajarwi |
marêk ing Kiyai |
Wanahita sêpuh ||
347. Amongraga umarêk ing kaki |
angujung ing pangkon |
Kyai Buyut Wanahita age |
andonga rabana-rabana wi |
-donnya kasanatin |
wal bil arli ratu ||
348. Kasanatan wangadabanar-i |
nulya ngrangkul gupoh |
sarwi angaras-aras ulune |
wus andonga tejaning aluwih |
sawusira nuli |

salam mring pangulu ||

349. Tuwin dhatêng paman sadayèki |
pra tuwa kang munggo |
wus mangkana anyampar ênggonne |
pan Ki Buyut tansah nyandhing linggih |
mangkana Ki Bayi |
Panurta amuwus ||
350. Aparentah marang santri Luci |
lah mara dèn gupoh |
ajokêna sarah sêsanggane |
nulya santri Luci angabani |
kang sêsanggan nuli |
sinaoskên ngayun ||
351. Kawan bokor gêng sinrêbèt putih |
pan sampun sumaos |
tinampunan mring Nursukidin-e |
Talabodin Pranahita Jaki |
abikut authi |
(m)bukak srêbètipun ||

4 Ki Bayi dhawuh ambikak sêsanggan sêkawan bokor, isi pisang, jambe, sêdhah, salawat 25 reyal sasisih. Kangge pangulu 25 reyal, ingkang 17 reyal kabagi kangge saksi tiyang kalih, ingkang 8 reyal kangge santri kalih ingkang sami nata ubarampening ningkahan.
Nusul wêdaling ambêng agêng-agêng, lajêng dipun-dongani, sinauran amin mawurahan. Ambêng kabagi waradin. Para tamu dumugi santri alit-alit sami nêdha bêrkat, mawarni-warni solahipun. Para santri alit-alit rêbatan têdha, sawur-sinawur lsp. Adamêl rêgênging pasamuwan.
Kaca 34 – 35

Jilid 6 - Kaca : 35

357 Mijil

352. Ingkang kalih bokor gêdhang kuning |
kang ro jambe suroh |
sêlawat sêlawe reyal sisèh |
dadya sèkêt kang sêlawe maring |
pangulu pribadi |
kang sêlawe didum ||
353. Kang pitulas mring Ki Talabodin |
Nursukidin wong ro |
molung reyal sajampêl parone |
kantun wolu Pranahita jati |
sami pandumnèki |
ngawan reyal rampung ||
354. Tuwin jambe suruh gêdhang kuning |
pandume mangkono |
Kyai nuduh mring santri Luci-ne |
kinèn mundhut ambêngan kêndhuri |
sigra santri Luci |

mundhut ambêngipun ||

355. Ingusungan mring wong magêrsari |
slawe ambêng abot |
pan gotong pat ambêng sawijine |
sigra tinata ingkang kêndhuri |
ing saetangnèki |
tan ana kaliru ||
356. Nulya dinonganan majêmuki |
gumêr Amin kang wong |
ambata-rêbah Amin Amine |
wus mangkana angêpung kêndhuri |
anêlung-puluhi |
ngrong-puluh nyapuluh ||
357. Amoloni ingkang angênêmi |
samyã nadhah dhokoh |
santri cilik rusuh pamangane |
rêrêbutan iwak nguwak-nguwik |
duduk pindhang takir |
pan kapyuk-kinapyuk ||
358. Dênwut-awut sêga sakêndhuri |
kinarya (m)balang wor |
samyã kêlaprut sêga-jangane |
rare sèkêt tukar ting jarêlih |
liyan anyirati |
kulambi myang kêthu ||
359. Comot-comot pênganggone sami |
santri ting galêmbor |
wuwuh rame kabèh santri akèh |
sami misuh wênèh anggiti |
jarit olih nyilih |
kasiratan duduk ||
360. Lagya ngangge pamèr sarwi bécik |
bagus mrih tinonton |
têmahane abangêt isinne |
ingkang rada sugih mulih salin |
wênèh ngunguconi |
ana morod mantuk ||
361. Guyu-ginuyu myang muring-muring |
kathah solahing wong |
tan cinatur yata wau Nikèn |
Tambangraras kang ingapti-apti |
kinusuma adi |
busana pinatut ||
362. Runtutipun ingkang mara suci |
ngulama kinaot |
binusanan seta sauyune |
pan asinjang alus gênis putih |

5 Pangantèn panggih: Pêngantèn putri mangangge miturut tatacaranipun tiyang kacêkapan: sinjang alus gênis pêthak bathikan sêmèn parangtritis, sabuk singsêt, ngajêng pinalipit rêmit, sêsupe jamrut mirah, sêngkang panunggul intèn bumi lan sadayanipun sarwi èdi endah anambahi sulistyaning warni sumorot mawa cahya. Ni Cênthini dipundandosi ugi sarwi endah tambah katingal ayunipun.

Pangantèn kakung dipunarak sarta dipuniring mawi têtabuhan salawatan singir, rame ginarubyug dening sanak sadhèrèk. Sèh Amongraga tansah dhikir, katingal sakalangkung wingit. Samargi-margi kathah sangêt tiyang ingkang ningali, jêjêl uyêl-uyêlan. Dumugi sangajênging pandhapa kèndêl, ngéntosi iringan pêngantèn putri mêdal saking griya wingking. Nikèn Tambangraras kaapit dening ingkang ibu tuwin Cênthini. Ing wingkingipun, Ni Turida lan Ni Rarasati.

Sèh Amongraga kaapit dening Ki Bayi Panurta ing kiwa lan ing têngênipun Jayèngraga tuwin Jayèngwèsthi. Panggihipun pêngantèn ing têngahing kontèn, pêngantèn kakung lan putri balang-balangan gantal. Tigan kaêkum ing bokor toya sêtaman, tigan kapêcah, toya kasiramakên saha katètèsakên ing èmbun-èmbunipun pêngantèn sakalihan kaping tiga.

Pengantèn putri lajêng mêngdhak nyêmbah pêngantèn kakung. Wasana pêngantèn sakalihan dipunkanthi lumampah tumuju palênggahan sangajênging krobongan.

Ki Bayi Panurta lênggah ing têngah. Ni Cênthini botên têbih saking lênggahipun pêngantèn putri saengga kathah ingkang rêraosan prasasat Cênthini ugi dados pêngantèn.

Kaca 35 – 40

Jilid 6 - Kaca : 36

357 Mijil

363. Sinèmbongan seta pinêrmasi |
adining paraos |
sawat jalêngut sibak cawine |
citraning sêmèn parang taritis |
dinrênjêman rêmit |
gigiyon winêngku ||
364. Pipiyakan sarong ing pêngasih |
caonthoking wangkong |
talibane ing ngarsa amèpèt |
ngawêng ing walikat pan pinirit |
aturut maripit |
têpung adu mancung ||
365. Pasingsêtan pamêkak ing ngarsi |
sinumpêt anyonthong |
udhèt seta pinarada adèn |
pan rineka sorot tutumpaling |
kang mandhala giri |
pan kinayu-apu ||
366. Sungsun katri tinata rininggit |
taptaping wiwiron |
lêre mèpèt pan winiru têtèn |

- inyêpuh kur-ukur mêdhok kêdhik |
angêmbang undha sri |
alandhung linuhung ||
367. Buntal seta argulo inganggit |
puspa mara dalon |
anggrèk wulan samboja mênure |
mayang wingitan lan mandhakaki |
sikatan saruni |
sêmbulihanipun ||
368. Muwêr pinasang ngawêng ing wuri |
anangga cêcanthok |
buntaring buntal kanan keringe |
dadya uncal gumantung arakit |
wida jênar aming |
tungtung rêmu-rêmu ||
369. Kalpika jumêrut mirah abrit |
hèrlaut sumorot |
sêngkang panunggul intên bumine |
cundhuk mêngtul hèrthathit nêlahi |
tasik ngima nipis |
sumilak sumunu ||
370. Wusira binusanan rêspati |
tan ana winaon |
Ni Malarsih tyas sangêt ngungune |
myating putra tanpa samèng jalmi |
ya talah si bibi |
bisa gawe rungrum ||
371. Nulya Cênthini dènbusanani |
sinjang cindhe ijo |
sinêmbongan gadhung mêlathine |
pinarada kinumudawati |
las-alasan asri |
buntal sêtaman rum ||
372. Ingudhêtan ing mêngdhala giri |
tumpal pinaraos |
winidan jênar gêbêgan adèn |
kalpika tajug mirah lilintring |
sêngkangira adi |
sêkar sêtaman byur ||
373. Langkung pelag Cênthini yu luwih |
lir pangantyan yêktos |
wusnya binusanan Cênthini nêng |
wurinira Tambangraras sang lir |
wintang anyêlaki |
ing wulan sumunu ||

374. Tunggil teja kaot agêng alit |
 Cênthini katongton |
 pan angêpak wong sadesa yune |
 sawusira sang ro busana di |
 yata Ni Malarsih |
 malih rum amuwus ||
375. Lamun sampun wayah (n)dika bibi |
 kula bêkta mring (ng)gon |
 anèng dalêm wis akir sangate |
 Nyai Daya wuwusira inggih |
 sumanggèng karsèki |
 pan punika sampun ||
376. Nulya binêkta mring dalêm ngarsi |
 Tambangraras tinon |
 pan asukup tuwa nom myang rare |
 miwah kang anèng pawon ningali |
 samya tilar kardi |
 lumayu andulu ||
377. Sami praptèng dalêm amiranti |
 nèng jrambahing kobong |
 kalasa lus sungsun tri sinrêbèt |
 mamrih sinêbaran sarwa sari |
 nulya Luci prapti |
 tanya sampunipun ||
378. Ni Malarsih anauri aris |
 iya wus mirantos |
 santri Luci wangsul age-age |
 atur marang ing Kiyai Bayi |
 Panurta ngling aris |
 mring Mongraga wau ||
379. Tuwin mring kang sêpuh-sêpuh sami |
 sadaya rumojong |
 nulya nuduh mring santri Luci-ne |
 kinèn (m)budhalêna para santri |
 ingundhangan aglis |
 umangkat sadarum ||
380. Tinata jèjèr saurutnèki |
 sadaya wus bodhol |
 aprayoga ing lampah tatane |
 ulur ngurung-ngurung kanan kering |
 miwah kang ngêtêbi |
 (ng)garêbêg ing pungkur ||
381. Miwah ingkang jalma niningali |
 gumêrah punang wong |
 jalu èstri mèpèt arêbat (ng)gèn |
 ingkang (ng)gendhong anak ting jalêrit |
 yêl-uyêlan sami |

tan na rowang umung ||

382. Jêjêl nunjêl jujul papan pipit |
kang jongkong-jinongkong |
sawêrnine pagêr (n)jêro bêthèk |
rubuh ingabyak wong niningali |
lêbur katrinèki |
dênilês lir rumput ||
383. Miwah wisma kang cêlaking margi |
akèh omah dhoyong |
kang ringkih rubuh êmpyak èmpere |
nora kêna wong akèh sinapih |
wong dodol ting jêrlih |
wutah mawut-mawut ||
384. Yata ingkang lumampah ingiring |
sinaroja ing wong |
ingkang anèng ngarsane pangantèn |
Jamal Jamil wong ro anrêbangi |
pong pèg tong ting tong grung |
dhung dhung bêng pung pung brung ||
385. Santri nènêm ngêlik ngalik-alik |
arum aruntut wor |
sinauran ing wong sadayane |
pan arêmpêg satitahe muni |
mung kalimah kalih |
lon lêlah alandhung ||
386. Amongraga lampahe awingit |
cahyane mancorong |
anêlahi pasamuwan kabèh |
amiyarsa lêlagone singir |
suhuling tyas dhikir |
sangsaya anganyut ||
387. Tan rumangsa nèng jaman donyèki |
mung akerat manggon |
apan wus nora kabere-bere |
anumusi tyas kang niningali |
kathah (m)brêbêsmili |
kapênêdên (n)dulu ||
388. Myat miyarsa solah-bawanèki |
tyase kang mêrongkol |
ngarak pangantèn kaya kêpatèn |
ting salênggruk wong kari ningali |
saking tyas kapengin |
sangêt (m)barêbêl luh ||
389. Saking bungah-bungahe ningali |
bêcik kang tinonton |
Amongraga kinanthi astane |

Jilid 6 - Kaca : 38

- mring Ki Buyut Wanahita nênggih |
lampahira ririh |
kêthuyuk-kêthuyuk ||
390. Jayèngraga ambancèr nèng ngarsi |
baguse katongton |
kang tan wruh dènarani pêngantèn |
anèh dhewe sigit anjêlanthir |
wong kang nom-nom èstri |
kathah kang kêpoyuh ||
391. Samya ngucap sru pating kalikik |
darapon kadulon |
kang liniring runtuh ting garègèl |
salendhange wudhar gèlungnèki |
kêmbên tan ngopèni |
kêndho tapihipun ||
392. Datan ana mingkêm lathinèki |
kèh nyêngoh mêngongoh |
ana ngathungi kinang iribe |
raracikan kinang suruh êmprit |
ngêgar-gar dariji |
ngêblongkên gumuyu ||
393. Amung Jayèngraga kang pinindir |
rinêbut panonton |
sabab bagus dhewe sigit dhewe |
kanthèt dhewe (n)bancèr andhèwèki |
wokaning pawèstri |
(n)dhêrudhus angilu ||
394. Kulawiryia solahe kinardi |
lumaku tinonton |
ginaguyu dene lir pênamèng |
malah nosot thithik jroning ati |
tan madhani ênthik |
thik ana wong bagus ||
395. Tan wus ucapkên kang niningali |
tan adangu rawoh |
santri pangarsa kèndèl praptane |
jibèg ngadêg ngêpung angubêngi |
têpung gèlang pipit |
nganti ingkang rawuh ||
396. Pêngantyanntya lagya praptèng kori |
singir salin lagon |
asrakal badrun ngala enane |
pan gumuruh swaraning asingir |
mêksih ngandhêg sami |
asrakal anutug ||

Jilid 6 - Kaca : 39

397. Prapta kèndêl satêngah pëndhapi |
pan amangu ngantos |
ing jro wisma nulya mapagake |
Bok Cênthini kinanthi nêng kori |
nora kêna têbih |
lan Nikèn Tambangrum ||
398. Kanan ingkang ibu Ni Malarsih |
wuri mantu karo |
Nikèn Turida Rarasati-ne |
namung nènêmipun Bok Sumbaling |
kang tumut njênêngi |
kang sadaya lungguh ||
399. Sèh Mongraga kang kering Ki Bayi |
kananira munggo |
muri Jayèngraga Jèngwèsthi-ne |
kanan Ki Pangulu Basarodin |
kang sadaya maksih |
ngadêg soring tarub ||
400. Langkung tata tetela kaèksi |
kang nonton tan rusoh |
plalah mëndhêt andha angadêmpèl |
andha têtung parik turut pinggir |
mung katon rêrai |
cukup andêdulu ||
401. Sangsaya sru gumêrah swaraning |
asrakal dèn-êtog |
samyak erak pinêksa swarane |
miwah kang nonton cilik jalwèstri |
sami tumut singir |
sangsayèmbuh umung ||
402. Samya majêng lampahira ririh |
gathuking patêmon |
satêngahing kori gèng panggihe |
antarane anèng jro lan jawi |
gêgantalan gènti |
ila-ilanipun ||
403. Toyèng bokor sêkar-sêtaman sri |
pan kinuman êndhog |
tinibakkên kumêprug pêcahe |
wus siniram toyèng bokor nuli |
tinètès toya tis |
ing êmbun ping têtlu ||
404. Nulya kinèn nêmbah padèng laki |
Tambangraras gupoh |
mëndhak nêmbah sumungkêm sukune |
sarwi ngaras dalamakan iring |
tuwin kanan kering |

405. Nulya tinarik astanirèki |
mring kang ibu alon |
sigra kinanthi wau astane |
wus praptèng (ng)gon tata sami linggih |
Ki Buyut nêngahi |
kang sadaya mêtù ||
406. Ingkang kantun amung Jayèngragi |
kinèn lungguh kulon |
cêlak mring kang raka pinangangtèn |
jajar lênggah kilèn Jayèngragi |
nuntên Amongragi |
nuntên Kyai Buyut ||
407. Nuntên Nikèn Tambangraras nuli |
Cênthini tan adoh |
jèjèr wayang mangkana patute |
ingkang ibu nèng ngarsa kapering |
Turida Rasati |
ro samya nèng ayun ||
408. Miwah pra bibi uwa lan nini |
anèng wetan kulon |
samya rêrasan pating kathuwil |
iya talah bégja Bok Cênthini |
tinunggil alinggih |
binusanan murub ||
409. Dadi pêngantène Bok Cênthini |
pamaesan kaot |
gêlung gambyong thinèrèkan jêne |
apêpêtha lèlatha pipidih |
caconthok acênthing |
cicithak cêcênthung ||
410. Durung ngêrti ngong pangantèn iki |
iku apa mêngko |
têmu marang Jèngraga bakale |
Jayèngraga dene anjêkithit |
samya (ng)guyu ririh |
dhuh mokal yèn têmu ||
411. Ukur dèn-gawe ngasrèn-asrèni |
patah lanang wadon |
pan mangkana pangucap kabèh |
nuli lèladèn wedang nèng ngarsi |
pra santri kang singir |
asrakal wus suwuk ||
412. Kantun santri nènêm Jamal Jamil |
lilirihan lagon |
arang bême ngapinjal kêmpyange |

panêrbange myang singire ririh |
kataman nabiyi |
ya Rasullulahu ||

413. Katam Muhammadun ngajan Ngarbi |
sauran mangkono |
nulya bawane pakam lahumèn |
ayatin mashuratin nasili |
tabu biha gadin |
mashura puniku ||
414. Swaranira pan angasih-asih |
êmpuk mântul alon |
ngombak-ombak arampak sajake |
panrêbangira ngapipir ririh |
pong ping ping pêk ping ping |
tong ting tong brêng pong brung ||

6 II. Sabibaripun upacara panggihing pêngantèn
Sawatawis santri sami têrbangan ririh. Sasampunipun kasêgah unjukan lan dhaharan, lajêng bibaran pèrlu solat maghrib. Bakda solat wangsul malih pèrlu ngrakit kènduri wujud dhaharan kanthi ulam-ulaman pêpak tuwin gudhangan kuluban, sadaya wontèn 50 anak.
Bakda Ngisa Ki Bayi Panurta rawuh saking mèsjid kairing para santri, têrus dhatêng ing griya wingking. Sasampunipun lênggah, Sèh Amongraga majêng angabêkti dhatêng Ki Bayi sarta sêsalaman kalihan para pandhèrèkipun. Wêkasan kasusul Nikèn Tambangraras mujung dhatêng Sèh Amongraga, lajêng dhatêng rama ibu dalah para pinisêpuh. Kasambêt ing donga.
Kaca 40 – 47

Jilid 6 - Kaca : 41

357 Mijil

415. Wus dumugi sarukuk kang singir |
samyà kèndêl aso |
sadaya sinungan wedang êtèh |
gula batu cêngkuwèh ti kucing |
manisan mêmêki |
ting-ting satru arum ||
416. Wusnya tutug nginum wedang sami |
tan ana kalêson |
nulya Kyai Bayi Panurta-ne |
angandika marang ingkang rayi |
dèn kêparèng ngarsi |
sun-tuding gawemu ||
417. Si Suharja lan Wiradhusthèki |
Panukma Panamor |
Kulawirya myang santri Lucine |
gupuh majêng ngarsane Ki Bayi |
angandika aris |
mêngko lamun wêktu ||
418. Mung parluwa bae salat Mahrib |
nulya balya ing (ng)gon |

- pan rakitên kêndhurine kabèh |
 mangsa bodhoa kanêm si Luci |
 nulya bêdhug muni |
 Mahrib dhêng ping têlu ||
419. Nulya Ki Bayi salat mring mêsjid |
 bubar sadaya wong |
 samya salat santri sadayane |
 wong nonton wus mulih wênèh kèri |
 santri jalu èstri |
 sanggon-ênggon wêktu ||
420. Ingkang salat ngiras busanèki |
 mung Jèngraga karo |
 Kulawirya samya cucul mulèh |
 yata Suharja Wiradhusthèki |
 Panukma Panamir |
 kang arêbut pêrlu ||
421. Kulawirya lawan santri Luci |
 sigra marang pawon |
 angundhangi mring magêrsarine |
 kang sinomanira wus tinuding |
 pan rinakit-rakit |
 lan ulamanipun ||
422. Jèjèr rata kêndhuri pinarik |
 ambêngan bot-abot |
 têtung-gêlang pinggir pëndhapane |
 tigangdasa ambêng kathahnèki |
 ancak gêng dènbacki |
 gotong pat (m)barêngkut ||
423. Lam-ulaman tinata sinêling |
 ulam matêng wutoh |
 békakak wêdhus limalas kèhe |
 banyak bèbèk ayam lan kêbiri |
 wuwutuhan sami |
 kèhe tigangatus ||
424. Kajawi kang sinujèn sinapit |
 rinêmpah kinèndho |
 kang rinatêng binakar ginorèng |
 kang linêmbut ingagal sinuwir |
 ginodhog rinoti |
 kinukus sinayur ||
425. Lam-ulaman pêpak sawarnining |
 pêksi kewan êloh |
 samya ingolah kathah carane |
 cara koja lawan cara kaji |
 cara Jawa bumi |
 mawarna kang sêkul ||

426. Tumpêng wajar mêngana kêbuli |
 anggi sêkul golong |
 sêkul punar kêpyur ura angèn |
 sêkul biru kèndhit lawan abrit |
 cêmêng gorèng gurih |
 loyang pulên wuduk ||
427. Jangan mênir dhakowan lan tomis |
 asêm bobor loncom |
 cupang kala muncang bence bècèk |
 mlêpah kuwah kare gule gurih |
 ladha dublêg tuwin |
 windu bubus mungut ||
428. Padhamara jangan pindhang putih |
 bêlkothok myang lotho |
 pindhang tangkar banyak pindhang gêrèh |
 pindhang antêp kikil pindhang pipik |
 pindhang keyong kijing |
 ece yoding sungsum ||
429. Dene ulam ingkang dhèndhèng-ragi |
 dhèndhèng kripik abon |
 abon rêmus lan abon wayange |
 dhèndhèng panjèn pèru miwah ati |
 abulusan sami |
 dhèndhèng gèpukipun ||
430. Dhèndhèng age daging age ati |
 age gêndhon tawon |
 age lidhah lan age umbute |
 age gèbung age oyod linjik |
 êmpal êmpuk kisi |
 lan pal êmpuk duduh ||
431. Êmpal tungtut limpa lawan ati |
 tak kapur kalêpon |
 ginjêl babad galêng lan sumpinge |
 babad tala lawan babad jarit |
 iso srêgan tuwin |
 glêpah ing bol pèndhul ||
432. Gurung widhungan lan sarèn dhidhih |
 bluthok pènthul pusoh |
 êmpal sakèndhi-kèndhi gèdhene |
 sawarnine kalak amêpêki |
 koyar lidhah gitik |
 rambak krupuk têrung ||
433. Srundèng sêmaradana lan gèbing |
 sarundèng mariyos |
 srundèng botor srundèng gundhil dhêle |
 èndhog kêkamal (n)dhog pindhang abrit |
 cêplok kamal tuwin |

cêplok dadar sawut ||

434. Dadar lêmplit dadar wolak-walik |
lawan dadar lajon |
dadar kobis lawan dadar ledre |
cêplok madon lawan cêplok jêngking |
cêplok gimbal blênyik |
cêplok untup-untup ||

Jilid 6 - Kaca : 43

435. Êndhog banyak brati lan maliwis |
pasiran (n)dhog menthok |
crubuk groto gorèngan laronne |
gana tawon ênthung gana gundhik |
olan-olan gangsir |
èbi lawan lur juk ||

436. Bêsngèk wadêr bêsngèk tempe pitik |
lan bêsêngèk tawon |
trinil turlèk bontot miwah burcèt |
opor bèbèk banyak menthog brati |
por landhak trênggiling |
opor bajing gêndhu ||

437. Bêkakak gimbal bêkakak kancil |
kidang lawan bêlo |
pêdhèt gudèl lan mênjangan kumprèng |
kang ginorèng myang kang dènbakari |
wêwêtahan sami |
lan balêbêt kênthus ||

438. Gogorèngan kathik lan gulathik |
pêking êmprit bondhol |
manyar jowan lawan gudhawane |
sribombok myang cuwiyun têrinil |
lan kuthilang tuwin |
dêruk lan drêkuku ||

439. Ayêm ati mênjangan lan masin |
lan lêmêngan egol |
gêthik dara drêkuku lan burcèt |
gêthik drigul gêmak bontot trinil |
turlèk kathik glathik |
myang bang-bangan bubut ||

440. Gorèngan badhèr mrêmas lan lêntri |
wira soca lênthong |
tambra mëlêm arêng-arêng bancèr |
gramèh bèkèk bencilèng lan kêthing |
kèpèk wagal gilig |
tawès cakul kutuk ||

441. Sambêl-gorèng utak jroan ati |
brongkos sambêl lethok |
sambêl urang sambêl jengkol pête |

[. . .] |
bêkothok bêlênyik |
urip-urip kutuk ||

442. Sambêl jintên wijèn lan kênari |
sambêl bawang laos |
sambêl santên kacang lan kadhêle |
sambêl kêluwak lêmpanyang tuwin |
cabe mrica cai |
dhèndhèng sambêl balur ||
443. Sambêl trancam congor pêcêl pitik |
lele umbut tawon |
laron êndhog wadêr plèlèk gèpèng |
rêmpah gorèng gotong sidhat sili |
rêmpah ênthung jangkrik |
grigit pêlus wêlut ||
444. Gêcok bènêm bothok bêthik sanggring |
kêndho lawan gadhon |
êtum jamur wuku lan polone |
barat kêtos êndhog lot cêpagi |
druju watu kuping |
kukuluban gambuh ||

Jilid 6 - Kaca : 44

358 Gambuh

1. Thokolan kacang-wuku |
kara kêcipir kangkung lêmbayung |
gundha gondhang adhêm ati kêndhal bandhil |
mênjawun rajun rêmakjun |
kakas banci lan kalêpoh ||
2. Combrang srunèn kêciput |
rang-urangan ranggitan kilayu |
luntas kapas papasan rêmpêlas pakis |
kasèmbukan nalam katu |
topêng patikan kêrokot ||
3. Carême kêpêl pohung |
aha gayam panêgowang rahu |
sambèng pacing cokol cangkring lan cêmpurit |
pancasuda cuncungbêlud |
godhong lolobak jêlegor ||
4. Brangbrangan boros bêstru |
kêndhal kêmladheyen blêgkêtêpuk |
kahwa wangon bêlimbing prêkosa sênting |
dhadhap sobrang kudhu wêdhung |
cêmbirit katisên kêtos ||
5. Krangèhan put wahung |
jalumampang latêng lan kêmadhuh |
soyar yah-uyahan pradapèng kusambi |
tikêlan cèplukan bruhun |

myang (ng)gon pradapèng karangkong ||

6. Kucila lan srigunggu |
dhèdhètan myang tungkul puyung sêntul |
ron giyanti kêmiri ranti sêmanggi |
suru tunjung walikukun |
popokan lirik brus posor ||
7. Itêm biri lan so-un |
sarang-burung otot datan kantong |
êtim dara tim bandêng bèbèk tim mêri |
tim gramèh tambra tim bulus |
tim gibas tim landhak mopol ||
8. Miwah lalaban agung |
dhung-dhungan kacang kacipir timun |
terong buncis kêcambah gudhe kêmangi |
ranti bodhèh parewêlut |
pête jengkol terong aor ||
9. Rawisan kulit jêruk |
cokol bung gêlagah pupus kêncur |
lokak sêlat kobis kucai sêlèdri |
patrasèli brambang suru |
ramênas sawi rawêtol ||
10. Kêceme kêmbang bêku |
sêlèdère salantara êbrut |
kêwik singkêl lara gèrèng walang sangit |
acar kecap lan tahu |
pêtis lombok abang ijo ||
11. Pêpak lawuhanipun |
gudhang kuluban lalaban sampun |
myang panganan lah-olahan amêpêki |
tuwin woh-wohan sadarum |
tinata nora kaledhon ||
12. Jajuwadahanipun |
têtêl sasênik-sênik gêngipun |
wajik kêtan salak mili lênga gurih |
têtêl bang putih lan biru |
têtêl gêdhang jênang dodol ||
13. Têtêl jagung jêwawut |
sabun gada gêng sapupu-pupu |
gêmblong lèmpèng lèn-ulèn pan abang putih |
têtêl onggok gadhung walur |
puli blêng sagembol-gembol ||
14. Wingka pudhak nug-anuk |
jumunak gêthuk sagênuh-gênuh |
kêrasikan gêplak madu sirat inthil |
tawonan lan jênang jagung |

Jilid 6 - Kaca : 45

gêrontol karag bêrondong ||

15. Nuntên sarabi kumbu |
êmbêl-êmbêl lopis lan cêngkaruk |
kêtan ragèn iwêl-iwêl wulak-walik |
lêgandha lêpêt lu-ulu |
ampyang gablog êlog-êlog ||
16. Lêlonthong unthuk-banyu |
kupas tape brêm ledre lan satru |
obat-angêt opak jaritan gulali |
sarabikang gêti kabul |
jipang ondhe-ondhe gandhos ||
17. Cêlorot roti-bolu |
cêthot êmplèk kêpêl limping-limpung |
rêngginang bang tumpi cêriping gêrubi |
calabiya carangmadu |
rambutan êbrêm kalêpon ||
18. Widaran apêm cucur |
loncis gêblèg lêr-ulêran puthu |
mayang dhulak bathok cangkir lawan utri |
lêmpêr lêmêt lawan pasung |
mêniran bantalan jongkong ||
19. Myang orog-orog garu |
sagon kêmbangpala satru arum |
kupapula rakkêling tèn-êntèn rangin |
kèci randhakèli mëndut |
têbon sumping plèrèd gêmpol ||
20. Pradapan ganggêng kanyut |
kêmplang walangan sêmar tinandhu |
sêmar-mêndêm sêmpora srikaya pipis |
kopyortuban sagu jagung |
kicak kolak loco mênto ||
21. Kang jênang bubur-lêmu |
jênang-abang kalong jênang manggul |
lahang caca-caca bëndha jênang candhil |
grêndul kênul kukus jagung |
karangrang galonjor lêmpog ||
22. Karangrang kêmbang cêmplung |
apêm kocor urat sêga susu |
rondhe dhawêt tape-kambang rujak-kawis |
kolak kluwa waluh sukun |
kinêndha-kêndha lan cao ||
23. Woh pisangraja talun |
jêruk kêprok ranjam butun gulung |
pêlêm nangka srikaya mulwa kuwèni |
rambutan jirak kêpundhung |

Jilid 6 - Kaca : 46

- manggis duryan pakèl gowok ||
24. Langsêp pijêtan dhuku |
dhuwêt bêndha sêmak maja mundhu |
sarangan sawo kêleca lan kêcapi |
siwalan wunglon kêlayu |
jambu wèr kluthuk kêlampok ||
25. Sêmangka krai timun |
wrêsah salak dhêle têbu awu |
kacangcina kêtela uwi gêmabili |
kênthang linjik talês kimpul |
suwêg gacêng lan gêmbolo ||
26. Nyênjamikanipun wus |
lah-olahan lan palagumantung |
palakasimpar palakapêndhêm dening |
sangkêp warnan pasaripun |
kêmbang borèh lawan ampo ||
27. Sèkêt ancak ginunggung |
kêjawi panjang rampadanipun |
lan kêjawi ancak ibêr sèkêt supit |
sadaya tinata rampung |
rampadan sangkêp jabèng-jro ||
28. Mangkono wusnya ramput |
bakda Ngisa akir wancinipun |
Kyai Bayi kang mêngtas salat mring masjid |
ingiring pra santri agung |
ing pandhapa wus mirantos ||
29. Samya tata alungguh |
sadaya santri saurutipun |
têpung-gêlang jêng-ajêngan dènya linggih |
têpung kêndhuri anglanjur |
santri nom-anom nèng ngisor ||
30. Soring têtarub têpung |
kadya kang nginggil pangêpungipun |
anèng kasah santri nom lan santri cilik |
pandam ting kalêncar agung |
padhang lir raina katon ||
31. Wusnya sami alungguh |
Kyai Bayi angling mring pangulu |
miwah marang Sêmbagi Jumêna tuwin |
para ri myang dêmangipun |
Purasari Pagêrwaos ||
32. Samya ingirid mangsuk |
marang wisma kang liningan gupuh |
praptèng wisma parèstri samya sumingkir |
wus tata dènnira lungguh |

Jilid 6 - Kaca : 47

Ki Sèh Amongraga alon ||

33. Ngabêkti mring Ki Buyut |
nulya ngabêkti salamanipun |
marang ingkang marasêpuhira kalih |
nulya salam mring pêngulu |
marang Sêmbagi Jumêna lon ||
34. Nulya mring pamanipun |
Ki Suharja lan Wiradhusthèku |
Ki Panukma Panamar Kulawiryèki |
myang mring dê mang datan kantun |
Purasari langkung anor ||
35. Sèh Amongraga sampun |
nulya Nikèn Tambangraras ngujung |
nguswa suku mring kang raka Amongragi |
nulya ngujung mring yangipun |
angujung mring sudarmèng ro ||
36. Warata sadaya wus |
wangsul marang ing panggènnipun |
nulya ingkang rayi kalih majêng ngarsi |
tur bêkti mring raka ngujung |
kalihira gèntos-gèntos ||
37. Wusnya mangkono wau |
samyang (n)donga wabarakalahu |
ngala palalihi warahmanurakim |
sawusira donga Sukur |
Kyai Bayi matur alon ||
38. Marang Ki Bayi buyut |
suwawi mijil prayoginipun |
majêemukan lawan pra wayah nèng jawi |
samyang ngalap bêrkahipun |
ing sampeyan kang tinuhon ||
39. Angandika Ki Buyut |
iya bènêr mumpung aku wêruh |
nulya tindak alon sarwi dèn-jagani |
Mongraga kurmat tut pungkur |
wusnya kinèn wangsul ing (ng)gon ||
40. Tata dènnira lungguh |
nèng pandhapa Kyai Bayi muwus |
mring pangulu kèndhuri kinèn (n)dongani |
sung dhahar mule majêemuk |
pangulu sandika gupoh ||

7 Ki Bayi mèdal majêemukan ing pandhapi. Kèndhuri dipun dongani kyai pêngulu, lajêng sami dhahar. Para sêpuh sami dipun ladosi. Sinambi dhahar Kyai Wanahita dhawuh bab kasiyatipun ulam kewan slira, landhak, lsp. Salêbêtipun dhahar sami gègugjêngan sarwi pakantuk. Ing griya wingking Sèh Amongraga nyuwun dhatêng ingkang ibu marasêpuh,

supados pasrèn Lara-bonyo lan sajèn-sajèn dipunbucali, amargi punika kalêbêt brahala dados alanganing ngèlmu. Wêkasan lajêng dhahar sêsarêngan. Sèh Amongraga dhaharipun sakêdhik sangêt, makatên ugi Nikèn Tambangraras.
Kaca 47 – 55

Jilid 6 - Kaca : 48

358 Gambuh

41. Angadêg ing (ng)gyannipun |
marêp mangetan dènnya (n)donga sru |
donga Rasul mumule majêruk tuwin |
Tulak Slamêt nulyèng Ngumur |
nulya mingêr sru swarèng wong ||
42. Amin rêmpêg gumuruh |
ambal-ambalan ambata-rubuh |
Ki Pangulu anutug dènnya (n)dongani |
amin sadaya tumungkul |
asusuhun nuli lungguh ||
43. Ki Bayi lingira rum |
marang Luci ki apa wus rampung |
Luci matur inggih sampun gênah sami |
ingkang (ng)gangsali angêpung |
ingkang nyêdasani golong ||
44. Ngalihdasani ngêpung |
nigangdasani saambêngipun |
inggih botên wontên kang sumêlang kapti |
Ki Bayi nyarakkên wisuh |
payo (n)duduk sêkul wuloh ||

359 Mêgatruih

1. Nulya sarêng yata samya awiwisuh |
Kyai Buyut dènturuhi |
Ki Bayi nulya kukucur |
Ki Pangulu awêwanging |
bilas tangan wênèh kobok ||
2. Samyambanyu masuk tangan ting karucuk |
santri lit rêbut kèndhuri |
tangan tur têtês kasusu |
sarêngan tangan rarywa lit |
cinêlupakên mring gênthong ||
3. Garêjêgan rêbut dening sami wisuh |
pinisuhan ting jarêlih |
pipitan sikut-sinikut |
rêrêjêgan lumuh kari |
bak tangan gênthonge ambrol ||
4. Pêcah mak brol krèwèng wingka mêsat sumyur |
liyan bathuk irung santri |
toya (m)blabar ing wong lungguh |
santri tuwa kèh misuhi |

durung tutug didhêdhêplok ||

5. Sanggon-gone kana kene gawe rusuh |
nora patut dèncêdhaki |
ambutuhake wong lungguh |
yèn linggih nêlêsi jarik |
têmah andhodhok mêthongkrong ||
6. Santri cilik kêmrêcêk nauri asru |
prandene ngaruh-aruhi |
bocah dèn-aranni rusuh |
dhèwèke nora rêspati |
mangan mathongkrong lir bangkong ||
7. Santri tuwa ana srêngên wênèh (ng)guyu |
tan wusên rusuhing cilik |
(n)dan anadhah kabèh cakut |
bêsêngèk pitik ngijènni |
miwah bêtutu lan opor ||
8. Landhak banyak myang manuk kang wutuh-wutuh |
rangkêp-marangkêp mawarni |
myang jangan masungsun-sungsun |
rongpuluh wadhah ngijènni |
mangan kokoh dhokoh-dhokoh ||
9. Kyai Buyut linadèn kang êmpuk-êmpuk |
Kyai Bayi matur aris |
mring Ki Wanahita Buyut |
punapa kang dènsaptani |
wontên sadaya sumaos ||
10. Ulam kewan miwah pêksi myang ulam luh |
kang dènolah adi-adi |
sumangga sampeyan mundhut |
kula ingkang angladosi |
ngling ya bangêt tarimèng-ngong ||
11. Sarwi nadhah Ki Bayi tansah umatur |
dene tan pati ngulami |
namung tim nyuwil kur-ukur |
tan liya kang dènkarsani |
mung dhadha-mênthok lan susoh ||
12. Ingkang eca kyai kulit swiwi pupu |
abodho tèmên si kyai |
êndhog kang êmpuk tan mundhut |
myang liyane anyir-anyir |
kabèh tan ana ginêpok ||
13. Kyai Buyut nauri wacana arum |
ngong wus tuwa nora pati |
mangan ngarah-arah ayu |
wong tuwa cêrbaka bukti |

Jilid 6 - Kaca : 49

dadi paraboting repot ||

14. Lah tutura wong tuwa kang mau-mau |
iwak êndhog kinèn nyirik |
suwiwi pupu bêrutu |
myang iwak jêrowan sami |
iku pakolèhe awon ||
15. Kayata wong wus sêpta kulinanipun |
êndhog jrowan dèndoyani |
besuk tuwanya glis lampus |
gujih kaya bocah bayi |
kèh repot lara kuwayon ||
16. Aku kiye suwe-suwe dadi tutur |
mring sira ya Buyut Bayi |
eyangmu canggah rumuhun |
kasiyate marang mami |
tutur bisik-bisik alon ||
17. Kinèn mangan iwake sêlira pèrlu |
lan iwak landhak dènasring |
tuture paedahipun |
iwak sêlira binukti |
tuwin ngumure tan repot ||
18. Dene iwak landhak iku pedahipun |
sugih anak jalu èstri |
lan santosa purusipun |
miwah balung kulit daging |
yèn waras oto tan repot ||
19. Kyai Bayi manthuk matur nuwun-nuwun |
hêng hêng mêkatên kyai |
ulam sêlira puniku |
punapa tan karam ngèlmi |
yèn landhak kalal kemawon ||
20. Kyai Buyut Wanahita lingira rum |
êmbuh kalal karamnèki |
lagi tuture puniku |
wong tuwa amêsiati |
têgêg ora anggon-anggon ||
21. Kyai Bayi kaluhuran sabda sêpuh |
andhêku kalangkung ajrih |
kojah paedah ginugu |
Kyai Bayi Panurtèki |
matur mring Ki Buyut alon ||
22. Kula nuwun apuntên sampeyan maklum |
kula sarat angecani |
ingkang pra wayah sadarum |
supaya rahab abukti |

Jilid 6 - Kaca : 50

dumugi kang raos-raos ||

23. Nging Ki Buyut yèku pèrlu tur aplalu |
mring sukane ing sèsami |
mupung kèndhurèn akumpul |
Ki Buyut gya ngancarani |
payo putu-putuningong ||
24. Kang atutug sasukanira akêmbul |
aja ering wigih-wigih |
sun mupung misih andulu |
sira mangsa sabên ari |
mêmangan kang raos-raos ||
25. Kang liningan sêdaya umatur nuwun |
bêrkah sampeyan kiyai |
Ki Buyut maca Alkamdu |
-lilahi rabilngalamin |
Ki Bayi nundha wiraos ||
26. Lah (ng)gih dawêg sawarnining kang nèm sêpuh |
kang dumugi kêmbul bukti |
satêngah sun kaya kaul |
akèh pakolèhing ati |
mring anak myang sanak royom ||
27. Kang kèndhurèn samya lêga manahipun |
tan ana tinaèng galih |
mangan samya thêkul-thêkul |
sabab ulam nandhing milih |
kang kokoh jangan aserop ||
28. Ki Pangulu pêmangane dudu-dudu |
puluke sabithi-bithi |
angêpèl rada kêsusu |
tan têtatèn angêpèli |
tangane ukur nyakodhong ||
29. Sakèh ulam jangan cinarup winorsuh |
sèrap-sêrop kêsusu glis |
kêsêrêtèn lêngguk-lêngguk |
ambêgêgêg ngêpèl bithi |
hak-huk lir anantang mungsoh ||
30. Dhêlêg-dhêlêg clêguk plêlêng lèd-lèd mrêngut |
gupuh kang samya ningali |
kiwa têngêne atulung |
Suharja wruh adatnèki |
pêngulu gulu dhinodhog ||
31. Mak talêthok cocor opor banyak mêtu |
lêgêndêr byar (m)brêbês-mili |
wus ludhang nêbut (n)dharudhut |
astagpirollah halngalim |

Jilid 6 - Kaca : 51

nulya tanduk mêksih kokoh ||

32. Ki Pangulu singa kang nawani ayun |
tan ana ingkang tinampik |
sabên dèntawani manthuk |
tampi lajêng dènwadhahi |
dalah lalaban anggêmos ||
33. Para santri akèh samya cucul sabuk |
suka nutug dènnya bukti |
sadaya angaji pupung |
ana ngegoh lèmpèngnèki |
enak wêtêng pinrih kothong ||
34. Kulawiry arosa pamanganipun |
kuwarêgên anjêngginik |
karingêtira akumyus |
mèwèk ngunjal mêngap wahing |
mak jêthut cathoke pèdhot ||
35. Talêthik bènèk dhadha nèm ingkang runtuh |
kotang mrèbènyèng rong nyari |
manthèlèt kulite mêtù |
ginaguyu para santri |
wènèh mangan sarwa ngonjod ||
36. Lunga ngising yèn wus nulya wangsul muluk |
anêmên lir wong angêlih |
kèh mêngkono tingkahipun |
ana kang kêsusu ngising |
melayu moncrot medang-medong ||
37. Andèlèwèr turut cinglok tungkakipun |
kasusu dènnya bèbrèsih |
kang niprat ing jaritipun |
nora kongsi dènkucuni |
ge-age wangsul ing ênggon ||
38. Thang-thêng mambu rowange pating barêkus |
dènsingkang-singkang alinggih |
mêksa ngungsêl-ungsêl muluk |
kuwatir yèn tan dèndumi |
barêkat mila (n)drêwolo ||
39. Wènèh santri kasêlak-sêlak sru watuk |
ting salêmprot upa mijil |
mamahane ting kalêpyur |
kancane samya nyrêngèni |
wènèh kuwarêgên mukok ||
40. Apa ingkang kêmlêkêrèn lêngur-lêngur |
wêtêngipun dènirusi |
kabèh dhènèh lèhe lungguh |
wènèh kêlêlêgên kikir |

Jilid 6 - Kaca : 52

mêcoco mata mêngdêlo ||

41. Niba bêlêng pandêlikan hak-huk hak-huk |
kancane nora praduli |
pan wus akèh kang kadyèku |
bêgja-bêgjane pribadi |
ana atêtawa gêntos ||
42. Lah puniku ulam kang eca bêtutu |
myang ulam kang adi-adi |
lung-linungkên samya rukun |
ênting sukane abukti |
angêpah mung ngêsêp dudoh ||
43. Kulawiryâ amangan sarwi amuwus |
lah marenya Nuripin |
sun angganjar pêmâlêsku |
sih pamule mring sirèki |
margane padha aroyom ||
44. Saking sira jalare Mongraga rawuh |
nèng ngriki sasat sirèki |
ing gawe dadi mêmantu |
amarêgi para santri |
kiye ombènên duduh thok ||
45. Dènaranni duduh jangan campur bawur |
miwah iwak sawarnining |
kabèh ngong pêtês mrih duduh |
wus campur dadi sawiji |
sakêda ombènên kono ||
46. Saking gêdhe-gêdhening pasihanaku |
ukur sakêda mêlêp thil |
êntèkna kabèh dènatus |
aja kongsi nora ênting |
Nuripin mulat mêlongo ||
47. Kadipundi karsa sampeyan puniku |
wus mênthêng-mênthêng puniki |
paduka kèn nguyup duduh |
wêtêng sampun mincip-mincip |
pinêksa manawi ambrol ||
48. Kulawiryâ amêksa sarwi gumuyu |
nora ilok anampik sih |
cinangarkên kinèn nguyup |
panggêngên napasmu thithik |
mithêsa irung dènalon ||
49. Wus pinaksa Nuripin duduh dènuyup |
lagya limang cêgok nuli |
Kulawiryâ nêkêm gulu |
tan kêna ngampah Nuripin |

kagyat huwèk mutah sak-sok ||

50. Ting salêmprot macothot mamahan mêtû |
lir nêmbur nyiprat rêrai |
Ki Kulawirya kêlamut |
kithêr-kithêr maratani |
klambi kêthu ting dalêmok ||
51. Angêlèprèt nèng klasa angalur-alur |
cècèk-bècèk gêcok mijil |
kang mangan kèh samya kagug |
kagugu gigu kawigih |
mungkag-mungkug milu umor ||
52. Cungir-cungir ngucap priye iku mau |
lagi samyeca abukti |
(n)dadak bulaeran rusuh |
nulya wetanipun pinggir |
samya alok santri ngêbrok ||
53. Jinaguran mring kancane ting garêblug |
ambêng tan kongsi binagi |
cok-cinocok rêbut dhucung |
santri cilik nulya bêngkrik |
rêrusuhan rêbut kokoh ||
54. Kalih ênggèn kang rusuh jagur-jinagur |
têndhangan bithi-binithi |
gumuruh pisuh-pinisuh |
rare nangis ting jarêlih |
tabokan popok-pinopok ||
55. Kang sadaya kêndhuri dinum kêsusu |
prandene rusuh sakêdhik |
rêbut kacèk samya njumput |
ibut bikut bali linggih |
brêkat talêning talênong ||
56. Ana kurang wênèh sêdhêng kang (m)barêngkut |
tan nganti dènkêbayani |
kasusu santri kang rusuh |
agêdrah rêbut kêndhuri |
kèh brêkat wutah ambrobol ||
57. Sami udrêg lêdrug sêkul ulam ajur |
anggadibêli kang sikil |
akèh wong caripu sêkul |
tan winuwus solahnèki |
luwaran nadhah sakèh wong ||
58. Nulya winêdalan tap-sirih lan udud |
watara kang santri-santri |
panjang-ilang myang winungkus |
samya nginang sadayèki |

wênèh udud anyêroto ||

59. Udud nipah myang kang wangèn rokok wiru |
kang sêpta kêlobot linting |
sata lènyèt mênyan arum |
kêlukuk myang anglantari |
papahing katela gamblok ||
60. Ting pramomong lir ampak-ampak kang kukus |
ngêmpor-êmpor mêmêlêki |
ting karêrês ngakêp udud |
nutug raosing kamuktin |
warêg mangsêg mëndêm rokok ||
61. Kyai Bayi Panurta ngandika arum |
kabèh nora sunwangêni |
sawuse suka akêmbul |
padha bubarani kariyin |
kabèh nak putu tuwa nom ||
62. Inggang banjur mulih lan kang sêdya wangsul |
sasukanira pribadi |
kajaba inggang katêmpuh |
aja tan ora abali |
lèk-lèkan dhewe samêngko ||
63. Kang liningan sadaya wus samya mundur |
inggang maksih anèng ngarsi |
kang rayi sadayanipun |
lan Ki Dêmang Purasani |
salong lurah santri golong ||
64. Santri Luci angirid sinomanipun |
ngrêsiki kalasa lampit |
ngundur panjang piringipun |
kang ical pêcah tinitik |
myang bokor tap sirih gembol ||
65. Wus mangkana barêsih dènnya kêkêbut |
yata kang anèng wisma di |
kang lagya ingendah luhung |
Sèh Amongraga kang wingit |
lênggah ingayap pra wadon ||
66. Inggang ibu lênggahnya kapara ngayun |
Turida lan Rarasati |
lan pra nini pinisêpuh |
kulawarga parèng èstri |
samya karênan pandulon ||
67. Ni Malarsih nuduh mundhut dhahar gupuh |
kang liningan Bok Sumbaling |
sigra sinaoskên ngayun |
Sumbaling lawan Cênthini |

Jilid 6 - Kaca : 54

samya nglaladèni karo ||

68. Sèkul ulam mawarni pêpak sadarum |
ingolah kang adi-adi |
tinata atap nèng ngayun |
tan ana piring kang alit |
sadaya lancar jêgong ||
69. Wus sumaos lèladèn dhahar nèng ngayun |
Sèh Mongraga matur aris |
yèn parêng punika ibu |
prayogi dipunbucali |
loro bonyo botên ilok ||
70. Pan brahala puniku cêgahing ngèlmu |
Malarsih mèsêm èsmu jrih |
inggih anak sang abagus |
saking pikir kirang ngèlmi |
mung ilok-ilok kemawon ||
71. Sigra kinèn ambucali sadaya wus |
nulya ngling angancarani |
suwawi wanting sang bagus |
sigra Tambangraras aglis |
anuruhi mring raka lon ||
72. Ki Sèh Amongraga lon matur mring ibu |
punika ibu manawi |
utami sadayanipun |
sami akêmbulan bukti |
kêrana Allah kemawon ||
73. Nulya samya amapan kêpang nèng ngayun |
Tambangraras kinèn bukti |
tan arsa ature nuhun |
adan lêkas samya bukti |
ana cicik ana dhokoh ||
74. Sèh Mongraga ngecani sarwi sidhêku |
puluke mung sakêmiri |
ginalintir tos lir watu |
tan dhahar ulam sacuwil |
namung sarêm lan têmu poh ||
75. Dadya wigih sadaya pupulukupun |
wus nutug sadaya sami |
linorodkên maring ngayun |
-nira Tambangraras bukti |
tapak asta ukur dhêsok ||
76. Tambangraras pamuluke mung satunjung |
tigang pulukan nulya wis |
sadaya wus samya turuh |
cinarikan mring pamburi |

Jilid 6 - Kaca : 55

tuwuk sadaya punang wong ||

77. Wus linorod rampadan luwaran sampun |
nulya dhadharan sumaji |
kang dadi palagumantung |
palakasimpar mêmêki |
lah-olahan ingkang raos ||
78. Gugurihan manis-manis sadaya wus |
sumaos anèng ing ngarsi |
yata ing wanci wus dalu |
Sèh Mongraga matur aris |
mring sang ibu sarwi anor ||
79. Lamun parêng kawula nunuwun maklum |
iktikap tangat ing masjid |
punika mèh wêktu sakur |
sêdhêng toyastuti trêtip |
kuwatos kalamun êpot ||
80. Ni Malarsih nauri wuwusira rum |
inggih sumangga ing kapti |
munajad maring Hyang Agung |
kula ajrih anggondhèli |
yèn wus mung bakda kemawon ||

8 III. Sèh Amongraga mêjang ngèlmu agami
Sèh Amongraga nyuwun pamit badhe solat ing mèsjid. Sasampunipun wudlu,
lajêng dhatêng ing tajug solat sunat sukril wudlu, sunat tahiyatul masjid, sunat
kiparat 12 rakangat sadaya kathi tartib, wêkasan maos slawat, nindakakên
wirid, sadaya kanthi khusus bêblês dumugi ing raosipun, jumbuhipun sêmbah
lan puji, nalangsa nyuwun pangapura dhatêng Pangeran. Lajêng andêdonga
sukur dhatêng Allah tuwin Rasul. Wêkdal lingsir, kondur.
Kaca 56 - 58

Jilid 6 - Kaca : 56

359 Mêgatruh

81. Mugi nuntên kundur sareya tilam-rum |
awajib ing garwanèki |
parluning pangantèn pangguh |
kêdah ing ratri mor guling |
matur inggih Mongraga nor ||
82. Wus linilan Mongraga lumampah mêtù |
sarwi gampare cinangking |
kang ibu suka angungun |
mulat bêgjane kang siwi |
gêr sukure mring Hyang Manon ||
83. Ki Sèh Amongraga mring patirtan adus |
wusnya suci nulya ngambil |
busananira rinasuk |
turuh kadas toyastuti |
ambanjêd agama kaot ||

360 Dhandhanggula

1. Wusnya ngambil kadas toyastuti |
niyatira angilangkên kadas |
kang cilik nir susukêre |
nulya umanjing tajug |
sigra sunat Sukril-wului |
wus rong rêkangat salam |
gya sunat Tahyatul |
-masjidi kalih rêkangat |
wusing salam ngangkat salat kiparati |
rolas rêkangat salam ||
2. Tan kêsêlan-sêlan salatnèki |
wusing Patekah mung surat Eklas |
kang kinarya wêwacane |
akasut sujud rukuk |
tan kalêmpit dununging trêtip |
myang mukaranahira |
tan cèwèt sarambut |
anuntung rolas rêkangat |
ikram mikrat munajat lawan tubadil |
coplok wus ngalih titah ||
3. Wusing rolas rêkangat kang akir |
rukuk iktidal sujud alênggah |
antara sujud karone |
sarta lan trêtibipun |
asta kalih tumumpang wêntis |
tahyat akir iptitah |
-ira trêtibipun |
sunat hakekat amaca |
sêlawat kang atasing kulawarganing |
Nabi kita Muhammad ||
4. Salalahu ngalahi salami |
nulya salam bakda wus paragat |
tyas byar nêng jaman têngahe |
jaman têngahan iku |
ananira iya saiki |
iki-iki balaka |
tan mêngko tan wau |
mangkana sèh Amongraga |
nulya tatrapp barjah jalalah suhuling |
sataryah isbandiyah ||
5. Napas anpas tanapas nuwusi |
patang prakara kang manjing mêdal |
liniling-laling raose |
ingarah bènêripun |
ing parênge tibane uni |
lamojuda ilalah |
mot sanapas landhung |
nulya dhikir nabi isbat |
wus angingkut ing cipta tingalirèki |

Jilid 6 - Kaca : 57

satus klimah sanapas ||

6. Lapat lailaha ilalahi |
linampahkên ilalah ilalah |
nulya Allah Allah bae |
lan hu-Allah Allah-hu |
hu hu hu lan i i i |
ila ilalah lah |
o o e e u u |
miwah la la a a a a |
pan wus jomblah tan beda wijiling uni |
muni tan munasika ||

7. Saliyane wuwuse kang uwis |
tyas wus kawas kawawas tan uwas |
ing kêjêp liyêp layape |
babahanira buntu |
ningkup tan miyat ing bumi langit |
lan nir nora na apa |
pan wus suwung gêmplung |
cêngêng plêng mung pêpêlengan |
mulyaning dad salat daim ismungalim |
mancad panaul pana ||

8. Moring tingal pinancêr wus êning |
ênênging karsa tan ana nglumba |
akasut pancadriyane |
pinêlêng ing pandulu |
dadalan kang ilang mring sêpi |
titis grana pusika |
pusakaning kayun |
kayungyun kaananing dad |
datan osik ngulisik ênênge êning |
badan budi tan obah ||

9. Pan mêngkana sênête wong urip |
ingkang suning uning ing Pangeran |
tan samar napi isbate |
ait nganasir pagut |
arambatan tanajul tarki |
tan kêna ngilangana |
tatakramanipun |
yèn wus mungguh budi mulya |
Sang Hyang Maha Mulya lan mulyaning budi |
abeda nora beda ||

10. Pan wus jumbuh sêmbah lawan puji |
puji amuji ing dhawakira |
iya dhewe nora dhewe |
tanpa dhewe wus pupus |
purna tan jali abadi |
kae Sèh Amongraga |
sawisira junun |
tawakup marang Pangeran |
analangsa apuranira Hyang Widdhi |

wedaning kaluputan ||

11. Andêdonga rila mring Hyang Widdhi |
kapindho sukur mring Nabi Duta |
sakèh rahmat jalarane |
(n)Jêng Nabi kang mulya nung |
wus paragat dènnya amupit |
kang dhingin marang Allah |
pindho mring (n)Jêng Rasul |
wus sampurna tangatira |
Ki Sèh Amongraga kondur saking masjid |
alit panêpènira ||

Jilid 6 - Kaca : 58

360 Dhandhanggula

12. Bakda wêktu palilah wus lingsir |
wêngi wancinira bakda tangat |
Amongraga kondur mangke |
kang ibu maksih lungguh |
lawan para sêpuh kang mêksih |
sami andarus Kur'an |
kathah kang wus turu |
Tambangraras maksih lênggah |
ngarsèng tilam nulya Sèh Mongraga prapti |
alênggah ngarsanira ||
13. Ni Malarsih angandika aris |
anakingsun Ki Sèh Amongraga |
prayoga andika sare |
anèng jinêm tilam rum |
Amongraga umatur inggih |
kawula kinalilan |
layap nèng tilam rum |
nuwun pangaksamèng galat |
ingkang ibu nauri wacana aris |
aywa awancak driya ||
14. Apan sampun dados wajibnèki |
kapopohan ing donya akerat |
mung kula andongakake |
mugi tulusa runtut |
aywa nganti sawalèng kapti |
kula titip kewala |
ing rayinta busuk |
mangsa-borong (ng)gèn amulang |
tan kapalang ing cêguk balilunèki |
pasrah rèh wus pitaya ||
15. Amongraga (n)dhêku matur aris |
inggih mugi angsala pandonga |
ing sudarma sakalihe |
dêrmi kawula nuduh |
langkung bêgjanipun pribadi |
sawusira mangkana |
Ni Malarsih mêtu |

asare anèng mandhapa |
maksih pêpak kang rayi tan ana arip |
myang putra kalihira ||

16. Kyai Bayi angandika aris |
mring kang garwa apa wis putranta |
guling nèng tilam karone |
Ni Malarsih umatur |
inggih kados sawêg puniki |
sadangunipun salat |
atangat ing dalu |
anèng tajug pamêlêngan |
lagya enggal punika bakdanirèki |
kawula wus apasrah ||
17. Sawusipun kula lajêng mijil |
Ki Baywa ngling ya Allah kamdulillah |
angandika mring putrane |
miwah mring arinipun |
padha tutugêna tan guling |
kang maca kang trêbangan |
miwah ngaji Usul |
kang dolan catur wong-wongan |
lèk-lèkanana sawêngi aywa na guling |
ingsun turu priyangga ||

9 Sèh Amongraga manjing pasareyan, amrayogèkakên ingkang garwa supados sare ing tilamsari amargi mêmsthi sayah sasontên tanpa kèndêl. Nikèn Tambangraras sar-saran manahipun, matur supados ingkang raka kemawon sare ingkang sakeca, awakipun trimah wontên ing jawi. Astanipun Tambangraras katarik sêsarêngan manjing pasareyan, samir katutup. Sèh Amongraga mêjang garwanipun bab ngèlmu agami, bab sajatining sahadat, rukuning salat, dununging raos sêjati, kuwajibaning èstri, pasrah dhiri dhatêng kakungipun wilujênging palakrami. Ing salêbêtipun Sèh Amongraga mêjang garwanipun, Ni Cênthini tansah nênggani ing sacêlaking pasareyan sarta mirêngakên sadaya pangandikanipun Sèh Amongraga. Enjingipun sami kêmbul bujana. Ni Malarsih andangu Nikèn Tambangraras punapa sampun kêmpal apasihana kalihan Sèh Amongraga. Wangsulipun sadalu kawêjang ngèlmi. Salajêngipun Ni Malarsih paring pitutur dhatêng putranipun bab susilaning akrami.
Kaca 58 - 70

Jilid 6 - Kaca : 59

18. Wus miranti panggonan aguling |
lan kang garwa Malarsih anendra |
tata kang wontên dalême |
sang pinangantyan wau |
kang kalilan lênggah sarimbit |
Amongraga ngandika |
mring kang rayi arum |
dhuh yayi kusumaningwang |
asareya nèng tilam mangsane arip |
rapuh sasore mula ||

19. Tambangraras liningan ing laki |
 pan kumêpyur tyasira nêratap |
 sarwi asêrêt ature |
 pukulun sang abagus |
 kawula kewala nêng jawi |
 paduka kang sareya |
 jrih kawula nuwun |
 Ki Sèh mudha Amongraga |
 lingira rum sarwi anarik astèki |
 dhuh sang kumalaning dyah ||
20. Aywa kalimpêt sira ing ngèlmi |
 palaling Hyang mring sira lan ingwang |
 ing ganjaran wus tan pae |
 nugraha Sang Maha Gung |
 pira-pira sun sira yayi |
 karone pinaringan |
 kawasa têtêmu |
 marang kang karana Allah |
 nulya Nikèn Tambangraras angabêkti |
 nut sakêrsaning raka ||
21. Gya winingkis kang samir cawêni |
 mangsuk sang ro kinanthi kang asta |
 wus tumamèng jro jinême |
 tumangkêp samiripun |
 Tambangraras tyasira ênis |
 kumutug kang sarira |
 kêtêg rêbut dhucung |
 dho cèng napase tyas mêlang |
 tuhu-tuhu katêmbèn cêlak priya di |
 kuwur kèh nyananira ||
22. Angandika Sèh Mongraga aris |
 mring kang rayi iya yayi sira |
 dèn-irama satitahe |
 mungguhing bab kang pèrlu |
 ing ngaurip têtakabul ngèlmi |
 ngèlmi kang wus muktamat |
 ing sarak (n)Jêng Rasul |
 -olah ingalèhisalam |
 aminihi mumuruk ing sira yayi |
 sira nêbuta sadad ||
23. Nadyan wus ahliya sira yayi |
 durung êsah yèn tan lakinira |
 kang amulang ing ahline |
 wajibe amumuruk |
 pan katêmpuh ing donya akhir |
 ing ngèlmu lah nipêkah |
 samya pèrlunipun |
 sadad wajibing wanodya |
 iya sadad Patimah ingkah linuwih |
 yayi pasukên ing tyas ||

24. Aywa dumèh rèchè iku yayi |
wajib angucap ashadu anla |
-ila hailalah dene |
sun ngawruhi satuhu |
tan ana Pangeran kêkalih |
nanging Allah Kang Êsa |
kang Tunggal puniku |
(n)dadèkkên alam sadaya |
wa ashadu anna Patimah tin jrokril |
karimi imra atal ||

Jilid 6 - Kaca : 60

25. Nubuwatini binti Muhamadin |
salalahu ngalihi wasalam |
sun nêksèni satuhune |
Dèwi Patimah iku |
lintang johar ingkang mulya di |
kang dadi ratuning dyah |
kang acahya mancur |
kang putra (n)jêng Nabi kita |
Muhammad dinil salalahu ngalahi |
wasalam ngalaeka ||

26. Ywa pepeka kang jatmika ngèlmi |
jatismikaning ngèlmu iku sarak |
iya sarengat yêktine |
lawan tarekatipun |
kang minangka wadhah sakalir |
dene ngèlmu hakekat |
lan makripatipun |
minangka wiji nugraha |
wiji yèn tan tumanêm wawadhah bêcik |
bungkik nugrahanira ||

27. Mulane yayi dèn-ngati-ati |
sarengatira kudu santosa |
asarèh akèh pedahe |
aywa langar ing ngèlmu |
yèn kêprècèt ambilaèni |
murungakên kasidan |
dene langar iku |
hakekat tinggal sarengat |
iku akèh langar pangrasane uwis |
angrasa badan mulya ||

28. Solah tingkah muna lawan muni |
aja salat ta pan uwis salat |
mangkono sapapadhane |
iku yayi dènemut |
yèn manira tan ana benjing |
sira kariya wirya |
lamun ana catur |
kang mangkono iku uga |
watak ladak kasêlak calak kêcelik |

cêluk-cêluk ing setan ||

29. Singa kang dènlakoni tan dadi |
dudu dèdalane dalillolah |
kang mupit Mukammad rasèh |
adalil lawan madlul |
Kadis kudu lawan kudisi |
ajênak lawan Kiyas |
kisas lawan kusus |
iku ugêring sarengat |
lapal makna murat rasa dènkaliling |
iku ahli utama ||
30. Rong prakara yayi dènpakeling |
dhingin kudu wêdi maring Allah |
kapindho lawan lakine |
iku ganjaranipun |
donya kerat kinacèk bêcik |
traping wong wêdèng Allah |
tan pêgat adarus |
ing Kur'an kalawan salat |
parlu sunat lan tangatira ing wêngi |
têpakur maring Allah ||
31. Dene nora pati turu yayi |
wong kang mêlèk sajroning palilah |
tumpa-tumpa ganjaranne |
sinung ilham Hyang Agung |
isih jrênihira awinih |
budi luhur utama |
sidik ing pamuwus |
awas maring kira-kira |
ngèlmu ingkang samar-samar sinung uning |
malêkah tyas musthika ||
32. Samono iku ganjaran nicil |
lagyèng donya durung ing akerat |
pira-pira kèh tikêle |
dene trap jrih ing kakung |
apan iya kalih prakawis |
kang dhingin kudu iya |
mituhu ing wuruk |
ywa maido analimpang |
kapindhone kudu pasrah maring laki |
kumambang ing wisesa ||
33. Kang tumanêm yayi donyèng akir |
aywa sêla-sêla salah tampa |
tumpa-tumpa durakane |
angkuh êning kang kukuh |
eling-eling sira dèneling |
nêlangsa ing Pangeran |
nêlangsa ing kakung |
yèn sira wus narimèng tyas |

Jilid 6 - Kaca : 61

yêkti amrêtandhani Hyang Maha Sukci |
bineda kabèh beda ||

34. Budinira badanira yayi |
nora rêgêd bundhêt nora randhat |
ginantungan rahmat bae |
donya akeratipun |
donya rahmat saking ing laki |
akerat rahmat Allah |
ro iku acukup |
kayun pidarèni ika |
ingupaya uripe banyu kêkalih |
ing donya ing akerat ||
35. Tambangraras tyasira mranani |
katanêman wuwulanging raka |
sumilak padhang driyane |
ing surup pan wus kayup |
datan ana ingkang kalêmpit |
dhasar wus ahlinira |
brangti maring ngèlmu |
ing mangke wah angsal wulang |
langkung sanggêm agêmi marang agami |
ngugêmi rèh kang tama ||
36. Ing patêmon Sèh Adi Mongragi |
tan pati amrih bakda dukulan |
namung agama kagême |
winulangkên sang ayu |
kang rahayu lêstarèng budi |
ngandika yayi sira |
apa wus sumurup |
kang rayi matur anêmbah |
inggih brêkah paduka kawula pundhi |
tan nêdya apepeka ||
37. Amongraga mèsêm sarwi narik |
astanira Nikèn Tambangraras |
sang ayu kumêpyur tyase |
riwenira akumyus |
kawistara netyèsmu ajrih |
alon dènyya ngandika |
dhuh yayi sirèku |
sarèhèna driyanira |
manawa na eblis momor sambu yayi |
ngrêgêdi musliming tyas ||
38. Pan mangkana Ki Sèh Amongragi |
sabên sêrukuk dènira mulang |
tansah anyandhak astane |
yèn taksih tyas kumêpyur |
dèrèng karsa amanggung kang sih |
wêdharing karasikan |
yèn ta dèrèng junun |

Jilid 6 - Kaca : 62

angantiya pirang dina |
apan maksih anganti ahlinirèki |
mangkana karsanira ||

39. Tambangraras rumaos ing kapti |
yèn mangkana sangsaya pirêna |
cipta tan ana tuwuke |
nadhahi wulangipun |
driyanira angganing agni |
tan warêg ing galinggang |
ing supaminipun |
Tambangraras wus nugraha |
pan kabuka hidayat wulanging laki |
alandhêp tan kumêdhap ||
40. Ni Cênthini mèpèt aniniling |
andhêkukul nèng waton leyanan |
angula-ula ngêlèlèh |
mapan sadangunipun |
anyathêti sacandhaknèki |
kacandhak uga nora |
akèh kang kacakup |
ngalap bêrkah rèrèbètan |
samangsane ing jro banène anangis |
Cênthini tumut waspa ||
41. Kancane sami pating kalisik |
nora jamak Bok Cênthini ika |
anêmên nênilingake |
bêrkate wong angèlmu |
karêm wuwuh dipunlilani |
ngong mangsa mangkonoa |
Ni Sumbaling muwus |
wus payo cuki kântèlan |
ya wong têlu pasangane lintang palih |
kalêthêk thèr kântèlan ||
42. Awiwit crak-crèk mangan asisir |
sami masisir wiwitanira |
arêbut laku picise |
anyublik karya têlu |
wênèh gawe liliman putih |
rame cêgat-cinêgat |
kang kasêsêr nêpsu |
muring-muring ge uwise |
ingkang dhakon ting karêsêg andhok ambil |
alon gumêdêr bungah ||
43. Inggang wontên jroning tilamsari |
Amongraga alon angandika |
myarsakna yayi mangkene |
mungguh sampurnanipun |
ing asalat tigang prakawis |
kang dhingin suci badan |
kaping kalhipun |

kang asuci lesannira |
kaping têtlu kang suci atinirèki |
tan kêna yèn (ng)gampangna ||

Jilid 6 - Kaca : 63

44. Iku ugêr wong kang ahli kusni |
anucèkkên ing têtlung prakara |
badan lesan lan atine |
ana dene trapipun |
bangsa badan kudu rêrêsik |
panganggo lawan prênah |
ing asalat iku |
wruh parlune yèn wolulas |
ingkang dhingin niyat kasdu takrul takyin |
takbir marang Patekah ||
45. Rukuk lan iktidal adêgnèki |
sarta lawan tumaninahira |
sujud loro antarane |
kalawan lungguhipun |
tahyat awal têtibirèki |
salawat ingkang atas |
ing Nabi puniku |
lan atasing kulawarga |
lawan tumaninah sarta ingkang têtib |
asalam jangkêpira ||
46. Tambangraras umatur ngabêkti |
punapa kalilan umatura |
mring (n)jêng paduka têtakèn |
Mongraga lingira rum |
êndi pitakonanirèki |
Tambangraras turira |
kawula nunuwun |
wulang dununging asalat |
kang sêjati ngadêg rukuk sujud linggih |
angsal saking punapa ||
47. Niyat sampurnaning kang sêjati |
sêjatining takbiratul ikram |
kawula nuwun jinatèn |
kang raka ris amuwus |
iya yayi ingsun wartèni |
masalahing asalat |
kang sampurnèng dunung |
takbir mukaranahira |
aksarane wowolu puniku yayi |
iya iku kawruhana ||
48. Wit alip mutakalimun wakid |
lamta bêngil lawan lam jaidah |
he-huakad limtamsore |
kapkabirah bèrubu |
birah rera pingul drajadi |
jangkêp aksara astha |

mangka kumpulipun |
pan dadi patang prakara |
ikram mikrad junajad lawan tubadil |
ikram cêngêng têngsnya ||

49. Inggang lali ing sabarang kalir |
solah tingkah sajabaning salat |
tan katimpah ing liyane |
inggang plêng parêngipun |
lawan niat tibaning takbir |
ana dene kang mikrad |
mungguh têngsipun |
munggahing budi kang mulya |
budi mulya mulyaning salat masuci |
suci jatining êdad ||
50. Dene kang tubadil iku yayi |
pan kagêntèn kang badan wus singsal |
mobah mosik sru lirihe |
polah tingkah kang wau |
wus kagêntèn polah sa iki |
iki polahing salat |
êbad inggang agung |
ana dehe kang munajad |
têngsipun sapocpan iku yayi |
ucap-ucapaing salat ||
51. Apocapan lawan êdad yayi |
salat iku suhul maring êdad |
basa suhul wong tan pae |
dad kang sipat rahmanu |
dad kang asma isbat lan nabi |
êdad inggang apêngal |
iya kun payakun |
iku yayi hak hakekat |
salat iku mulyakêna kang asuci |
luhurna kang kuwasa ||
52. Inggang muslim wiritira yayi |
têtalinên pikukuhing iman |
wolung prakara kang tajèh |
kang dhihin sipat kayun |
têngsipun puniku yayi |
urip tan kênèng pêjah |
ing salatirèku |
pindho kadirun kuwasa |
tan kêna pês kang kuwasa salatnèki |
tri muridun kang karsa ||
53. Kêras kan tan kêpalang lêstari |
salatira ywa nganti kêpalang |
ping pat samingun têngêse |
pêngrungu kang tan buntu |
tilingêna salatirèki |

Jilid 6 - Kaca : 64

basirun kaping lima |
têgêse andulu |
pandulu tan kênêng wuta |
kang waspada amandêng salatirèki |
liru loroning tunggal ||

54. Ping nêmbah ngalimun kang ngawikani |
kawikanana jênênging salat |
tan kêna bodho dhompone |
pitu mutakalimun |
pangandika tan ngaping kalih |
yayi pangucapira |
kang cêtha ywa gangsul |
iya saucaping salat |
ping wolune sipat bakin langgêng yayi |
kang langgêng salatira ||

55. Tambangraras tyas sêmada rapih |
kandhih dening wuwulanging raka |
tan pati akèh nyanane |
nêmbah alon umatur |
nuwun lajêngipun kang mugèni |
tuwan ambabarêna |
Mongraga lingnya rum |
iya yayi pirsakêna |
ing asalat adêge asal ing gêni |
dudu gêni kang mangwa ||

56. Dudu gêni kang amurub mati |
gêni kang sipat patang prakara |
roh ilapi sêjatine |
lan roh rahmani iku |
roh nurani lan roh rukani |
sakawan iku mulya |
cahya ingkang kudus |
kudus wiwinihing duryat |
duryat iku winih papêsthènirèki |
kang pèsthi salatira ||

Jilid 6 - Kaca : 65

57. Rukuk iku angsal saking angin |
dudu angin barat lesus bajra |
dudu kang gumrêbêg kiye |
dene angin puniku |
angin kang sipat kawan prakawis |
napas anpas tannapas |
kaping pate nupus |
nupus wiwinihing ruhyat |
ruhyat iku apan wiwinihing urip |
kang urip salatira ||

58. Dene sujud iku asal warih |
dudu warih kali sumur sêndhang |
mangkya asat agung dede |
dene banyu puniku |

ya kang sipat patang prakawis |
roh rabani kalawan |
roh nabati iku |
ping tri roh kewani lawan |
roh jasmani jangkêpe kawan prakawis |
ya yayi dunungira ||

59. Roh jasmani pan iku wiwinih |
wiwinihe kang mêrtabat sapta |
mêrtabat wiwinih mangke |
ing kadadayanipun |
ingkang dadi salatirèki |
dene lungguhe salat |
asal bumi nêngguh |
dudu bumi kang kêncikan |
dudu bumi kang mên dhukul iku yayi |
ya bumi pat prakara ||
60. Inggang dhihin wadi lawan madi |
mani lan maningkêm papatira |
maningkêm winih ngajalê |
dene ajal puniku |
winih kalanggêngan tan gingsir |
inggang langgêng ya sira |
ing salatirèku |
dènbrangta sira ing salat |
pan pajunên ing têtung prakara yayi |
iman tokit makripat ||
61. Tekadêna tokitira yayi |
balêdhagên ya ing antêpira |
aywa mênggèng salah wèngwèng |
kang lumuh maring wurung |
kang kapengin marang kadadin |
sêjatine jatmika |
ênêngira lugu |
ênêng narik kalanggêngan |
langgêng pati mati sajroning ngaurip |
urip kang ahli pana ||
62. Tambangraras tyasira wus wêning |
padhang narawang tan kumalêndhang |
wus sampêt pasang surupe |
mangkana kang mulang wruh |
wus andungkap wancinirèki |
pot palilah ijabah |
pajar gidib Subuh |
Ki Sèh mudha Amongraga |
ngandika rum sarwi anarik astèki |
dhuh yayi Tambangraras ||
63. Mumpung awal maksih pajar gidib |
wêktu Subuh utama kang awal |
pajar gidib ing bakdane |
payo yayi awêktu |

Nikèn Tambangraras agipih |
kinanthi astanira |
mijil ing tilam rum |
Cênthini gêpah tan têbah |
pan liningan mring Sèh mudha Amongragi |
apa wus sore mula ||

Jilid 6 - Kaca : 66

64. Nora turu dene aglis prapti |
cèthi Cênthini umatur nêmbah |
inggih (n)Jêng Tuwan wiyose |
marma dèrèng aturu |
lamun wontên karsa anuding |
rayinta ing kawula |
aywa kongsi asru |
Mongraga mèsêm ngandika |
mring kang rayi yayi iku si Cênthini |
kaprênah apanira ||
65. Nikèn Tambangraras matur aris |
punika kadang-katut kewala |
kula trêsnani wiyose |
sabab piyambakipun |
langkung trêсна dhatêng ing kami |
mila kawula trêсна |
nglêgakkên tyasulun |
Sèh Mongraga lon ngandika |
iku bêcik pan manira mèlu asih |
ing mitra cèthinira ||
66. Krana olih hidayating ngèlmi |
mêlèk sawêngi mênangi wulang |
akèh kêcathèl surupe |
Cênthini nêmbah matur |
brêkah tuwan ingkang kapundhi |
nulya mijil kaliyan |
mring patirtan adus |
wus suci nulya busana |
laju ngambil toya wulu maring masjid |
gantya kang rayi siram ||
67. Cèthi Cênthini kang angladèni |
sawusira siram nulya kadas |
Cênthini tan kantun mangke |
Mongraga adan Subuh |
ngalêp-alêp swara ngalapsih |
manis arum arênyah |
muluh rêmak êmpuk |
mangkana kang nêng pëndhapa |
myarsa swaraning adan samya atangi |
kang turu ginugahan ||
68. Samya Subuh para santri-santri |
mring masjid gêdhe wus binêndungan |
aramya rêmpêg swarane |

nutug dènnira Subuh |
bakda pajar byar surya mijil |
mudhun kang samya salat |
bubar wênèh mantuk |
kang wangsul marang pandhapa |
Kyai Bayi Asubuh anèng pèndhapi |
enjing lajêng alênggah ||

69. Pan ingadhêp ingkang putra kalih |
Jayèngwèsthi miwah Jayèngraga |
lan para ri sadayane |
Sharja Wiradhusthèku |
Ki Panukma Panamar tuwin |
kalima Kulawirya |
anulya kang rawuh |
Ki Sêmbagi lan Jumêna |
tan adangu Ki Pangulu Basarodin |
lawan samodinnira ||

Jilid 6 - Kaca : 67

70. Nursukidin lan Ki Talabodin |
murit Jaki lan Ki Pranahita |
myang lurah-lurah santrine |
sarênti dhatêngipun |
démang Purasani kang prapti |
pêpak kang kulawangsa |
atap anèng ngayun |
tan dangu Sèh Amongraga |
marêk dhatêng ing rama Kiyai Bayi |
samya mingsêr kang lênggah ||

71. Kyai Bayi ngandika mring Luci |
esuk bêcike padha madhangan |
ngêt-angêtan sêga-gorèng |
lawan iwak bêtutu |
sêga ramês ingkang mêtêki |
sêga tumpêng kewala |
nêmbêlèha wêdhus |
sawiji bae dèniras |
cawisana gêni arênging kusambi |
cokak bubuk marica ||

72. Wedang srêbat kopi aja lali |
santri Luci gupuh nulya mentar |
mring dalêm andhawuhake |
Ni Malarsih agupuh |
angrêtèni lèladènèki |
miwah ingkang dhêdharan |
srabi lawan puthu |
sawarni enjing-enjingan |
wusnya pêpak nuding Sumbaling Cênthini |
kinèn angladèkèna ||

73. Ni Malarsih wau ingkang ngirit |
lan kang putra Nikèn Tambangraras |

angladèni ing kakunge |
sinaoskên ing ngayun |
sêkul ulam dharan mawarni |
santri Luci maragat |
wêdhus siji lêmu |
wus barêsih jrohanira |
sinaoskên bêkakan mêngtah nèng ngarsi |
lan sujèn gya pinurak ||

74. Kyai Bayi angandika aris |
sumangga samiya sêsèmèkan |
kula turi turuh kabèh |
ingkang liningan gupuh |
têpang kapang kupêng awanting |
samyawiwijikan |
kocor atuturuh |
adan lêkas samya nadhah |
Ki Pangulu aprawira dènnya bukti |
dhokoh cekoh acikat ||
75. Rambah-rambah kokoh maratani |
sêkul ramês lodhèh bobor pindhang |
sêkul tumpêng sêkul gorèng |
satêngah nyamuk-nyamuk |
dènsêsambi ambakar daging |
ukur angêt kewala |
wal-wul apikantuk |
Ki Kulawirya anabda |
kang Pangulu mêngko dadi gawe malih |
mungguh dhodhog-dhodhogan ||
76. (n)Dika eling-eling kala wingi |
Ki Pangulu anauri sabda |
dadi dhodhogan bêggjane |
kang myarsa gêr gumuyu |
dèntekadi tèmên kiyai |
mangkana Ki Sèh mudha |
Amongraga amung |
anadhah ngecani sarak |
pulukipun alit mung samiri bungkek |
ginalintir kewala ||
77. Samya nutug dènnya kêmbul bukti |
menda satunggil têlas pinangan |
kêdhik kang linorodake |
wus nutug samya turuh |
Ni Sumbaling lawan Cènthini |
anyarik sêkul ulam |
linorodkên sampun |
gantya dhêdharan tinêrap |
anèng ngarsa juwadah jênang surabi |
wajik lan puthu mayang ||

Jilid 6 - Kaca : 68

78. Lèmpèng ulèn-ulèn wédang kopi |
 gêblong ledre isèn-isèn sêga |
 myang isèn-isèn gèdhange |
 bakaran pisang suluh |
 pisang raja dhamplak kang kuning |
 wus sumaji ing ngarsa |
 kang ngladèni mundur |
 Malarsih lan Tambangraras |
 samya nadhah lan Ni Daya samya bukti |
 Malarsih angandika ||
79. Mring kang putra Tambangraras ririh |
 sun têtanya babo marang sira |
 lah kapriye sira anggèr |
 apa wis bakda dukul |
 katètèsan sacaraning sih |
 kang putra aturira |
 pan kawula ibu |
 ing jro wêktu kang palilah |
 kawula pan winulang pratikèl ngèlmi |
 natas sadalu pisan ||
80. Pan kawula sangêt dèrèng ngrêti |
 dèrèng sumêrêp basa pasihan |
 tan sagêd umatur mangke |
 kang ibu alon muwus |
 dadi durung bakda dukuli |
 kaliwat rèrèhira |
 panyananingsun wus |
 linuwar ing karasikan |
 ni mBok Daya nambungi wacana aris |
 puniku anèh tama ||
81. botên limrah sêsamining sami |
 nêdhêng malih akir balègira |
 tan nyana lamun arirèh |
 saking agunging ngèlmu |
 lan pratandha jalma linuwih |
 langkung panarimanya |
 putranta sang ayu |
 Malarsih linge (ng)gih ta lah |
 lajêng tutur marang ing putra mawêrdi |
 dhuh Nikèn Tambangraras ||
82. Sukur Alkamdulillah sirèki |
 kang muga sira bisa-a krama |
 têtung prakara ywa wèngwèng |
 poma sira kang emut |
 tyas dèn-gêmi wêdi gumati |
 lire wêdi kang pasrah |
 ywa maoni wuwus |
 mung lakonana kewala |
 kang tumêmên ing lair tumêkèng batin |
 kang mantêp aja owah ||

83. Lire gêmî sira dèn-akunci |
 aywa boros têrobos ing pêkah |
 pêkah samukrim-mukrime |
 ala lan bêcikipun |
 ingkang akèh sanadyan kêdhik |
 pan iku gêmènanana |
 kang narima sukur |
 wuruk iku ya nipêkah |
 ingkang gêmî akunci maring wêwadi |
 ywa rèbèt ing wicara ||
84. Liring gumati sira kang asih |
 marang kang dènremèni ing priya |
 kang miranti sadhêmènne |
 basa miranti iku |
 wusa wontên katon cumawis |
 sira nyandhang amangan |
 myang anginum ranu |
 kang kasatmata ing priya |
 aja kolon singlu sabarang pakarti |
 antinên priksanira ||
85. Pamurunge pan têlung prêkawis |
 dhingin wani wanuh asèbrana |
 tan mituhu ing wêkase |
 ambadalakên wuwus |
 asring-asring anyêmpaluki |
 basane mênthalungan |
 diksura dhahulu |
 nganggo atine priyangga |
 kang mangkono tan winahyu bangsa inggil |
 andhap sêsaminira ||
86. Kapindhone nora angugêmi |
 barang ingkang dadya sisimpênan |
 dènêbrèh dènèwèr-èwèr |
 tan duwe owêl luwung |
 tan rumangsa pawèhing laki |
 angrurusak nipêkah |
 myang wadining wuwus |
 ngadhul-adhul mring têtangga |
 iku pêdhot (n)dhêrodhot tan bisa bêcik |
 acorah janma rucah ||
87. Kaping têlu tyase sangga-runggi |
 rêmên ningêt alumuh satmata |
 mangan ngombe kudu dhewe |
 karêpe anunungkul |
 tan pasaja tyase (m)bêsiwit |
 gawe sawiyah-wiyah |
 nora pati kudu |
 laki sunatan kewala |
 kang mangkono êntèk talitining titik |

dan kêna tinakokna ||

88. Soring-asor tyas mangkono nini |
wiranging wirang lamun binuwang |
tan kanggo marang lakine |
pêthot gendholanipun |
tanpa jiya papa pinanggih |
kalunta kawlas-arsa |
sangsayane muput |
mung iku pituturingwang |
iya nora bisa sun-nglakoni nanging |
wong tuwa kudu warah ||
89. Nikèn Tambangraras matur aris |
inggi kalangkung nuhun kawula |
wulangpaduka wiyose |
mugi kawula ibu |
asagêda suwitèng laki |
tan rumaos mah-imah |
pan sêdya anglêbur |
tapak-tilas dêlamakan |
sarta siyang dalu kawula amundhi |
ing brêkah ibu rama ||
90. Yata wau wontên ingkang prapti |
tiyang pipitu sami kapalan |
kèndêl nèng lawang korine |
santri Luci andulu |
lamun ana têtamu prapti |
Ki Luci sigra mêdal |
mariksa wus tundhuk |
tinanyan sojar utusan |
kinèn matur maring (n)Jêng Kiyai Bayi |
duta mrih samya sowan ||
91. Anganthuki sigra santri Luci |
praptèng ngayun angaturi ninga |
yèn wontên dhatêngan mangke |
kinèn nimbali gupuh |
santri Luci sigra amanggih |
kerid ing lampahira |
dhayoh wong pipitu |
wus kinèn lungguh ing pandhapa |
ingacaran wus binagèkakên sami |
matur nuwun anêmbah ||
92. Wong pipitu majêng gênti-gênti |
samya umatur lampah dinuta |
ing putra kèn nyaosake |
ing patumbasing apu |
saking Surapringga Garêsik |
Sidayu myang ing Tuban |
ing Rêmbang pra sunu |
kang pasumbang tinampanan |

Jilid 6 - Kaca : 70

sadaya wus katur mring (n)Jêng Kyai Bayi |
ingkang rongpuluh reyal ||

93. Kang wolulas mung nêmbêlas angris |
limalas kêtôn kang rolas reyal |
Ki Bayi alon dêlinge |
inggih andika matur |
mring anakmas Tumênggung Grêsik |
miwah putumas Rangga |
nak Dêmang Dèn Bagus |
Dèn Bèi Wiryapuspita |
sangêt panrima kula sukur ing Widdhi |
inggih Alkamdulillah ||
94. Mugi winalêsa sihing Widdhi |
rahayune têtêping agama |
mring anakmas sadayane |
pra duta nêmbah nuhun |
samyâ matur anyandikani |
sarta sinungkên nulya |
marang garwanipun |
mring Malarsih wus tinampan |
gunggung arta wolungdasa-kawan angris |
pan langkung tigang sêka ||
95. Kyai Bayi Panurta ngling aris |
Luci sira ngruktiya sugata |
myang jaran kae sukête |
ingkang liningan gupuh |
angruktèni sugatanèki |
Ki Bayi malih nabda |
mring pra duta wau |
kewala sami cêlakan |
kêrana Lah sami matur nuwun inggih |
pan ing ngriki kewala ||

10 Wontên tiyang pitu sami numpak kapal saking Grêsik, Surabaya, Sidayu, Tuban, tuwin Rêmbang pêrlu ngaturakên sumbangan arta saking para putra muridipun Ki Bayi Panurta. Ing pandhapi lênggah para ngulama. Ki Bayi dhawuh dhatêng Sèh Amongraga supados nêrangakên muridipun kitab Ibnu Kajar. Sadaya sami mirêngakên katrangan bab isinipun kitab wau kanthi dalil-dalil ingkang dipun maknani, bab: lênggahipun rasul, salat sunat, salat wajib lan kifayah sarta fardhu. Lajêng sami dhahar, Ki Pangulu klêlêgên èri tambra, Jamal Jamil suka sarana pamberating klêlêgên sata caranipun nêdha ulam toya kawiwitan saking sirahipun. Sadaya lajêng sami dhatêng mèsjid pêrlu salat luhur. Wangsul lênggahan, Ki Bayi Panurta dhawuh para rayinipun ngupados griya ingkang sae lan pantês kangge Sèh Amongraga.
Kaca 70 - 84

Jilid 6 - Kaca : 71

360 Dhandhanggula

96. Kalih dene punika manawi |
wontên pandonganipun putranta |
putra paduka kramine |
ing pundi angsalipun |

- mantu tuwan besan (n)Jêng Kyai |
 manawi ing nagara |
 tuwin sami dhusun |
 Bayi Panurta ngandika |
 inggih (n)dika matur yèn dinangu mangkin |
 mêmanton tanpa besan ||
97. Kula dudutakên olih santri |
 santri kang saking Karang Buyutan |
 ngumbara kasasar mrene |
 dadi manira pupu |
 sarta baya wus têkdirirèki |
 jodho wallahualam |
 karsèng Hyang Maha Gung |
 manira datan kuwasa |
 gawe dhaup luwih karsaning Hyang Widdhi |
 ingong drêmi kewala ||
98. Samya (n)dhêku pra dutèng ngabêkti |
 sarwi miyat sang pinangantyan |
 langkung wibawa sêmune |
 tan kuwasa andulu |
 sanginggiling tênggak (m)blêrêngi |
 kamitènggêngên mulat |
 marang sang abagus |
 mangkana wus sinungatan |
 nulya pamit caraka wus dènllilahi |
 nêmbah lèngsèr wus mentar ||
99. Yata ingkang samya nèng pandhapi |
 Kyai Bayi lan para ngulama |
 ngususkên têpsir murade |
 sadaya sami kadung |
 datan pati mêtù muradi |
 sami cipta kayoman |
 marang sang abagus |
 pangantèn Sèh Amongraga |
 samyanjurung sumangga ing rèh muradi |
 têpsir hakêkatira ||
100. Kyai Bayi Panurta ngling aris |
 (n)dawêg anggèr anak Amongraga |
 andika muradi lire |
 kitab Ibnu Kajarù |
 nulya gipih Sèh Amongragi |
 kang kitab gêng tinampanan |
 rêkal wus nèng ngayun |
 patitis wawacan ilhar |
 pamaosing nuju lapal sapinati |
 kamli sartu albahra ||
101. Pidalika wa-al bahri kamli |
 sapinatan lajêng têngêsira |
 mangkana pangandikane |
 mênggah lapal puniku |

pan pêrau anèng jaladri |
wontêna pira-pira |
sarah myang pêrau |
sêgantên tan kenging kêbak |
wa punika kaelokaning Hyang Widdhi |
pêrau mot sagara ||

102. Sumanggèng karsa kang sadayèki |
miradipun tujêming hakekat |
kang tan pêdhot sarengate |
yèn mêthot sarak kupur |
ingkang mawi lapal puniki |
ing dalil innalaha |
layu gayi ruhu |
inna insani gajiran |
wakulihi sadaka ngabdi pikulli |
sumangga miradira ||

Jilid 6 - Kaca : 72

103. Kyai Bayi nyanthêng tan kêna ngling |
para sêpuh anjêtung sadaya |
manthuk-manthuk wênèh gèdhèg |
rumaos miradipun |
tuna dungkap ajrih manawi |
tan têtung ing sarengat |
asalayèng kawruh |
dadya ngalênggêr sadaya |
Jayèngwèsthi tansah mèsêm mring kang rayi |
sasmita mathêm ing tyas ||

104. nênggih Ki Pangulu Basarodin |
Ki Suharja lawan Wiradhustha |
Panukma lan Panamar-e |
Kulawiryra pra sêpuh |
sami matur mring Amongragi |
prayogi minuradan |
kang supadosipun |
sadaya angalap bêrkah |
rujukipun ing sarengate ing pêkih |
Ki Bayi nambung nabda ||

105. Inggih lèrês aturipun sami |
sami talabut lan ngalap bêrkah |
ing mirad pan dèrèng rasèh |
Amongraga tumungkul |
alon matur anyandikani |
anulya pasal murad |
sagara mot prau |
parau upamaneka |
wujuding kawula puniku yêkti |
jêladri upamanya ||

106. Ngèlmuning Hyang ingkang anglimputi |
tan kêna sad lan tan kêna kêbak |
ing parau myang sarahe |

de ngèlmuning Hyang Agung |
yèn ta lamun dipuntulisi |
kayu ing ngalam donya |
karya kalamipun |
godhong kabèh dadi papan |
samodra gung kinarya-a mangsi maksih |
kèh ngèlmuning Pangeran ||

107. Murad kaelokaning Hyang Widi |
dalika ngaksu mêngkana pama |
pêrau mot jêladrine |
jalma ingkang wus mashur |
kalbi mukmin baitollahi |
mukmin kang sampun kawas |
wakasun kasiyun |
kang ti nandhang kaluputan |
upamane angin margèng tulup nênggih |
iman tokid makripat ||

108. Ingkang karsa muji amrih asih |
nugrahaning dad kalawan sipat |
kang êsa ing apêngale |
têgêse tyas puniku |
kang cumadhang karsanirèki |
tyas rohani punika |
sèngga damar murub |
nèng jroning gêdhong wilayah |
apan gêdhong wilayah punika ati |
damar roh rohaniyan ||

Jilid 6 - Kaca : 73

109. Datan ana patinipun nênggih |
urubipun lan palêtikira |
saking jro gêdhong pancêre |
pancêr lan panthêripun |
ya lailaha ilallahi |
Muhammad Rasullolah |
kang waspadèng kèwuh |
soroting dad lawan sipat |
yèku loroning tunggal kawula-Gusti |
sura lêgawèng laya ||

110. Kang wus awor tekad lawan ngèlmi |
ngèlmi kang wus manjing maring tekad |
tekad manjing ing badanne |
badan upami prau |
pêrau kang amot jaladri |
jaladri ngèlmuning Hyang |
sarengating Rasul |
tarekating Rasullolah |
hakekating Rasullolah makripati |
Rasul jalawa ngaja ||

111. Dhêdhêp sirêp tan ana cumuwit |
kang alénggah andhêkêm sadaya |

myarsakkên murat rèntèse |
tan ana salang surup |
Isamya angsal pedah mangêrti |
saking gênah aprênah |
samya manthuk-manthuk |
kabèh angloyop netya |
saking sangêt pangungunira ing kapti |
kaluhuran ing murat ||

112. Angling malih Ki Sèh Amongragi |
wakulih tangala sadaka |
ngabdi pikuli murade |
andikaning Hyang Agung |
sakèh dalêm iya puniki |
ya têtèngsun tan liyan |
inallaha la yu |
-gayiru wa man saian |
satuhune Allah datan angowahi |
mring sawijining titah ||

113. An insani gariyan riati |
ingkang owah-owah bangsa riyah |
kita piyambak kang sèdhèng |
saking aral tan kiyur |
man lasara ngilman maoti |
têgêsipun sing sapa |
tan dadi kang ngèlmu |
mati bae sajêgira |
nora nana antarnya uripnèki |
dalika paokaha ||

114. Waman sara ngilman lamaoti |
kayana bayan ing têtègsira |
sapa kang dadi ngèlmune |
urip ing sajêgipun |
nora mati kewala ngalih |
panggonane kèdhatyan |
lawan malhipun |
manda kalapil maota |
najis muna suma sipat turabani |
têtègese lan sing sapa ||

Jilid 6 - Kaca : 74

115. Wong ingkang manjing ing dalêm pati |
mangka ilang jisim kawimbunan |
malih sipate Hyang rêke |
ing riku (ng)gyan pêkewuh |
bok tumpangso asal kardi |
kèdah têtang lan murad |
ywa kanthi katrucut |
amêsthèkakên nèng swarga |
kang dènarsa-arsa mung ngarsanirèki |
lir nagih tanpa potang ||

116. Kados punapa (ng)gènnipun olih |
wontên rungsite raosing mirad |
tan kenging gagampang lire |
kacênthok duraka gung |
sabab dening gêgampang angling |
tan parah ing sarengat |
mêntah dèrèng kusus |
bilai donya akerat |
kamlêkêrên kawruhe pan ora dadi |
dadak anjêjak sarak ||
117. Sarak borot kècèr borak-barik |
dadya siya-siya maring badan |
wong kang anggêmpal sarake |
têmah klurung kêpaung |
nadyan bènêr ngèlmunirèki |
yèn maksih tinggal sarak |
sarake (n)Jêng Rasul |
(n)Jêng Rasul punika apan |
sayêktine wus wujuding Gurujati |
jatining rasa mulya ||
118. Mulyaning dad sipat apngalnèki |
sakathahe ngèlmu lair miwah |
batin myang agal lêmbute |
tan liyan saking Rasul |
mila mring wêwalêr dènajrih |
ing cêgah lawan pakwan |
batal karamipun |
karam ing kawan prakara |
karam tingkah myang karam ing pênganggèki |
karaming pêpanganan ||
119. Karaming pamuwus jangkêpnèki |
ingkang nêrak pèwalêr punika |
kang karam kapir yêktine |
têgêse pan katutup |
katutupan tan wruh ing yêkti |
kene dènranji kana |
lor dinalih kidul |
arahab maring kang karam |
nora rahab maring kalal kadhangnèki |
tan ana batal karam ||
120. (ng)Gih punika kopar kupur kapir |
wus mêrojol mêtu saking sarak |
sèjèn agama kapire |
punika kang samyèmut |
ya agampil saking sakêdhik |
kêdhik saya akathah |
padune abubruk |
ngèrèti hukum Pangeran |
jare wênang sêbab kitèki kêkasih |
tinimbang lawan kawan ||

121. Kang punika tiyang anggêgampil |
 cebol kawruhipun gêlanggaran |
 ngèlmu pala wija pèndhèk |
 tan kacacah ngalungguh |
 pan wus kanas adêgan têbih |
 tan kacêlêk ing sarak |
 pancèn gêcul ngunthul |
 têtêp tiwas ing ngagêsang |
 ingkang sami lênggah micarèng jro ati |
 dhèmês angganthèt murat ||

361 Kinanthi

1. Abagus jatmika ruruh |
 pasang sêmonne awingit |
 pantês trahing awibawa |
 wangune angrêspatèni |
 cahyanira anranggana |
 tumeja sumunu wêning ||
2. Ngong-duga oliya luhung |
 wijining mukti mêngkoni |
 katara lungiting basa |
 liringe amrabawani |
 singa sinatmatèng tingal |
 tyas gugup mêngèh ngabêkti ||
3. Ngulama sadaya kêthur |
 tan ana purun mapali |
 kayoman tyas tan (ng)gulawat |
 kabêncih rêmêking galing |
 wangsul sih samya narima |
 mindhak dhangang sêrêpnèki ||
4. Mangkana kang para sêpuh |
 graitanira jrih asih |
 marang Ki Sèh Amongragana |
 samya matur ngasih-asih |
 Ki Pangulu aturira |
 myang kabèh ambiyantoni ||
5. Mugi lajêngna sarukuk |
 êngkas bab kang angèl malih |
 nulya Ki Sèh Amongragana |
 amiyak kitab Ibbêni |
 Pajar anglêrêsi pasal |
 kaelokaning Hyang Widi ||
6. Walkapiru parilatun |
 wa-al Islamu sunatin |
 kapir parluning agêsang |
 Islam sunating ngaurip |
 kang myarsa sami anjola |
 saking wênèh pasalnèki ||

7. Kabèh (ng)guyu-(ng)guyu gumun |
wontêna saking satunggil |
ingkang (ng)graita ing murad |
tan sumêrêp kanthètnèki |
kang rujuk marang sarengat |
kodhênge rumaos têksis ||

Jilid 6 - Kaca : 76

8. Samya conthong ing pangrungu |
Sèh Amongraga muradi |
punika botên mungayan |
kafir parluning ngaurip |
Islam sunating agêsang |
de murad eloking dalil ||

9. Ing dalêm sawiji taun |
tanasub ing parlu kalih |
wajib kêlawan kipayah |
apan sami parlunèki |
parlu wajib iku salat |
parlu kipayah dus mayit ||

10. Islam kang nglakoni parlu |
parlu ing kalih prakawis |
wêktu lan dus mayit padha |
tingale puniku kafir |
kang tinar Islam sunat |
sabab parlu tinggalnèki ||

11. Wong kang atinggal ing parlu |
puniku jênênging kafir |
nanging kudu-kudu tinggal |
marlokakên salah siji |
sabab sami pêrlunira |
ing parlu lan dusing mayit ||

12. Puniku rujuking ngèlmu |
kususing murad kang salih |
kang myarsa padhang tyasira |
tansah panggunggungirèki |
sadaya upamanira |
lir lumbu katubing angin ||

13. Amongraga malih muwus |
pasal watarkus salati |
wajibatun wa salatan |
sunatun têngêsirèki |
dene wong kang tinggal salat |
puniku kalangkung wajib ||

14. De wong kang salat puniku |
sunat kewala nglampahi |
parlu kang atinggal salat |
tur utama ing ngaurip |
kabèh jangkêp kagawokan |

Ki Bayi anêthêg lampit ||

15. Gêrêng-gêrêng Ki Pangulu |
myarsa lapal mutawatir |
dèrèng rasèh saking murad |
nulya Ki Sèh Amongragi |
murading têngêsing rapal |
tanduk manis amatitis ||
16. Murading Kadis puniku |
atinggal salat pan wajib |
kang malah-malah utama |
Ki Suharja matur aris |
dhuh kadipundi anakmas |
wajibipun kadipundi ||
17. Kula kodhêng pupusipun |
atinggal winastan wajib |
kang nglampahi susunatan |
punika ta ingkang pundi |
Sèh Mongraga aturira |
inggi prayogi binudi ||
18. Pahuwa dalika ngaksu |
ilabil ngujilatih |
kenging yèn tinggala salat |
kale ngujlati Hyang Widi |
ngujilat puniku moyang |
tan sêdya mor ing sêsami ||
19. Wus ora asinggan-singgun |
tan amikir sandhang bukti |
miwah marang rajah tamah |
tyasira wus tan sak sêrik |
lan datan aloro tingal |
anucèkkên jiwane |
20. Majênun marang Hyang Agung |
nêdya miji ing pribadi |
wus mancal saking sarengat |
punika bilih manawi |
wontên kang sêdya atinggal |
salat limang wêktunèki ||
21. Ki Bayi Panurta manthuk |
anêbut Ki Basarodin |
Ki Suharja biyang-biyang |
gèdhèg Dêmang Purasani |
ana ingkang kêcap-kêcap |
mèsêm Jèngwèsthi Jèngragi ||
22. Sabab wus wêwinih ngandhut |
ing ngèlmi ingkang piningit |
sadaya sami rêrasan |

Jilid 6 - Kaca : 77

gumrêmêng tan na kadugi |
tinggal salat tan sakeca |
kewala eca nêtêpi ||

23. Ki Pangulu nambung wuwus |
wus datan nêdya giningsir |
tan kuwagang kamban jangkah |
kang kaprah kewala bêcik |
sumangga ngriku sêdaya |
yèn wontên karsa nandangi ||
24. Sadaya sami andhêku |
Wiradhustha mèsêm angling |
alêrês Kiyai Basar |
-rodin Kulawiryang angling |
yèn maksih wong bangsa êngam |
pan kumaki kumawani ||
25. Sasat gurêm ngêmut êjun |
gêr gumuyu sêdayèki |
sadaya tyasnya nalangsa |
rumaos ngam tingkahnèki |
tan ana kang mêngkonoa |
lyan ingkang wus karsèng Widi ||
26. Mangkana ing wayahipun |
bêdhug dhêng Kiyai Bayi |
ngandika mring santrinira |
hèh Luci matura maring |
nyainira anèng wisma |
mundhuta dhahar dènaglis ||
27. Sandika ingkang dèntuduh |
matur mring Nikèn Malarsih |
sigra angatag padhêkan |
Sumbaling lawan Cênthini |
anampa rampadanira |
Ni Malarsih anèng ngarsi ||
28. Lan putranira sang ayu |
Tambangraras wurinèki |
angladèni kakungira |
wus praptèng mandhapa ngarsi |
pangajèng tumpêng mêngana |
nèng panjang giri prada brit ||
29. Sêkul golong mênul-mênul |
opor bèbèk bêsngèk pitik |
dhèndhèng gèpukan gorèngan |
pêcêl pitik jangan mênir |
ladha-pindhang padha-mara |
gorèngan kathik gulathik ||

Jilid 6 - Kaca : 78

30. Bon-age êmpal puk duduh |
 dhèng panjèn sujènan rahi |
 kalêpon limpa sêrêgan |
 pès-pèsan tambra têngiri |
 gêcok gênêm gadhon rêmpah |
 lombok kêncêng lawan pêtis ||
31. Sambêl-gorèng mangut-mangut |
 sambêl kêluwak kêmiri |
 lalaban kêcipir kacang |
 kara timun terong-glathik |
 kêceme pare lêmpuyang |
 têmu poh cabe lan kunci ||
32. Wus tata kêkêt nèng ngayun |
 Malarsih matur ing laki |
 punika sampun samêkta |
 Ki Bayi ngandika aris |
 suwawi sami wijika |
 sadaya nulya wêwanging ||
33. Dan lêkas nadhah akumpul |
 pikantuk dènnira bukti |
 dumugi sasênêngira |
 Ki Pangulu Basarodin |
 panadhahe jor-jinoran |
 Pangulu lan Jayèngragi ||
34. Jèngwèsthi mèsêm amuwus |
 mring Kulawirya bêbisik |
 tan pangling lan wuwusira |
 (ng)gugujêng mring Jayèngragi |
 anambung tantang-tinantang |
 lan Pangulu Basarodin ||
35. Punapa kenging puniku |
 kalamun dipuntotohi |
 pundi ingkang bêtah mênang |
 gumuyu Ki Jayèngragi |
 mèsêm Ki Pangulu Basar |
 -rodin puluk tan ngêndhati ||
36. Jayèngwèsthi lon amuwus |
 mring kang rayi Jayèngragi |
 ywa pijêr latah kewala |
 mêngko ga kêsusu mulih |
 kêbat susulên Ki Basar |
 wus kalong kèh kokohnèki ||
37. Kang rayi saya gumuyu |
 kang cêlak-cêlak (ng)guligik |
 Kulawirya wuwusira |
 payo dènbut ro Ki Rodin |
 angling malih dawêg paman |

yata Ki Sèh Amongragi ||

38. Atamban pamulukipun |
kêpêle sajambe ranti |
ulam mung paru kewala |
ginigit dèniwit-iwit |
têmu poh cabe lêmputyang |
mung puniku kang binukti ||
39. Sira Kiyai Pangulu |
kaecan dènnira bukti |
tumpêng mêngana pinrutah |
ulam jêjanganan sami |
mot jroning tumpêng mêngana |
sarta binumbon gugurih ||
40. Dipun-imbuh sadaya wus |
nutug dènnira abukti |
tan ana ingkang cawêngah |
Ki Pangulu Basarodin |
dènnya nadhah mathêthah |
athêkul puluk sabithi ||
41. Ki Pangulu dènnya ngulu |
gutuk lag-lêg kêcap aglis |
lêgêndêr hêm huh anjêngat |
blai kalêlêgên êri |
pan êri iganing tambra |
kokohira kantun kêdhik ||
42. Tangan mêksih ngêpêl gathung |
nglêgêrêg ambrêbês-mili |
sadaya kagyat wlas mulat |
Ki Kulawirya myat angling |
lah-lah ujarku ta apa |
puluh-puluh jêr tan aris ||
43. Kaya wong kaburu napsu |
tan nganggo satitah bukti |
Pangulu nauri sêrak |
wus tandange kadi pundi |
sarta nêbut astapirlah |
Allah Allah priye iki ||
44. Kulawirya tanya muwus |
apa balung punapa ri |
glêrêg-glêrêg saurira |
dhuh niki klêlêgên êri |
ri iganing tambra ika |
sakit têmên pripun niki ||
45. Ki Bayi wêlas angungun |
Ni Malarsih tutup lathi |
kabèh gêtun wêlas mulat |

Jilid 6 - Kaca : 79

mring Pangulu Basarodin |
Ki Bayi alon ngandika |
mring mantu Sèh Amongragi ||

46. Punika Kyai Pangulu |
mugi anggèr atulung sih |
supaya sagêda mangan |
yèn kalantur kawlas asih |
Amongraga aturira |
pan inggih pun Jamal Jamil ||
47. Asring sagêd sabênipun |
Ki Bayi angkatag aglis |
lah ta sira Jamal Jamal |
tulongên Ki Basarodin |
Ki Jamil anulya minggah |
mring (ng)gyanning Ki Basarodin ||
48. Jamil matur mring Pangulu |
Kyai talinganirèki |
andika jèwèr priyangga |
sarta amaca puniki |
salèh-salèh kaping sapta |
nuntên andika êlêdi ||
49. Salèh malih kaping pitu |
nuntên ngêlêd salèh malih |
ping pitu jangkêp ping tiga |
nulya dènpuluki nasi |
ingkang angêt sakêlêdan |
Basarodin anuruti ||
50. Lir wulange Jamil wau |
anjèwèr kuping pribadi |
salèh-salèh pujinira |
ping pitu dèrèng kongsi |
ampuhing donga wus sirna |
sapulukan ngêlêk nasi ||
51. Lêngêndêr lan sakitipun |
mak blas raosing sêsakit |
waluya sami sakala |
Ki Pangulu Basarodin |
amaca Alkamdulillah |
olih tulunge si Jamil ||
52. Jamal Jamil alon muwus |
wontên saratipun ugi |
yèn wong dhahar ulam toya |
êloh samodra bènawi |
kawitana saking sirah |
pamangane ulam warih ||

Jilid 6 - Kaca : 80

53. Yèn wus dhahar sirahipun |
 majêng ngetan mutawatir |
 Ki Pangulu suka nabda |
 katujune ana adhi |
 Jamal Jamil awèh waras |
 bangêt lêgane tyas-mami ||
54. Ki Jamil nauri wuwus |
 inggih Kyai sami-sami |
 pan dêrmi dadya jalaran |
 Ki Basar ulate aring |
 yèn mêkatên dawêg nadhah |
 kula lan (n)dika ing riki ||
55. Ki Jamil tan purun kêmbul |
 pinêksa-pêksa tan apti |
 (n)Jêng Kyai alon ngandika |
 têka turutên prayogi |
 punagining (ng)gonning waras |
 lan Ki Jamal aywa kèri ||
56. Kêmbulan kono lwong têlu |
 iya lan Ki Basarodin |
 Jamil Jamal tur sandika |
 anulya nadhah wong katri |
 sadaya (n)dan laju nadhah |
 Kulawirya (ng)guguyoni ||
57. Nyata rosa Ki Pangulu |
 awak-awak talu malih |
 nyanaku wus Petruk bondhan |
 esuk-esuk nuli uwis |
 iki bali sorenira |
 lêkas wiwit mumucuki ||
58. Ki Jayèngraga gumuyu |
 kula wus mantuk dèntohi |
 punika Pangulu Basar |
 salin tandhing Jamal Jamil |
 gumuyu kang samya myarsa |
 dènnya nadhah Jamal Jamil ||
59. Ki Pangulu nyandhak duduh |
 duduh jangan dènkokohi |
 angingkut ulam-ulaman |
 ngalumphuk mring Basarodin |
 sadaya kang samya nadhah |
 sami mêne angêntosi ||
60. Tan ana tumuntên wisuh |
 Kulawirya paguywan ngling |
 sasat wong laki tinimbang |
 alok gosong sêdhêng malik |
 Ki Basar saya kaecan |

imbuh sêkul jangan malih ||

61. Sarwi muwus nyamuk-nyamuk |
wawi sampung iking-iking |
kang gumugi kaih kua |
gêr ginuyu sadayèki |
Jamal Jamil saurira |
botên-botêne ngoncati ||

Jilid 6 - Kaca : 81

62. Dangu dènnya nadhah tutug |
Ki Basarodin ngandhêgi |
kumyus karingêt reweyan |
kumlakarên sundhul ati |
kêmpus-kêmpus kalêkêran |
lêgèyèh sidhudhwèng wuri ||

63. Anganti wong ro dèrèng wus |
Kulawirya gumuywa ngling |
sarwi mara jêrku apa |
mundhuta irus dèaglis |
tan dangu katur irusnya |
Ki Pangulu dènirusi ||

64. Kang ngirus sarwi sru muwus |
de kawon Ki Basarodin |
(n)dika tèmah kajantakan |
kasoran aprang abukti |
sira Ki Pangulu Basar |
klêsik-klêsik anauri ||

65. Kantun tigas kalihipun |
mila rosane abêlis |
mungsuw wus randhan grabahan |
sintên kuwat angêmbari |
kang myarsa gumuyu suka |
mring saure Basarodin ||

66. Ki Kulawirya anuduh |
mring Sumbaling lan Cênthini |
kinèn anglorodkên dhahar |
baginên marang pamburi |
lan hèn sira Jamal Jamal |
ambêngmu gawanên ngalih ||

67. Ki Bayi nambungi wuwus |
ya bènêr gawanên ngalih |
Ki Bayi gya wisuh asta |
sadaya nulya wêwanting |
kang tuturuh ngumbah tangan |
wus samya suci pra sami ||

68. Rampadan linorod mundur |
pinratah marang pêmburi |
warata tan ana kirang |

- santri Luci angêluti |
Ni Malarsih lan kang putra |
wusnya angladosi laki ||
69. Mundur saking ngarsanipun |
lajêng malbèng dalêmnèki |
Sumbaling Cênthini mêdal |
ambêkta gembolan sirih |
dharan mêksih jing-enjingan |
wus tata malih alinggih ||
70. Kang anginang wênèh udud |
Ki Bayi angancarani |
wawi punika mangsêgan |
punapa kang dènkarsani |
umatur inggih sumangga |
Jamal Jamil mêksih bukti ||
71. Wong roro samya asêngkut |
sêkul sapanjang munjungi |
ulame nêm piring bebas |
gumuyu kang samya mèksi |
myang miyat Pangulu Basar |
-rodin maksih dènirusi ||
72. Wêtêngira dènbuk-êbuk |
obah aliyan alinggih |
mênggèh-mênggèh cêgèh sayah |
Ki Pangulu Basarodin |
angling dhuh mangke sakêdhap |
kularsa totoyan sêni ||
73. Gêdhubrugan ngadêg timpuh |
griguh jinagan ing santri |
santri sakawan tan têbah |
mudhun joganing pandhapi |
kadung grago sukunira |
kaglongsan napak ing siti ||
74. Kyai Pangulu tibambruk |
kaglimpang srêban kaglindhing |
santri papat katindhihan |
ting barêngok jêlih-jêlih |
Kyai Basar tinulungan |
tinarik wis bisa tangi ||
75. Srêban inganggèkkên sampun |
Ki Pangulu Basarodin |
sarêngan mring santrinira |
santri pat padha pênyakit |
tan kêna gawe liyangan |
nora kongang anjagani ||

Jilid 6 - Kaca : 82

76. Kang myarsa sami gumuyu |
kasusu Ki Basarodin |
age ingkang mring gêdhogan |
wus kalingan jaro kêlir |
tan kongsi pandhodhokira |
lagi Pangulu acincing ||
77. Antarane dèrèng dangu |
mak brok prèt prèkèt angising |
kagyat kang anèng pandhapa |
gêr barêng gumuyu sami |
Kulawirya latah-latah |
de ngêmandhang saking ngriki ||
78. Tan wus wuwusên ing guyu |
yata ing wêktu wus manjing |
sira Ki Bayi Panurta |
ngandika mring santri Luci |
hèh Luci sira tata-a |
salatan kêlasa lampit ||
79. Nèng kana ing masjid mangu |
dènage lan si Nuripin |
kang liningan sigra mentar |
Nuripin lan Jalalodin |
mring masjid mangu anata |
pêsalatan wus miranti ||
80. Ki Bayi ngandika arum |
suwawi sami amijil |
ing ngrika ingkang ajêmbar |
matur sumangga prayogi |
anulya samya amêdal |
salat Luhur maring jawi ||
81. Ki Bayi lawan sang mantu |
Jayèngwèsthi Jayèngragi |
Suharja lan Wiradhustha |
Panukma Panamar tuwin |
Kulawirya lan Ki Dêmang |
Purasani lan Sêmbagi ||
82. Jumêna Jamal Jaminguh |
lawan para lurah santri |
samya angêntèni marang |
Ki Pangulu Basarodin |
tan dangu nulya katingal |
lajêng nusul mring ing mèsjid ||
83. Dèniring pra santrinipun |
sapraptanira ing mèsjid |
wusnya wulu nusul sunat |
sadaya wus sunah sami |
Ki Bayi angatak kamad |

Mongraga kinèn ngimami ||

84. Nutug dènnya salat Luhur |
prapta ing bakdanirèki |
pujiyan dhikir andonga |
nulya sêsalaman sami |
lajêng sunat bakdiyatan |
wus pêragat sêdayèki ||
85. Laju kewala alungguh |
anèng surambining mèsjid |
wus tata dènnira lènggah |
angandika Kyai Bayi |
marang para arinira |
Suharja Wiradhusthèki ||
86. Sun têtanya ing sirèku |
paran tumon wisma bêcik |
yèn gawe mênawa lawas |
tan bisa kanggo tumuli |
priye kono rêmbugira |
pikirèn ingkang prayogi ||
87. Bakale panggonannipun |
pulunanira iang mangkin |
tuwin paman lawan siwa |
Sumbagi Jumêna dening |
tumingal wisma kang pelag |
kang cêlak kewala ngriki ||
88. Ki Suharja lon umatur |
ing raka sêmunira jrih |
kawula sumanggèng karsa |
pundi paduka karsani |
wismaning para santana |
myang sudagar magêrsari ||
89. Mangsa èwêda ing kayun |
wisma kathah kang prayogi |
sadhengah ingkang kinarsan |
kawula ingkang ngrampung |
kang raka lon andikanya |
ya bènêr kwèh wisma bêcik ||
90. Nanging tyasngong taksih ewuh |
durung kêtêmu ing pikir |
Suharja matur sumangga |
kapriye ing kono yayi |
padha matura priyangga |
êndi kang sira pirsani ||
91. Ki Wiradhustha umatur |
tingal-kula kang prayogi |
griyanipun pak Rajiyah |
gêng piyambak tawon-boni |

Panukma ngling inggih samya |
lan wismane Basarodin ||

92. Ngling Panamar kaot sêpuh |
sêpuh griyane Ki Rodin |
pênêd griyane pun uwa |
Sêmbagi kuciwa alit |
Kulawiryaya wuwusira |
lêrês sadaya prayogi ||
93. Nanging pintên bangginipun |
parêng karsane (n)Jêng Kyai |
Dêmang Purasani nabda |
kula ing ngriki satunggil |
prayogi lamun kinarsan |
man dêmang dhongkol wismèki ||
94. Nanging wontên têbihipun |
botêna kula kadugi |
ngrampungni andhatêngêna |
Ki Bayi ngandika aris |
(ng)gih nak Dêmang ngong tarima |
Ki Kulawiryaya ngling malih ||
95. Punika wontên kalamun |
parêng karsaning (n)Jêng Kyai |
nanging mêksih rêragangan |
pêcak sèkêt sasur nanging |
kuciwa dhapur limasan |
Ki Bayi suka myarsa ngling ||
96. Lah iya iku ngong rêmbug |
tuture arinirèki |
hèh Wiryaya kang duwe sapa |
umatur kewala ngriki |
inggih pun anak Murtala |
pêndamêlipun dèn-apti ||
97. Arapêt cathokanipun |
sarwa santosa nglangkungi |
balungan takir bêlandar |
sakarsa taksih kadugi |
Ki Bayi alon ngandika |
mring putra Ki Jayèngwèsthi ||
98. Kulup rêmbugên kang patut |
lan paman-pamanirèki |
ragangane si Murtala |
pira rêgane kang mêsthi |
aywa nganti amisesa |
pikirên ingkang abêcik ||
99. Yèn dènregani puniku |
tutugên satawanèki |

Jilid 6 - Kaca : 84

sathithik aywa kok ênyang |
lamun ora angrêgani |
têgsirên tikêlên rêga |
supaya ywa dadi pikir ||

100. Prakarèku yèn wus rampung |
tutugêna dadinèki |
aja lali sanak kalang |
kon (ng)garap dadi papali |
lawan undhagi Japara |
si Patrakriya kang bêcik ||
101. Mangsa bodhowa sirèku |
rayapên dimène gêlis |
kiranên bisa-a dadya |
jroning patangpuluh ari |
tanggal patlikur kanggeya |
ing sasi ngarêp puniki ||
102. Ingkang putra ris umatur |
inggih sandika umiring |
pitarèn kang paman-paman |
punapa sampuna (m)benjing |
kangge tanggal salawe prah |
ing wulan ngajêng puniki ||
103. Kang pra paman sami saguh |
yèn ginêlak kaya uwis |
wus samêktèng rêmbugira |
yata Dêmang Purasani |
umatur mring Ki Panurta |
(n)Jêng Kyai lamun marêngi ||
104. Amba nuwun pamit mantuk |
nauri Kiyai Bayi |
punapa tan kêtanggungan |
prayogi bok benjing-enjing |
sakeca pan datan panas |
adrêng Dêmang Purasani ||

11 Sasampunipun sami kundur, Sèh Amongraga kadhèrèkakên garwa manjing panêpènipun griya tajug ing wingking, Nikèn Tambangraras kadhawuhan maos Kur'an dening kakungipun. Sèh Amongraga nêrangakên utaminipun ngaos, pêrlu mangrêtos kir'atipun. Kasambêt katrangan bab wêkdal manjingipun lan palêthèking surya, ugi bab manjingipun dalu dhatêng raina. Ing wêkdal bakda asar tuwin bakda subuh botên prayogi manawi tilêm.
Kaca 85 - 89

Jilid 6 - Kaca : 85

361 Kinanthi

105. Nulya umarêk angujung |
pamit mring sadayanèki |
nulya samya sasalaman |
mundur Dêmang Purasani |
saungkurira Ki Dêmang |

umatur kang para ari ||

106. Mring kang raka nêmbah mundur |
punika lamun marêngi |
putradalêm sang pangantyan |
kawula suwun saratri |
pun adhi-adhi sadaya |
nuwun saratri saratri ||

107. Ki Bayi aris amuwus |
ya sokur karêpirèki |
mêngko bêngi nêng nakira |
kang tuwa namung sawêngi |
rinane anêng wismanya |
mung sadina bae nuli ||

108. Ana ing wismanirèku |
iya sadina sawêngi |
nuli mring para rinira |
sami sadina sawêngi |
arakita sawatara |
pedah kurmating pêngantin ||

109. Sawise kono anuju |
sapasare nakirèki |
kang rayi lêga tyasira |
Ki Pangulu Basarodin |
kula manawi kalilan |
yèn sampun sapêkênèki ||

110. Kawula nuwun sadalu |
kemawon lamun marêngi |
Ki Baywa ris wuwusira |
lah ya Ki Basarodin |
padha nadar sakadarnya |
salamête nakirèki ||

111. Yata bubarane sêdarum |
akondur Kiyai Bayi |
samyang angiring sadaya |
praptêng parengolan sami |
Ki Baywa ngling wis baliya |
padha ambanjura mulih ||

112. Kang liningan samya (m)bungkuk |
samyang matur nyandikani |
nolak saking parengolan |
sarêngan lampahirèki |
ngancarani kang sumimpang |
ampir-ingampirkên sami ||

113. Yata Ki Bayi kang kondur |
praptêng palataranèki |
kang ngiring Ki Jamil Jamal |
santri Luci lan Nuripin |

wau kang anèng ing wisma |
Ni sori Bayi Malarsih ||

114. Lawan kang putra sang ayu |
samyà mêtuk maring laki |
tundhuk Nikèn Tambangraras |
mêndhak ingaras ngabêkti |
sumungku angraup pada |
Sèh Amongraga umèksi ||
115. Sarwi narik astanipun |
ngandika arum amanis |
ya wus yayi ngong-tarima |
payo tumamèng wismadi |
nulya kinèn nut ing raka |
kang rayi asta kinanthi ||
116. Kang rama lawan kang ibu |
ningali putra sarimbit |
bungah amarwata suta |
yata wau Kyai Bayi |
laju mring gandhok kang wetan |
de kang putra Amongragi ||
117. Laju mring panêpènipun |
ing tajug alit pawingking |
lèr-kilèn dalêm tan têbah |
balumbang kinubêng asri |
jinaro risig jêjantan |
kori lit ingukir rêmit ||
118. Kitri trênggulun ngrêguyung |
ngayomi natar arêsik |
kanan kering sêsêkaran |
kênanga gambir mêlathi |
kêtongkèng lan sêkar dangan |
sundêlmalêm mandhakaki ||
119. Cêpaka kalak lan mênur |
pacar anggrèkwulan asri |
argulo patramènggala |
taluki lan wora-wari |
puring kumuning andong bang |
tayuman noja saruni ||
120. Tinaman panêpènipun |
asimpar singub awingit |
wau sang ro pinangantyan |
rêna nèng panêpèn ninis |
ing srambining pamêlêngan |
Cênthini kang nglaladèni ||
121. Sumbaling ngaturkên wau |
dhêdharan saking bunèki |

Jilid 6 - Kaca : 86

woh-wohan myang lah-olahan |
wedang tèh sarêbat manis |
Sumbaling ngimbalkên dharan |
cèthi Cênthini nampèni ||

122. Sinaoskên sêdaya wus |
nèng ngarsa asri sumaji |
sira Ki Sèh Amongraga |
angandika rum amanis |
lah yayi (n)darusa Kur'an |
ngong arsa wruh (ng)gonmu angaji ||

123. Nikèn Tambangraras gupuh |
anuding cèthi Cênthini |
kinèn amundhuta Kur'an |
kalawan Jalalèn tapsir |
kang liningan sigra mentar |
mundhut Kur'an Kastambulmil ||

124. Tan adangu nulya katur |
Nikèn Tambangraras nuli |
ngambil toya wulu marang |
balumbang mili awêning |
sawusnya marêg ing ngarsa |
kang Kastambulmil ingambil ||

125. Nêmbah amiyak Kastambul |
surat Patekah awiwit |
tangawudira pasekat |
tan wangwang nèng ngarsèng laki |
tarabul tyas wit arahab |
nulya maca bismillahi ||

Jilid 6 - Kaca : 87

126. Rahmanirakim alkamdu |
-lilahi robil ngalamin |
arahamani rakimma |
malikiyaomidini |
wa iya kanakbudua |
wa iya kanastangini ||

127. Lan ihdina siratal mus |
-takima siratalladi |
-na an-ngamta ngalèhima |
gèrilmaglubu ngalèhim |
walalalina amina |
kir'ate datan kalêmpit ||

128. Miwah kasar lan mat-ipun |
tuwin kandêl tipisnèki |
kang raka mèsêm ngandika |
ya wus bènêr iku yayi |
utama ingkang akerat |
nanging wong èstri tan wajib ||

129. Yèn ngudiya irkatipun |
mung wacan ilhar kang wajib |
kir'at wajibing wong lanang |
lamun sira rêmên yayi |
wêwacan kir'at pasekat |
mungguh Patekah kang wajib ||
130. Kudu ngawruhi puniku |
sakatah pitu kang wajib |
yèn tan ngawruhi sakatah |
pêngajine ngundang eblis |
(ng)gonne nèng talak kalimah |
iki sakatahe yayi ||
131. Kang dhingin klimah alkamdu |
wajib mandhêg wacanèki |
yèn (m)bacut angundang setan |
tasawur ing setan dulil |
klimah lilahi saklimah |
setan irab kang nunggoni ||
132. Rabilngalamine laju |
arahmani arahkimi |
klimah maliki sakatah |
setan kiyaho kang manjing |
yaomidini kalimah |
iyaka sakatah malih ||
133. Setan kanak kang atunggu |
nakbudu kalimah kalih |
wa iyaka kang sakatah |
setan kanas kang ngadhêpi |
lajêng nastangin ihdinas |
lawan siratal mustakim ||
134. Siratal la dina nuju |
an-ngamta sakatahnèki |
kang sakatah malihira |
ngalèhim gèrilmaglubi |
sakatah kang setan binga |
ngalèhim walal lalin wis ||
135. Wus jangkêp sakatah pitu |
ayate pan nênm yayi |
kapitu ayat bismilah |
ing Patekah kudu sidik |
karana kang mukaranah |
ing asalat wajibnèki ||
136. Sêbab iku bangsa kalbu |
kudu-kudu apil yayi |
kang trampil ing mukaranah |
lesan lan ati ywa srênti |
tan kênnèng cèwèt salilab |

pan mukaranah kang dadi ||

137. Kawruhana sadayèku |
panjang cêndhake kang têsjid |
dènpratela kathahira |
patbêlas kalawan malih |
aksara winaca panjang |
pan pitulas kathahnèki ||
138. Mad lajim lapal lalinu |
tigang alip panjang sami |
êlè êlad panjangira |
sami lan alip kaping tri |
kèhing jabaring Patekah |
patangpuluh-nêm kèhnèki ||
139. êjère pan sangalikul |
êpèse pan amung nèm nil |
kalihlikur klimahira |
iku sunating awajib |
ingkang sampurnèng Patekah |
dadi gêr-ugêring pingil ||
140. Kang rayi nêmbah tur nuwun |
tumungkul kalangkung ajrih |
karahmatan mring kang raka |
kapasuk ing tyas anggusthi |
angèsthi saya waskitha |
tan cèwèt wulanging laki ||
141. Sangsaya mènèr ing kalbu |
kabuka talabul ngèlmi |
brêsih jrênihi jinarwan |
raga tan suwalèng kapti |
sira Ki Sèh Amongraga |
ngandika ris payo yayi ||
142. Angambila toyèng wulu |
ing wêktu Ngasar mèh akir |
kang liningan nulya kadas |
wusnya samya toyastuti |
sarêng dènnya minggah salat |
sang ayu makmum ing laki ||
143. Bakda dènnya salat sampun |
wangsul gyan tata alinggih |
Sèh Mongraga angandika |
mring garwa wruhanta yayi |
ing sawising wêktu Ngasar |
mungguh caritaning Kadis ||
144. Tan kêna lamun aturu |
apan datan manpangati |
malah kiparat mêlarat |
suda ganjaran donya-kir |

krana pangandikaning Hyang |
wabasiral akajirmi ||

145. Waidapi mukinatu |
lijulela pinahari |
watung lijuna arpila |
èliya badan nurihi |
padha ningalana sira |
ing jirim lagine mungkin ||
146. Kalaning surya mèh surup |
panjinging rina lan wêngi |
kudu arêp uninga-a |
kayata surya mèh mijil |
panjinging ratri mring siyang |
kudu arêp nguningani ||
147. Kadi ta ing bakda Subuh |
panyêgah yèn turu yayi |
tan beda lan bakda Ngasar |
kiparating ing guguling |
yèn wong sring nendra bakda Sar |
bakda Subuh saminèki ||
148. Lalèn tur pêtêng tyasipun |
dhêdhêl graitaning sêdhil |
kêthul marang kira-kira |
karana datan ngawruhi |
mring wêwêlaking anendra |
yogya kawruhana yayi ||
149. Kang rayi nêmbah mituhu |
yata wau Kyai Bayi |
pinarak anèng mandhapa |
lan garwa Nikèn Malarsih |
ningali anèng wong prapta |
gumarudug jalu èstri ||
150. Sami angangge-angge mubru |
tuwa nom myang kang rarywalit |
pamêthuk sang pinangantyan |
dene kang dadi pangarsi |
Turida lan Rarasatya |
sarta lan kang bibi-bibi ||
151. Praptèng ngayun tata-lungguh |
têmbunge nuwun ngaturi |
mring raka sang pinangantyan |
kang rama ngandika aris |
mring putra mantu kalihnya |
sirèku mapag pêngantin ||
152. Kang putra inggih turipun |
ngling mring garwa Ni Malarsih |

Jilid 6 - Kaca : 89

matura mring anakira |
Sèh Mongraga dènaturi |
marang adhine amapag |
karo pisan kèh kang ngiring ||

153. Wis mangsa bodho sirèku |
busanane nakirèki |
apa karsane kang lanang |
kewala turutèn bêcik |
Malarsih lèngsèr sing ngarsa |
amrayogi mring kang siwi ||

154. Tundhuk mring kang putra lungguh |
mèsèm tumungkul Mongragi |
pinajar sadayanira |
pra paman ingkang punagi |
sira Ki Sèh Amongraga |
umiring karsèng rèh bibi ||

155. Sinaosan anèng ngayun |
busana sakarsanèki |
nulya kondur dhatêng wisma |
samy mabusana adi |
ngagêm lir duk panggihira |
sarwa seta lus rêspati ||

12 IV. Pahargyan pêngantèn ing griyanipun para kjabat
Pêngantèn sakalihan kaboyong dhatêng griyanipun Jayèngwèsthi kairing
sanak kulawarga. Pinahargya kanthi sêsingiran tuwin kèndhuri.
Sèh Amongraga dhatêng langgar, solat sukriil wulu lan sanès-sanèsipun.
Lajêng dhikir mawantu-wantu. Ing tilam-sari mêjang garwanipun bab salat
pêrlu lan sawarnining salat dumugi lampahipun para nabi tuwin wali lan sipat
kalih dasa Sèh Amongraga kapranan ing kasêtyanipun Cènthini, wasana
badhe kawucal Tèpsir.
Kaca 90 - 116

Jilid 6 - Kaca : 90

361 Kinanthi

156. Nikèn Tambangraras ing rum |
Ni Daya kang busanadi |
sawusnya ngagêm sarwèndah |
wus samèkta sadayèki |
sira Ki Bayi Panurta |
ngandika mring mantu kalih ||

157. Lah wis ambilèn umangsuk |
ing wisma kakangirèki |
kang putra kalih tur nêmbah |
malêbèng dalêmira ris |
nulya wau ingkang prapta |
Suharja Wiradhusthèki ||

158. Ki Parukma lan Panamur |
Kulawirya anèng ngarsi |
Ki Bayi alon ngandika |

- anusul kewala mami |
 dèdalon lan (m)bakyunira |
 para ri umatur inggih ||
159. Yata kang adandos sampun |
 ingaturan mangkat mijil |
 bodhol parèstri sing wisma |
 gumrah tuwa nom rarywalit |
 samya angangge kêlingan |
 kang rare rinukmi-rukmi ||
160. (n)Jêng Kyai Panurta gupuh |
 jumênêng dènnira linggih |
 sadaya sarêng umangkat |
 jajaran songsong miranti |
 sang pangantyan sinongsongan |
 ijêm sèrèt prada kuning ||
161. Akêkanthèn astanipun |
 (n)Jêng Kyai lan Ni Malarsih |
 angatêr ing paregolan |
 sapraptaning madyèng kori |
 pinapag ing salawatan |
 tarêbang mung kalih rakit ||
162. Bawa lagu Sêkar-gadhung |
 santri kèh kang naurani |
 salatulah ngalalhuda |
 ya al mana ya imani |
 al anbiyai imamal |
 mursalina aki-aki ||
163. Allahu aki Allahu |
 wong pat nampani asingir |
 wulidalkabib wakadah |
 mutawarid wanurumin |
 wajanati iya tawa |
 kaduwuli da-alkabib ||
164. Sinauran santri barung |
 tarêbang papat brung muni |
 pong pêk pong pang bêng pung pung brang |
 tung pyêk tung pyêk tong ting tong gring |
 rame suwarane araras |
 piniyarsa milangoni ||
165. Ingkang umiring gumrudug |
 wus praptèng wismanirèki |
 sang pangantyan dènnya lênggah |
 jêrambahing tilam wangi |
 tinarap ing èstri kathah |
 tuwa nèm pêpêkan sami ||

166. Para jalu pandhapa gung |
 saya sru dènnira singir |
 gumêr tarêbang barungan |
 nulya suwuk tan asari |
 sami amaca sêlawat |
 wus kèndêl tata alinggih ||
167. Nulya angladèni gupuh |
 pawohan gembol tap-sirih |
 myang rokok wangèn lan nipah |
 kèlukuk sêrotan tuwin |
 rampadan wedang pateyan |
 wus warata sadayèki ||
168. Tinanyakkên sadaya wus |
 samya anginum wedang tih |
 nulya mêtalkên ambêngan |
 lir Ruwahan kang kèndhuri |
 ngêndhukur rolas ambêng wrat |
 kajawi ibêr mring cilik ||
169. Miwah sajroning wisma wus |
 linadèn ambêng kèndhuri |
 mung sang tama pinangantyan |
 ingkang rinampad di-adi |
 ing pandhapa wus ngancaran |
 aturuh wisuh wêwanging ||
170. Sagêd majêng têtung dhêngkul |
 ngêpung kèndhuri ngênêmi |
 moloni ngrolasi miwah |
 rarywa lit ngêrongpuluhi |
 adan lêkas samya nadhah |
 kumrêpyêk kèh swaranèki ||
171. Ting karêcap ting kêriyuk |
 kumaroyok royom sami |
 santri lit rêbutan ulam |
 sapitan basêngèk pitik |
 jalwèstri sarêng anadhah |
 nutug rahab dènnya bukti ||
172. Kang nunggil saambêngipun |
 kang rinampad Amongragi |
 akaliyan ingkang garwa |
 lan Turida Rarasati |
 Ni Daya lan Ni Jumêna |
 Sêmbagi myang para bibi ||
173. Sèh Mongraga rahi rikuh |
 tanpantuk dènnira bukti |
 atamban pamulukira |
 kèpêle mung sagênitri |
 turida micarèng nala |

wus adat tēmên wong iki ||

174. Nadhah lan wong wadon kêmbul |
manah yèn èngleya bukti |
parèstri gawok kang mulat |
pênadhahe Amongragi |
mangkana nutug dènnira |
anadhah jalu lan èstri ||
175. Sadaya wus sami wisuh |
ambêngan samya binagi |
sinarang ing tapak dara |
brêkat kinèn (ng)gawa mulih |
jaba jro warata samya |
tanpa kaliwatan siji ||
176. Luwaran parèstri mantuk |
salong-salong ingkang kèri |
kèh kang kèri kèh kang bubar |
wus andungkap wêktu Mahrib |
ing mèsjid agêng têngara |
binêdhugan dhêng Mahrib ||
177. Samya minggah salat wêktu |
Mahêrib sadaya sami |
nulya ngambil toya kadas |
gya adan ki Jamal Jamil |
jalu èstri minggah salat |
Sèh Mongraga angimami ||
178. Wusnya sunat sadaya wus |
nulya kinèn angamati |
wus tamat nulya aniyat |
usali parlal Mahribi |
salasa rakangattina |
adaana imamani ||
179. Lillahi tanglu Allahu |
-akbar lajêng maca tasbih |
kabiran alkamdulilah |
kasran pasubkanalahi |
wabukratan wa asilan |
nulya maca wajahnèki ||
180. Inna wajahtu wajahu |
lilahi ladi patiris |
samawati wa-an arla |
kanipan wa muslimani |
wamamati wamahyaya |
wa ana minal musrikin ||
181. sarêng dènnya usali wus |
sadaya dènnira têkber |
imam amaca Patekah |

Jilid 6 - Kaca : 92

- kir'ate kêlangkung apik |
surat sawusing Patekah |
Kulya ayu awalnèki ||
182. Mêmbat panjang cêndhakistanipun |
sawusing Patekah akir |
mapan surat Idaja-a |
wus jangkêp rêkangatanèki |
gya tahyat akir iptitah |
sêlawat atasing Nabi ||
183. Myang ing kulawarganipun |
nulya salat awal akir |
lajêng samya pupujiyan |
wus pupuji nulya dhikir |
wus dhikir amaca donga |
Jayèngraga anangsibi ||
184. Swara muluk landhung arum |
lahuma sali wasalim |
ngalaihi wa ngala-a |
-lihi wasabih wasalim |
nulya min amin ya Allah |
arêmpêg asri kapyarsi ||
185. Nutug dènnya nasib wau |
sêsalaman sêdayèki |
nulya sunat bakdiyatan |
gya sunat abêngal wabin |
nêm rêkangat tigang salam |
bakda salat nulya wirid ||
186. Antara ing tigang atus |
suhule marang Hyang Widi |
wus dhikir têpakur ing Hyang |
sujud takrube wus kusni |
pan wus manjing wêktu Ngisa |
nulya kinèn angadani ||
187. Wusnya dan sunat sêdarum |
lajêng kinèn angamati |
Sèh Mongraga nulya niyat |
usalli praptaning takbir |
tasih wajah tumaminah |
sawuse Patekahnèki ||
188. Surat Inna anjalnahu |
wawacan awalirèki |
lan malih wusing Patekah |
kang akir sunat Watini |
taratil tanpa kuciwa |
nikmat kabèh kang makmumi ||

Jilid 6 - Kaca : 93

189. Angungun onêng kayungyun |
pan rêkangat tahyat akir |
iptitah sêlawat ingkang |
ataasing (n)Jêng Nabi tuwin |
myang atasing kulawarga |
nulya salam awal akir ||
190. lajêng pupujian nutug |
nulya anglêlagon dhikir |
nulya sru santak asêngak |
arêmpêg swaraning santri |
wusnya dhikir maca donga |
limang wêktu tinumpami ||
191. Para lurah santri gupuh |
anasibi ganti-ganti |
wus nutug nulya sêlawat |
lajêng sêsalaman sami |
nulya sunat bakdiyatan |
sadaya sami awitir ||
192. Pêragat dènnira wêktu |
bubaran saking ing masjid |
tata tarap nêng pandhapa |
urut-uruting alinggih |
nulya wontên ingkang prapta |
Ki Pangulu Basarodin ||
193. Lan Mêrbot Pranaitèku |
Nursukidin Talabodin |
murid Jaki sami lênggah |
Mongragi ing têngah pinggir |
dènnira lênggah lèr pisan |
nuli kiwaning kang rayi ||
194. Jayèngwèsthi sambungipun |
Suharja Wiradhusthèki |
Ki Pangulu lan Jumêna |
Talabodin Nursukidin |
murid Jaki Pranaita |
nulya lurah santri-santri ||
195. Ambanjêng saurutipun |
kiwane Sèh Amongragi |
kang lênggah Ki Jayèngraga |
Panukma kiwane malih |
Panamar lan Kulawirya |
Ki Sêmbagi urutnèki ||
196. Pra lurah santri sumambung |
atêpung santri gêng alit |
kajawi lurah pinatah |
kasinoman kang ngladèni |
kêkalih têtindhihira |

Nuripin lan Jalalodin ||

197. Nulya lêladèn ing ngayun |
gembol wêr lawan tap-sirih |
bokor miwah panjang-ilang |
kang winungkus winêradin |
sasampunira mangkana |
Jayèngwèsthi ngandika ris ||
198. Punika paman Pangulu |
kajadkula kurmat Nabi |
Rasullolah kang mustapa |
dhikir mulud ingkang mugi |
angsala bêrkahe nuskah |
supangate Kangjêng Nabi ||
199. Dhumatênga ing bok-ayu |
lan kakang sang Amongragi |
wilujênge ing akrama |
ing donya prapta ing akir |
Ki Pangulu matur gêpah |
musawaratakên aglis ||
200. Lah punika ekralipun |
anakmas Ki Jayèngwèsthi |
mugi-mugi nastijaba |
sami andika sahidi |
sadaya kang sêpuh mudha |
sigra samya anauri ||
201. Donga wa barakallahu |
wangalabil palalihi |
ngajijan birahmatika |
ya arkama rahim amin |
sawusnya amaca donga |
nulya samya anauri ||
202. Gumrumung asaur manuk |
inggih sami anahidi |
mugi nastijab ing kajad |
sawuse mangkana nuli |
samya (m)buka nuskahira |
Ki Pangulu Basarodin ||
203. Wiwit tangawud angudu |
billahi minassetani |
-rajim bismillahirrohman |
-nurrikimi lajêngnèki |
assalamu ngalaeka |
jayena al anbiyai ||
204. Sinauran sadaya wus |
gumarumung swara sami |
asalammu ngalaeka |

Jilid 6 - Kaca : 94

- atkiyal atkiyaihi |
asalamungalaeka |
asapiyal aspiyai ||
205. Dumugi salajêngipun |
salalahu ngalaihi |
salam salalahu ngala |
Mukammad kèndêlirèki |
nulya Ki Sèh Amongraga |
kang miwiti maca rawi ||
206. Pan taawudira alus |
bismillah rahman nirokim |
matitis kir'at kang maca |
alkamdulillahilladi |
sarapa ilal anama |
bisakibi al makam-i ||
207. Akla wak lama asangud |
bi asrapi mauluddi |
kang wa sarapa wapalan |
wasarpa bihil abai |
wal jududa wa mala-a |
alwujudu bijudini ||
208. Anjomblong santri kang ngrungu |
mring kir'at-e Amongragi |
lir tuwan wêwêton Ngarab |
ngêsorkên kang para kaji |
ngulama tan mangkonoa |
dene sarwa angluwihhi ||
209. Abagus sawarnanipun |
abagus busananèki |
abagus suwaranira |
bagus dènnira angaji |
abagus susilanira |
baguse andhêdhèwèki ||
210. Mangkana ciptaning kalbu |
sakathahe kang ningali |
anulya wau kang prapta |
sira (n)Jêng Kiyai Bayi |
Panurta lan garwanira |
dèning wong jalu èstri ||
211. Pandam ting gêlas nèng ngayun |
Sumbaling Luci tan kèri |
mudhun pra santri sêdaya |
kurmat ing (n)Jêng Kyai Bayi |
lajêng pinarak pandhapa |
Malarsih malbèng wismèki ||

Jilid 6 - Kaca : 95

212. Ki Bayi dènnira lungguh |
 tunggil lan Sèh Amongragi |
 sadaya wus tata lênggah |
 Amongraga maca rawi |
 kantong kèdhik kêtanggungan |
 kang rama ngandika aris ||
213. Prayogi ing lajêngipun |
 (ng)gyan andika maca rawi |
 ingkang putra Anorraga |
 sarwi miyak maca rawi |
 tratil acêtha ing sastra |
 sêmbada swara rum manis ||
214. Wangadalan kang malat-hu |
 aminatu palam tajid |
 likamlihi pi alaman |
 wa la sikalan wawali |
 wa la ngatuwa salalah |
 -hu ngalèhi wa salami ||
215. Gya sêlawat salalahu |
 wa salamu ngalaihi |
 wa salam salahungala |
 Mukamad wus tamat rawi |
 Ki Bayi alon ngandika |
 sunat bêcik dèn-trêbangi ||
216. Mundhuta trêbang têtêlu |
 kang liningan santri Luci |
 sigra mentar mundhut trêbang |
 titiga wus praptèng ngarsi |
 pinundhut sarwi ngandika |
 paringna kakang kèkalih ||
217. Mring Jèngwèsthi Jèngragèku |
 nulya piningkên aglis |
 asuka Ki Jayèngraga |
 trêbang sinungakên aglis |
 mring kang paman Ki Suharja |
 mundhut trêbange pribadi ||
218. Macan-garungan wis katur |
 ing ngarsane Jayèngragi |
 sinêntak nuli ginênbrang |
 Ki Bayi ngèndika aris |
 iku si Macan-garungan |
 Jayèngraga matur inggih ||
219. Kang rama malih amuwus |
 bismilah sapa kang singir |
 prayogane papat-papat |
 kang singir kancuhanèki |
 si Jèngwèsthi lan Jèngraga |

220. Kang liningan singir gupuh |
la ilaha ilalahi |
Muhamaddun Rasullulah |
singir bisahri rabinji |
katbadan nuruhul akla |
payakabadan badrai ||
221. Bida kalkima yujlayu |
santri kèh anaurani |
sarta trêbange gya pinjal |
kêmpyange imbal ngapipir |
gêmbyang bême alêlamban |
manut lèlagoning singir ||
222. Pung pung bêng brung brang dhêng thung byung |
pong ping pong bung tong ting tong gring |
pong bur brung brêng dhung brang dhung brang |
tonge tong ting bêng prung prung bring |
ping bêb ping bêb dhêng thung thung pyang |
ping ping pyêk pyêk bêng bêng bung bring ||
223. Pinirsa asri abarung |
rêmpêg tan ana mênèhi |
gêng alit swara araras |
tuturunan tan sarênti |
lèlagon landhung asora |
lir pelog sarancak ngrangin ||
224. Yèn sèlèh sauranipun |
kang singir nampani anglik |
swara pat barung wilêtan |
ukêl karêkêle sami |
angadhal landhunge padha |
ubêde datan anilib ||
225. Anuntun ngês manis arum |
eram kang samya miyarsi |
Jayèngraga swaranira |
ngayomi bêning pribadi |
anglir rêbab sinambadan |
bathok kawate pakolih ||
226. Kinosok lamba angungkung |
ngumandhang landhung gumrining |
tan rak malah muluh rêmak |
wèh kêsar ambêlèr ati |
kêsabêt ing swara rênyah |
rênyah tyase jalu èstri ||
227. Dhasar mèsês lagu bêsus |
kêpulungan swara bêcik |
parèstri kang uwus tuwa |

myarsa ulone Jèngragi |
sakala tan èngêt tuwa |
tyase lir prawan birai ||

228. Wus antara singiripun |
maca sêlawat kaping tri |
kèndêl aso sadayanya |
gya Nuripin Jalalodin |
lan Luci ngatak sinoman |
ngladèkkên pangananèki ||
229. Rampadan wedang nèng ngayun |
tèh manisan wedang kopi |
nulya rampadan dhadharan |
kang panjang miwah takir |
wus tata rumat sadaya |
Jayènwèsthi ngancarani ||
230. Sumanggèng raka sang bagus |
kang rama ngandika aris |
payo krana Lah kewala |
paran sasênêngirèki |
wedang panganan bismillah |
sadaya umatur inggih ||
231. (n)Dan lêkas samya anginum |
nulya nyamikan kinêmil |
kumaroyok bêbarêngan |
Ki Bayi suka ningali |
wus entar antaranira |
nulya kinèn lêkas rawi ||
232. Jayèngwèsthi miyak gupuh |
nuskah winaca kang rawi |
sajak Mântaram pasaja |
swara êmpuk rum amanis |
kadya gèndèr jêjinêman |
sawusira maca rawi ||
233. Ki Bayi nuduh rinipun |
Panukma Panamar tuwin |
Kulawirya kinèn bawa |
kang rayi sigra asingir |
Allah Allah rabanallah |
hu kas bina ya Allahi ||
234. Nulya santri kathah (m)barung |
sarta tarêbang sru muni |
yèn nuju sèlèhing bawa |
wong têlu nampani singir |
tana kaltu pira sêla |
biarbabi sahadadi ||

Jilid 6 - Kaca : 97

235. Wus dumugi nulya suwuk |
maca sêlawat kaping tri |
so samya rèrèn nyamikan |
Ki Bayi ngandika malih |
kang singir padha gèntènna |
saurute lurah santri ||
236. Kang liningan sandika wus |
maca rawi nulya singir |
wulidal-kabib wa kadah |
satamatira gya gènti |
maca rawi nulya sikra |
kaslal kasdu walmuradi ||
237. Wus tamat tinampan gupuh |
singir Alkamdulillahi |
tamat gantya singirira |
badatlana pirabingi |
wus tamat nulya asrakal |
sarat kèndèl ngaring-aring ||
238. Samya nyamikan anginum |
santri sangêt sayahnèki |
ambandrêng pitung rambahan |
pamangane lir punagi |
plêmbunganginên tan ketang |
ngarêngês bêtah ngucêmil ||
239. Tan angoyog-oyog janggut |
lir gilingan dènkapasi |
wus gêmêt kang enak-enak |
kari anggrah-anggrahnèki |
gowok maja lan kaleca |
mlinjo kêmplang kênthang tumpi ||
240. Mèksih dèn bêtahi (ng)gugut |
Kulawirya gumuywa ngling |
uwe bilah ora jamak |
kanca santri (ng)graji angin |
kaya ngrubuhêna omah |
ting garêpêg swaranèki ||
241. Pêpêding siyung tan etung |
kadi gunting bae kit-kit |
pra santri gumuyu suka |
Ki Bayi ngandika aris |
wong tas sayah maninganan |
wis rijêkine pribadi ||
242. Kang Wirya mèsêm tumungkul |
e santrine dèniloni |
mangkana sadangunira |
kang sêsambèn pra priyayi |
(n)Jêng Kyai malih ngandika |

Jilid 6 - Kaca : 98

yèn wus aso sarèh sami ||

243. Payo ngadêg sadayèku |
ngurmati asrakal dhikir |
sadaya matur sumangga |
nulya ngadêg tan asari |
pan pinaro pangkatira |
(n)dan lêkas singir ya Nabi ||
244. Salam ngalaeka ya Rasul |
salam ngaleka ya kabit |
salam ngaleka sêlawat |
tulah ngaleka gya ganti |
barungan gêr santri kathah |
la illaha illalahi ||
245. Mukammad Rasullolahu |
gumêr sru rêmpêg swara tri |
aramé tan mawi trêbang |
salèh tinampèn ing singir |
asrakal badrun ngalèna |
pah tapat minhul buduri ||
246. Mislukusnik marahènu |
katu yawaihu sururi |
anta samsu anta badra |
anta nuru pokanuri |
anta iksiru wagala |
anta misbahu suduri ||
247. Ya kabib ya Mukamaddun |
ya ngurusul kapakèni |
ya muayat iya muajad |
ya timamul kiblatnèki |
man arawat uka yusngad |
ya kari mulwali dèni ||
248. Sinauran bawa guyub |
tan ana gèsèh mènèhi |
ngayud-ayud sru lir gêrah |
tog-tinog swaranjrit-anjrit |
tan etang rak saking rahab |
asru-asru ngantêb ngêlik ||
249. Sarta kutuge kumêlun |
sirat hêr mawar mawangi |
lan sêkar-sêkar sumêbar |
kayungyun sakèh kang mèksi |
mêwahi sokur ing Allah |
kaya na palaling Widi ||
250. Kang samya dhikir Maulud |
olih supangating Nabi |
antara dènnya asrakal |
maca sêlawat atasing |

251. Alèrèn sadayanipun |
wedang wus dènbebantoni |
saosanipun dhadharan |
(n)Jêng Kyai lan putra kalih |
Jayèngwèsthi Jayèngraga |
kinèn mrutah mring pra santri ||
252. Kang sami nandhês kang wau |
winantu lorodan wradin |
nulya samya nyênyamikan |
ting karêpyêk ting kalêthik |
Ki Kulawirya lingira |
lo niku Ki Basarodin ||
253. Nyata drêmbe tadhipun |
wontên niku limang santri |
lir wong ngampêr bata linggan |
bar bêr wae tan ngêndhati |
gumuyu kiwa têngênnya |
kabênêran kang ngaruhi ||
254. Ki Bayi ngandika arum |
yèn wus padha ngaring-arang |
payo lêkas nganggo têrbang |
sapa maca rawi singir |
para lurah tur sandika |
nulya lêkas bawa singir ||
255. Ibrahim kalilolahu |
Musa ya kalamulahi |
Ngisa rohulah Muhammad |
kabibulah yata nuli |
sinauran gêr sadaya |
sarta têrbang barêng muni ||
256. Sèlèh bawa pakam lahu |
min ayatin mashuratin |
nasa alkitahu biha |
gadan mashura anuli |
tamat amaca salawat |
lajêng ganti rawi singir ||
257. Waturukul waslikatu |
mustakimah wasu rurin |
hawaya ngidi mukimah |
wala taksa sudu danbin |
kabibulahi angiman |
bima hula ngamimatin ||
258. Nulya gantya kang sumambung |
tangalam linuhul kusni |

lan alkawi mun wamin al |
tapi maknahu nasimin |
malikun lam yakar basar |
kulah kadlabianihi ||

259. Tamat gya singir man mislu |
Ahmadun pialkonèni |
nahwu badruna jaminga |
alwaraya pikusnihi |
tal liusman mislu huwaal |
-lahul kalki sarapihi ||

260. Suwuk nulya lajêngipun |
maca rawi wus gya singir |
maolidal kadkawa-a |
ngijan waik balbi raspi |
yaplugul mustaku amal |
ya mudangi kubi pihhi ||

Jilid 6 - Kaca : 100

261. Wus tamat gantya sumambung |
salalinuh ngala nuri |
ala dilah aramana |
sahri rabingil awalisi |
tahas ana atil arla |
nurun ya mamoli dihi ||

262. Tamat nuli singiripun |
tangala binanas talih |
waba bilakadputihka |
wadaul pul adaladi |
bya pilawakad juhrika |
aya muda ngikubini ||

263. Tamat suwuk singiripun |
nulya (n)Jêng Kiyai Bayi |
karsa asingir wêkasan |
trêbang samya dènsêntaki |
santri anglulunyu swara |
bayêm tur laguning singir ||

264. Wasalatun wataslimun |
wa ajaki taki yati |
ngala-al mutapal mustar |
likaêril bariati |
sinauran santri kathah |
barang tarêbang bung muni ||

265. Pong ping tong pyêk dhung dhêng brêng brung |
pung pung ping pêk tong ting grung gring |
pyak pyang pong pêk dhung tung tung brang |
kêdongting grug grêng prung prung bring |
tung pyêk tung pyêk plak blang plak blang |
ting têt ting têt ting ting tong gring ||

266. Nuju sèlèh bawanipun |
 (n)Jêng Kyai nampani ngêlik |
 barung papat Ki Jumêna |
 Sêmbagi lan Basarodin |
 swarane akêdhêmungan |
 ting karêkêl angunani ||
267. Ngandul-andul ngombak-banyu |
 labêting bêsus kêtawis |
 ubêding wilêd macalang |
 grathul-grathul andhalangi |
 prigêl karêkêle mêmbat |
 dangu-dangu dhêmês manis ||
268. Tarêbangira pinangku |
 anèng dalamakan sikil |
 dèningêr-ingêr mèt swara |
 -ning trêbang kêmpyang bêmnèki |
 dhasar si macan-garungan |
 kumêmbrung ambaung bêning ||
269. Lir pendah gong Siyêm ngungkung |
 para nom santri kêpengin |
 mring (n)Jêng Kyai dènnya nrêbang |
 aberag Kiyai Bayi |
 sêmune rada kêpalang |
 tuwa nulya ngêlik singir ||
270. Kabibu jugarulbadru |
 nikusnihi wajêhihi |
 takaJa ratil apkara |
 piwaspi makna hu kabib |
 tajalalil kulubina |
 katiban patabuhihi ||
271. Sinauran gêr gumuruh |
 barung rêmpêg tan sarênti |
 wus antara sinalahan |
 nulya kèndêl sadayèki |
 sawusnya kèndêl sakêdhap |
 mangkana sèh Amongragi ||
272. Singir pupungkasanipun |
 sêlawat atasing Nabi |
 lan Jèngwèsthi Jayèngraga |
 ngancuhi kang raka singir |
 sarèng ngêlik swara saplak |
 lir raras nyamlêng nêmnèki ||
273. Ambiyolah nganyut-anyut |
 rêmêk tyase amiyarsi |
 alahuma salingala |
 Muhamadini ya rabi |
 salu ngalèhi wasalam |

Jilid 6 - Kaca : 101

santri kabèh naurani ||

274. Angantêp swara sru landhung |
bawa sauran lan singir |
wit pikubbi sayidina |
Muhamadin nurul badni |
alhuda yamustamaman |
nuli kabibun siwai ||
275. Ila Muhammadun kèru |
Rasul Nabiyil mukrimi |
saokul mukibi ila |
Muhamad asmah sumatih |
tahlampilkus srisig nguna |
Muhammad manjil kalaik ||
276. Min jahanam lajêngipun |
kang singir barungan santri |
praptèng nêmbêlas sêlawat |
salalahu ngalaihi |
[.] ||
Muhammad kèndèlirèki ||
277. Wus tamat sadayanipun |
dhikir mulud rawi singir |
Ki Bayi alon ngandika |
hèh pangulu Basarodin |
sira kabubuhan (n)donga |
agupuh Ki Basarodin ||
278. Wa sadhaka Rasulahu |
anabiyi alkarimi |
wa naknu ngala makala |
rabana wa rajikuni |
wakalikun amin na-as |
sahidin irgam irgamin ||
279. Liljakidina alkamdu |
-lilahi rabbil ngalamin |
sinauran amin kathah |
Jayèngraga anasibi |
angêlik lèmpêng amêmbat |
agilig bêning gumrining ||
280. Gêtas rênyah manis arum |
angêtog wilèt ngês nèki |
para santri merang swara |
mungkrêt isin nora mijil |
rumangsa tan mangkonowa |
kari kapulungan bêcik ||
281. Dènnira nasib wis nutug |
sauran santri kèh amin |
amin-aminu ya Allah |

- gya salawat sadayèki |
sarwi ngadêg sêsalaman |
mubêng saturutirèki ||
282. Têpung gêlang sadaya wus |
warata lan santri alit |
tan antara samya lênggah |
tata sadaya wus linggih |
Ki Bayi alon ngandika |
Luci mêtokna kêndhuri ||
283. Kang liningan mentar gupuh |
ngabani sinomanèki |
mring pawon ngusung ambêngan |
sinaosakên ing ngarsi |
dhêdharan samya dinuman |
binêrkat binagi-bagi ||
284. Ki Bayi alon amuwus |
priye Jawane wong iki |
yèn wus tuwa sarwa suda |
beda duk maksih nom nguni |
pra lurah santri nor-raga |
liningan mring (n)Jêng Kiyai ||
285. Dhèk biyèn nom-nomanaku |
anèng pasantrèn ing Bangil |
kalakon dadi pilalan |
mring priyayi myang wong sugih |
akèh kang punagi nadar |
ananggap trêbang mring mami ||
286. Kancuhanaku wong têlu |
Carik-sutra Arsabudi |
Carik-mudha kapat ingwang |
Harundaya aran-mami |
wus komuk ing pakaulan |
nagara desa pasisir ||
287. Ujare kang padha kaul |
sok uga salamêt iki |
ananggap dhalang tarêbang |
Mas Harundaya ing Bangil |
kèh kalakon kana-kana |
lakon sabêdhug sahari ||
288. Kang sawêngi dalan rawuh |
ing Ngantang Malang Kêdhiri |
myang ing Gêmbong Pasuruhan |
manira minule mukti |
sawidak santri dadakan |
siji gêgawanku santri ||
289. Ya mung si Pangulu iku |
Basarodin datan kari |

sasmita marang kang putra |
Pamanamu Basarodin |
kinthil mring ngong cilik mula |
yèn kèlingan wlas ningali ||

290. Iku jênênge si Bawuk |
gêr ginuyu sadayèki |
Kulawirya latah-latah |
wacana sarwi nudingi |
bilai Pangulu Basar |
kabuka wêwadinèki ||
291. Wêwadi wus nèng jro kèthu |
arêmit têtah mandhilis |
lagyèku ngong apratela |
Bawuk jênênge dhèk cilik |
apatut têtên Ki Basar |
kadèkna suthik ngaranni ||
292. Bawuk ingaran Bêlawu |
kècêmutan Basarodin |
(n)dika wau ngimpi napa |
jênênge (n)dadak binagi |
marang kanca santri kathah |
Ki Bayi gumuyu angling ||
293. Mara takona manamu |
Ki Basarodin nulya ngling |
mring Jèngwèsthi sojarira |
dhasar sayêkti rumiyin |
rama-(n)dika duk jêjaka |
bagus anom swara bêcik ||
294. Akèh wong wadon kapuyuh |
yèn turu tindhihên ngimpi |
nglindur nêbut Harundaya |
swarane andudut ati |
pawèstri nom jor-jinoran |
pawèwèhe rêbut dhisik ||
295. Tur niku sami (ng)guguru |
gurah swara amêjani |
nanging ta kudu (n)dilalah |
rama-(n)dika ingkang bêcik |
kula gurah ngantos sayah |
kêpèsing amutah cacing ||
296. Anggrus mutah riyak idu |
mutah ilat amucicil |
sumaput agulimpangan |
dadya rubungan mèh mati |
pêsantrèn myang wong omahan |
samyang ngêlayat mring mami ||

Jilid 6 - Kaca : 103

297. Bêbaya tuwas mèh lampus |
 swara saya won asêdhil |
 gêr gumuyu ing ngakathah |
 (n)Jêng Kyai gumujêng angling |
 dhasar sêdhil cilik mula |
 wus pancèn swara tan bêcik ||
298. Jèngwèsthi alon amuwus |
 man Pêngulu Basarodin |
 putra (n)dika Jayèngraga |
 punapa mèmper (n)Jêng Kyai |
 mênggah swaraning putranta |
 adhi Jayèngraga iki ||
299. Ki Pangulu aturipun |
 anggèr kados sami ugi |
 inggih lawan rama-(n)dika |
 wontêna kaote kêdhik |
 (ng)gih rêbat sênêng kewala |
 Ki Bayi ngandika aris ||
300. bêcik swarane adhimu |
 nanging kurang wilêt thithik |
 lan bangête kurang buntas |
 bobote ya wus ngluwahi |
 tan ana lir adhinira |
 kurang ngumbar swaranèki ||
301. Yata ing wanci mèh bêdhug |
 wus tata ingkang kêndhuri |
 Jèngwèsthi alon lingira |
 mring Pangulu Basarodin |
 man Pangulu kajatêna |
 angrasukkên kurmat Nabi ||
302. Lan lujêngipun bok-ayu |
 sakaliyanipun mugi |
 lulus dènya palakrama |
 lah wus andika dongani |
 Pangulu gya maca donga |
 alahuma ilpalail ||
303. Pakadaril pasalimu |
 pihi alngakluadini |
 wa palalu asalata |
 wa ajakata slimati |
 ngala sayidin mulana |
 Mukamadun wakatimil ||
304. Anbiyai wama almur |
 -salina wasa-alnati |
 gapurallahu walana |
 alahuma birahmati |
 -ka ya arkama rakima |

Jilid 6 - Kaca : 104

subkanaka rabika rabil ||

305. -ngijati ngama yasipun |
salamu ngala mursalin |
-na walkamdu lilahi rab |
-bil ngalamin wusnya nuli |
Ki Bayi alon lingira |
bismilah payo awijik ||
306. Nulya sadaya tuturuh |
sarêng anadhah kêndhuri |
karêpyêk pating karêcap |
santri lit rêbut kêndhuri |
gumêr samya drêg-udrêgan |
rêbut kèh gembolanèki ||
307. Kang cêlak pan tumut rusuh |
rêbutan brêkat kêndhuri |
Kulawirya sru lingira |
adat tèmên santri cilik |
sabên kêndhurèn rêbutan |
lah iku tèmah marahi ||
308. Ki Bayi mèsêm amuwus |
ya mupung ana rêjêki |
wus nutug dènnira nadhah |
kêndhuri kinèn ambagi |
wus samya binarêkatan |
luwaran sadayanèki ||
309. Salong-salong ingkang kantun |
kondur (n)Jêng Kiyai Bayi |
kalawan wau kang garwa |
sira Ki Sèh Amongragi |
lajêng tangat ing palilah |
nèng panêpèn sang Mongbrangti ||

Jilid 6 - Kaca : 105

362 Asmaradana

1. Mangkana Sèh Amongragi |
anèng tajug pamêlêngan |
wus ngambil toyastutine |
mring langgar nulya asunat |
sukril wuluk tahyatal |
masjidi rong rêkangat wus |
gya tangat tahajul rolas ||
2. Rêkangat nêm salamnèki |
ngangkat usalli tangatan |
tahjudi rakangatine |
lilahi tangala Allah |
-hu akbar kabiran wal |
-kamdulilahi kasirun |
pasubkabanalah bukratan ||

3. wa asilan lajêng inni |
wajahtu wajhiya lila |
-di paras samwatina-ne |
walarli hadib musliman |
wamamati mahyaya |
hu wa ma ana minal mus |
-rikina ngênêngkên napas ||
4. Napas tanapas nupusi |
nalika tan manjing mêdal |
tangat pinardikakake |
muslim jroning cêngêngira |
witing cêngêng tatkala |
angkating têkbir anuju |
ing lapal Allahu-akbar ||
5. Kamot sanapas kang aring |
cêngêng datan kalimputan |
wus ngalimputi ing date |
dating asalat wus mungguh |
marang sipating salat |
sipat êsa pocapan wus |
marang ing Asmaning asal ||
6. Asmaning salat kagêntin |
marang apngaling asalat |
salat wujudé Hyang Manon |
mangkono ingkang wus kawas |
wusira ka-antêngan |
alon amaca Alkamdu |
sawusing Patekah nulya ||
7. Surat Ikram awal akir |
gumulung rolas rêkangat |
yèn anuju kalimahe |
wasjud waktarip punika |
ing sabên sinujudan |
sêsalam dadya nêm wujud |
ing dalêm rolas rêkangat ||
8. Tridasa nêm sujudnèki |
wus tanjèh arambah-rambah |
praptèng nêm salam akire |
tahyat amaca sêlawat |
atasing Nabi kita |
myang mring kulawarganipun |
iptitahe tumaninah ||
9. Mênêng sanapas mangsuli |
lir nênge takbirratulkram |
angliling kasuciayane |
purnaning tigang prakara |
sucine bangsa badan |
sucine lesan lan kalbu |

kalbu mukaranahira ||

10. Mukaranah manjing kalbi |
kalbi umanjing ing lesan |
lesan umanjing badane |
bedaning Gusti kawula |
kawula wus nalirah |
lir sagara lawan alun |
winaspadèng jroning napas ||
11. Napas kang tan manjing mijil |
aring linandhung sakala |
alon asalam nêngêne |
trêtíp sarta tumaninah |
rikat asalam ngiwa |
wus bakda ing tangatipun |
nulya tatrap wiritira ||
12. Amupit ing isbat napi |
nakirah utamasitah |
muta-awilah junune |
panaul ing dalêm dad hak |
sipat asih ing asma |
asma ulkusnihi-nipun |
makluk ingkang satariyah ||
13. Wus suhul muslim ing dhikir |
triatus klimah sanapas |
wusnya lan sanapas malèh |
apan winot sakalimah |
lailah ha ilalah |
tinog mot sanapas landhung |
bakda suhul wiridira ||
14. Andonga sukur ring Widi |
gya tusmak tapakur ing Hyang |
anarima ing titahe |
kandêl pangandêling Sukma |
kang wujud bijaksana |
nglimputi sakèhing makluk |
ing bumi kasa kasapta ||
15. Têpakurira wus êning |
asujud takrub mêminta |
apura sakèh galate |
ing sabên salat mangkana |
pêrlu sênajan sunat |
datan supe sujud takrup |
yata Ki Sèh Amongraga ||
16. Wus purna tangatirèki |
nulya linggar saking langgar |
alon kondur mring dalême |
yata kang anèng pêndhapa |

Jilid 6 - Kaca : 106

- Jèngwèsthi Jayèngraga |
karsa sêsamuring dalu |
ngandika mring Jamil Jamal ||
17. Payo ala nganggur Jamil |
lêlagonan singir Jawa |
sira empraka wong loro |
kang liningan tur sandika |
Jayèngraga ngandika |
wawi paman awon nganggur |
trêbange sami lèk-lèkan ||
18. Kulawirya anauri |
ya prayoga mêngangguran |
lan santri sapa kang mêksèh |
matur gus Dawud Madiman |
Amad-asra gus Nurya |
kanca santri ingkang kantun |
kados wontên tigangdasa ||
19. Nulya nyandhak trêbang sami |
Jayèngwèsthi Jayèngraga |
katri Ki Kulawirya-ne |
Gandasana kang angêndhang |
trêbang wus sinêntakan |
kêndhang trêbang ginênbrang wus |
gumênbrung Macan-garungan ||
20. Nulya bawa Jayèngwèsthi |
ngêlik mêlung mêluk mêmbat |
jêledrese jêlèdrese |
kayu rasa awoh mirah |
anulya sinauran |
santri kathah gêr gêmuruh |
sarta trêbang ajêngguran ||
21. Angguguk kêndhangirèki |
wong sadesa kagyat myarsa |
kêndhang trêbang pangguguke |
sanès duk sore swaranya |
gupuh kesah sami prapta |
kang wus nonton wangsul (n)dulu |
jêjêl pandhapa sakala ||
22. Jalwèstri jêjêl apipit |
nulya Jamal Jamil emprak |
kalangan lir sandhang lawe |
gulêd lir kêkêt bundhêlan |
coronge mubyar-mubyar |
surungan sumbu-sinumbu |
tarêbang magênturan ||
23. Jayèngraga langkung apik |
ngapipir asta akipyah |
imbal ngatimang kêmpyange |

ngagêm si Macan-garungan |
ngêsorkên sakèh trêbang |
abêning gêndhung bêm gêmbrung |
brang prung prung brang dhang tung tung brang ||

Jilid 6 - Kaca : 107

24. Ping pyêk ping pyêk pong ping pong gring |
tung plêk tung plêk plak blang plak blang |
plung plong blêng brung bêm pyang pyèng |
tong têk tong têng brung prung prung brang |
byêg byêg grung gring grong gring byang |
pêp pêp bah bah gur bah bah gur |
gurnita swaraning trêbang ||
25. Nuli singir wuluh rawi |
dening kukusing sanjata |
lah tobata sauripe |
mupung sira anèng donya |
jaman kudhi upama |
myat ing wuri sawah gunung |
arahên olèh swarga ||
26. Jayèngraga dènnya singir |
piyambak lan Sênu Surat |
amèpèt anèng wurine |
tan koningan ing ngakathah |
swara rum abarungan |
runtut tan lacut sarambut |
nganyut-anyut awilêtan ||
27. Lir suling dènpênêrusi |
kang miyarsa ngrês tyasira |
sambada lan parikane |
swara ngasih-asih ngaras |
lir tangising alara |
lantik-lantik manis arum |
anyundari kapawanan ||
28. Santri kathah naurani |
tampaning singir lan bawa |
uga sru uga lirihe |
kadya gêndhing padhalangan |
ambanjêt jêjanturan |
sauran lir tibanipun |
ing gêndhing ramya barungan ||
29. lajêng sêdalur (ng)gyan singir |
gêgêntèn santri kang emprak |
myang salin-salin lagone |
nutug dènnya salawatan |
yata kang anèng wisma |
wus malbèng ing jinêm arum |
turida lan pra wanodya ||

30. Samya ring cêlak tilam mrik |
 manggyan nèng èmpèr paningrat |
 ngiras ningali singire |
 salong kang maksih jro wisma |
 samya cuki dhakonon |
 mung cèthi Cènthini wau |
 kang tan têbih ing tangkêban ||
31. Kang anèng jro tilam-sari |
 sira Ki Sèh Amongraga |
 lan Nikèn Tambangrarase |
 kang raka aris ngandika |
 dhuh yayi mau sira |
 paran wus pakolèh turu |
 kang rayi matur anêmbah ||
32. Inggih pikantuk sakêdhik |
 wanci sontèn saliyêpan |
 kang raka arum wuwuse |
 pan sarwi anarik jangga |
 ingêlus larapannya |
 sang dyah rara tyas kêmêpyur |
 ngaringêt jangga pungkuran ||
33. Ragi kêmêpyur ing galih |
 Amongraga waspadèng tyas |
 dhuh sarèhna tyas siranggèr |
 owêl tancêping imanta |
 têpakurirèng Sukma |
 brantanira maring ngèlmu |
 aywa kasêlan ing ala ||
34. Kaworan maksiyat yayi |
 maksiyat iku minangka |
 dadya raganing setan mor |
 yèn pinarèngkên Pangeran |
 sira kalawan ingwang |
 yèn wus krana Lah ing kalbu |
 tyas wantah tan kawoworan ||
35. Kang pitaya ngawal akir |
 sun iki wus wajibira |
 sirèku wus wajibingong |
 samangsa mangsaning sangat |
 tan ana antarnya |
 parlu talabul ing ngèlmu |
 mrih utamaning kasidan ||
36. Kang rayi marêm tyasnèki |
 manêmbah matur ing raka |
 inggih kawula wiyose |
 namung jrih sarèhne datan |
 tate cêlak ing priya |
 ing jaman dèrèng sumurup |

Jilid 6 - Kaca : 108

lan dèrèng wontèn tyas amba ||

37. Tan liyan kawula kapti |
namung sih nugrahaning Hyang |
bodho tumamèng ahline |
kang mijil wuwulang tuwan |
angêntas durakamba |
kawula sêdya anglêbur |
lan tapak dlamakan tuwan ||
38. Sèh Mongraga ngandika ris |
ya yayi Alkamdulilah |
muga palal de Hyang Manon |
mring sira kalawan ilham |
wiwinih kahidayat |
kang rayi nêmbah umatur |
mugyantuka bêrkah tuwan ||
39. Kang raka ngandika aris |
yayi mungguhing ngagêsang |
wajib mukmin lanang wadon |
dèn-patitis salatira |
aywa pot sabên dina |
lan sabên wêngi kang prêlu |
bangsa ati lesan badan ||
40. Parlu tri iku dènapik |
kasdu takrul takyinira |
aywa (m)buru cukup wae |
kasdu kang bangsa ing badan |
kang takrul bangsa lesan |
[. . .] |
kalbu mukaranatuha ||
41. Yakin wruh prabedanèki |
rêkangate luhur ngarsa |
Mahrib Ngisa lan Subuhe |
rong rêkangat tri rêkangat |
[. . .] |
takrul lesan kir'atipun |
wawacan ingkang pasekat ||
42. Dawa cêndhak kandêl tipis |
agêng aliting aksara |
parlu kang cêtha wacane |
Patekah prêluning salat |
dèntêntu wayahira |
Luhur Ngasar Mahribipun |
Ngisa Subuh wêktunira ||
43. Ywa Luhur yèn durung manjing |
ywa Luhur yèn pot wayahnya |
ing wayah ana watêse |
Lohor pêcak ro ing siyang |
kang Ngasar pêcak sanga |

Mahrib suruping suryèku |
pote sorote kang abang ||

Jilid 6 - Kaca : 109

44. Yèn wus (n)tèk sorot kang abrit |
yeka manjing wêktu Ngisa |
prapta ing têngah wêngine |
wêktu Subuh antaranya |
pajar gidib sorot bang |
kasdu badan sujud rukuk |
kang tatela ing antara ||
45. Sujud loro lèrèn linggih |
iktidalira kang nyata |
ngadêg lir ngadêg maune |
ywa katimpah ing pratingkah |
kaworan obah-obah |
obahe sajabanipun |
ing salat batal badannya ||
46. Mung obah salat pribadi |
tan kêna liyane obah |
lan malih tapakmu karo |
ywa singsal kang kukuh napak |
patinên jêmpolira |
ywa mingsêd saking (ng)gènnipun |
cêngêngêna badanira ||
47. Poma yayi ingkang suci |
sucèkêna badanira |
iya iku pratandhane |
kalbu mukminin bitolah |
ya wong kang êkas salat |
ngêgungakên ing Hyang Agung |
sadinane sawênginya ||
48. Lire mukaranah yayi |
kang rêncang têngêsing lapal |
kang barêng aja tênganke |
kang lapal Alkamdulilah |
têngêse sakèhing kang |
puji kaduwe Hyang Agung |
kang murba wisesèng jagad ||
49. Lan lapal rabil ngalamin |
tanjèhna tyas têngêsira |
Pangeran ing ngalam kabèh |
rohman rahkim têngêse |
kang amurah ing donya |
kang asih akeratipun |
kalawan malih ing ngarsa ||
50. Malikiyao-midini |
têngêse ratuning dina |
kiyamat basa ing tèmbe |

sakèhing lapal kang awal |
karya panggungguing Hyang |
wajib mukmin èstri jalu |
ngunjukkên puji sêmbahnya ||

51. Ing sadina ing sawêngi |
iyakanakbudu lirnya |
amba nêmbah Tuwan mangke |
langip ing badan kawula |
wêdi amba ing Tuwan |
wa iyanastanginu |
têgêse nênuwun amba ||
52. Pitulung Tuwan kang mugè |
anguwatna agamamba |
myang kang agama sakèhe |
lapal ihdinasiratal |
têgêse mugè Tuwan |
tuduhna iman lan ngèlmu |
nuli lapal mustakimma ||
53. Têgêse kang lèrês ugi |
sarta Tuwan anuduhna |
sadaya ing ngèlmu salèh |
lapal siratal-ladina |
an-ngamta ngalèhim-nya |
mugè Tuwan sung pitulung |
mulyane ilat kawula ||
54. Ngalèhim têgèsirèki |
ing Tuwan anuduhèna |
imaning pra Nabi kabèh |
lan para wali sêdaya |
kang asih maring Tuwan |
Tuwan kasihi sadarum |
asiha Tuwan mring amba ||
55. Tuduhna marganing Nabi |
sadaya para ambiya |
lapal gèril-maklubi-ne |
têgêse mugè dinohna |
ing cipta ingkang liya |
lir wong kapir Yahudi yun |
kang sami tampi dèduka ||
56. Kang amungsuh Kangjêng Nabi |
Musa kapir Yahudiya |
amaido ing kitabe |
ing kitab Torèt punika |
wong maido ing kitab |
kapir sasat kapir nêngguh |
ing kitab satus sêkawan ||

Jilid 6 - Kaca : 110

57. Lapal ngalèhim walalin |
atas kang sinung kamulyan |
lyan kang sami sasar kabèh |
anungsung (n)Jêng Nabi Ngisa |
maido lawan kitab |
Injil kapir Nasraniku |
kapir ing kitab sadaya ||
58. Sapa kang maido maring |
Nabi sawiji prasasat |
kapir mring pra Nabi kabèh |
wajibbe mukmin sadaya |
iktidal mring Pangeran |
mugi Gusti ingkang Agung |
angapura ing atobat ||
59. Mangkono yayi dèn-eling |
yèn sira mulya ing salat |
yêkti mulya wêkasane |
wajibbing mukmin sadaya |
Patekah mring Hyang Suksma |
sadintên lawan sadalu |
mali pitulas Patekah ||
60. Arukuk marang Hyang Widi |
sarta tumaninahira |
sadina lan sawêngine |
samyamali pituwêlas |
wajib iktidal ing Hyang |
lawan tumaninahipun |
samyawali pituwêlas ||
61. Wajib sujud ing Hyang Widi |
sarta lawan tumaninah |
sadina lan sawêngine |
malitridasa-sêkawan |
sêlaning sujudira |
yayiwajibbing alungguh |
pitulas dalu lan siyang ||
62. Wajib tahyat mring Hyang Widi |
lawan tumaninahira |
ping sanga rina wêngine |
wajib salam mring Hyang Suksma |
sawêngi lan sadina |
maliping lima puniku |
de parluning salat kèhnya ||
63. Sadina lawan sawêngi |
kalih-atus kawandasa |
punjul sêkawan kathahe |
salat Subuh tigangdasa |
langkung kalih dene kang |
Luhur sèkêtnêm winuwus |

64. Patang puluhpat Mahêrib |
lan malih ingkang winulang |
sèkêtnêm Ngisa lan malèh |
wajib mukmin tur ruruba |
ing dalu lawan siyang |
mring Pangeran ingkang Agung |
têgêse tahyat akirnya ||
65. Kaping lima wajibnèki |
alungguh lawan sahadad |
kalimah kalih salame |
rina wêngi kaping lima |
lawan donga salawat |
rahmad Nabi Muhammadun |
raina wêngi ping lima ||
66. Nuwun sêlamêt dunyèki |
akerat lan ingkang muga |
mukmin agamislam kabèh |
muga Tuwan ngapura-a |
ing mukmin sadayanya |
iku yayi kang kacukup |
mukaranahing asalat ||
67. Yèn ta durung angawruhi |
ing sidiking mukaranah |
salate mung èstri bae |
wa mangkana papangkatan |
kèh-kèhe makluming Hyang |
têlung prakara liripun |
bangsa ngam êkas lan kawas ||
68. Kang muga sinungan yayi |
palal ilhame Hyang Suksma |
kawase tyasira mangke |
yèn sira santosèng salat |
hidayat sinung rahmat |
yèku wêwaton linuhung |
manut kang luhung waunya ||
69. Midak tapake kang dhingin |
ing wuwuri kang wus tama |
lire amidak tapake |
tapake wong ahli swarga |
tapake nêng jilidan |
jilid kang kawuwus wau |
satus-sakawan kang kitab ||
70. De yayi sorahing Kadis |
sing sapa bèndu wong ika |
mring wong alim sawijine |
aprasasat bèndu marang |

(n)Jêng Nabi Rasullolah |
sing sapa bêndu mring Rasul |
sasat bêndu marang Allah ||

71. Sing sapa bêndu ing Widi |
(ng)gonne pêsthi nêng naraka |
sing sapa ngujung maring wong |
alim sawiji prasasat |
ngujung (n)Jêng Rasullolah |
sing sapa ngujung mring Rasul |
sasat ngujung marang Allah ||
72. Sing sapa nêmbah ing Widi |
(ng)gonne pasthi nêng suwarga |
kang muslim rasa tokite |
sapa asih mring wong Islam |
sasat sih raganira |
kang sêngit mring wong Islam wus |
sêngit ragane priyangga ||
73. Yèn wong asih ing sêsami |
asih ragane priyangga |
kang sêngit mring wong Islame |
sasat sêngit raganira |
kocap kitab Adkiya |
Ulumodin juwahirru |
kinèn atut asêsanak ||
74. Pakolih solate da-im |
salat da-im iku apan |
ya yayi trape mangkene |
kang tan kèndêl dhikirira |
panjing wêtune napas |
wêtune napas lapal hu |
manjing napas lapal Allah ||
75. Tan kandhêg raina wengi |
nadyan yayi sira nendra |
aywa pègat duk layape |
lan satanginira nendra |
sambunge kang hu-Allah |
ing napas kang manjing mêtù |
prijên lantih kalbunira ||
76. Lan amaca Kur'an adi |
asalata andonga-a |
sanadyan rarasane dene |
mring mukmin myang sama-sama |
pon yayi aywa pègat |
da-immira mring Hyang Agung |
yèku tekat kang kas kawas ||
77. Para Nabi para Wali |
ya mangkono lakunira |

Jilid 6 - Kaca : 112

- tuladan kang wus minule |
laku kang luwih utama |
tandhane kinasihan |
Kadis Juwahir pitutur |
sing sapa mukmin kang kêras ||
78. Sapocapan ing Hyang Widi |
amaca-a Kur'an uga |
kang bisa lohad murade |
iya iku aprasasat |
pocapan lan Hyang Suksma |
kitab Insankamil wuwus |
Kur'an akadiyat uga ||
79. Dene kitab sadayèki |
Purkan wasta huluhiyat |
basa huluhiyat lire |
wahdad wakidiyat ika |
satus-sêkawan kitab |
iku Purkan namanipun |
Kadise para anbiya ||
80. Denèng witing kang dumadi |
yèku saking Nur Murmuhamad |
apan kathah jujuluke |
kang nama êgar Muhamad |
ingkang rumiyin akyan |
-sabitah jujulukipun |
dene kaping kalihira ||
81. Ajujuluk ngadam-mukmin |
[. . .] |
roh-ilapi kaping pate |
iman-mubin kaping lima |
kakul-hasya ênêmnya |
kanjul-kapi kaping pitu |
badrul-ngalimu wolunya ||
82. Adam awal sanganèki |
kalam kang kaping sadasa |
dene kaping sawêlase |
ajujuluk Rasullolah |
roh-ramani pingrolas |
nglam sahir têtulusipun |
ngalam-kabir kawanwêlas ||
83. Jangkêp jujulukirèki |
kitab Adkiya asorah |
sapa kang tan wruh juluke |
ing (n)Jêng Nabi Rasullolah |
Islame ora êsah |
ing kitab Markum pitutur |
mungguh bangêting sarengat ||

84. Salam limang wêktu nênggih |
asal saking Nur Muhammad |
johar-awal wiwinihe |
roh-ilapi ingkang nyata |
(n)Jêng Nabi Rasullolah |
asale puniku nênggih |
saking sipat jalal jamal ||
85. Ya iradat karsèng Widi |
wong mukmin kang wus ngulama |
ngalap kusus ing murade |
ing kitab Durat kalawan |
kitab Talmisan ika |
lan kitab Asanusiku |
kitab Matakul-mubina ||
86. Kususing murad kang rasih |
muktamat sidik ing nyawa |
(n)Jêng Nabi Rasullolahe |
ngalèhisalam kang nyawa |
tan mêdal saking sipat |
jalal jamal kalhipun |
dene wêdale kang nyawa ||
87. Saking sipat kahar nênggih |
lawan iptikar punika |
sababe wus nunggal dene |
ing maklukira Hyang Suksma |
dene yayi kang sikap |
manjing ing iptikar iku |
lan kang manjing sikap kahar ||
88. Sipat kodrat iradati |
ngilmu kayat lan kadiran |
muridan lan ngaliman-e |
kayan lawan wahdaniyat |
sipat sanga punika |
wajib mungguhing Hyang Agung |
sipat kêkalih kang wênang ||
89. Nganyaring alam sêkalir |
nora sung anyaring alam |
kocaping dalil Kur'an-e |
muni ing surat Anbiya |
Ibrahim kalamolah |
tatkalanira tinunu |
lawan wong kapir samana ||
90. Tan tumama sarirèki |
wulu salamba tan owah |
iya itu pratandhane |
kang alam tan angsung anyar |
dene yayi kang sipat |
manjing istigna puniku |

kasugihaning Hyang Suksma ||

91. Sabab dening andarbèni |
sipat kathahe sawêlas |
kang wênang mung sipat roro |
sipat istikar istigna |
mungguh asmaning Allah |
karya ngalam sadayèku |
nora wajib nora mokal ||
92. Kewala mung wênang ugi |
mungguh Hyang Agung akarya |
ing alam kabèh marmane |
nama sugih Hu Tangala |
tan kêna kinaya-pa |
karya sampêt ing sawêgung |
pan ora ngalap manpangat ||
93. Beda lan makluk puniki |
yèn kasap ngalap manpangat |
sabab ngambong sariyahe |
ana dene ingkang sipat |
manjing maring istigna |
sawêlas wajib Hyang Agung |
sipat wujud kidam baka ||
94. Mukalapa lil kawadis |
wal kyamu binapsi-ika |
lan samak basar kalame |
samingan lawan basiran |
jangkêp mutakaliman |
pan sawêlas ingkang masuk |
marang ing sipat istigna ||
95. Nama Johar-awal nênggih |
apan kinarya pratandha |
kanyataaning Hyang Manon |
kalamun Allah kawasa |
pan ora ana ingkang |
kinarya dadi rumuhun |
pan namung Ênur Muhamad ||
96. Nyawa Rasul dènaranni |
gêdhong latip pasimpênan |
mung Allah kang murba dhewe |
animpêni ing asya-a |
kinèn sujud sakala |
johar awal nora sujud |
ngaku dadining priyangga ||
97. Johar-awal kinèn kardi |
ngalam kabèh nora bisa |
wus angrasa ing apêse |
nulya sujud johar-awal |

Jilid 6 - Kaca : 114

mring Allahu Tangala |
kaping lima sujudipun |
sasampunira mangkana ||

98. Kinarya dewa Hyang Widi |
ingkang roh lawan sarira |
wusnya balèg ing ruhyate |
kinarya mukki kabiban |
jumênêng Nabiyullah |
Muhamad Rasullolahu |
salalahu ngalèhisalam ||
99. Mulane yayi awajib |
kita punika asalat |
limang wêktu ing wajibe |
ya bènêr yèn ana ucap |
asalat karsa Allah |
[. . .] |
kafir ya karsaning Allah ||
100. bènêr dadi luput yayi |
sêbab durung wruhing kak kas |
kudusi Kadis imrate |
wangkote ing johar-awal |
têtêp pratandha êngam |
wêkasan nuli asujud |
marang ing kêlaratullah ||
101. Saèstu dalil kang akir |
kang dadya tulad utama |
kêrana johar-awale |
sawuse sujud Hyang Suksma |
ginanjar gya kinarya |
kabibu Rasullolahu |
nabi panutup wêkasan ||
102. Mangkono kang wus wruhing lid |
yayi sira wus ahli bab |
sabobote wanodya nom |
ing sapantaran tan ana |
èstri kang kaya sira |
kinalilan ambukak buk |
jilidan gêdhe wus palal ||
103. Tapsir Kur'an pan wus ramping |
jamanira wus utama |
nanging ta yayi dènwêroh |
walêr sangkêre agama |
tan kêna ginagampang |
yèn kaprècèt dadi lacut |
pêcat imane cat-catan ||
104. Kringga ganjaran donya kir |
yayi dènwaspadèng tekad |

Jilid 6 - Kaca : 115

- kang wajib lawan mokale |
mung kadasing Rasullolah |
kang wus rasèh muktamad |
minangka gagawaripun |
wajibbe Rasul titiga ||
105. Kang sidik amanat haglig |
yèku wajib sinantosan |
iya têtêlu mokale |
kang gidib kianat kitman |
kang iku sininggahan |
karana wong sugih ngèlmu |
upamane kayu gurda ||
106. Rubuh dening ani-ani |
wong kang wus kèh kawruhira |
apês dening têtakabure |
poma yayi dènkwangwang |
wajibing Rasullolah |
yèku têtalining ngèlmu |
kang rukuh aywa pepeka ||
107. Kang rayi sumungku ajrih |
nêmbah sarya ngraup pada |
alon mlas-asih ature |
mring raka angêmu waspa |
saking jrih sukurira |
inggih kawula pukulun |
saking barkah (n)Jêng paduka ||
108. Angsung ladhang ing ngarungsid |
angsung panggih ing ngaical |
lan asung gampiling ewoh |
pêtêng tyas amba ing mangkya |
sinung padhang nêrawang |
têtakabul amba ing wau |
dèrèng uning ing wêkasan ||
109. Ing mangkya tuwan minihi |
angoyod durakèng badan |
suruping mirat logate |
kang tartamtu ing kasidan |
ing mangkya tyas kawula |
rantas rêrêngkêding kawruh |
tan sumêlang ing watêsan ||
110. Amba tan nêdya miyarsi |
liyening wuwulang tuwan |
sanadyan dalil Kadise |
yèn dèrèng dados karsanta |
kalangkung jrih kawula |
sumanggèng karsa sakayun |
ngong kumambang ing wisesa ||

111. Angga kawula sadarmi |
ing donya praptèng ngakerat |
datan rumaos adarbe |
darmi kawula tumindak |
amba nut karsa tuwan |
datan sumêlang salugud |
punapa rèhing (n)Jêng tuwan ||

Jilid 6 - Kaca : 116

112. Kang raka ngandika aris |
ya yayi Alkamdulilah |
muga lulusa ikrare |
sinung ilham ing Hyang Suksma |
lan sarta kinuwatna |
yayi ibadahirèku |
lan têtêpe imanira ||

113. Kang rayi konjêm ngabêkti |
ing raka sukur ing Suksma |
alon matur ing kakunge |
inggih mugi nastijaba |
sabda tuwan ing amba |
kawula kalangkung nuwun |
narima amba ing tuwan ||

114. Yata ni cèthi Cênthini |
sadangunira miyarsa |
arêrasan bêndarane |
manahe nora nalimpang |
tinungge pangrungunya |
mèh tan pae lan sang ayu |
olih manpangat padhang tyas ||

115. Sèh Mongraga ngandika ris |
yayi iku cèthinira |
si Cênthini sasuwene |
tan lunga-lunga nèng dagan |
nora myat salawatan |
sira tan anuduh-nuduh |
bêtah angadhêp ing sira ||

116. Kang rayi matur ngabêkti |
pan inggih rumiyin mila |
pun Cênthini subrangtane |
ing ngèlmi kang kinarêman |
pan sampun tap-untapan |
lawan kawula puniku |
ngaos Kur'an miwah kitab ||

117. Wus tumindak ngaos Têpsir |
sakêdhik maksih kuciwa |
dèrèng parigêl murade |
myarsakkên paduka mulang |
mila punika anak |
pan mindhak sumêrêpipun |

kathah ingkang kacathêtan ||

118. Yèn mangkono iku yayi |
ing sabên sira ngong wulang |
konên angaji Têpsire |
manira kang angung murad |
marang sira supaya |
dhèwèke milu sumurup |
sasat sira kang wèh wulang ||
119. Kang rayi umatur inggih |
ngandika mring cèthinira |
lan Cênthini sira mangke |
kinarsan ngaji nèng ngarsa |
ya sira pira-pira |
pan katrima pandongamu |
antuk idayat winulang ||
120. Cênthini matur ngabêkti |
saking sajawining gubah |
inggih bêndara ing sihe |
kang dhumawah gêbal tuwan |
nugraha kinalilan |
kang abdi kalangkung nuwun |
punapamba walêsêna ||
121. Sih bêndara maring dasih |
tan sagêd amangsulêna |
sarwi anundha sêmbahe |
tan cinatur sadangunya |
yata kang anèng pêndhapa |
ingkang trêbangan gumuruh |
santri samyèmprak arahab ||

13 Ing pandhapi wanci bêdhug tiga sami bibaran. Jayèngraga mondhong bojonipun badhe karasuk kapambêng sawêg kèl, makatên ugi para sêliripun, dalah ronggèng Suratin ingkang badhe karabasa, sawêg sakit padharan. Wasana napsunipun dipun ladosi ronggèng Sênu.
Kaca 117 - 122

Jilid 6 - Kaca : 117

362 Asmaradana

122. Mangkana wus bangun akir |
bêdhug têlu dhêng wayahnya |
Jayèngwèsthi lon dêlinge |
payo sêdhênge bubaran |
sayah sêdalû pisan |
iku wus awal ing Subuh |
pra santri matur sandika ||
123. Sadaya wus samya pamit |
kang paman myang para lurah |
santri anggawa brêkate |
kang nonton wus samya bubar |
sadaya asowangan |

- salong kêdhik ingkang kantun |
lurah lèrèhan piyambak ||
124. Jayèngraga matur pamit |
ing raka wus kinalilan |
nulya kondur lan garwane |
Nikèn Rarasati sigra |
kinanthi astanira |
sêlir tri umiring pungkur |
lan parèstri rencangira ||
125. Dumugi wetan pêndhapi |
kang rayi nulya ingaras |
aras krêp kanan keringe |
kang rayi ngêsah anêngkah |
ambakna darbe karsa |
wontên wong sadonya ngumbuk |
andadak sadhengah-dhengah ||
126. Kang raka gumujêng angling |
nadyan wong sadonya wiyah |
ngrawati mataning kodhok |
kang rayi sigra ingêmban |
pan sarwi ingarasan |
rinungrum ing srênggara rum |
ririhi lir sabdèng brêmara ||
127. Mangrêngih manguswa sari |
Jèngwèsthi angling mring garwa |
dêlêngên adhimu kae |
lir wong katêmbèn anyaran |
matur Nikèn Turida |
dhasare radi kêbacut |
rinta lir wong tan kaopan ||
128. Jayèngsèsthi gumuyu ngling |
ugungên wae rinira |
brêkate wong anom mono |
wau kang rayi Jèngraga |
samarga priyêmbada |
dhuh wong ayu mirahingsun |
sangêt kangênku mring sira ||
129. Mêngko banjur wae yayi |
anendra ing karasikan |
kang rayi mopo ature |
kang garwa dinugèng driya |
mopone samudana |
mondhong liniyaning bau |
sarya ngisêp payudara ||
130. Praptèng palataranèki |
Jayèngraga astanira |
ragi angganjêl raose |
kang kèri nangga pondhongan |

astane ingkang kanan |
lon analusur lambung |
prênahe kêndhit pungkuran ||

131. Wus tetela yèn turanggi |
kagyat kang raka têtanya |
lo apa sira iki kèl |
angglong jaja kadhung ing tyas |
kang garwa lon turira |
jrih ing raka èsmu (ng)guyu |
inggih sawêg magut wulan ||

Jilid 6 - Kaca : 118

132. Kèndêl jumênêng pan mêksih |
kang rayi anèng ngêmbanan |
kang raka nauri alon |
maune duk Ngasar ora |
bêcak-bêcik kewala |
dèn-goroh wae sirèku |
sarwi ngaras payudara ||

133. Kang rayi rinêmih-rêmih |
dangune pinriyêmbada |
dadya gêgêtun galihe |
rasa-rasa yèn wurunga |
kulining asmara |
gêla galih lir kêtunu |
sêndhêt ature mring raka ||

134. Singgih wiwitipun mijil |
kala ngajêngkên asrakal |
mak prol tan nyana lamun kèl |
sontên tan ana karasa |
adat mawi antara |
kraos pègêl boyok lambung |
punika lajêng kewala ||

135. Kang raka nauri aris |
sarwi ngisêp wonga-wonga |
lah kêpriye mono kiye |
astane kering kang garwa |
rumangkul jangganira |
asta kanan kinèn ngakup |
anêkêm kagunganira ||

136. Kinêpêl-kêpêl pinidih |
sarwi ngêsês kalihira |
sarta mèt iriban ing wong |
Jèngraga sangêt dènyarsa |
kang garwa kagunturan |
samyak kadung kalhipun |
kapalang dening lambaran ||

137. Alon kondur ing wismèki |
ingêdhunakên kang garwa |

maksih kang asta têngêne |
kêkêt ing warastra maksa |
kang raka lon lingira |
senggane bok ngalang banjur |
aran wong mêkruh kewala ||

138. Kang garwa umatur ririh |
paduka marahi rêсах |
kados kirang dintên malih |
kang raka ngling sapuluha |
wong kaya mangkeneya |
kang raywa ngling de puniku |
si Giyah si Sikêm ana ||
139. Tiga pun Ragil anjêngil |
liyane wontên kewala |
rare prawan sadhengahe |
dèrèng pringkilên tanggungan |
senggane kinarsanan |
sun pêthèk mati (n)jêngkêrung |
sêmèntên niki mêmala ||
140. Sarwi gumujêng ningsêti |
pangênêtirèng warastra |
yèn ta pinêksa-a dene |
mring raka narah kewala |
wite wis wingi mula |
tyas wulangun mring sang bagus |
ature asamudana ||
141. Kang raka sangêt tyasnèki |
karsa rarasing wanita |
ambêngkayang guguthule |
kêncêng lir balêbês kalang |
tyas mupus lon lingira |
ya wis si Giyah wae wus |
kang garwa gumujêng turnya ||
142. Pun Giyah puniku wingi |
tingal kula mapag tanggal |
wikan punika kang roro |
pun Sikêm Ragil mênawa |
datan amapag tanggal |
kang raka solahe gupuh |
sarwi angaras kang garwa ||
143. Ya wis uculêna yayi |
sakêdhap arsa anggarap |
anumpu sêlirku roro |
kang garwa arasa-rasa |
kang asta yèn ucula |
ngêsês anguculkên gupuh |
sarwi cinênêng nêt-nêtan ||

Jilid 6 - Kaca : 119

144. Wus lukar dènnya nêkêmi |
 nulya mijil Jayèngraga |
 sêlire masih nèng ngèmpèr |
 Jayèngraga angandika |
 maring ro sêlirira |
 ro kinayuk jangganipun |
 binêkta mring gandhok wetan ||
145. Wus prapta ing tilam kanthil |
 Jèngraga ngling lah wuda-a |
 Sikêm matur lah kula kèl |
 kogêl galihe Jèngraga |
 boyoke ginêrayangan |
 ling duk kapan lèhmu masuh |
 matur winginipun siyang ||
146. Payo sira wae Ragil |
 age wuda-a sadhela |
 wus bêgjamu sira dhewe |
 Ragil nêmbah lon lingira |
 bëndara nuwun duka |
 kawulèwêd nggarap santun |
 Jèngraga atêbah jaja ||
147. Dadi kêjujur sun iki |
 èsmu muring-muring duka |
 kabèhane dilêlèngèng |
 (m)bok aja ajak-ajakan |
 agawe kêmlaratan |
 sarwi ginêrayang suku |
 lo dene ki dene ora ||
148. Matur sawêg sapuniki |
 hèn agoroh wae sira |
 mara êndi sun dèlênge |
 nulya nyunyunge ginagap |
 nyok asta kêtêlêsan |
 tinarik jingga kadulu |
 kipa-kipa gya tinoya ||
149. Ginuyu ing sêlir kalih |
 sarwi anuruhi asta |
 kang siji ngosoki bêrsèh |
 angling (ng)guyu-(ng)guyu duka |
 hèn kabèh kêna nglara |
 kêtèk oglèng padha buntut |
 sêlir loro thinothokan ||
150. Kêpadhil wong disêkait |
 lah ya uwis sira padha |
 ambungana bae sinèh |
 jumênêng sarwi angliga |
 agupuh sêlirira |
 samya nêkêm rêbut pucuk |

samya ngaras sêsengokan ||

151. Sengok-sengok gênti-gênti |
Jèngraga ngling lah wis aja |
suwe-suwe nèk mêcothot |
nulya lukar ing têtêman |
Jèngraga sigra mêdal |
nuduh punakawanipun |
loro Sêtu lan Kadiman ||
152. Hèh bocah loro dèn-aglis |
undangên si Sênu Surat |
yèn isih ana ing kulon |
gage kêbat lumayuwa |
yèn kulon nora nana |
jujulên ngomah dèn-gupuh |
Sêtu Kadiman lumajar ||
153. Kalintangan Jayèngragi |
midêr-midêr nèng pandhapa |
ambêdêdêng sasuwene |
kaku apêgêl tyasira |
anulya malbèng wisma |
andhodhog kori wis masuk |
nimbali mring garwanira ||
154. Sirèku apa wus guling |
matur sawêg arsa nendra |
layap-layap nulya kagèt |
de-enggal têtêmên paduka |
numpu roro sêlirnya |
kang raka ngling wong kêjujur |
yèn sira marahi beka ||
155. Mawi kula kados pundi |
ngling ambêkuh hih kêtula |
-tula padha buntu kabèh |
tan ana kang kuwarasan |
undangên kabèh padha |
nulya tinimbangan sampun |
sêlir têtiga gya mara ||
156. Jèngraga nudingi sarwi |
wira-wiri nèng jêrambah |
maksih nyêngkal dhodhogole |
garwa matur pagujêngan |
(ng)gêguyu mring kang raka |
inggih paduka puniku |
punapa mindhokkên têtak ||
157. Ngagêm cêngkal sêpêt aking |
kang raka gumujêng suka |
cêngkal iras nyêngkal bae |
ginaguyu kêlikikan |

Jilid 6 - Kaca : 120

mring garwa sêlirira |
Jèngraga marang (ng)gèn lungguh |
sarwi nyampinge liningkap ||

158. Byar ngalela anglênggirik |
kêsorot padhange pandam |
mêlêng-mêlêng amêncèrèt |
lir bathok gèbêgan kawak |
atêbêg titih antar |
sumringah lir cinèt wungu |
aluwung langkung samoa ||
159. Gèdhèg-gèdhèg para sêlir |
kêpengin akêcêmutan |
kang garwa nêntak guyune |
ambakna duwe tènaga |
ajodhèh tan sangkriban |
kidhung liringe sang ayu |
mrang pra sêlir kèlècêman ||
160. Jayèngraga ngandika ris |
mring garwa pra sêlirira |
ku ki anèh lan wong akèh |
yèn wus angot ambêngkayang |
tan bisa lêmês dhawak |
kudu-kudu nganggo mêtù |
yèn durung mêtù tan bisa ||
161. Sikêm angling bisik-bisik |
samyã gumuyu ampêdan |
Jèngraga mèsêm tanya lon |
kang sira gèguyu apa |
umatur kang liningan |
puniku pun Sikêm muwus |
sanjangipun nini Kêdah ||
162. Pajar duk masih nèmni |
bojonipun darbe karsa |
ni Kêdah kêtanggêlan kèl |
kang lanang kèdah amêksa |
ni Kêdah darbe akal |
darbèke kang lapang kinum |
ing toya mungkrèt lir lintah ||
163. Garwa gumujêng ngalikik |
layak mêngkrêta lir lintah |
katisên kamikêkêle |
sêlir Sikêm Ragil Giyah |
pan sarêng guyunira |
ting guligik Sikêm muwus |
senggane dèn-konokêna ||
164. Kinum ing banyu kang atis |
dimène mari (m)bêngkayang |

Jilid 6 - Kaca : 121

- Jayèngraga sru guyune |
 mara cobanên manawa |
 yèn kaya dongèngira |
 gya mundhut toya prapta wus |
 ing bokor nulya kinambang ||
165. Gimuyu kang para sêlir |
 sarwi anyawuki toya |
 samya (ng)guyang dhêdhogole |
 nglêgarang lir kutuk ngambang |
 Rarasatyarsa lunga |
 kang raka ngling aja mundur |
 ngarah apa tan ana lyan ||
166. Wurung mingsêr Rarasati |
 anggêgujêng mring kang raka |
 aningali ing karsane |
 têtanya hêh priye Giyah |
 apa bisa ngalêmprak |
 umatur sarwi gumuyu |
 punika sangsaya kiyal ||
167. Dèn-silêp-silêpkên warih |
 malah molah kalobakan |
 lir dêlêg anèng ganggênge |
 botên lêmês malah mangkas |
 ngantos anyêp kulitnya |
 pan inggih sangsaya mulur |
 mèh jujul bokor punika ||
168. Sadaya akirig-kirig |
 nggêgilani yèn sinawang |
 gila kêpengin manahe |
 karêmênên dènnya (ng)guyang |
 sêlirira têtiga |
 toya srêp dados ngêtipun |
 kêsumukan ing warastra ||
169. Wau ta sadangunèki |
 ingkang lagya carêmêdan |
 Kadiman prapta banène |
 sigra ngéntas Jayèngraga |
 jumênêng kètès toya |
 sadaya samya gumuyu |
 Jèngraga anulya mêdal ||
170. Panggih lan bagus Suratin |
 ngling (n)di si Sênu tan prapta |
 Kadiman umatur dèrèng |
 dhatêng sawêg katimbangan |
 ngandika lah enggala |
 kang kinèn sigra lumayu |
 gus Suratin tinimbangan ||

171. Anèng paningrat adhêmit |
 pasareyan kanthil rusban |
 têtib gêdhong anèng ngèmpèr |
 wus anèng jro pagêdhongan |
 bisik-bisik ngandika |
 Surat di-mrene wong bagus |
 sarwi kinèn anêkêma ||
172. Gus Suratin kinapithing |
 pipyalus ingarasan |
 pan linênggak-lênggakake |
 ginulingakên ing rusban |
 tansah pinriyêmbada |
 dadya rêp-arêpan mujung |
 lathinira cinêcêpan ||
173. Gus Surat sêndhêt tyasnèki |
 dhuh wong bagus mirah ingwang |
 paran sira jaluk anggèr |
 sesuk yèn mapag pangantyan |
 sore ing wayah Ngasar |
 pêrabot ing sadhêmênmu |
 sun kang paring mring ing sira ||
174. Sarwi ingungkurkên aris |
 wastra rinantan tinaman |
 ing warastra ling ature |
 ywa dangu-dangu kewala |
 kawula sawêg susah |
 Jèngraga aris awuwus |
 susah paran sira mirah ||
175. Sun kang nglêjarkên sirèki |
 ywa kongsi kusut cahyanta |
 owêl manisira radèn |
 sira matura pêsaja |
 kang dadi wot tyasira |
 gus Suratin aturipun |
 sakit padharan kawula ||
176. Mulês sadintên tan mari |
 pan botên kèndêl wawratan |
 mila ywa dangu kemawon |
 yèn kenging nyuwun apura |
 maklum dalêm kewala |
 manawi têmahan saru |
 kawula jrih ing paduka ||
177. Jèngraga osiking galih |
 iki wong katula-tula |
 prasasat mapag tanggale |
 karsane iya jêg nora |
 kapriye kiyè mana |
 nulya banène si Sêtu |

Jilid 6 - Kaca : 122

kang nimbali Sênu prapta ||

178. Ngandika mring gus Suratin |
turona wae ywa lunga |
mijil lampahira alon |
panggih lan Sênu wuwusnya |
kêsuwèn têmên sira |
sarwi nothok bathukipun |
dèn age sira mreneya ||
179. Wus prapta ing rusban kanthil |
ing karsa raga kasêsa |
cinêcêp lathi pipine |
gênti ing pangarasira |
jinèjèr lan gus Surat |
Sênu pinungkurkên wau |
mungkur kumurêp pasangnya ||
180. Lumah kurêp wus miranti |
winingkis wastra wus silak |
tumanduk sêg warastrane |
dèn-ongkongkên angganira |
mrih dhanganing pamapan |
anglêmpêt wangkong jinunjung |
mongkrong mrih tadhah pagutan ||
181. Anyênthing lir gêmak laki |
wus anjathok ing cathokan |
pinadal nêt pandédêle |
maksih kabunton rêkasa |
solahe lir kèkèyan |
brêbêt mêtênêng nulyanglud |
mak hêk andhêngkèng sêsambat ||

14 Wêkdal Subuh ing Wanamarta sakalangkung rame, adan sêsauran binarung ungêling pêksi tuwin iwèn lan lare alit sinau ngaos. Bakda Subuh ing Jayèngragan rame tiyang nyambut damêl warni-warni badhe ngadani ngundhuh pêngantèn. Ing pandhapi katabuh gamêlan Alun-jaladri sakêlangkung ulêm nganyut-anyut swantênipun. Nanging ila-ilanipun gamêlan wau bilih kaangge mahargya palakrami, pêngantênipun ing wêkasan pègat-mati Jayèngraga ngundhuh pêngantèn, sadaya mangangge anèh-anèh anggumujêngakên.
Rawuhing pangantèn laju dhatêng ing pajangan, lajêng dhahar kêmbul. Dalunipun sabibaripun salat sêsarêngan kawontênakên pahargyan.
Kaca 122 - 164

Jilid 6 - Kaca : 123

362 Asmaradana

182. Adhuh pêjah kula mangkin |
alon kewala bêndara |
kalangkung sangêt sakite |
mrêkinting kadya pêcaha |
sabêne tan kadyeka |
Jèngraga ngling wong kêsusu |

lara thithik ngarah apa ||

183. Ginêlak panrêggirèki |
pantog pok Sênu anggronjal |
lir dènogak warastrane |
dhasar wus suwe (m)bêngkayang |
amêlak siningsêtan |
anggadêdêr dhasar kojur |
kumêsar thêr akêjotan ||
184. Wus tungtas rasaning gati |
warastra tan bisa obah |
kasingsêtan ing pangadon |
tinarik lukar tan kêna |
maksih kêkah nèng papan |
Jèngraga ngling lah wis Sêtu |
aja kok kêncêngi lara ||
185. Tinarik mêksa ngêncêngi |
ginuyu mring kalihira |
sarwi matur (ng)gih kajênge |
anjjiyat sapindhah edhang |
kawula malês mêksa |
mila tan asuka mêtù |
têgêse kenging awisan ||
186. Lir wong mampir (n)jaluk gambir |
dene kalangkung sakêdhap |
botên sêmantên sabêne |
angling wong wis suwe mangkas |
mulane gêgêlisan |
ya sesuk wae sirèku |
sun-jêthot sadina pisan ||
187. Dangu prênèsan Jèngragi |
miyarsa kêluruk ayam |
sarta bêdhug têlu Suboh |
pra santri kang samya adan |
kidul lor kulon wetan |
Jayèngraga tyas kêsusu |
dènnya pèpèt wus luwaran ||
188. Sigra mring patirtan wong tri |
jinabat nawètu huslah |
minaljinabat ashare |
parlan lilahi tangala |
alahu akbar niyat |
ngilangkên kadas kang agung |
karana wênang asalat ||
189. Parlu pakoning Hyang Widi |
dènnya siram gêgêlakan |
kinalalar lare roro |
wus suci dènnya jinabat |
amundhut nyamping sigra |

wus busana ngambil wulu |
wong titiga ruruncungan ||

Jilid 6 - Kaca : 124

363 Pocung

1. Surat Sênu anèng tajug adan Subuh |
swarane araras |
lagon Bantênan gumrining |
asalatu kèrun min arum ngêmandhang ||
2. Sawusipun adan gya sunat sadarum |
pra santri kang salat |
wong tuwa myang santri cilik |
Jèngraga wus sunat anêthêkkên kamat ||
3. Gya kamat wus Jayèngraga ngangkat prêlu |
usali parêlas |
Subêki rêkangatèni |
ada-an ima-man lillahi tangala ||
4. Gya Allahu akbar kabiran alkamdu |
-lilahi kasiran |
wa subkanalah bukratin |
wa asilan nulya amaca Patekah ||
5. Sampunipun Patekah ing suratipun |
pan Inna anjalna |
sawusing Patekah akir |
apan surat Watini wêwacanira ||
6. Nulya rukuk iktidal andonga Kunut |
asujud ro tahyat |
sarta sumaminah têtib |
nulya salam bakda gya puji-pujiyan ||
7. Swara barung rêmpêg nganyut-anyut arum |
sabawaning desa |
kang barungan kang sarênti |
ingkang lagya dhikir myang wus sêlawatan ||
8. Wênèh kang wus ngaji turutan gumrumung |
anulya gya adan |
sabawane desarja-di |
wor krêngkèting pipikul sami pêpasar ||
9. Wêktu Subuh wong sadesa tanginipun |
samyã nambut-karya |
malah bangun kèh kang tangi |
olah ratèngan wênèh mangkat pêpasar ||
10. Kang (ng)galêpung ting gêrandhung myang kang nglêmbur |
pandhe gèndhing sayang |
tan sêpên raina wengi |
amêwahi sênênging desa raharja ||

11. Têka sêmu yèn Subuh kwèh swaranipun |
 bangun bang-bang wetan |
 barung ingon-ingon muni |
 jaran kêbo sapi bèbèk miwah ayam ||
12. Mrak manguwuh nyangungung prêkutut manggung |
 myang putêr bênggala |
 sikatan munya cing-go-ling |
 anèng kaywan kolik munya aklirikan ||
13. Pêksi tuhu nèng gurda anggantêr asru |
 cocak kêkroyokan |
 kuthilang imbal kudhasih |
 bèthèt jalak sauran menco kêpodhang ||
14. Swara umyung unine pêksi ambarung |
 swaraning pujiyan |
 kang pêksi lir angrakêti |
 kang amuji myang kadya tutuku jajan ||
15. Rare gumrah pangajine anèng tajug |
 gladhag kang angeja |
 alip jabar a jèrè i |
 a bêse u ana kang ngaji turutan ||
16. Kul ya-ayu halkapirun la akbudu |
 -na ma tak buduna |
 wa la atum ngabiduni |
 ma akbud wa la ana ngabidun ma nga ||
17. -batum wa la antum abidun ma akbud |
 lakum dinukum wa |
 -liya dini apan nênggih |
 kap lam pès kul ya jabar ya lip jabar a ||
18. Ya pèse yu lapalira kul ya ayu |
 ehe lam jabar ha |
 kap jabar kape jère pi |
 re pèse ru nun jabar na lam jabar la ||
19. Lip ngin jabar be bêse bru dal bêse du |
 ênun jabar êna |
 nulya ginêladhag ngaji |
 lapal halkapiruna la akbuduna ||
20. Min jabar ma tengin jabar ta be bêse bru |
 dal pès du nun jabar na |
 ma takbuduna lan malih |
 angejah wau jabar wa lam jabar la ||
21. Alip ênun jabar a te min pès tum |
 wa la antum nulya |
 ngin jabar nga be jèrè bi |

dal pèse du nun jabar na lip ngin jabar ||

Jilid 6 - Kaca : 126

22. Be pèse bu dal pèse du wa la antum |
ngabiduna ma ak |
-but wawu jabar wa nênggih |
lam jabar a lip jabar a nun jabar na ||
23. Ngin jabar nga bê jèrè bi dal pèse du |
lapal wa la ana |
ngabidun kêlawan malih |
min jabar ma ngin jabar nga be jabar ba ||
24. Te mim pès tum lapalira ma ngabatum |
gya wau jabar wa |
lam jabar la lawan alip |
nun jabar an te mim pèse tum anulya ||
25. Ngin jabar nga be jèrè bi dal pèse du |
lawan nun jabar na |
mim jabar ma alip a'in |
jabar ak be pèse bu dal pèse du-nya ||
26. Wa la antum ngabiduna ma akabud |
lam jabar la êkap |
mim pèse kum dal jèrè di |
nun pèse nu kap mim pèse kum anulya ||
27. Wau jabar wa lam jèrè li puniku |
lawan ya jabar ya |
dal jèrè di nun jèrè ni |
la kum dinukum wa liyadini tamat ||
28. Yata wau Jayèngraga wusnya Subuh |
nimbali (m)bannira |
Kartiraga praptèng ngarsi |
Jèngraga ngling hèh ya bapa Kartiraga ||
29. Rèrèhamu wong magêrsari sêdarum |
myang wong padhukuhan |
sarupane jalu èstri |
pan kêrigên kabèh kon tumandang karya ||
30. Pasang tarub lan mragata mesa lêmbu |
wêdhus bèbèk ayam |
dadakan sadina iki |
rah-arahên sor Ngasar pêngantyan prapta ||
31. Wusa rampung samêngko bapa dèncakup |
Ki (m)ban Kartiraga |
umatur mring Jayèngragi |
inggih sampun kula artini sêdaya ||
32. Tiyang dhusun taksih dèrèng wontên mantuk |
lamun wontên karsa |

ingkang dadakan kadyèki |
sampun kantos dados timbalan abdinta ||

Jilid 6 - Kaca : 127

33. Bapa ya wus trapa karya mumpung esuk |
aywa kèlayatan |
ki (m)ban sandika turnèki |
nulya mundur sing ngarsa sigra parentah ||
34. Tan adangu rèrèhanira kumêrut |
wus prapta sêdaya |
kantun anrapakên sami |
cagak palang pring tarub blarak pinasang ||
35. Kusung-kusung kang masang tuwuhan têbu |
rêjuna lan pisang |
raja lawan cêngkir gadhing |
Jèngraga ngling mring Madasra Amaddiman ||
36. Ya sirèku wong roro dene karyamu |
sakèh pêpragatan |
rampung dening sirèki |
kêbo sapi wêdhus miwah bèbèk ayam ||
37. Inggang sinung wuwus sandika turipun |
nulya malih nabda |
mring Nuripin Jalalodin |
kinèn karya kêmban-mayang sakêmbaran ||
38. Lan sirèku Crêmasana lan kancamu |
mêngko sore padha |
yèn mapag pêngantèn prapti |
panganggomu kabèh padha bagorana ||
39. Lah wis gupuh prentaha mring anak putu |
kabèh padhalangan |
kang liningan nêmbah amit |
Jayèngraga ngandika mring para lurah ||
40. Hèh gus Dawud pêpêkên rèrèhanamu |
mêngko bakda Ngasar |
mapan sêlawatan dhikir |
trêbang têlu bae kang padha arahab ||
41. Matur nuwun sandika ingkang tinuduh |
sigra Jayèngraga |
kondur mring dalêmirèki |
ngandika mring garwa Rarasati sigra ||
42. Paran uwus nuduh batur kèn têtuku |
apa kang tan ana |
mupung pasar dhewe Paing |
Nikèn Rarasati umatur sandika ||

43. Dèrèng nuduh kawula ngéntosi dhawuh |
kang raka lingira |
iya mupung esuk yayi |
biyung Cerong bae konên mênayang pasar ||
44. Dhuwit wolung reyal kaya iku cukup |
ngur para kuranga |
mêngko gampang amuwuhi |
wong wus sarwa ana mung ukur panganan ||
45. Lawan bumbu myang sajèn-sajèn puniku |
yèki wruhanira |
amantu midadarèni |
wus bêgjane ipemu (m)bok Tambangraras ||
46. Karsanipun ramanta (n)Jêng Kyai nêngguh |
sawising nèng sira |
kakangira Sèh Mongragi |
ing sadina sawêngi sorene paman ||
47. Gilir ulur para paman ngundhuh mantu |
nulya mring Kauman |
man Pangulu Basarodin |
nuwun ngundhuh mantu mring sang pinangantyan ||
48. Alon matur sandika kang rayi gupuh |
nudah mring (m)bok inya |
hèh biyung Cerong dènaglis |
lah mênayang pasar Paing tutukuwa ||
49. Gula bumbu pêpanganan sadayèku |
apa kang tan ana |
mangsa bodhoa sirèki |
picis wolung reyal iki amboronga ||
50. Lah wis biyung umangkata mupung esuk |
Ni Cerong gya mentar |
mring pasar lan pêngantih tri |
wus dinuga amborong warnining pasar ||
51. Tan adangu Ni Cerong dènnya têtuku |
wus tan kaliwatan |
myang kang mikul wus miranti |
mulih ngirit ting karêngkèt buruh rolas ||
52. Praptèng ngayun wus tiniti tukonipun |
Nikèn Rarasatya |
ngandika marang kang bibi |
lah inggih punika bibi Kulawirya ||
53. Kula sampun pasrah mring bibi sêdarum |
kang dadiya kulmak |
mandhegani nambut-kardi |

Jilid 6 - Kaca : 128

rampungipun ing sêkul ulam panganan ||

54. Saliripun kalêthêk pawon puniku |
kula wus pitaya |
dhatêng pun bibi kêkalih |
Nyai Kulawirya nauri sa-Allah ||
55. Nulya mundur ni Kulawirya nèm sêpuh |
Jèngraga ngandika |
marang padêkan pawèstri |
malêbuwa undangên si Nini Daya ||
56. Kang ingutus tan antara nuli rawuh |
sira Nyai Daya |
Jayèngraga ngandika ris |
lah Ni Daya andika rèh wayah-(n)dika ||
57. Rakitipun ing pêpajangan puniku |
inggi kang prayoga |
nini pasang ing tilam mrik |
Nyai Daya nauri inggi putu-mas ||
58. Pênêdipun ngèmpêr sakêdhik tilam rum |
pasang rakitira |
ing dalêm agêng ingirib |
tilaming sang pinangantyan sarwa seta ||
59. Alon muwus Jèngraga inggi puniku |
nini aprayoga |
sawiji (ng)gyan sarwa putih |
rekanipun mangsa borong Nini Daya ||
60. Malih muwus mring garwa yayi sirèku |
lah uwus dènenggal |
mupung esuk dènagêlis |
tur sêndika kang rayi nulya mêmajang ||
61. Sigra mêtu mring jawi pëndhapa lungguh |
ing lante dêmangan |
nyamping lurik Bugis langking |
apaningsêt jingga sèrèt ijo dhulang ||
62. Sarwi kalung srêbèt putih gênis alus |
pa-asatan rema |
rema kêbês mêngtas gunting |
adhêsthar kumbaya cathokan kusta bang ||
63. Waja jamus anglaring kombang agêmpung |
kumbala kêtogan |
lèmèt têtèn lir minangsi |
aliyangan èpèk têtombalo gêbêgan ||
64. Sêliripun satunggal angampil dhuwung |
anèng keringira |

Jilid 6 - Kaca : 129

- lan rare parawan sunthi |
ngampil lopak-lopak lawan pakêcohan ||
65. Linting alus nipah sata dhèdhès arum |
sira Jayèngraga |
tinêrap pra magêrsari |
miwar para lurah santri nambut-karya ||
66. Pan gumuruh swaraning pawon kumrusuk |
rinayap ing kathah |
sarèrèhane pribadi |
desa Magêrsari santri padhalangan ||
67. Kang nèng ngayun Kulawirya lan pra sêpuh |
Sêmbagi Jumêna |
myang sudagar magêrsari |
samy damêl sajèn sapit abing rêmpah ||
68. Ingkang mupuh ulam sawênèh amarut |
ngoncèki bêrambang |
bumbu sate age arih |
Jayèngraga pinarak sarwi gambangan ||
69. Nadyan nuduh ing karya sakaliripun |
sinambi anggambang |
gêtêr galêbêg kur jawil |
Kulawirya ngêndhangi cangkêm dhêng-dhungan ||
70. Ngandika rum Jèngraga sarwi gumuyu |
Crêmasana sigra |
mundhuta rêbab lan suling |
gêndèr kêndhang payo gagadhon lirikan ||
71. Kang tinuduh tan adangu prapta ngayun |
Ganda Widiguna |
Widilêksana tan kari |
Tunjangkara sampun samêktèng sadaya ||
72. Lingira rum kêndhangmu aturna gupuh |
mring man Kulawirya |
nulya ingaturkên aglis |
angling malih lah Crêmasana ngrêbaba ||
73. Gêndèr iku Gandasana kang anabuh |
si Tunjang nyulinga |
Widiguna kang nyuluki |
wis sênggrèngên rêbabmu pathêt manyura ||
74. Yèn sêndhon wus tutug banjur Kuwung-kuwung |
Crêmasana sigra |
rêbab tinênthêng nêmnèki |
gêndèr suling gambang tinabuh nêmira ||

Jilid 6 - Kaca : 130

75. Wus pikantuk nyamlêng sênêng grèngèk arum |
 gya mamèt manyura |
 tutupan gêtêr amiwil |
 ngulêr kèkèt panuduhe ngêmbat kawat ||
76. Cumênthong puk angatonggèng masang antup |
 jariji pat ganggang |
 lir sikile lalêr kêsit |
 driji manis jênthik ting cêngkênuh rikat ||
77. Anglir sunguting kupu angingsêp madu |
 kosokane lamba |
 muput sègêgan lêstari |
 walikane rangkêp ngêcêk rikat rata ||
78. Pacakipun amanjing antêng tumungkul |
 dene Gandasana |
 anggêndèr grênêngan ririh |
 angathimil kumrining srênge nyalupak ||
79. Ngênuk-ênuk bêbêngkakane ulêm-puk |
 cengkoke clêmpungan |
 pancêr sandhungan mincati |
 angipinjal jêjêl nyêlani irama ||
80. Pacakipun lir Unêngan sêmunipun |
 Tunjangkara dènnya |
 anyuling bêning cumlêring |
 anyaririt tulupane atilêpan ||
81. Ngêlong tutup papelon aliyu-liyu |
 Jèngraga anggambang |
 nêrithil asta kumitir |
 tan sulaya kiwa têngêne arikat ||
82. Kumalunthung narêthêg gêtêr glêbêg thur |
 pacake wiraga |
 aladak ang-Gunungsari |
 Widiguna suluk ngêliking manyura ||
83. Nganyut-anyut loyop pantês suluk bangun |
 sakèh kang miyarsa |
 sadaya karênan dening |
 Jayèngraga dènnya sasêndhon araras ||
84. Sawusipun tutug liyu-liyunipun |
 pathêt Sarayuda |
 sabêman gong nulya wiwit |
 gêndhing Kuwung-kuwung munya rum araras ||
85. Kêndhangipun ajêg jêjêg lamba kukuh |
 ulêt wilêt samya |
 rêbut yatmakaning gêndhing |

Jilid 6 - Kaca : 131

- apan dangu dènnya ngês-ngês cengkokira ||
86. Gêndhingipun niba kêndhange angguguk |
kipat akosèkan |
bêm sêbah kêmpyang nêlampit |
ambiyantu tan sulaya wilêtira ||
87. Wusnya dangu nêsêg tan antara suwuk |
sigra Jayèngraga |
ngasta rêbab pathêt ngêlik |
ngik-ingiking tutup kosoke rangkêpan ||
88. Tutup bêsus kosok rangkêp rikat alus |
eram kang amulat |
sêmbada lan kang nyuluki |
pan katongton Jèngraga kamuktènira ||
89. Ngandika rum mring rarèstri kinèn mundhut |
sêrat Bratayuda |
kawi kang kinèn gya prapti |
Jayèngraga sèlèh rêbab mundhut sêrat ||
90. Pan anuju kang winiyak pupuhipun |
kang sêkar Sardula |
Wikidhriya dènwiwiti |
swara manis arum mêmbat wuluh rêmak ||
91. Ngadan talu mangsah manêngah tinêngguh |
pêjah ning sura ka |
kalih pisan lajêngnèki |
yeka tandyangambah gunung saha bala ||
92. Ngambah têkèng sohini yeka sru nêngguh |
rata Nata Salya |
pinanah lajêngirèki |
mwang Wirayodha pêjah tanbismèng sira ||
93. Matya Karwa Krêtawarma lajêngipun |
panmakarwanrata |
mung sapada ngandika ris |
Widiguna iki sira apalêna ||
94. (ng)Gonnên suluk ada-ada grêgêt-saut |
iku dalil dhalang |
layang Bratayuda kawi |
nadyan padha kawi aja layang jarwa ||
95. Kurang mungguh tetela yèn dhalang dhusun |
sanadyan dhusunna |
yèn olèh yudanagari |
dadi nyata sambada komuk ing dhalang ||
96. Dhalang iku pat prakara kudu gambuh |
dhihin jêjanturan |

Jilid 6 - Kaca : 132

- kapindho gêndhing kêkawin |
ping tri (m)banyol kaping pate sêsabêtan ||
97. Yèku kang wus pralêbda nyênyêt atutug |
Widiguna turnya |
mugi angsala pangidin |
sawab bêrkah ing wuwulang (n)Jêng paduka ||
98. Inggih nuwun bêndara kawula sinung |
wulang mrih pralêbda |
Kulawirya ngêndika ris |
iku priye lakune Sardula pira ||
99. Ingong durung pati omah kawi iku |
namung uran-uran |
daya kèha sapada thil |
lamun maca nèng layang lumpuh kewala ||
100. Naur wuwus Jèngraga inggih puniku |
lampahe kang sêkar |
Sardula wilangannèki |
lampahipun sapada lingsa sangalas ||
101. Angkatipun nênmêm ping ro nuli pitu |
gunggung sapadanya |
pitungdasa gangsal nênggih |
ukaranya kang nênm ngangkat rong aksara ||
102. Ingkang pitu ukaranya mangkat têlu |
kêdah wiwicalan |
angkating pada lingsèki |
lamun gangsal dipunangkati satunggal ||
103. De yèn wolu pan sêkawan angkatipun |
sênadyan kang sêkar |
kidung macapat tan pahi |
inggih sami yèn angkating wiwicalan ||
104. Manthuk-manthuk Kulawirya dèrèng surup |
ah manira wêgah |
nora têtlatèn nitèni |
payo padha klênèngan bae kapenak ||
105. Nanging iku ana kojahe kang muwus |
yèn wong kalênèngan |
nganggo kèndhang tan dèn-gongi |
rada ora ilok ingaran kêmannga ||
106. Bêcikipun nganggo gong ywa sêru-sêru |
lirihan kewala |
Jayèngraga mèsêm angling |
apa nyata Widiguna mangonoa ||

Jilid 6 - Kaca : 133

107. Alon matur lèrès pangandikanipun |
 paman jêngandika |
 sami lan pituturnèki |
 jênatipun gèbal sampeyan pun bapa ||
108. Jênatipun kakang myang kang sêpuh-sêpuh |
 mastani kêмага |
 mawi kên nhang tan dèn-gongi |
 tan amawi êgong sampun mawi kên nhang ||
109. Lingira rum yèn mangkono yèngsun mèlu |
 dhadhagane ala |
 lire kêмага tan bêcik |
 lah ya mara (n)jumuka gong pêwayangan ||
110. Kang tinuduh mundhut gong kênong prapta wus |
 nuli Jayèngraga |
 angrêbab langkung rêspati |
 asêsêndhon sinulukan pathêt sanga ||
111. Wusnya nutug sêndhon lih-ulihanipun |
 apan lajêng buka |
 gêndhing sanga Gambirsawit |
 ingêgongan lêga tyase samya suka ||
112. Kabèh baut padha rasane nê nabuh |
 rêrêming irama |
 adu wilêt ing malatsih |
 ukur jawil sajêjanturaning dhalang ||
113. Langkung runtut rasaning gêndhing pakantuk |
 dadya ngantak-antak |
 dangu dènnira anggêndhing |
 tan antara anêsêg gêndhinge mungguh ||
114. Tan adangu saya gulêt wilêtipun |
 rêbut ngês kêsaman |
 nabuhe samya birai |
 rahab berak rasa-rasa yèn uwisa ||
115. Sêsêgipun ngandhêlong anulya suwuk |
 nulya sêsêndhonan |
 rêbab lajêng ngêcèk ngêlik |
 suluk suling gambang gêndèr abarungan ||
116. Nganyut arum nutuk lih-ulihanipun |
 pathêt Sarayuda |
 sabêman gong Wissirèki |
 Kulawiry a ambêkuh gumuyu latah ||
117. Sarwi muwus iya talah wong nê nabuh |
 lamun kabênêran |
 dhasar gêndhing Gambirsawit |

Jilid 6 - Kaca : 134

panabuhe kur (n)jawil padha karasa ||

118. Ngêtog kayun raosing gêndhing anganyut |
anyênnyêt tan liyan |
cipta saliyaning gêndhing |
Widiguna ambèthêr ngilêr lêt-lêran ||
119. Apikantuk mathênguk tan ana ngantuk |
beda yèn sêmbahyang |
Jumungah watuke (ng)gigil |
nganti bakda isih cakra ambranahan ||
120. Gêr ginuyu niyaga myang santri (ng)guyu |
matur Widiguna |
kirang priksa ingkang mawi |
lamun salat ting klêkêr gondhang kawula ||
121. Kêdah watuk anggigil cêgukan hak-huk |
gatêl irungkula |
ting gêriming kêdah wahing |
kadhang sarêng ngêntut watuk wahing samya ||
122. Sangsaya sru kang gumuyu sadayèku |
Jèngraga asuka |
gumujêng pan sarwi angling |
(ng)gih lêtês paman pun cêblung Widiguna ||
123. Pancèn kupur tan pinulung salatipun |
jaga pakan nraka |
Widiguna matur aris |
inggih mung sok larisa kewala nrima ||
124. Lon amuwus Jayèngraga nulya nuduh |
mring parêkanira |
kinèn mundhut layang Panji |
kang liningan sigra mundhut praptèng ngarsa ||
125. Wusnya katur kang sêrat winiyak gupuh |
wau kinêbêtan |
kang pangguh pupuhirèki |
sêkar Mijil nuju Panji Wangsèngsêkar ||
126. Kalanipun andêmon mring taman mong kung |
nulya pupuh ngarsa |
sêkar Sinom dènkêrsani |
maos cengkok Sinom pangrawit araras ||
127. Swara muluk gêtas rênyah manis arum |
alêpas napas tyas |
wiwiting pada puniki |
ungêlipun ingkang kagagas ing driya ||
128. lajêng sarone kagunganing ki Salu |
datan ana bisa |

Jilid 6 - Kaca : 135

- matut amung Jayèngsari |
lajêng kang bisa matut gêndhinging gambang ||
129. Lajêngipun ngajêng ing salukatipun |
nulya kadyèng kuna |
mila karaosing galih |
pan dènangên-angên ing latri mangkana ||
130. Lon gumuyu Kulawirya sarwi muwus |
ya talah anakmas |
wus palale sarwi bêcik |
maca ngaji anggêndhing anunggang jaran ||
131. Sarwa luhung ngêpènginakên sadarum |
kadèk pra bènthètan |
gumriwis padha ngunggahi |
prawan lanjar randha ronggèng kèh kedanan ||
132. Dhasar bagus asugih putraning guru |
wasis ing kabisan |
ana kédanan yèn ngaji |
kang kédanan maca kédanan yèn têgar ||
133. Èsmu (ng)guyu Jèngraga lingira arum |
sampeyan punika |
(n)dadak ngumpak-umpak ati |
nauri satêmêne bae kithinga ||
134. Tutug sikut nora (ng)gunggung dhasar lugu |
mara Widiguna |
kabèh kowe kono sami |
bokmanawa ngong dènaranni angompak ||
135. Samya matur nun inggih sayêktosipun |
Crêmasana turnya |
inggih pun Widiguna sring |
anggêgobra ngakên dados palawangan ||
136. Ngipuk-ipuk sring angsal pawèwèhipun |
nyagak padintênan |
wat-awat kinèn nimbali |
malèbèng jro kinèn lumampah piyambak ||
137. Prèstri masuk duka dalêm lajêngipun |
gumujêng Jèngraga |
sarya ngling wis kênèng baring |
kadèkne wong sring prapta matur sunundang ||
138. Kewuhan sumaur sun durung sumurup |
Jawane di Guna |
kang nêkakake bagêjil |
wis kandhuan akale si Widiguna ||

Jilid 6 - Kaca : 136

139. Ki Widiguna grênêng-grênêng amuwus |
marang Crêmasana |
bisa ngalakkên wong bêcik |
ya dandanan bot-bote wong kêtagihan ||
140. Yèn ta kudhung bêndara sapa sing (ng)gugu |
Crêmasana ngucap |
lah ya yèn nuju wong bêcik |
yèn kêtanggor wong ala bilai sira ||
141. Lamun iku wong landhêp gathêk sêk ampuh |
singa kêlakona |
bêndara gêrah dènèstri |
pêsthi mêngko irungmu ngong-opèli plas ||
142. Widi (n)jumbul hih nora jamak wong iku |
têka panastènan |
padune tan ngong-ujuri |
muring-muring andadak olèh dhadhakan ||
143. Sadaya sru gumuyu kang sami ngrungu |
myat ki Widiguna |
ulate malorok wêdi |
Jayèngraga Kulawirya latah-latah ||
144. Gar-gêr umyung kang kinarsan anèng ngayun |
Jèngraga ris nabda |
paman puniku supami |
natap gangsa pelog siyange kewala ||
145. Kang paman gumujêng ngling amanthuk-manthuk |
arêmbug manira |
ngarah apa wong wis lungse |
ya (ng)ko Asar bae suwuking gamêlan ||
146. Payo gupuh Widiguna sakancamu |
ngusunga gamêlan |
pelog si Alun-jaladri |
pêparinge ki dipati Wanasaba ||
147. Jare iku brêkatan bêtuwahipun |
ing eyange swarga |
têdhak dalêm pra bupati |
ing Bintara gangsa saking Giripura ||
148. Inggih tuhu nanging ingkang maksih lugu |
bonang kênonng gangsa |
inggih pun Alun-jaladri |
ricikipun pêpak anèng Wirasaba ||
149. Wartinipun kangmas dipati kadyèku |
kala duk kang eyang |
kang ngwasani riciknèki |
ki dipati nimbali gêndhing Jêpara ||

150. Tunggilipun kang wontên kangmas puniku |
 slendro pun Samodra |
 bonang kêndhang gong satunggil |
 asring pêcah botên kenging rinakitan ||
151. Milanipun gong dhudha salaminipun |
 sarêng dènnya yasa |
 ricikan Alun-jaladri |
 anauri ya wus mawane bintuwah ||
152. Lah dèn-gupuh niyaga lèhmu angusung |
 dènrihir kewala |
 ywa gumluwèh kumawani |
 kang liningan matur sandika gya mentar ||
153. Tan adangu kang sung gangsane prapta wus |
 tata nêng pandhapa |
 sarta sajèn myang dupa mrik |
 wus samêkta niyaga pêpak sadaya ||
154. Lingira rum sarwi mundhut kêndhangipun |
 lah mara lèkasa |
 gêndhing lima bonang dhingin |
 ya pangrawit kang liningan tur sandika ||
155. Kang paman wus mapan anabuh kédêmung |
 Jayèngraga ngrêbab |
 Widiguna kang ngêndhangi |
 Crêmasana kang (m)bonang pênêrusira ||
156. Jam sêpuluh dènnira anatapalu |
 cumêngkling bonangnya |
 ricik barung nabuh sami |
 ing limane pan sumêntèg bême kêndhang ||
157. Pan jumêgur andule bisa gumuyu |
 wadone angombak |
 banyu sringe lwih mawingit |
 ingkang myarsa kagyat tyasira naratab ||
158. Sinru arum angèbêki ing sadhusun |
 lir natab priyanga |
 pêngrasane jogannèki |
 prabawane Alun-jaladri yèn munya ||
159. Kang angrungu tan pangling suwaranipun |
 tan ana mêmada |
 unine Alun-jaladri |
 samya berag anggugah manah gambira ||
160. Ngantuk-antuk rarasira manis arum |
 Ki Bayi Panurta |
 kagyat atêtanya aris |

161. Garwa matur pan inggih ing swaranipun |
botên wontên liyan |
gangsa kadya Lun-jêladri |
pan prênahe lèrês wismane Jèngraga ||
162. Sigra wau ki Bayi nimbali gupuh |
mring Luci gya prapta |
hèh Luci priksanên aglis |
mring si Jayèngwèsthi dhisik takokêna ||
163. Dhine iku têka wani-wani nabuh |
apa wis kalilan |
mring kangmase Amongragi |
lamun ora sêbabe wani anatab ||
164. Kang tinuduh santri Luci sigra mêtu |
praptèng wismanira |
Jayèngwèsthi santri Luci |
matur kawula ingutus (n)jêng ramanta ||
165. Kinèn matur mring paduka milanipun |
rinta Jayèngraga |
natab pelog Lun-jaladri |
punapa wus kinalilan ing rakanta ||
166. Yèn ta lamun dèrèng wontên karsanipun |
rama jèngandika |
wontên dukane sakêdhik |
(n)jêng paduka kinèn mariksa rayinta ||
167. Ngandika rum hèh Luci ngong tan sumurup |
pandugèngsun nora |
dènlilani Sèh Mongragi |
pèsthi karêpe dhewe nabuh gamêlan ||
168. Ya sirèku banjura bae sunutus |
pan mundhak prayoga |
sunkongkon sarta (n)Jêng Kyai |
pêngarêpe yèn sun kang kongkon ing sira ||
169. Lah wis gupuh Luci mentara saking yun |
praptèng Kajèngragan |
anuju suwuk kang gèndhing |
Luci prapta ingawe mring Jayèngraga ||
170. Na gawemu dene agupuh lakumu |
santri Luci turnya |
kawula ingutus dening |
rakanta lan sarta rama jèngandika ||
171. Kinèn (n)dangu ing paduka marmanipun |
anatab gamêlan |

punapa wus dèn lilani |
mring raka jêngandika Sèh Amongraga ||

172. Lingira rum sarèhning sira dènutus |
iya Ci matura |
mring kakangmas myang (n)Jêng Kyai |
yèn sun nuwun pangapuntên sêkaliyan ||

Jilid 6 - Kaca : 139

173. Myang maring Sèh Amongraga nuwun maklum |
mung siyang kewala |
mêngko yèn wus Ngasar mari |
ngarah apa Ci wong sunat dhêdhèwèkan ||

174. Nambung wuwus Kulawirya Ci ngong tutur |
lamun rada duka |
mangsa bodhoa sirèki |
Jèngraga ngling kados botên yèn duka-a ||

175. Ya mung iku aturku ya wis dèn-gupuh |
Luci sigra mentar |
sawingkingira ki Luci |
Jayèngraga ngandika marang niyaga ||

176. Payo talu unèkna gèndhing Kalènthung |
dan lêkas saksana |
Alun-jêladri ngêrangin |
myarsa gangsa wong sadesa lir kinêrab ||

177. Ciptanipun sadaya sami jêgipun |
martamu anyumbang |
jalwèstri kadi duk wingi |
kaot mung wong kang kuwat-kuwat kewala ||

178. Èstri jalu samya busana amubru |
prapta samya nyumbang |
rarywa lit rinukmi-rukmi |
ting saliri anggili kang lunga têka ||

179. Tangkêbipun wong nyumbang lir winginipun |
priya mring Jèngraga |
èstri mring Kèn Larasati |
kang anyumbang nyareyal kang angrong reyal ||

180. Kêdhikipun nyêjampêl pan ora uwus |
matur gantya-gantya |
punika kula ngaturi |
patumbasing apu namung sumapala ||

181. Ngandika rum inggih sangêt tarimèngsun |
(m)bok ywa susah-susah |
tan nêdya ngulêm-ulêmi |
namung anglujêngi pangantèn praptanya ||

182. Samya matur kang liningan sadayèku |
 angangkah punapa |
 paduka agadhah kardi |
 bêrkahipun (n)Jêng Kyai Bayi Panurta ||
183. Gya sinuguh kang nyumbang sêdayanipun |
 myang ancak brêkatan |
 mangkana sadayanèki |
 ingkang anèng pandhapa para lanangan ||
184. Kang martamu samuwa pênganggenipun |
 matur mring Jèngraga |
 punika kula nyaosi |
 panumbasing apu sapala katura ||
185. Sumbangipun sareyal ngrong reyal nêlung |
 reyal Sênu Surat |
 ingkang kinèn anampèni |
 ngandika rum ya bangêt tarimaningwang ||

Jilid 6 - Kaca : 140

186. Sadaya wus samya ingingonan sêkul |
 myang brêkatanira |
 Nuripin kang nglêladèni |
 pan mangkana kang anyumbang lunga prapta ||
187. Ênèm sêpuh lumrah samya bêsus-bêsus |
 miwah pra wadonan |
 lakune mèsês birai |
 ingkang tepos dadi nyêthing bokongira ||
188. Inggang wungkul dadya (n)dêngkèng lampahipun |
 sadaya wiraga |
 kèh dol ayu adol sigid |
 Kulawiryà mèsêm ningali wong kathah ||
189. Alon muwus lah ta wong urip puniku |
 yèn ana samuwan |
 angrungu gamêlan muni |
 sasolahe mulih ténaganing Buda ||
190. Alon matur alêrês paduka muwus |
 pan sadasa-dasa |
 titiyang Jawi dospundi |
 yèn gamêlan punika bintuwah Buda ||
191. Yèn pun Alun-jaladri wus mawenipun |
 mêkatèn tanjêgnya |
 kang myarsa sami birai |
 nadyan nini-nini kaki-kaki berag ||
192. Milanipun kathah ngalap sawahipun |
 mring gangsa punika |
 sakêdahipun (m)brêkati |

sanès lawan pun Samodra tanjêgira ||

193. Adatipun yèn sinambut tiyang mantu |
kêdhik ingkang nyumbang |
pêngantèn sring pègat mati |
mila awis tiyang kang purun anyêlang ||
194. Lon amuwus eman awon tanjêgipun |
unine tan lumrah |
rarase gêdhe rum manis |
têka duwe meda mangkono geneya ||
195. Inggih sampun ila-ila waunipun |
gêdhèg Kulawirya |
Jèngraga ngandika aris |
Widiguna Crêmasana kabèh sira ||
196. Ya sirèku kancamu bagor sêdarum |
mêngko wayah Ngasar |
padha rapèka dèn bêcik |
borèh kuning nganggo cênthung têtêkêsan ||

Jilid 6 - Kaca : 141

364 Sinom

1. Mangkana Ki Jayèngraga |
dènnira amangku kardi |
katongton wibawanira |
tan ana ingkang yom-yomi |
sor sutaning bupati |
dhasar ki putra ingugung |
datan sinungan rêngat |
sakarsane dènlilani |
mring kang rama kalangkung sangêt sihira ||
2. Yèn putra Ki Jayèngraga |
yèn kadang Kulawiryèki |
pan ingugung alit mila |
mila ladake ngèbêki |
mung ladak tingkahnèki |
labête ugunganipun |
nanging putus piyambak |
dhasar landhêp tyasirèki |
ngèlmu bantas ing kukum yudanagara ||
3. Andêle ing Wanamarta |
pan amung awirya kalih |
Jayèngraga Kulawirya |
keringan ing kanan kering |
patarèn angrampung |
pakèwêde ada dhusun |
nadyan murading kitab |
gathak-gathuk amêdhoti |
watak kêras krawusan nanging wêlasan ||

4. Yèn kalêrêsan tyasira |
kêcondhong lêga kang galih |
paring sih tan sita-sita |
mila sadaya jrih asih |
maring sang Jayèngragi |
miwah mring Kulawiryèku |
mangkana wayahira |
waktu Luhur pêcak kalih |
samyà kèndêl rèrèn marang masjid salat ||

5. Sadaya samya sêmbahyang |
jalu èstri tan na kèri |
namung niyaga kewala |
ing kang kantun nèng pandhapi |
wus antara kang sami |
asalat Luhur bakda wus |
wangsul sewang-sewangan |
punapa garaping kardi |
kang mring pawon mring kêbon kang mring pêndhapa ||

6. Jèngraga lan ing kang paman |
Kulawiryà lingira ris |
kowe mau Widiguna |
apa salat maring mêsjid |
matur kasupèn yêkti |
ki Crêmasana anjagur |
dhasar wong kê nèng lara |
laline wiwit dhèk cilik |
dinangu mring bêndara (n)dadak sêmbrana ||

7. Jèngraga mèsêm ngandika |
ya Widiguna sirèki |
Jumungahamu kewala |
aja pot lyan sukêr sakit |
kang kêrêng lèhmu mrêdi |
kabèh wong rèrèhanamu |
matur inggih sandika |
Crêmasana anudingi |
o nglêburi babon dimènè andhêndha ||

8. Ngandika mara unèkna |
lirihan wae kang gêndhing |
lima rêbab Kombangmara |
Kêmbangmara daradasih |
muntap lawan pêngrawit |
limang gêndhingan bae wus |
kang sinung ling sandika |
Crêmasana angrêbabi |
asêsêndhonan pathêt lima rum araras ||

9. Nulya mungêl Kêmbangmara |
Alun-jaladri ngrêrangin |
sakathahe kang miyarsa |
jalwèstri tyase mong brangti |

Jilid 6 - Kaca : 142

rêmpêg panabuhnèki |
ukur jawil ngênut-ênut |
ungêle kang anglola |
rêbab gambang lawan suling |
saracak ungêle kamot jroning kawat ||

10. Nganyut-anyut langkung raras |
kasmaran ingkang miyarsi |
lir mamrêsing karasikan |
êngêse ngêkêsi ati |
wèh wilêting malatsih |
lir winulang ing wulangun |
raosing tyas mangkana |
saking nyênyêting kang gêndhing |
nguyu-uyu ngrêrantêg dènnya gamêlan ||
11. Mangkana ing wanci Ngasar |
Jayèngraga ngandika ris |
suwukên gamêlanira |
muni ladrangan nuli wis |
singgahna kang miranti |
Ladrang pelayon den gupuh |
nulya buka Ladrangan |
pelayon lima angrangin |
dangu nêsêg ngandhêlong alon suwuknya ||
12. Wusnya kèndêl kang gamêlan |
Kulawirya ngandika ris |
lah wis padha singgahêna |
panganan brêkatên mulih |
para niyaga nuli |
langusung gamêlanipun |
mring dalêm pasimpênan |
wus têlas samya nêng ngarsi |
ngandika rum wis padha muliha dandan ||
13. Kang liningan tur sandika |
nêmbah mundur samya mulih |
Jèngraga malih ngandika |
kabèh sanak-sanakmami |
padha dandana mulih |
nganggoa kang sarwa luhung |
saduwèk-duwèkira |
kurmat pangantèn kang prapti |
kang liningan matur sandika sadaya ||
14. Mangkana bubar sadaya |
sudagar myang magêrsari |
miwah santri ingundhangan |
badhe sêlawatan dhikir |
Kulawirya wus mulih |
Jayèngraga maring tajug |
asalat waktu Ngasar |
lan para santri kang bumi |

15. Ningali langêning tilam |
kalangkung dening rêspati |
anilat ing jro rakitnya |
ing têngah jinêm seta di |
ingapit kanan kering |
kang pinajangan kumêndhung |
-kêndhung sri sinampiran |
wastra sawarnining kêling |
pan sarwendah sarta ganda rum angambar ||
16. Yata wau Jayèngraga |
busana akampuh kêling |
pêlung panji kalunglungan |
talêpok banyu mas kuning |
ing nganti langkung apik |
kêpuh tundha ngayu-apu |
amungsêr mêdhok atap |
amulu pêksi sulisik |
pangasihe sêsandhungan sêmbulihan ||
17. Sipat polok anêrampad |
seronge cancutan inggil |
kodhok kabêsèt asikat |
sacêngkang kesis ing wêntis |
mêkar ngongkong amiwir |
walêran pawingkingipun |
talibane ing ngarsa |
amèpèt urut malilit |
pirit têpung adu mancung pêpancutan ||
18. Kêkawêt ambokong sêmar |
amathis nora ngalêngkin |
bubuntaring pasingsêtan |
anglaring walang wêlori |
êkare miwir asri |
rinèpèk rinda-mas murub |
kunca landhung tri asta |
anjèrèng winiru lêmit |
ambêdhodhog anglir sandhanging manyura ||
19. Lancingan cindhe puspita |
gubêg pinarada asri |
rinenda kalengkam jênar |
akris landheyan sinêmi |
pêndhok buntan pinodhi |
mirah sinêling intên byur |
ajamang sungsun tiga |
agêlang kana rinukmi |
kêlatbau anting-anting têbah jaja ||
20. Badhong sungsun kêbo mênggah |
pamêkak garudha kanin |

lur-ulur naga karangrang |
asumping ron tri rinukmi |
karang-mêlok hêr thathit |
sisir tumanggal intên byur |
cundhuk kupon apitan |
tinêngah argulo putih |
ngudhar rema ingore pinara tiga ||

21. Kumbala têtèn kêtogan |
anggamêng anglir minangsi |
wida jênar gègèbêgan |
tuhu bagus Jayèngragi |
lir ringgit munggeng kêlir |
ingkang garwa èsmu (ng)guyu |
sasmita mring kang raka |
Jayèngraga amaguti |
ing liringe ing rayi mèsêm ngandika ||

22. Sapuluh ta mangkonowa |
jêr nora kêna pinikir |
Nikèn Rarasati mojar |
gumujêng anjiwit ririh |
pan kurang tigang ratri |
nudingi pra sêliripun |
mèncêp megos Jèngraga |
ambakna wong atêtawi |
kêthèk oglèng sêranggon ajak-ajakan ||

Jilid 6 - Kaca : 144

23. Ginaguyu guligikan |
mring garwa myang para sêlir |
Sênu Surat pinaringan |
busana kang sarwa rukmi |
asinjang cindhe abrit |
pinrada mompyor amurub |
kinêmbar kalihira |
ajamang rukmi sêsumping |
nyangga grudha mungkur ngrêm lir pêtarangan ||

24. Acundhuk mêtul mutyara |
wor godhining garudha sri |
akêkalung gèlang kana |
kêlatbau anting-anting |
pamêkak bangkol rukmi |
tinarètès ing hêrlaut |
wida pandhan gèbêgan |
tasik sumilak arêsik |
kris cêrapang pinatik mirah hêrkêmbang ||

25. Pan mangkana ing mandhapa |
salong-salong kang wus prapti |
para lurah santri kathah |
prapta busana lir nguni |
Kulawirya kang prapti |
kampuh jingga tabur-tabur |

- pakonyoh mêmêntahan |
alancingan cindhe wilis |
pinarada renda satêbah gubêgan ||
26. Kris warangka kakêndhit ladrang |
landheyan cula sinêmi |
pêndhok buntun ngunir-kawak |
èpèk renda klengkam putih |
agêlang kana rukmi |
anting-anting kêlatbau |
abadhong agêng dhudhan |
sumping puspa krêna rukmi |
cundhuk jungkat tinarètès intên mirah ||
27. Ngudhal rema pupuntiran |
tibèng sor walikat gilig |
pan akuluk kanigara |
baludru cêmêng binlênggi |
rukmi pinodhi-podhi |
ing mirah intên hèrlaut |
ngalêpyur amarkata |
nyuriga giyong sor bali |
ginarèbêg rèrèhane wong Kêtandhan ||
28. Sami basahan sêdaya |
dodote mawarni-warni |
bathik modang sêmukiran |
miwah sêmbagi bang kuning |
kopyah kanigara brit |
kuning ijo biru wungu |
arenda seta jênar |
miwah cêlana mawarni |
samyang nganggo badhong kewala sadasa ||
29. Golong sarèrèhanira |
Kêtandhan tan ana mênçil |
angumpul mring Kulawirya |
nèng pêndhapa jèjèr linggih |
anulya ingkang prapti |
Ki Suharjo kampuhipun |
pan limar baru tigas |
asabuk pathola abrit |
alancingan cindhe wungu pinarada ||
30. Ngumbar konca nora panjang |
akris landheyan sinêmi |
rasukan baludru rêkta |
balênggèn kancing linêscis |
kotang putih tulya sri |
rema asingsêt ginêlung |
kuluk pêthak amayang |
ingiring rèrèhanèki |
sawarnine wong kriya lir lurahira ||

31. Samya rasukan sikêpan |
 basahan akopyah putih |
 panganggone warna-warna |
 bathik atanapi kêling |
 wus lênggah ing pëndhapi |
 jinèjèr rèrèhanipun |
 nulya Ki Wiradhustha |
 prajuritan nyamping bathik |
 parang rusak barong cinancut sarigak ||
32. Lancingan bludru bang renda |
 panji-panji kancing dhasi |
 abangkol kêncana nagan |
 nganggar curigan cra Bali |
 kris landheyan sinêmi |
 kandêlan suwasa mancur |
 wrangka sêmbur timaha |
 asongkok baludru langking |
 pan winêngku ing renda mas rurujuan ||
33. Ingiring rèrèhanira |
 para warungan kêlithik |
 sakèhing kang bukak anyar |
 kang munggeng rèrèhanèki |
 marang Wiradhusthèki |
 sadaya panganggenipun |
 samya aprajuritan |
 saduwèk-duwèke sami |
 bathik lurik sêmbagi kêling mawarna ||
34. Sadaya kopyah jangkangan |
 wus lênggah anèng pëndhapi |
 tinata rèrèhanira |
 nulya Panukma kang prapti |
 aprajuritan Bugis |
 arasukan toro landhung |
 ginggang sêtin lurik bang |
 cêlana lurik sêtin jring |
 sabêbênting cindhe wilis pinarêman ||
35. Pan èpèk bangkol kêncana |
 nganggar pèdhang suduk rukmi |
 dhuwung cinothe ing ngarsa |
 bate-bate cara Bugis |
 akancing mirah abrit |
 udhêng tabur-tabur wungu |
 têlangkupan pencongan |
 sadaya rèrèhanèki |
 kang wong jagal pan anggêr bêlantik kewan ||
36. Sawarnining ngon-ingonan |
 turangga myang kêbo sapi |
 wêdhus bèbèk banyak ayam |
 ingkang samya binêlantik |
 kabèh rèrèhanèki |

sadaya pênganggenipun |
cara Bugis sêdaya |
tan ana ingkang mênèhi |
pênganggone undha usuk ingkang kuwat ||

Jilid 6 - Kaca : 146

37. Sêmbagi lurik cêlêpan |
wus lênggah anèng pëndhapi |
nulya Panamar kang prapta |
sarèrèhanira ngiring |
kampuh limar kêtangi |
acêlana cindhe kupu |
èpèke renda pêthak |
ngumbar konca kadhung siti |
akris ladrang sinêmi pëndhok suwasa ||
38. Rasukan sêmbagi jênar |
corèke kêmbang pinêthik |
jubah landhung kotang pêthak |
kancing kotang mirah abrit |
srêban seta tulya sri |
rinenda tap-tapan bagus |
kuluk mantalsêtop bang |
têsbèhnya akik sinampir |
para tandha kang ngiring rèrèhanira ||
39. Samya srêban bêbasahan |
mawarna bathik sêmbagi |
sutra kêling sasênêngnya |
wus lênggah anèng pëndhapi |
tinub rèrèhanèki |
nulya ingkang sami rawuh |
para jadhug sudagar |
sarênti praptane (ng)gili |
jor-jinoran panganggone murub mumpyar ||
40. Ing sacara-caranira |
kêdah ngangah angungkuli |
bêbêd myang kulambinira |
sabuk lan ikêtirèki |
pan unkuh ingungkuli |
kêris kang curiga têlu |
êmase tuwa-tuwa |
wong tuwa nom limrah sami |
ting prêngangah pëndhoke mas mungguh ganja ||
41. Ngalêmpak sami sudagar |
Pak Rajiyah ingkang prapti |
angêtog pênganggenira |
dènnira ngangge mênèhi |
sobanlah nyampingnèki |
sabuk mas tinali datu |
klambi jubah rante mas |
ngunir bosok masirèki |

arangkêpan kotang sikêpan mur pêthak ||

42. Akancing êrus barleyan |
asrêban pêthak ginodhi |
pinalipit ing rante mas |
anyothe golok rinukmi |
tinarètès hèrgèni |
barleyan pinasang batu |
cêripu balongsong mas |
cingak kang samya ningali |
kang alungguh angingsêri pak Rajiyah ||

Jilid 6 - Kaca : 147

43. Kang ragi têbah (ng)gènnira |
Ki Murtala abibisik |
lan rowang kiwa têngènyya |
eram samya (ng)gêguyoni |
nora jamak kiyai |
angêtog pênganggenipun |
beda wingining ika |
saiki lagi nêmèni |
nora kaprah pênganggone wong sadesa ||
44. Anulya wau kang prapta |
para bagor sadayèki |
Crêmasana Widiguna |
samya rapèk kunca kalih |
polèng sutra sêmbagi |
limar pêlangi myang pêlung |
lancingan panja-panja |
gêlang kêlatbau anting |
anting sumping jamang samya têtêkêsan ||
45. Sabêbadhong sungsun tiga |
kris pêndhok landheyana rukmi |
kang miskin jamang sumpingnya |
walulang pinrada apik |
anulya ingkang prapti |
panêgar busananipun |
bêbadan bêborèhan |
sumping krang mêlok mêlathi |
ikêt rendan jêplakan samya giligan ||
46. Panganggene warna-warna |
bathik lurik miwah kêling |
kathah kang nganggo cêrapang |
punika rèrèhanèki |
panêgar dhalang gèndhing |
niyaga kumpulanipun |
tunggil rèrèhanira |
karèh maring Jayèngragi |
pan wus pêpak sadaya anèng pêndhapa ||
47. Anuju wontên kang prapta |
satunggil santri Nuripin |

kampuh pêlung podhang-podhang |
anyuriga cêrapang tri |
kalung kalawan kêrbin |
drêbos anyangkêlit pistol |
pêdhang suduk inganggar |
pêdhang kra loke ngajrihi |
mawi wêdhung gandhewa anggendhong panah ||

48. Arit bapang sinêngkêlang |
golok pangot sinangkêlit |
tamèng towok landheyannya |
warêgu winênggik abrit |
kêthu koncèrirèki |
ngêlèwèr lir umbul-umbul |
panjang kasrahing lêmah |
pupur kuning borèh kuning |
brêngos wulu lutung panjange satêbah ||

49. Wus prapta anèng paningrat |
kagyat kang samya ningali |
Nuripin pênganggonira |
Kulawiryana animbali |
mareneya Nuripin |
sadhela sun arsa wêruh |
Nuripin sigra mara |
krengkangan tan bisa dhiri |
pan kakèhan pêrabot abot kaliwat ||

Jilid 6 - Kaca : 148

50. Ngadêg-adêg nora bisa |
kangèlan solahirèki |
ginaguyu ing wong kathah |
jalwèstri suka ningali |
Kulawiryana angling nuding |
sarwi kêpingkêl gumuyu |
wong ro glis tulungana |
mèn bisa ngadêg Nuripin |
tinulungan wong roro (n)jagani sama ||

51. Gya prapta ing ngarsanira |
Kulawiryana gumujêng ngling |
dene ambarêngkut sira |
kaya canthèlan sirèki |
dene sarwa mêtèki |
kaya wong dodolan dudu |
jêg kaya wong nyênnyêlang |
jêg kaya wong dèn-titipi |
matur raosipun lir dipun-pilara ||

52. Karsane putra paduka |
ajêng mopo kawula jrih |
(ng)gih pintên-pintên kinarsan |
pinaring sih kawula lit |
Kulawiryana nganthuki |
kapriye manèh sirèku |

lan aku titip pêdhang |
Jêpan gawanên Nuripin |
Ki Nuripin anêbut astapirulah ||

53. Dospundi dènnya ambêkta |
kawratên tan sagêd osik |
Kulawiryâ latah-latah |
sangkêlitên wae bêcik |
matur sampun tan kênging |
langkung kêncêng lambungipun |
ah ora sêdhêng pisan |
mêngko ngong-bênakke ugi |
sinêngkêlangakên Nuripin braokan ||
54. Akêncêng sêrêt pinêksa |
Nuripin ajêlih-jêlih |
kasingsêtan wêtêngira |
nyongat pêdhang sinêngkêlit |
cègèh mlêthêt (m)bathithit |
ambêgane kêmpas-kêmpus |
Kulawiryâ lingira |
sisan cèrètku Nuripin |
gawakêna ngling Nuripin alah tobat ||
55. Gêr ginuyu ing wong kathah |
(ng)guyu wêlas mring Nuripin |
ngling malih wis maronoa |
nèng paningrat (ng)gonmu malih |
matur tan sagêt inggih |
ingriki kemawon sampun |
sampun tan sagêd obah |
yèn obah lir dèn-gendholi |
samyâ suka sakèh kang anèng pandhapa ||
56. Miwah parèstri kang prapta |
tuwa nom myang rare cilik |
sarwendah busananira |
samyâ mrih amêncil bêcik |
jor-jinor sor duk wingi |
mangka mubru abra murub |
jalu èstri sadaya |
pêpak tan ana kang kari |
ingkang samyâ badhe amapag pêngantyan ||
57. Anulya Ki Jayèngraga |
mijil sing dalêmirèki |
ingiring Sênu gus Surat |
ngampil pawohan sês wangi |
lir hyang-hyang mungging tulis |
ingapit pêpatahipun |
obah kang nèng pèndhapa |
mingsêt trêpsila alinggih |
Jayèngraga lênggah têngahing jèjèran ||

Jilid 6 - Kaca : 149

58. Wus tata dènnira lênggah |
 Jèngraga umatur aris |
 mring kang paman sadayannya |
 punapa sampun kang prapti |
 kang pra paman nauri |
 layake bae iya wus |
 dene tan manèh prapta |
 kang putra nauri inggih |
 nulya angandika marang Sênu Surat ||
59. Wadonan konên umangkat |
 sadaya ywa ana kèri |
 kang liningan sigra mentar |
 malbèng dalêm andhawuhi |
 mring Nikèn Rarasati |
 parèstri kinèn rumuhun |
 anulya ingancaran |
 sadaya umatur inggih |
 nulya bodhol gumrudug ing lampahira ||
60. Sawuse para wadonan |
 Jayèngraga ngancarani |
 sumangga paman umangkat |
 nulya bodhol sadayèki |
 sagolonganirèki |
 tan ana salyèng laku |
 sakèhe kang lumampah |
 tan ana kusud sawiji |
 lir sinuntak donyane wong Wanamarta ||
61. Parèstri kang anèng ngarsa |
 prapta dalême Jèngwèsthi |
 kang wingking lagya umangkat |
 sring busana sarwa di |
 sanak kang aningali |
 sadhusun myang prapatipun |
 jalwèstri abusêkan |
 nèng pèlatar mangu pipit |
 langkung suka ningali para busana ||
62. Kasorotan ing suryandhap |
 ting pancorong ngujwalani |
 miwah mompyoring panganggya |
 lir sêkar sêtaman asri |
 mangkana Jayèngwèsthi |
 lênggah ing pèndhapanipun |
 lakampuh latar pèthak |
 sawat lar sêmèn taritis |
 rasukan bëludru ijêm kotang pèthak ||
63. Akancing jaja tajugan |
 calana baludru langking |
 rinenda mas rurujitan |
 paningsêt kèlengkam kuning |
 dhuwung tinatur rênggi |

akuluk pêthak sumunu |
kang wus nèng ngarsanira |
Ki Jumêna lan Sêmbagi |
Ki Pangulu Basarodin sakêtibnya ||

64. Ki Nursukidin kalawan |
Talabodin murid Jaki |
lan mêrabot Pranahita |
pra sudagar magêrsari |
lan para lurah santri |
golong sarèrèhanipun |
samyamrabot sêdaya |
wau ta kang para èstri |
ingkang samya amapag prapta sêdaya ||

Jilid 6 - Kaca : 150

65. Anulya kang rayi prapta |
sarèrèhanira sami |
kang raka mèsêm ngandika |
dimrene yayi alinggih |
sadarum ingkang prapti |
ingancaranan alungguh |
tata têtung akapang |
sagêgolonganirèki |
wusnya tata sinugata ing pawohan ||
66. Amadasra Amaddiman |
katêlu si santri Luci |
angatag sinomanira |
mring pawon ngusung kêndhuri |
sêkul nèng panjang giri |
sarta lan rampadanipun |
miwah ancak saratan |
langkung wrat gotong-pat sami |
lawan kêndhi myang karoso tapakdara ||
67. Pan pae sajroning wisma |
warata dènnya ngladèni |
ambêng pan samya rinampad |
wus cinarakakên sami |
nulya sami wêwanging |
ingkang tuturuh wiwisuh |
wènèh angubah tangan |
kang ngloroni amapati |
kang moloni ngrolasi sa-ambêngira ||
68. Nyêlawèni saambêngnya |
kumpul samya santri alit |
adan lêkas samya nadhah |
rame swarane kang bukti |
samyapikantuknèki |
antaranira wus dangu |
nutug dènnya anadhah |
wus lorod ambêng cinarik |

pan binage warata dènyandum brêkat ||

69. Sinarangan tapak-dara |
santri Luci anênggani |
mring santri alit sadaya |
ywa na rusuh Luci angling |
bocah dêlêngên iki |
sarwi ngagagi gêgêbug |
sapa marahi gêdrah |
rusuh pèsthi sun-gêbugi |
iku ana sing rada gêdhe si Saja ||
70. Si Jênal Conal si Sawa |
nadyan tindhihe rarywalit |
lo aja na rurusuhan |
mêsthi makan pukul iki |
adat rusuh si Joprit |
lah wis dumên barêkatmu |
sing gêdhe ku anduma |
sarta dèn-ungkuli gitik |
santri tuwa mèsêm myat Luci tingkahnya ||
71. Santri cilik andum brêkat |
bocah papat kang nuwani |
andum brêkat padha bocah |
kiwa têngêne wak uwik |
amèk iwak pribadi |
ana kang ngling aku durung |
rare ora saranta |
iri mèt iwak pribadi |
ting sarewot tan asuwe rêrêbutan ||
72. Sêrakah cêngkah-cinêngkah |
kacawuk cangkême jêmpling |
pisuh-pisuh tabokan |
pyukan sêga srundèng ragi |
ki Luci jêlah-jêlih |
gêbuge pijêr anggantung |
apa ta jêrku apa |
wis adat têmên yèn juris |
hus hus (ng)ko dakrangkèt kongsi modar-modar ||
73. Tan dèn-prêduli ing kathah |
agêdrah pating jalêrit |
akapyukan sêkul ulam |
gêlaprut Ki santri Luci |
lunga sarwi misuhi |
kênèng tulah edan taun |
ginuyu santri kathah |
jèh salah gawe si Luci |
dhèwèke ya anglakoni dadi bocah ||
74. Ing pèndhapa wis luwaran |
ing wisma kang lagya bukti |

Jilid 6 - Kaca : 151

Mongraga lan ingkang garwa |
Turida lan Rarasati |
kêmbul sarêng abukti |
myang pra wadonan sêdarum |
samyâ anadhah eca |
Mongraga tanpatuk bukti |
yèn cêlakan lan èstri tan pati rêna ||

75. Wus nutug dènnira nadhah |
sadaya luwaran bukti |
cinarikan andum brêkat |
binage sampun waradin |
brêkat sinung pêmburi |
wus rêrêp sêdayanipun |
wau Ni Rarasatya |
umatur ing raka aris |
kang punika bokayu lampah kawula ||

76. Anuwun sang pinangantyan |
pangundhuh kawula mugi |
ing karsa linggar mangetan |
bêkti kawula ngormati |
Ni Turida nauri |
ya yayi manira matur |
marang sang pinangantyan |
nulya nêmbah matur aris |
pan punika aturipun ri paduka ||

77. Nuwun ing sang sêkaliyan |
pangundhuhipun ngormati |
wilujêngipun paduka |
sira Ki Sèh Amongragi |
nauri rum amanis |
inggih punapa sakayun |
nulya kang rayi prapta |
Jayèngwèsthi angaturi |
mring kang raka umangkat tédhak mangetan ||

78. Sèh Mongraga lon lingira |
pan inggih sumangga yayi |
nulya pra èstri sêdaya |
bodhol sing wisma umijil |
sira Sèh Amongragi |
jumênêng lan garwanipun |
maksih busananira |
tan ewah kadya duk panggih |
gya umangkat sang ro akêkanthèn asta ||

Jilid 6 - Kaca : 152

79. Miranti pacaranira |
songsong jajaran wus rakit |
santri ingkang salawatan |
kalimah kalih trêbang tri |
sadaya kang umiring |
ngrahabi sauranipun |

gumuruh rêmpêg tiga |
la ilaha ilalahi |
Mukammaddun Rasullolah Allah Allah ||

80. Inkgang narêbang titiga |
Jamal Jamil Jalalodin |
sarwi singir ing gambyongan |
santri salawe prah singir |
kapyarsa langkung asri |
lêlagone Sêkar-gadhung |
wit badatlana pi rab |
bingit ngatil arkamari |
sinauran ing lailaha illalah ||
81. Mukamaddun Rasullolah |
Allah Allah sadayèki |
kalangkung sêmuwanira |
miwah kang samya ningali |
jibêg jêjêl apipit |
prapat manca-limanipun |
wus ngêrti wartinira |
yèn pangantyaning (n)Jêng Kyai |
putra ari angundhuh mantu sadaya ||
82. Dadya ngarak sabên dina |
mangkana pangrungunèki |
milamba nononton samya |
jalwèstri myang rare alit |
samya suka ningali |
mring kang samya mubra-mubru |
miwah kang para wirya |
tuwin ningali pangantin |
cahyanira sumilak kadi sasangka ||
83. Wau ta ing lampahira |
Jayèngraga ambagusi |
lumampah anèng ing têngah |
dèn-iring pra bagor sigid |
lir pendah wayang klithik |
aborèh kuning sumunu |
sondhèr kunca kanginan |
miwir kadya bêksa rangin |
lampahira anggambuh nèng Jayèngragan ||

Jilid 6 - Kaca : 153

365 Gambuh

1. Tan dangu nulya rawuh |
inggang ngiring kèndêl anèng tarub |
apan maksih adhêkêt jèjèr apipit |
têpung gêlang sarwi ngantu |
salawatan salin lagon ||
2. Asrakal sajakipun |
ya Nabi salamngalèk ya Rasul |
salam ngalaeka ya habib salami |

- ngalaêka salawatu |
lahi ngalaeka mangkono ||
3. Ganti sauranipun |
apan laila lailalahu |
Mukammad Rasullolah asrakal-badri |
ngalêna pakhtapat minhul |
buduru misla hulnêko ||
4. Mara ilana katu |
ya wajha sururi anta samsu |
anta badru anta nuru pokanuri |
anta iksiru wa ghalu |
anta misbahusuduro ||
5. Wau ta ingkang rawuh |
lajêng tumamèng jro wismanipun |
lênggah têngah pajangan kang sinèta di |
kadi duk papanggihipun |
patêmbayaning patêmon ||
6. Jalwèstri sadayèku |
wus tata dènnira sami lungguh |
miwah ingkang salawatan para santri |
asrakalira gya suwuk |
sadaya wus sami lunggoh ||
7. Anèng pandhapa têpung |
jèjèr dhêdhêkêtan adu dhêngkul |
Kyai êmban Kêrtiraga anjêjagi |
ngatak kasinomanipun |
ngladèni pawohan rokok ||
8. Sinaoskên ing ngayun |
èpok gembol wêr tapsirhipun |
bokor panjang-ilang winungkus waradin |
sadaya wus nginang udud |
ting kalêmpor wênèh nocoh ||
9. Sarwa wedang wus cukup |
nulya sugata kèndhuri mêtù |
pangajêng ambêng sêkul nèng panjang giri |
sarta lan rampadanipun |
nulya ancak kang digotong ||
10. Gotong-pat angêndhukur |
rolas ambêng pinasang (m)barêngkut |
jabèng jro wus waradin lèladènèki |
Jèngraga nanjakkên wuwus |
suwawi sami tuturoh ||
11. Nulya sami wiwisuh |
wijik wanting ngumbah tanganipun |
adan lèkas sadaya sami abukti |
ulam ingkang wutuh-wutuh |

bêkakak wêdhus lan opor ||

12. Bêsngèk pitik bêtutu |
sabên ambêng ulame kang wutuh |
kang ngalihi mapati kang nyapulahi |
wradin jangan bècèk wêdhus |
samyang jang takir gadêbog ||
13. Kang nadhah sami thêkul |
andêngèngèk kudhi kongsi wungkuk |
nora ketang saking kilèn mêngtas bukti |
tur sami anutug tuwuk |
prandene maksih asèrob ||
14. Mangkana pan wus dangu |
dènnira sami nadhah anutug |
aluwaran sadaya kang sami bukti |
kêndhuri gya kinèn ngêdum |
wus warata kinaroso ||
15. Santri raryalit kumpul |
wus dèn-kêlumuhi sring sok rusuh |
pinisah lan santri tuwa sakêndhuri |
anèng sajabaring tarub |
rusuhe nora kêpagol ||
16. Luwaran sadaya wus |
ing jro dalêm sira sang linuhung |
ingatan têturuh mring Rarasati |
kapat samya nadhah kêmbul |
sadaya nulya wiwisoh ||
17. Dan lêkas bukti wau |
sakathahe parèstri sadarum |
pan pakantuk dènnira sami abukti |
Amongraga tan pakantuk |
tyasira tansah arikoh ||
18. Cêcêlakan pra arum |
sajroning galih tan mawi sukur |
yèn ta sampun kapopohan pinangantin |
tan bêtah saèncèk lungguh |
saking kal dènnya wus lunggoh ||
19. Namung nimbang tanduk |
sarat ngecani sêsaminipun |
angsal limang kêpêl atobe (n)drêwili |
daya gêdheya kang puluk |
kêpêle sajaha tepos ||
20. Sawarni ulamipun |
nanging tan ana ingkang dinumuk |
namung paru kang ginigit sacuwil thil |
adangu angantu-antu |

Jilid 6 - Kaca : 154

pra ri lungiting pasêmon ||

21. Rarasati agupuh |
maring raka ngaturi tuturuh |
Sèh Mongraga sigra dènnira wêwanging |
kang garwa nuruhi kakung |
sadaya kang para wadon ||
22. Nulya sami wiwisuh |
ambêng cinarik binagi gupuh |
binrêkatan waradin kang para èstri |
sinungkên ing rencangipun |
sadaya samya (ng)gêgendhong ||
23. Linorod ambêngipun |
panjang piring rampadan ingundur |
saji dhêdharan sumaji anèng ngarsi |
sarta lan pateyanipun |
mêmanisane nèng tenong ||
24. Wusnya mangkana wau |
Jayèngraga nèng pèndhapanipun |
angandika sadaya mring para santri |
prayoga bubar karuhun |
rêbut ngabêkti Hyang Manon ||
25. Mahrib aywa kasusu |
yèn wus bakda Ngisa wae wangsul |
kang liningan sadaya kang para santri |
sudagar lan magêrsantun |
tur sandika nulya bodhol ||
26. (n)Jabèng jro èstri jalu |
sasarêngan sowang-sowang mantuk |
raka lawan para paman datan mulih |
kalawan kyai pangulu |
kalawan kang para bagor ||
27. Jèngraga malih muwus |
Jamal Jamil dèn-kêparêng ngayun |
kang sinung ngling gupuh marêk anèng ngarsi |
Jèngraga bibisik muwus |
sun jaluk gunamu roro ||
28. Wurukên Surat Sênu |
Widiguna Crêmasana iku |
ngèlmu pêngeraman mangunah ripangi |
warahana kang sumurup |
mangsa bodhoa wong roro ||
29. Mrih gawok wong kang (n)dulu |
apa kang dadi adi-adimu |
iya wurukêna mring wong papat iki |
sira sun-dadak gunamu |

Jilid 6 - Kaca : 155

kanggo sêlawatan mêngko ||

30. Jamal Jamil umatur |
botên sagêd kawula wong busuk |
kaping kalih ajrih rakanta mênawi |
dados ing dudukanipun |
mring kula kawula wêdos ||
31. Jèngraga naur wuwus |
aja susah ya mêngko ngong munjuk |
mring bendaranira kangmas Amongragi |
pan iku karêpku prêlu |
mrih suka sanak tuwa nom ||
32. Sun ngalap brêkahipun |
mring kakangmas Mongraga kang luhung |
sira kang minangka wawakil sayêkti |
Jamal Jamil lon umatur |
yèn mêkatên (ng)gih kemawon ||
33. Sandika ing sakayun |
Jèngraga ngling hèn ya Surat Sênu |
Widiguna Crêmasana aywa kari |
angguguwa sirèku |
marang Jamal Jamil kono ||
34. Kang sinung ngling umatur |
nuwun sandika kalangkung sukur |
angling malih wis mênyanga wismanèki |
Widiguna bae kumpul |
anutug lèhmu jêjandhon ||
35. Ki Jamal Jamil sampun |
samy mundur mring ing wismanipun |
Widiguna mangkana surya wis nitih |
ing ancala manjing surup |
nulya sakèhing para wong ||

Jilid 6 - Kaca : 156

36. Ge-age dènnya wêktu |
mring patirtan ngambil toya wulu |
ting karapyuk ngumbah tangan wisuh sikil |
kang kêkêmu lagya raup |
swarane pating salêmprot ||
37. Jèngraga wusnya cucul |
siram suci angiras wuwulu |
ngrasuk pêsalatan anggampar mring masjid |
masjide piyambakipun |
nulya santri adan gupoh ||
38. Sadaya tan acucul |
lajêng kewala lajêng awêktu |
Jayèngwèsthi wau ingkang angimami |
kang rayi pra paman makmun |

myang santri samoting suro ||

39. Yata Kyai Pangulu |
nèng pëndhapa dènnira awêktu |
sarèrèhanira kang sami makmumi |
sasisih kilèn (ng)gènnipun |
sasisih wetan pra bagor ||
40. Jayèngwèsthi dènnya pêlu |
sawusing Patekah suratipun |
Kulya-ayu dene rêkangat kang ngakir |
sawusing Patekahipun |
Ida ja-a kang winaos ||
41. Tan pae lan pangulu |
wêwacane surat Kulya-ayu |
lawan Ida ja-a wêwacan yèn Mahrib |
Sèh Mongraga dènnya wêktu |
angimami para wadon ||
42. Gandhok kilèn (ng)gènnipun |
langkung pasekat wêwacaniipun |
dhasar swaranira êmpuk rum amanis |
sêdhêng sajake anganyut |
kang makmum samya sumêdhot ||
43. Sami wêwacaniipun |
sawusing Patekah Kulya-ayu |
Ida ja-a wusing Patekah kang akir |
praptèng tahyat akiripun |
iptitahira wis manggon ||
44. Nulya salam bakda wus |
pupujian lêlagon swara rum |
binarungan parèstri angasih-asih |
lir rêbab suling calêmpung |
gambang tan mawi kèndhang gong ||
45. Amelog rarasipun |
langkung rahab sadaya kang makmum |
lêlagone swara èstri langkung asri |
sarwa lagon dhikiripun |
wusnya dhikir (n)dodonga lon ||
46. Wus (n)donga limang wêktu |
iman ngijab asalam ngalekum |
angabuli ngalèkum salam pra èstri |
samya sunat bakdanipun |
wusing sunat sami ngaos ||
47. Muhadam sarêng guyub |
ting carêngkling swarèstri anganyut |
Tambangraras Turida lan Rarasati |
datan tumut ngaji amung |

Jilid 6 - Kaca : 157

sunat wabin kang kinaot ||

48. Mongraga dènnya kasud |
sunat wabin nêr rêkangtipun |
tigang salam sawusing bakda anuli |
tangat kiparat tawajuh |
kalih salam bakda manggon ||
49. Amapanakên junun |
pasang wirid isbaddiyahipun |
satariyah jalalah barjah amupit |
pratingkahe timpuh wiyung |
tyas napas kêncêng tan dhompo ||
50. Nulya cul dhikiripun |
lapal la mujuda ilalahu |
kang pinusthi datu wajibul-wujudi |
winih napi isbatipun |
pinatut tyas wus anggathok ||
51. Angguyêr kêpala nut |
ubêding napi lan isbatipun |
derah ing lam kang akir wit pusêrnèki |
tinarik ngering mandhuwur |
lapal ilaha angengo ||
52. Nganan pundhak kang luhur |
anglêrêsi lapal ila nêngguh |
pênjajahe kang driya mring napi gaib |
ilalah isbat gaibu |
ing susu kiwa kang ngisor ||
53. Nakirake wis brukut |
lapal lailaha ilalahu |
winot sèkêt kalimah sanapas nênggih |
sanapas malih motipun |
ilalah triatus manggon ||
54. Anulya lapal tuhu |
sanapas landhung winotan sèwu |
pêmancate tyas lèpas lantaran dhikir |
kewala mung wrananipun |
muni wus tan ana raos ||
55. Wus wênang sadayèku |
nadyan aa êê ii uu |
sapadhane sadhengah-dhengah kang uni |
unine puniku suwung |
sami lawan orong-orong ||
56. Ing sanalika ngriku |
coploking satu lan rimbagipun |
dhewe-dhewe badan budine tan tunggil |
nis mikrat suhul panakul |

badan kantong lir gêlodhog ||

57. Tinilar lagya kalbu |
yêktine napi puniku suwung |
komplang nyênyêt jamaning mutêlak gaib |
wus tan ana dharat laut |
padhang pêtêng wus kawiyos ||
58. Pan namung ingkang wujud |
wahya jatmika jroning gaibu |
pan ing kono suhule dènnira mupid |
tan pae-pinae jumbuh |
nora siji nora roro ||
59. Wus tarki gya tanajul |
mudhun sing wahya jatmika ngriku |
aningali tan lawan netranirèki |
dating Hyang kang Mahaluhur |
patang prakara ing kono ||
60. Sipat jalalgaibu |
jamal-kamal-kahar gaibipun |
wusnya mijil saking gaib dènnya mupid |
wiwit beda jinisipun |
Gusti lan kawula rêko ||
61. Dating Gusti puniku |
jalal-kamal jalal-kahar nêngguh |
sipating kawula pan akadiyati |
wahdat wakidiatipun |
alam arwah adsan mêngko ||
62. Misal insan kamilu |
bêdaning Gusti lan kawulèku |
yêkti beda ingriku lawan ingriki |
kêjaba kang wus linuhung |
pratamèng kawruh kang wus wroh ||
63. Sawusira aluyut |
lir antigan tumiba ing watu |
pan kumêprah tyasira kagyat tan sipi |
tumitah ing jamanipun |
araling kula katongton ||
64. Luwaran dènnya suhul |
angaringakên sanapas landhung |
mot saklimah la ilaha ilalahi |
nulya andêdonga sukur |
sawusnya gya adan gupoh ||
65. Panjinging Ngisa wêktu |
wusnya parèstri sunat sêdarum |
nuli kamat Mongraga prêlu ngimami |
wusing Patekah suratun |

66. Watini akiripun |
praptèng tahtat awal akiripun |
nulya salam awal akir bakda nuli |
pupujian kadya wau |
adhikir (n)donga Hyang Manon ||
67. Sawusnya gya para rum |
sunat bakdiyatan sadaya wus |
sunat minal-witri rakangatal-witri |
wus pèragat sunatipun |
sasalaman samya wadon ||
68. Anulya sami mundur |
saking gandhok maring dalêm agung |
kantun Nikèn Tambangraras lan Mongragi |
anjênakkên dènnya kasud |
sami mupidira karo ||
69. Kang salat anèng tajug |
bakda lagya pèpujianipun |
kang sèmbahyang nèng pèndhapa lagya dhikir |
sauran kang anèng tajug |
samya rahabe bêbyanton ||
70. Myang kiwa têngênipun |
ing jawi lèr kilèn wetanipun |
ingkang cèlak ragi têtah pan kapyarsi |
arame swaranya umyung |
mêwahi sring parungon ||
71. Wanci Ngisa bakda wus |
Jayèngwèsthi Jayèngraga mudhun |
saking salat sami pinarak pèndhapi |
tan ewah lènggah lir wau |
myang Pangulu tata lunggoh ||
72. Jayèngraga angrasuk |
busana kadya duk siyangipun |
namung salin kuluk kanigara brêji |
asusumping cundhuk mêtul |
tumanggal tarètès abyor ||
73. Lènggah pandhapanipun |
wetane kang raka dènnya lungguh |
tan adangu kang winêling samya prapti |
sudagar jalwèstrinipun |
santri magèrsari mring jro ||
74. Kèdhik ingkang tan rawuh |
kathah kang sami prapta malêbu |
sabab wus samya myarsa warta ing mangkin |
Jayèngraga karsanipun |

kasukan-sukan ing mêngko ||

75. Andhèr pandhapa têtung |
tan kêtiru gyaning urutipun |
wus miranti sagolonganirèki |
wus pêpak sadayanipun |
Jèngraga ngandika alon ||
76. Hèh Nuripin sirèku |
si Surat Sênu wèhna si biyung |
bocah roro iku konèn mêmaèsi |
kêmbarèn pêrobotipun |
ingkang sarwa di kinaot ||
77. Sarta lan sajènnipun |
lan malih mundhuta trêbang wolu |
sanga lan têbangku pundhutèn dèn aglis |
kêndhang loro angklung pitu |
kang liningan mentar gupoh ||
78. Angirit Surat Sênu |
wus sinungkên ni Cerong kang biyung |
dhinawuhan karsane ki Jayèngragi |
Nyai Cerong wus sumurup |
ngaturi Ni Daya gupoh ||
79. Nuripin mundur mêtù |
mundhut trêbang kêndhang lawan angklung |
tan adangu kang pinundhut katur ngarsi |
myang têbang pribadinipun |
agême si macan garong ||
80. Datan antara wau |
nJêng Kyai Bayi Panurta rawuh |
lawan ingkang garwa sakucumbinèki |
êtêng gêlas agêng ngayun |
santri Luci sisinggah wong ||
81. Byak mire samya takut |
kang lênggah sadaya sarêng mudhun |
Ki Pangulu repot tan rikot ngudhuni |
(n)Jêng Kyai ngling wis ywa mudhun |
krengkangan têtên arikoh ||
82. Kablêndêrên wêtêngmu |
dene kanti sêngguran napasmu |
wis linggiha bae sira Basarodin |
kang myarsa sami gumuyu |
mring Pangulu repot rikoh ||
83. lajêng kewala masuk |
mring dalêm yun apanggih lan mantu |
Sèh Mongraga lan garwa mêtuk nêng ngarsi |
nulya samya tata lungguh |

Jilid 6 - Kaca : 160

mingsêr mire kang pra wadon ||

84. Sèh Amongraga gupuh |
atur salam mring (n)Jêng Kyai wau |
Kyai Bayi agêpah salamirèki |
Nikèn Tambangraras ngujung |
mring rama ibu wot sinom ||
85. Ni Malarsih andulu |
mring kang putra tuwin ingkang mantu |
sakamantyanira ring putra lir mami |
pandugining tyas kang ibu |
kadya wus asmaraning don ||

Jilid 6 - Kaca : 161

366 Asmaradana

1. Sadaya kang para èstri |
pan samya gawok tumingal |
marang sang ro pinangantèn |
cahyanya apindha wulan |
sunarira tumeja |
awingit jatmika ruruh |
tajêm sêmune uliya ||
2. Ki Bayi ngandika aris |
anakmas Sèh Amongraga |
punapa karsa-a mangke |
ningali dhikir singiran |
kang putra lon turira |
kewala kawula kantun |
ningali saking jro wisma ||
3. Paduka prayogi mijil |
ningali ripangi Karang |
pun Jamal Jamil ing mangke |
mêdalkên pangunahira |
ingkang kalawan sunat |
pan kathah pigunanipun |
sakarsanta tan kacuwan ||
4. Ki Bayi gumujêng ngikik |
kula mung myarsa pawarta |
pun santri Luci kang omong |
yèn pun Jamal Jamil sarwa |
sagêd rêrekan guna |
gabusan ripangnipun |
anggawokakên wong kathah ||
5. Kang putra umatur inggih |
sayêktos sagêd pun Jamal |
Jamil duk maksih nèng kilèn |
pangapuntên sapunika |
manawi salong ical |
kang rama gumujêng muwus |

kintêne mangsa icala ||

6. Yèn mèkatèn kula mijil |
mring pandhapa yun uninga |
pun Jamal Jamil rekane |
kang putra matur sumangga |
ngandika mring kang garwa |
yayi sira yèn yun (n)dulu |
umiringa ibu rama ||
7. Ningali si Jamal Jamil |
ripangi anèng pëndhapa |
kang ramèbu lon dêlinge |
payo rara Tambangraras |
sirèku kinalilan |
sang ayu tyasnya kapencut |
myat wong ripangi angojrat ||
8. Dhasar linilan ing laki |
wêwah kinarsan bu rama |
kalangkung dhangon karsane |
lagya mingsêt padanira |
karsa andhèrèk rama |
sakala tyase sumênut |
rumaos kapurbèng priya ||
9. Sang rêtna osiking galih |
ya talah karêping hawa |
ngarat kaluputaning wong |
angrusak sangkribing kênya |
anganyag wong jêlanah |
dastu ngong ngwang tanpa urun |
amêdhot talêring nalar ||
10. Mudadah sabil anggalih |
ya Allah astagpirolah |
sanalika lêjar tyase |
angêkêr netya kang timpang |
tan labêt kawistara |
puluh liringe lir wau |
alon umatur ing rama ||
11. Ramèbu kawula naming |
ningali ngriki kewala |
kang rama mèsêm liringe |
anyathêt jroning wardaya |
ningali mring kang putra |
ngandika lah ya wis sukur |
ngong priyanga lan bunira ||
12. Ki Bayi anulya mijil |
kalawan kang garwa putra |
Turida Rarasatine |
(n)Jêng Kyai praptèng pëndhapa |

Jilid 6 - Kaca : 162

mingsêr sêdayanira |
lênggah nèng kalasa batu |
garwa putra nèng wurinya ||

13. Ing pandhapa wus miranti |
dupa sasajèn mawarna |
pêpak sadaya bon-abon |
Kiyai Bayi Panurta |
ingayap santri kathah |
nyamping kêling limar biru |
paningsête jingga mangsa ||
14. Rasukan jobah sêmbagi |
dadu corak kayu anyang |
kotang putih rus kancinge |
golok balongsong suwasa |
pan têsbèhira mêtjan |
dhêsthar bathik Arab alus |
kuluk bathokan pèncèngan ||
15. Ki Bayi ngandika aris |
marang putra kalihira |
apa wus pêpak sajène |
yèn uwis padha samêkta |
prayogane lèkasa |
pan manira arsa wêruh |
ripangine Jamil Jamal ||
16. Putra kalih matur aris |
pan inggih sampun sadaya |
tan wontèn kang dipunantos |
lah ya wis mara bismillah |
Jèngwèsthi Jayèngraga |
ngatag lurah santri gupuh |
kang samya nyandhak tarêbang ||
17. Jayèngwèsthi Jayèngragi |
gus Arpani Amadasra |
gus Jamjani lan Jalalèn |
gus Dawud Nurjani Nurya |
kalawan gus Murtaja |
kang ngangklung santri pêpitu |
kang angèndhang Tunjangkara ||
18. Lan Gandasana anuli |
santri kang bawa narêbang |
lèkas maca salawate |
bawa singir sajak Jawa |
lêlagon sêkar Lèmpang |
anglik wong sasanga barung |
swara mor gêng alit raras ||
19. La ilaha ilalahi |
Muhamadun Rasulolah |

- nulya sinauran ing kèh |
gumuruh sru swara rêmpak |
trêbang sanga jêngguran |
sarta kêndhange angguguk |
sêsêg anduduk ing kêndhang ||
20. Pangroking angklung (ng)gêtêri |
anggobyok trêbang sasanga |
wor swara rug santri kabèh |
têrbange kêmpyang akipyah |
lah kêndhang atampèlan |
imbal bêm gêdhug asêguk |
angklung sêngkrak bêbagenan ||
21. Plak blang plak blang pong ping pong bring |
bêm pung pung pêk dhêng dhung dhung gyag |
tung plêk tung plêk pyak klur klur thèr |
thur klung klung krak crir cir pyang pyang |
kloklir byêng dhrêng thur thur brang |
brang pêp pêp bah gur bah gur |
tong ting tong grug byêng grung grung brang ||
22. Gênturan gumuruh atri |
kontrak wong sadesa pisan |
kumêrut bêbantu nonton |
mring prapat manca limanya |
jalwèstri kèh kang prapta |
jêjêl ing tarub supênuh |
kang ningali rêbut papan ||
23. Rarywalit pating jalêrit |
kapihit uyêl-uyêlan |
dhêsêg-dhinêsêg rêbut (ng)gon |
ingarah-arrah wus tata |
brêkate samya dènnya |
mangkana dènnira talu |
wus dangu antaranira ||
24. Nulya suwuk ingkang singir |
maca salawat wong kathah |
kaping tiga samya rèrèn |
gupuh Ki (m)ban Kêrtiraga |
angatak noman |
Nuripin Jalalodin wus |
angirit laladènira ||
25. Pateyan tenongan ngarsi |
pawingking tlam myang dhudhulang |
wus pinrênah saurute |
(n)Jêng Kyai Bayi Panurta |
piyambak sinaosan |
Malarsih lan putra mantu |
wus sinaosan pateyan ||

26. Waradin sadayanèki |
 ngalihi nigani miwah |
 kang mapati sakathahe |
 nulya dhédharan mangarsa |
 tan pae petangira |
 rampung léladosanipun |
 Ki Bayi alon ngandika ||
27. Lah payo nak putu-mami |
 bismilah padha krana-Lah |
 tamba kasatan sakèhe |
 sasênêngira priyangga |
 sadaya tur sandika |
 samya dhadharan myang nginum |
 suka rêna ting kêcupah ||
28. Kang nèng wisma Sèh Mongragi |
 lan kang garwa Tambangraras |
 linadèn sêsaosane |
 di-adi dharan mawarna |
 Cênthini tansèng ngarsa |
 Sèh Mongraga ris amuwus |
 ya yayi sira kantuna ||

15 Nalika ing pandhapi kawontênakên pahargyan sakalangkung ramenipun, Sèh Amongraga dalah garwa tuwin Ni Cênthini sami wontên mèsjid panêpèn. Salajêngipun Sèh Amongraga ngandika sukur maring Allah dene ingkang garwa tuwin cèthi sampun sagêd nampi tuntunan-tokidipun.
 Kaca 164 - 165

Jilid 6 - Kaca : 164

29. Manirarsa manjing masjid |
 panêpèn tajug pungkuran |
 Tambangraras ris ature |
 kawula lamun kalilan |
 mung tumutur paduka |
 kang raka mèsêm lingnya rum |
 ya sukur alkamdulilah ||
30. Nulya kang rayi kinanthi |
 cèthi Cênthini tan têbah |
 nèng wuri angampil rukoh |
 sang ro wus praptèng ing langgar |
 anjujug ing patirtan |
 Tambangraras Cênthini wus |
 ngalap toyastuti samya ||
31. Sawusira asusuci |
 sira Ki Sèh Amongraga |
 masuk ing langgar panêpèn |
 wus sunat wulu tahyatal |
 -masjidi nulya tangat |
 tasbih rolas rêkangatu |
 nêm salam usalinira ||

32. Pinarêng niat lan têkbir |
wiwit usali tangatan |
têsbih rakangatine |
lilahi tangala Allah |
-hu-akbar kabiran wal |
kamdulilahi kasirun |
wa sub-kanallah bukratan ||
33. wa asilan nulya malih |
inni wajahtu wajhial |
liladi pataras rêke |
samawati wala arla |
hanipan wa musliman |
wa mahyaya wa mamatu |
ana minal musrikina ||
34. Sawusing wajah kang lirih |
maca tasbih ping limalas |
sadèrènging Patekahe |
lapaling tasbih punika |
awale ping limalas |
subkanalahi wal kamdu |
lilahi wa lailaha ||
35. Ilalahu Allah nênggih |
hu-akbar lakolawala |
kuata illa bilahèl |
ngaliyil ngalim anulya |
lirih maca Patekah |
sawusing patekahipun |
tasbèh malih ping sadasa ||
36. Arukuk sawusing têkbir |
maca tasbih ping sêdasa |
nulya iktidal adêge |
sami alahu kuliman |
kang midahu rabana |
tasbih malih ping sapuluh |
gya sujud wusing takbirnya ||
37. Ping sadasa maca tasbih |
satangine sujudira |
lungguh sawusing takbire |
maca tasbih ping sadasa |
sujud malih sadasa |
ngandhêg wusing têkbiripun |
maca tasbih ping limalas ||
38. Sawusing Patekah malih |
maca tasbih ping sadasa |
rukuk ping sadasa malih |
iktidal malih sadasa |
sujud tasbih sadasa |
lungguh tasbih ping sapuluh |

366 Asmaradana

39. Nulya lungguh tahyat sarwi |
iptitah lan tumaninah |
gya salam nganan ngeringe |
tasbih ing dalêm sêsalam |
ingetung kathahira |
apan satu limangpuluh |
gumulung rolas rêkangat ||
40. Ing dalêm nêl salam nênggih |
gunggung sadaya têsbihnya |
sangangatus ing kathahe |
tan pae lan ingkang garwa |
sami atasbih tangat |
tuwin Cênthini kadyèku |
tangat tasbih ing palilah ||
41. Langkung nikmatirèng galih |
makmum tangat mring Mongraga |
antara dangu salate |
wus praptèng rolas rêkangat |
tahyat akir iptitah |
wusing bakda salam laju |
tatrap junun wiritira ||
42. Rinakit pasangng dhikir |
satariyah isbandiyah |
barjah jalalah suhule |
tinokitkên mring makripat |
pêmancade maring kak |
dêdalan tarki tanajul |
layaping panaul pana ||
43. Wus lanyah lantaran dhikir |
singsale nora rêkasa |
kêjêb liyêpe wus lobok |
mangkana Sèh Amongraga |
wus coplok angganira |
mingkup tan rênggang sarambut |
muntu tanpa ambu rasa ||
44. Gumaluntung lir kaywa king |
badane wus tanpa karya |
padha lawan rêmèh-rêmèh |
muni lir unining wungwang |
wus dhewe dhèwèkira |
nora pisah nora kumpul |
nulya nèng jaman ênêngan ||
45. Luyuting wilayah gaib |
tan kêna kinaya ngapa |
kang mêngkono kang wus jumboh |

papane ahli oliya |
Mongraga Tambangraras |
katri Cênthini pan uwus |
kasub masuk dènnya bengat ||

46. Sang ro katri lan Cênthini |
gumuliling linèng layapan |
dadya saujur-ujure |
kang samya nikmating pana |
suhulira maring Hyang |
kajênêkan dènnya kantu |
yata kang anèng pëndhapa ||
47. Sapêngkêrira Mongragi |
pan wus angsal kalih rambah |
Nuripin Jalalodine |
kang emprak kalangkung rahab |
Ki Bayi suka-suka |
miyat kang sumbu-sinumbu |
wus dangu rèrèn mangkana ||
48. Kyai Bayi Panurta ngling |
lamun wus aso bismilah |
si Luci sapa tandhinge |
Jèngraga matur pun Tunjang |
-kara tandhingnya emprak |
lah mara lèkasa gupuh |
si Luci lan Tunjangkara ||

16 Têtingalan ing pandhapi sakêlangkung ngedab-edabi, singir, emprak main obong-obongan sarta sulapipun Jamil Jamil damêl gawokipun ingkang sami ningali.
Wêkasan lajêng kèndhuri sarta dhahar kêmbul. Salêbêting dhahar, kasêling lèlagon bab wontèning sêkar Kakawin, Sêkar Agêng, Têngahan tuwin Macapat, kalajêngakên nyêkar Agêng, dadosa tuntunaning para dhalang. Sasampunipun paripurna, taksih kasambêt singiran lan jêjogedan, ngibing mawi tombok arta, ngantos dumugi ndungkap Subuh.
Kaca 166 – 204

Jilid 6 - Kaca : 166

366 Asmaradana

49. Sandika kang putra kalih |
nulya ngêlik wong sasanga |
rêmpêg lagune kaboyong |
swara sru landhung angêmbat |
lailaha ilalah |
hu rabana ya Alahu |
kasbuna ya Allah nulya ||
50. Santri gêr kathah nampani |
rampak gumêr tanpa rungwan |
gora gêng alit tan wanèh |
tarêbang ambata rêbah |
angklung gumrah lir gêrah |
kèndhange sêsêg anduduk |

kêmpyange ngablak bêngkakak ||

51. Nulya emprak santri Luci |
mèyèk lir anlangi ênggak |
tangan karo nyêpêng corong |
hebat kadya sêpat molah |
emprake Tunjangkara |
dhasar gêdhog ngiras badhut |
kèh carane jogèdira ||
52. Ting salinthut sikutnèki |
sikile kaya kapinjal |
pepekohan acecekon |
tangan ro coronge mubyar |
prabot taksih têtêsan |
Luci sih caraning kaum |
jubah bêbathok jêplakan ||
53. emprake caraning santri |
jumbul-jumbul saleyoran |
gèsèh lawan gêndhingane |
mung rujuk lan kalimahnya |
lumrah emprak slawatan |
mung mangkono kluyur-kluyur |
seje lawan Tunjangkara ||
54. Megal-megol anarisik |
tangan sêblak sêraweyan |
rengkot-rengkot cara Regol |
cangklakane palênthètan |
wêtênge palêmbungan |
ngulêt sumbu-sinumbu |
Ki Bayi asuka-suka ||
55. Kasoran ki santri Luci |
apan kalah babrongotan |
nyunyuk sakêna-kênane |
cècèg-cinècègan wangnya |
nèng salang mayang kandhutan |
gêni tanpa raosipun |
mila rahab bêbakaran ||
56. Wus dangu antaranèki |
gya suwuk maca sêlawat |
nulya kèndêl sadayane |
angiring-iring mêmangan |
santri sayah kasatan |
kang miyat masih kêmrusuk |
(ng)géguyu kang samya emprak ||
57. Nulya Nuripin kang prapti |
angirit Sênu gus Surat |
singgah sarwi (m)bêkta obor |
sakèhe wong anêningal |
apiyak ngering nganan |

ting balêkèr samya kukuk |
dubilah nora kêjamak ||

Jilid 6 - Kaca : 167

58. Wau kang pinindha èstri |
amêpês sila panggungan |
sarwa adi busanane |
sinjang cindhe bang pêpradan |
pêngasihe sandhungan |
sak asta nêrampat pungkur |
ciningkrang pawingkingira ||
59. Watês mêmêlan mawingkis |
winidan jênar gêbêgan |
dadya anglela kempole |
sinamêkan bangun tulak |
rinenda klengkam jênar |
ngawêng singsêtane mungguh |
ing pundhak pirit pungkuran ||
60. Bubuntar winiru apik |
jèrèng tumumpang taliban |
mancut sipat kêkodhoke |
lir githoke (ng)gik-ênggikan |
cêthik methok pinêkak |
ing cathok trètès intên byur |
pasingsêtan sutra jênar ||
61. Atumpal mëndhala giri |
sebêt akace kumbaya |
kusta lus abrit pinocot |
kalpika lintring tajugan |
mirah bang gêlang kana |
anting-anting kêlat-bau |
kalung badhong sungsun tiga ||
62. Sumping puspa krêsna rukmi |
acundhuk mëntul tamengan |
pakêncêng suri tinrètès |
gêlung sêdhêng tinêngahan |
ing grudha kanin nuntak |
sinêkar roncèning gêlung |
pinalipit ing anggitan ||
63. Sêngkang uliran hèn thathit |
pêngajênge pinahyasan |
mawi cithak cêcênthunge |
pêtha thi-athi lèlatha |
alis mênjangan milar |
tasik rinêmbug sumunu |
satêngu tan mantra priya ||
64. Sadaya gawok ningali |
marang ro kang pinindha dyah |
samya kasmaran sakèhe |

Ki Bayi suka tumingal |
gumujêng sarwi nabda |
mangkono jawane iku |
akale si Jayèngraga ||

65. Iku sapa kang maèsi |
si Sênu lawan si Surat |
Jayèngraga lon ature |
punika pun Nini Daya |
Ki Bayi mèsêm nabda |
sasmita mring garwanipun |
ya talah si bibi Daya ||

66. Bisa tèmên karya adi |
wong desa nora kaduga |
maèsi kaya mangkono |
Malarsih matur ing raka |
mila pun bibi Daya |
sabên tiyang kang mêmantu |
tan liya pun bibi Daya ||

67. Ki Bayi ngandika aris |
wis mara nuli lèkasa |
Jèngraga nyandhak trêbange |
Macan garongan ginêmbyang |
angêlik wong sasanga |
lêlagon Kinanthi tarub |
tarub agung Allah Allah ||

Jilid 6 - Kaca : 168

68. Pangaubaning wong brangti |
abrangti marang Pangeran |
Pangeraning alam kabèh |
sinauran santri kathah |
gumuruh swara rampak |
trêbang kèndhang lawan angklung |
kadya gêrah ajèngguran ||

69. Nulya ngadêg ronggèng ngibing |
wiwit ukêl bêbadhayan |
antuk sambah gongane |
salin raras sarimpenan |
pan angsal sarambahan |
mêdhar cengkok ukêl lagu |
nulya kêjêr gègambyongan ||

70. Ronggèng kalih sarêng ngêlik |
lir rêbab amathêt sanga |
lan suling ênêm nyamlênge |
siji lir gêtêring rêbab |
amiwil ngêmbat kawat |
kang siji lir gêtêripun |
ing suling êlong tutupan ||

71. Angêlus tilêpan miwil |
 swara rum manis araras |
 rantas tyase kang myat kabèh |
 koyup mring Sênu gus Surat |
 kang saplak ing kalangyan |
 sindhèn lir sêsêndhon nganyut |
 têtela parikanira ||
72. Panjalin tulak ros langking |
 tratês pita ing dharatan |
 tingalana rêragane |
 yeka purbaning Pangeran |
 obor têtgal siluman |
 palêsthane ing pamuwus |
 aywa mangmang anèng donya ||
73. Yèn urip wêkasan pati |
 sandhang lawe among wohan |
 dene patrine wong pandhe |
 ling-lingên sariranira |
 ywa pijêr ngujar ujar |
 ya hu-Allah kuntul biru |
 dêruk seta ing Bênggala ||
74. Cêngak-cêngèk lir raryalit |
 nora pintêr anèng donya |
 mênyan seta upamane |
 ya ilahi jênu tawa |
 tiwasing uripira |
 pan katungkul lura-luru |
 dening sasmitaning netra ||
75. Dodotane wong pawèstri |
 ngulatana ingkang nyata |
 sampurnaning ngèlmu kabèh |
 wong gêmati kakècèran |
 kêlasa jinamang bang |
 eman-eman wong tumuwuh |
 yèn kêlakon mati bangka ||
76. Gudhe pandhak wong ngaurip |
 praja nèng kuranji ika |
 krondhahan papa têmahe |
 puspa ranu ya hu-Allah |
 swarane pra pujangga |
 uripira anglir tunjung |
 atuwuh tanpa têtalaga ||
77. Wong têtanya wusing kardi |
 sapa (n)dadèkakên sira |
 pêksi krêndha lae lae |
 dewa nataning gambira |
 sabdaning guru nyata |
 dadi lawan dhèwèkipun |

sêsana juluk satriya ||

78. Ngêndi ngong Pangranirèki |
prêkutut gung ya hu-Allah |
kang pêsthi cinandu raos |
iya iku ucapêna |
kang angucap lan sira |
patanyan gambirèng kutuk |
sapa molahakên sira ||
79. Minangkara ya Ilahi |
kang praja ingapus gita |
kasatmatan ing osike |
tanpa karana nèng donya |
patakon pangupaya |
sêsana pacalang laku |
êndi (ng)gon kang dhihin-dhihin ||
80. Sawo sêmpal saupami |
surya ratri diwangkara |
saking ora wiwitane |
mulaningsun dadi ana |
lulungan wusing gêsang |
êndi parane yèn lampus |
tapas arèn ya hu-Allah ||
81. Latu mindha buntala di |
ulih mara pan waluya |
nulya kadya duk norane |
Sana prabu kunir pita |
jron pati nêmu apa |
pêngantèn lagi pinagut |
jujuluk putri Jênggala ||
82. Dene jroning pati iki |
nora nêmu paran-paran |
kang gula drawa dhuh lae |
nata yaksa Purubaya |
wuta tuli mukanya |
bisa tan pègat amuwus |
lae ngêndi (ng)goning Suksma ||
83. Kang tata prana upami |
pratapane sang Rahwana |
ananing Hyang sayêktine |
anglindhung ana ing cipta |
srêngenge wus gumiwang |
mênyan seta wus kadulu |
ywa gingsir mawas kang nyata ||
84. Kang pari lagya kumêmping |
parentah undhang prayoga |
katungkul tata-kramane |
marang muka ya hu-Allah |
sela ginêniara |

badan rêmpu pujinipun |
kêlurung tumbuh parannya ||

85. Pawijilan cacad ragi |
kang tan mêtù marga-ina |
wisangkara upamane |
kang gêbang paniwêr wana |
kalamun kababaran |
ing wuwus tanpa gawèku |
ya hu-Allah jambu alas ||
86. Jêmpana kang munggèng èsthi |
aja kapok alêlana |
teja muka kramèng katong |
kumingsun kurang pracaya |
putra ing Lesanpura |
rêca kayu kang pinatut |
golèka ujar kang sêtya ||
87. Toya rêka ya Ilahi |
intên dèwi Drêsanala |
mêtuwa gêni ujare |
ing tutuk mangsa kandêla |
kawuk citra upama |
kulampis seta tan rikuh |
kapilang dening sarira ||
88. Mangkana dènnira ngibing |
si Sênu lawan gus Surat |
lir binagi sarirane |
jalu èstri kang tumingal |
brantèng solah warnanya |
lan swara busananipun |
samyã kedanan tènaga ||
89. Sawênèh ingkang jalwèstri |
ingkang sampun ahli rasa |
tyas kanyut ing parikane |
kraos uripe nèng donya |
tinitah langkung ina |
lir winirang ing panutuh |
pangolok-oloking Suksma ||
90. Tanpa guyu tanpa angling |
kagagas ing pêparikan |
pan wus dangu antarane |
singir sèlèh ing sauran |
tinampan ing wong kathah |
saurane tarub agung |
tarub agung Allah Allah ||
91. Pêngaubaning wong brangti |
abrangti marang Pangeran |
Pangerane alam kabèh |

Jilid 6 - Kaca : 170

- kêndhang anjujud irama |
 sêsêge kinêndhonan |
 ngandhêlong anulya suwuk |
 samya amaca sêlawat ||
92. Lèrèn pan angaring-arang |
 para santri sadayanya |
 aso sarwi asêsambèn |
 anginum wedang nyamikan |
 tan cuwa sasênêngnya |
 miwah ingkang nginang udud |
 nutug dhêdharan mawarna ||
93. Mangkana (n)Jêng Kyai Bayi |
 Panurta alon ngandika |
 dene bêcik parikane |
 lah iku sapa kang mulang |
 pêparikan kadyeka |
 apa bisa maunipun |
 Jèngraga umatur nêmbah ||
94. Punika pun Jamal Jamil |
 kang mulang suluk wangsalan |
 pan limrah tiyang bang kilèn |
 wangsalan tanah ing Karang |
 parikan dadya rasa |
 kang rama ngling lah ya iku |
 brêkate sabat uliya ||
95. Karênan ingong miyarsi |
 êmèle suluk wangsalan |
 kuciwa rada kasêron |
 trêbange lan saurannya |
 kakehan kang slawatan |
 kajaba mung trêbang têlu |
 sêtun santri sêlawe prah ||
96. Iku tatela kapyarsi |
 dadi nora na kang samar |
 ing raos tan ana kècèr |
 umatur kang para tuwa |
 pan inggih kasinggihan |
 Ki Pangulu manthuk-manthuk |
 nganthuki Sênu gus Surat ||
97. Kinèn maju ngarsanèki |
 manira duwe wangsalan |
 bêcik kinarya rêrêpèn |
 lah ta mara tampanana |
 ênggonên pêparikan |
 anyêlak gus Surat Sênu |
 bisik-bisik winarahan ||

Jilid 6 - Kaca : 171

98. Suda rêga pracayèngsih |
 macan galak gêgaweyan |
 tuna dungkap ing ngèlmune |
 nganggêp ujar boborongan |
 marus dyah gênthong lanang |
 durung ilang kadasipun |
 maksih sukêr anèng donya ||
99. Paran wus apil sirèki |
 sarwi mèsêm-mèsêm mojar |
 Ki Pangulu ing batine |
 saking kêpengin cêdhakan |
 Ki Pangulu aberag |
 aling-alinge mumuruk |
 mung cêdhak thok thil kewala ||
100. Sênu ngling mèsêm ngawêti |
 kagungan dika sap tangan |
 lan kêpêt kula suwune |
 kumbaya kusta langkung bang |
 kula rêmên kalintang |
 Ki Pangulu ngling karêpmu |
 ênya pundhutên priyangga ||
101. Sap tangan nulya ingambil |
 sumampir anèng wangkingan |
 Ki Basar sikute (n)dhosok |
 kêpêt sap tangan binêkta |
 mantêngah Sênu Surat |
 Ki Pangulu ginaguyu |
 Kulawirya latah-latah ||
102. Akale Ki Basarodin |
 kathik lir wong sakiyikan |
 kênan kêpêt sap tangane |
 daya-daya kêcanthèla |
 sikute nambutkarya |
 lèh thithik rong thithik lowung |
 urube kêpêt sap tangan ||
103. Kang myarsa gumujêng sami |
 Ki Bayi gumujêng nabda |
 sapa dèn-guguyu kuwe |
 umatur Ki Kulawirya |
 punika kakang Basar |
 anambut damêl bêbratu |
 kecalan kêpêt sap tangan ||
104. Angsal nyikut bokong kêdhik |
 Ki Bayi gumujêng suka |
 priye hèn Ngulu surupe |
 Ki Basarodin aturnya |
 kula mulang parikan |
 kalih wanda têngbungipun |

wêwangsalan suda rêga ||

105. Ki Bayi mèsêm ling aris |
parikamu kuna laya |
ya bêcik lwih utamane |
ngandika marang kang putra |
Jèngraga santrinira |
yèn wus aso payo gupuh |
kang putra matur sandika ||
106. Lan kang raka Jayèngwèsthi |
sarêng dènnya nyandhak trêbang |
anglik bawa lan santrine |
umyung swara rum araras |
sajak cengkoke santak |
lêlagon Jawa Lung-gadhung |
sauranira mangkana ||
107. Sèmun kèring sèmun kèring |
jare Allah Allah Allah |
jalma wong tuwane jare |
lanat agung ya hu Allah |
hu Allah jare lanat |
gung mas anggèr sira têmbung |
nulya tinampan wong kathah ||
108. Kêlangkung gumuruh atri |
abarungan tanpa rungwan |
trêbang kèndhang lan angklunge |
pong ping pong pêk dhêng thung dhung brang |
plak plak blang pyak prung pung bang |
tong ting tong prig klur klur thir thur |
thung plêk thung plêk bêng pyang pyang byang ||
109. Jayèngraga nulya nuding |
Crêmasana Widiguna |
kinèn emprak sigra jèngklèk |
jogèd kêlana kasmaran |
rupane karo pisan |
lir nganggo topèng satuhu |
salin rupane walaka ||
110. Ki Bayi gumujêng angling |
si Crêma lan Widiguna |
apa padha nganggo topèng |
Jèngraga matur ing rama |
duka dalêm punika |
Jamal Jamil akalipun |
manthuk-manthuk Ki Panurta ||
111. Wong roro dènnira ngibing |
arakit sasolahira |
nêlaskên cengkoking jogèd |
pangêmbyake tan salaya |

Jilid 6 - Kaca : 172

amiwir sondhèrira |
kêkicatan tindakipun |
pacak gulune ejlegan ||

112. Andhêglèg klêg oklak-aklik |
hebat kumruwêl lir bahak |
endha sinambêr ing kèkèt |
kiprah kitrang kipat-kipat |
ngling nging bling nging jênggigat |
agrudha babon nêladhung |
kêsrug gidrah runyah-runyah ||

113. Ilo-ilo ngolang-ngaling |
atindak lir katèl nêbak |
manggêl kadung medong-medong |
anggêdhindhang pêpincangan |
dhêdhangkan lenggak-lenggok |
gêdrug-gêdrug nèmpèl pupu |
naricig sisirik manggang ||

114. Kêplok tangan angêtibing |
mênthang bau asêblakan |
nulya sêsêg lêlagone |
semun keringira niba |
ginunjang langkung santak |
kang bêksa cêlana cancut |
capêng lir arsa mangunprang prang ||

Jilid 6 - Kaca : 173

115. Anduduk kêndhang tinitir |
anggobyog trêbang lir bêdhah |
saking asru pênabuhe |
angklung sêngkrak kadya gêrak |
mangkana Jamil Jamal |
anuduh pra bagoripun |
kinèn emprak sadayanya ||

116. Nyêpêng corong siji-siji |
bagor sêlawe prah emprak |
maro rolas lir balane |
kêlana sawijineka |
agibrah kêkalangan |
samyasalin warninipun |
kadya balane kêlana ||

117. Punggawa rupa mawarni |
ting prêngangah rupa-rupa |
kang sakêpèl babrêngose |
kang godhèg wok akakaban |
simbar dhadha sasagan |
mukane lir topèng tuhu |
ilang rupane wêlaka ||

118. Eram sakèh kang ningali |
pratingkah ingkang tongtonan |

- kabèh pan katèmbèn tumon |
 (n)Jêng Kyai Bayi Panurta |
 kalangkung sukanira |
 yata kang emprak sadarum |
 rekane samya nglurug prang ||
119. Mubêng ing kalangan ngibing |
 ting jêlèmprak sarwi emprak |
 pêpanthan nèng wetan kulon |
 kabèh samya kêplok tangan |
 cawêdan tandang pêrang |
 Ginonjing gya tiba Liwung |
 saya sru trêbang sauran ||
120. Gumuruh gora rèh atri |
 sêsêg ngêtog rahabira |
 gya campuh kang emprak prange |
 arame bakar binakar |
 samya asêlomotan |
 sru nyunyuk sumbu-sinumbu |
 bar-bêr rame têlorongan ||
121. Aliwêran pasêr gêni |
 kang kêna tan pilih papan |
 kumaprês nèng rêraïne |
 wangwa sumyur lir wêsi bang |
 pinalu kras mancurat |
 obor têlas lawan sumbu |
 anulya salin gêgaman ||
122. Pêdhang kalewang miwah kris |
 gigitik wêsi giligan |
 rit bapang talêmpak towok |
 gègèr giris kang tumingal |
 sadaya maras ing tyas |
 kabèh pra samya anêbut |
 kaya priye kuwe Allah ||
123. Nulya prang kêris-kinêris |
 myang pinêdhang kinalewang |
 bat-bêt kumêpruk swarane |
 kang pasah kang tan tumama |
 kang tatu gêlang saran |
 sawênèh ana kang lampus |
 ludira adêladagan ||
124. Akathah warnining kanin |
 ana kang gulunya pagas |
 wênèh klèwèran ususe |
 gèrêng-gèrêng kalosotan |
 kêlana Crêmasana |
 balane sêdaya lampus |
 de kêlawan Widiguna ||

125. Mung kanin kédhik kang mati |
gya kélana Crêmasana |
angamuk lawan kêrise |
maju kinarubut bala |
ngrêmpak ngiwung mrêjaya |
têlas kang bala ingamuk |
pan kantun sami kalana ||
126. sarêng majêng aprang tandhing |
suduk sinuduk aramya |
samyajurira karo |
rontang-ranting angganira |
aniba kalih pisan |
kalana ro pêjah sampyuh |
pra bagor nêmlukur pisan ||
127. Samya pêjah anggulinting |
sarta gêtih bêlabaran |
myang kang klawèran ususe |
gêrêng-gêrêng tan bisa bah |
sakèhe kang tumingal |
gawok samya jrihandulu |
biyas ulate sêdaya ||
128. Tan tahan ningali jisim |
akèh kalêngêr aniba |
binayang marang sanake |
trêbange mênêng priyangga |
tan kanthi sinalahan |
trêbang maksih pinangku |
anggantung ngungun tumingal ||
129. Kabèh tan ana cumuwit |
jalwèstri gêgêtun samya |
sidhakêp tutup cangkême |
mangkana Ki Jamal Jamil |
ngadêg anèng kalangan |
linuruban jisimipun |
ujuring mayit tinata ||
130. Ronggèng ro kinèn angibing |
nulya ngadêg Sênu Surat |
Jamal bawa Siwal-molê |
jujuluke Waliulah |
Pangeran kang minangka |
Nabi minangka jatiku |
jatine tale wangsulan ||
131. Sinauran para santri |
landhung samya lilirihan |
lêlagone Parianom |
lir nangisi kang palastra |
rarase kang slawatan |
ronggèng ro gus Surat Sênu |

kinèn ngubungi mayitnya ||

132. Jamal Jamil anèng wuri |
sarwi ngangklung kalih pisan |
nut wurine ing ronggèng ro |
tibane sauranira |
anulya Sênu Surat |
sarêng ngêlik nganyut-anyut |
lir nangisi kang palastra ||

133. Pênangise garwa siwi |
kadya pulung kapipitan |
asêndhêt-sêndhêt wilête |
lir wong anyuling karipan |
sambada parikan |
ana tangis layung-layung |
tangise wong wêdi pêjah ||

134. Tangise wong wêdi mati |
gêdhongana kuncènana |
yèn wus pasthi nora wande |
gya tinampan ing sauran |
trêbang imbal ambalan |
lagune lirik alandhung |
Sênu Surat Jamil Jamal ||

Jilid 6 - Kaca : 175

135. Samya angubungi mayit |
kumêlun kutug angambar |
mangkana gêtih kang lèbèr |
wus tan ana labêtira |
ronggèng ro ngambil sêkar |
saoncèn ing gèlungipun |
winigar sinêbar-sêbar ||

136. Winratan lir nêbar wiji |
sinawur kang kêmbang-kêmbang |
sarwi sindhèn parikane |
jatingarang mangsa kapat |
jati têmahan mulya |
mulya têmah sampurna wus |
mulih lir wingi nguninya ||

137. Waluya ingkang basuki |
bêdhug têlu atangiya |
sucèkna badanmu lae |
banyu saraban tauran |
mujiya ing Pangeran |
lah wis ayu ayu ayu |
wong donya baliyèng donya ||

138. Kang mayit nulya ngalilir |
krukube kabèh binuka |
samyang linggih dhêlog-dhêlog |
Jamal Jamil kêplok tangan |

Pari-anom aniba |
nulya tangi kang alungguh |
kinanthi ki Widiguna ||

367 Kinanthi

1. Pan lajêng emprak sadarum |
mulya warnane pribadi |
ting galidrah kiprah-kiprah |
lir bungah matyurip malih |
amubêng kadya angarak |
pêngantèn Sênu Suratin ||
2. Sadaya bêksane bêsus |
samy a amberag birai |
angêlètèr ing kalangan |
sêsêg tibaning kang gêndhing |
Cèlèng-mogok kinêplok an |
umrêg kêplokè gora tri ||
3. Sakèhe ingkang andulu |
samy a abungah tan sipi |
[. . .] |
ambyong kêplok sadayèki |
langkung rêmêning tanggapan |
samy a suka-suka ngênting ||
4. Santri sêlawatan umyung |
Cèlèng-mogoke gora tri |
wor barungan tanpa rowan |
kalangan kalangkung angrik |
kêplok angklung kêndhang trêbang |
sru natap anduduk nitir ||
5. Mangkana antara dangu |
kêndhang duduke ngêndhoni |
ngêndhêlong iramanira |
sinalahan tan asari |
gya suwuk maca salawat |
kêsêl lèrèn ngaring-arang ||
6. Ki Bayi Panurta (ng)gugug |
langkung sukanirèng galih |
rongèh palinggihanira |
sarwi ngandika hêh Luci |
kaduga têtêmên tyasingwang |
rame têtêmên lan duk wingi ||
7. Luci ature agupruk |
dèdèk kaote lan wingi |
kaot mawi bêbagoran |
Ki Bayi gumujêng ngikik |
sasmita mring sadayanya |
samy a tumungkul ngèsêmi ||

Jilid 6 - Kaca : 176

8. Ngandika malih hèn cêblung |
Widiguna dèn-mangarsi |
lan si pothèt Crêmasana |
gupuh samya majêng ngarsi |
myang pra bagor wurinira |
sadaya dèn-têtakoni ||
9. Priyê rasane awakmu |
tatu kanti têtèng pati |
matur tan wontèn raosnya |
mung kadya raosing arip |
lir angantuk sacêklukan |
langkung sêkeca tan sipi ||
10. Lah kang ora mati iku |
gêrêng-gêrêng maksih kanin |
matur kang samya liningan |
tan wontèn raosing sakit |
kadya tindhihên kewala |
liyêr lir wong dipuncandhi ||
11. Ki Bayi amanthuk-manthuk |
ngungun myat ing Jamal Jamil |
kêraos ing mantunira |
idine Sèh Amongragi |
ya wis mundura lèrèna |
kêsêl sarèhèna linggih ||
12. Sadaya gya nêmbah mundur |
wus tata dènira linggih |
samya nutug nyênyamikan |
sêgêran myang wedang kopi |
wus aring dènira raryan |
Kyai Bayi Panurta ngling ||
13. Jamal Jamil sira yèn wus |
aso nuli wiwit malih |
kang liningan tur sandika |
Sênu Surat wus winangsit |
kurungan pinasang têngah |
rurubing sinjang mawarni ||
14. Sarta lan kutug kumêlun |
sajèn-sajèn amêpêki |
Jayèngwèsthi Jayèngraga |
nyandhak tarêbangirèki |
angêlik bawa sauran |
swara barung rum amanis ||
15. La ilaha ilalahu |
Muhamad habibullahi |
tinampan ing santri kathah |
rame rêmpêg naurani |
trêbange ajêg atata |

nut irama langkung asri ||

16. Wus rambah imbalanipun |
nulya wau Jamal Jamil |
lumêbu jroning kurungan |
ronggèng ro ngubêngi ngêlik |
anglir suling tinêrusan |
gumrining angraras ati ||
17. Patra wisa wangsaliipun |
parang jajaning pawèstri |
aduh lae anèng donya |
susukêre tan pinikir |
paja-paja ing wardaya |
mênyan seta ya Ilahi ||
18. Angên-angênên satuhu |
awasêna ing ngaurip |
puspa lulus ing astana |
sêkar adi ing wiyati |
têlas sihing maring raga |
kalintang rasaning ati ||
19. Ya hu Allah sarah madu |
kalpuka ngling srênggara ris |
witning sun lamlam tilara |
ing raga manira iki |
mangkana sasindhènira |
kang myarsa sumyar tyasnèki ||
20. Kasmaran mring Surat Sênu |
mangkana Ki Jamal Jamil |
dangu dènnya nèng kurungan |
ingungkaban ronggèng kalih |
kurungan suwung kewala |
tan ana Ki Jamal Jamil ||
21. Tan antara praptanipun |
nunggang sima Jamal Jamil |
anggro sru (ng)gogodha gidrah |
-gidrah krah krura ngajrihi |
gègèr kagyat myat ing sima |
kadya gabah dènintêri ||
22. Lêng-ulêngan lir pinusus |
jalwèstri pating jarêlih |
gusis kabèh kang jagongan |
lumajêng samya awingwrin |
santri kang narêbang bubar |
tinuduh sarwi lumaris ||
23. Slawatan sambu lumayu |
Malarsih miwah parèstri |
ambyuk lumêbu jro wisma |
niba tangi rêbut dhingin |

gugup saking jrih ing sima |
kèh kajêngkang kajumpalik ||

24. Kèh singsal gendhonganipun |
tuwa nom myang lare alit |
kaidak-idak wong kathah |
samyang nangis ting jalêrit |
sima nêng têngah kalangan |
gulêt krah anggrogora ngrik ||

Jilid 6 - Kaca : 178

25. Lumumpat saut-sinaut |
kèkèt sima agêng kalih |
anggruwak têtak-tinêbak |
milar anggrogangajrihi |
sadaya samyang jrih mulat |
Kyai Bayi jêlih-jêlih ||
26. Jamal Jamil lah wus-uwus |
rucatên anggigilani |
amêsakakên wong kathah |
anak putu kèh bilai |
raryalit kaidak-idak |
wong nonton kèh kajumpalik ||
27. Nuli Jamal Jamil nuduh |
angawe Sênu Suratin |
ronggèng ro wus sinasmitan |
samyang maju marêpêki |
kinêbyok kacu kumbaya |
siji sowang angêbyoki ||
28. Sima tutul samyang mundur |
ngidul ngetan purugnèki |
tan adangu nulya lunga |
prapta wangsul egrang gêni |
anglangkahi paregolan |
sagantangan inggilipun ||
29. Sasaka rawa gêngipun |
murub lir saka kabêsmi |
kinarya prak nêng palataran |
ting gêrajug angubêngi |
kang slawatan nut nêng latar |
myang sadaya kang ningali ||
30. Samyang tungtum andêdulu |
Jêng Kyai lan garwa siwi |
miwah sakucumbunira |
nêng pinggir kidul ningali |
sadaya ngadêg kewala |
samyang suka aningali ||
31. Kang angegrang gêni murub |
bêburon gêbangan sikil |

- (n)dhêdhêgol ginol pagolan |
bênthak binênthak agathik |
latu lir wisma kabakar |
kumêbul abra mratani ||
32. Nampêg wisma latunipun |
kwêhning miyat ting jarêlih |
e e priye kowe ika |
sadaya tyase kuwatir |
myat latuning payon ngambak |
pandhapa gêdhongan masjid ||
33. Ki Bayi ngandika asru |
wis wis amarasi ati |
Sênu Surat nulya mara |
udhête karya nyabêti |
mati urube kang ègrang |
kari wangwa egrang lari ||
34. Wus mêtù parane ngidul |
Jamal Jamil tan kaèksi |
kabèh wangsul ing pandhapa |
akalangan tata linggih |
akutug kumêlun ngambar |
ronggèng singir ngalik-alik ||
35. Ngubêngi kurungan runtung |
wangsalan andudud ati |
kawis pita purwa kandha |
pacing gunung myat ing wuri |
aja pijêr bilulungan |
tolèhên wêkasanèki ||
36. Singir sinauran barung |
la ilaha ilalahi |
Muhamadun kabibullah |
angrantêg kêlangkung asri |
tinampan Sênu gus Surat |
swara rum raras mlasasih ||
37. Kawruh crita jêbug arum |
baskara ngayomi ngardi |
sarira surèng palagan |
iribên suruping urip |
paran padha mênyan pita |
lakune kudu wirangi ||
38. Kang nèng jro kurungan wau |
ngaruntêg kinèn ngungkabi |
nulya kurungan binuka |
sigra Jamal Jamil mijil |
mabusana sarwa endah |
sosotya nawa rêtnadi ||

Jilid 6 - Kaca : 179

39. Acalumpring kêlat-bau |
 gêlang kana anting-anting |
 kalpika kalung pamêkak |
 garudha jamang susumping |
 asondhèr kampuh cindhe bang |
 nyuriga nyêrapang katri ||
40. Sadaya kagèt andulu |
 panganggene Jamal Jamil |
 prabot katitik sadaya |
 kathah ingkang andarbèni |
 ana anitik cêrapang |
 ingkang nitik jamang sumping ||
41. Kang nitik cêlana kampuh |
 myang nitik badhong calumpring |
 kang nitik adêngongokan |
 sadaya pan ora pangling |
 kang dèn-angge Jamal Jamal |
 darbèke kang sugih-sugih ||
42. wontên satunggal wong dulu |
 pawèstri asru anangis |
 anake kang tinangisan |
 kidak-idak duk lumaris |
 rinubung ing sanakira |
 sasuwene durung eling ||
43. Ki Bayi ngungun amuwus |
 ya talah lare mlasasih |
 hèn bagus Ki Jamal Jamal |
 muga tulungên jêjampi |
 êndi kang nangis si bocah |
 prènèkna dèntêtambani ||
44. Nulya sinaoskên ngayun |
 pinaringkên Jamal Jamil |
 tinampan marang Ki Jamal |
 pinangku kang rare alit |
 kinurêpkên ing gêlaran |
 nulya nyandhak berang aglis ||
45. Rarywalit pinêdhang gêprus |
 sigra brak ludira mijil |
 sumêmbur nyiprat sumirat |
 biyunge ngêlumba anjrit |
 samya anjêlih kang mulat |
 biyunge sru nubruk bayi ||
46. Pinêdhang bêt salangipun |
 tigas pancing anggulinting |
 kagyat kang samya tumingal |
 salang surup tan mangêrti |
 samya alok nora trima |

sanake samya (n)jrit nangis ||

47. Ki Bayi muwus rawat luh |
priye kuwe Jamal Jamil |
(ng)ko uga dadi prakara |
jalwèstri samya sru angling |
kèh ngarani kêsurupan |
kabotan atine miring ||
48. Jamal Jamil kadya gêtun |
sarwi anglurubi mayit |
Sênu Surat sinasmitan |
wis kinumpulkên kang mati |
bêbaya lan biyungira |
Sênu Surat angubêngi ||
49. Sarta ngambil sêkar gêlung |
saonce winêdhar nuli |
sinawurakên kang pêjah |
ripangine lir nangisi |
jatingarang mangsa kapat |
mulyane kusuma jati ||
50. Jati têmahan mulya wus |
puluh anglir wingi uni |
bêdhug têlu atangiya |
sucèkna badanireki |
banyu saraban tauran |
mujiya Pangranirèki ||
51. Lah wis ayu ayu ayu |
wong donya balyèng donyèki |
kang mayit anulya obah |
tan dangu sigra ngalilir |
mangku anak sinusonan |
bayine wus waras-wiris ||
52. Anulya cinènèng mundur |
mring sanake dèntangisi |
wus lêga bungah sadaya |
katongton gunane Jamil |
Jamal Jamil nulya emprak |
wong papat Sênu Suratin ||
53. Amubêng kalanganipun |
kêplok tangan Jamal Jamil |
lagone sabên bismillah |
hi amana bismillahi |
bismillahi hi amana |
manalilah sajak Kawis ||
54. Barung kèndhang trêbang angklung |
magênturan sru swara tri |
kèndhang bêm agak sibêkan |
angklunge bêbanggèn ngênthir |

trêbang kêmpyange timpalan |
pong ping pong pêk tong ting tong gring ||

55. Pêp pêp bah bah bah gur bah gur |
plung plêk plong plêk brang prung prung bring |
kêtong ting nguk dhêng dhung dhung brang |
bêm pêk bêm pên pung bêng pung bring |
pyak pyak pyang plak blang pyak blang blang |
klong klung thir thur klar klur thor thir ||

Jilid 6 - Kaca : 181

56. Jamal Jamil tandangipun |
lir wong (m)begal mrih pêpati |
kalewang ligan dèn-anggar |
kot buta angigit-igit |
ambujêng sawiji sowang |
kinalewang sru ngendhani ||

57. Sru muwêng saking sru luput |
sut-sut lir kitiran muni |
binuru binahak-bahak |
nulya kaprawasa kalih |
thêl tugêl bêt kalih pisan |
gulu pagas tibèng siti ||

58. Rahnya (m)balabar sumêmbur |
waringutên Jamal Jamil |
anulya pêdhang pinêdhang |
samyas pasahira kalih |
sadhengah kang kêna gigal |
suku bau tibèng siti ||

59. Sarêngan panyabêtipun |
pancas gulunira kalih |
sirah gêmbung tibèng lêmah |
sirahe Sênu Suratin |
anglik ro swara rum raras |
kinanthi lagone aris ||

60. Ana tangis layu-layu |
tangise wong wêdi mati |
tangise alara-lara |
maras atine yèn mati |
gêdhongana kuncènana |
yèn pêsthi tan wurung mati ||

61. Sinauran santri barung |
alandhung swaranya lirik |
lir ambarungi karuna |
tarêbange ukur jawil |
sirah ro ngesot lumampah |
kadya kul kasatan ngalih ||

62. Lorah-lorah kosèr marus |
lathinya nyakoti jarik |

sirah ro atata wastra |
gêmbung samya dènurubi |
ing lawon wus tan katingal |
wangkene kang samya mati ||

63. Nulya sirah numpang gêmbung |
akirap anggiting sari |
oncène gèlung sumêbar |
sumawur amêratani |
ri pangilir waunèka |
anutug satamatnèki ||

64. Sadaya kang andudulu |
lir ngantuk sakêdhap arip |
kumpuling gêmbung lan sirah |
tan ana kang angudani |
byar waspada wus waluya |
Sênu Surat wuwuh manis ||

65. Lir winangun paèsipun |
sangsaya ngimbuhi ati |
enggar sadaya sukèng tyas |
tan ana kang walang ati |
puji-puji kang tumingal |
mring Sênu bagus Suratin ||

66. Jamal Jamil Surat Sênu |
dènyemprak nuli alinggih |
wus angumpul anèng ngarsa |
ginobyong trêbangirèki |
sêsêg gumêr magênturan |
anduduk kèndhang anitir ||

Jilid 6 - Kaca : 182

67. Sigêgên ing kèndhang kadung |
ngandhêlong irama aris |
praptèng gongan sinalahan |
nulya suwuk tan asari |
Ki Bayi alon ngandika |
padha rèrèna kang aring ||

68. Anyampyêng babakanipun |
iba kêsêle wong muni |
umatur putra kalihnya |
tan ngraos sayah sakêdhik |
iba dangune babakan |
swara malah saya wêning ||

69. Jèngraga ngumumkên wuwus |
mara priye santri-santri |
yèn beda kalawan ingwang |
matur para lurah santri |
alêrês atur paduka |
malah kirang dangu malih ||

70. Pan limrah sêdayanipun |
tan rêkasa dènnya singir |
ènthèng sakeca kewala |
duka dalêm ingkang mawi |
(n)Jêng Kyai manthuk ris nabda |
wis idhêp iku kang mawi ||
71. Iya si Jamal Jamilun |
idine Sèh Amongragi |
sasmita marang sadaya |
samyandhêku matur aris |
inggih sèstu kasinggihan |
mantu dalêm ingkang mawi ||
72. Ki Bayi malih amuwus |
marang sira Jamal Jamil |
iku sajèn sadayanya |
sira kang aduwe wajib |
Jamal Jamil aturira |
kalangkung nuwun kapundhi ||
73. Sih (n)Jêng Kyai pan kasuhun |
Jamal muwus mring Nuripin |
adhi Nuripin punika |
sajèn-sajèn sadayèki |
andika bage kang wrata |
arta miwah jarit-jarit ||
74. Kang sami pangêdumipun |
aywa na kang kaot sami |
puniku ingkang pitêdhan |
barêkahe Jêng Kiyai |
dhi Nuripin lan pun kakang |
Luci angêduma sami ||
75. Luci Nuripin abikut |
angêdum arta lan jarit |
myang panganan pinarutah |
warata sadayanèki |
tindhira rolas reyal |
wus pinanggih etangnèki ||
76. Pan pinara tigang atus |
kaduman nyadasa dhuwit |
sinjang ciyut ingkang wiyar |
tinapsir rêginirèki |
wontên ngalihi nyêkawan |
ngênèmi myang nyêdasani ||
77. Kèhing sinjang sèkêt sasur |
cacah ripênêd lan gêmbring |
pan wus rampung pandumira |
tan wontên kaot sakêdhik |
Ki Bayi alon ngandika |

78. Pinalaur dèndum-êdum |
nora dènambil pribadi |
Jamal Jamil aturira |
dene kados tiyang pundi |
kawula botên (m)bêbarang |
kewala namung ngladosi ||
79. Tan rumaos pênêd ulun |
darmit kawula nglampahi |
idinipun putra tuwan |
ingkang kawula tuhoni |
Ki Bayi aris ngandika |
iya talah Jamal Jamil ||
80. Ngling malih mring putranipun |
hèh Jayèngraga apa wis |
sêdhênge padha madhangan |
mèh thithik wus têngah wêngi |
kang putra matur sêndika |
angling mring Luci Nuripin ||
81. Takona si bapa yèn wus |
olèhe ngrakit kèndhuri |
Luci Nuripin gya mentar |
Kêrtiraga dèndhawuhi |
nulya angkatag sinoman |
nyarik dhadharan nèng ngarsi ||
82. Panganan sadaya dinum |
barêkatanira sami |
sinarang ing tapak dara |
linorod ing panjang piring |
sawusnya mundur sadaya |
nulya kèndhuri mangarsi ||
83. Lêladèn pêngajêngipun |
bêbucu nèng panjang giri |
rampadan piring lancar |
saosanira Ki Bayi |
putra kalih sarampadan |
para ri samya ngalihi ||
84. Nulya (m)bêng kèndhuri pungkur |
binayang tinata ngarsi |
rolas ambêng wrat gotong-pat |
kèndhuri jinèjèr tharik |
ingkang moloni nyêdasa |
ngrolasi ngênêmbêlasi ||
85. Ngrongpuluhi nêlung-puluh |
sa-ambêng santri lit-alit |
pinire dènya kêpungan |

sabêne sok ngrêrusuhi |
Ki Luci sigra angatag |
marang santri bocah cilik ||

86. Padha mangana rumuhun |
sakêndhuri wus mêtêki |
jangan pindhang bècèk ana |
tan beda kêndhuri sami |
takire jangan gênêpan |
warata kabèh ngijèni ||
87. Aja nganggo wisuh-wisuh |
(ng)gonên ngombe bae yèn wis |
sumaur pra santri bocah |
ngriku dèrèng sami wiwit |
Luci nêntak sarwi ngatak |
kêmyayi-pyayi si Juprit ||
88. Wis ta nocora dèn-gupuh |
aja ngêntèni priyayi |
ijih tangèh olèh dhahar |
nulya santri alit-alit |
tan kanti wisuh gya mangan |
kokoh bècèk anèng takir ||
89. Lah ya mêngkono sing runtut |
kurang lawuh ngong imbuhi |
mung aja na rêrêbutan |
ya ya yèn rusuh sirèki |
dalcêmplungkên ing bêtumbang |
rasakna (ng)ko ngong-sothoni ||
90. Santri alit mangan nutuk |
sawiji takire (ng)goling |
kasenggol kokohe utah |
amimisuh sarwi nangis |
lon-ingilon sami bocah |
cawuk-cinawuk samyanjrit ||
91. Dadya têtukuran umyung |
mawut sêkul ulam ragi |
gêdrah udrêg kêkapyukan |
siratan jangan nêng takir |
Ki Luci mingkar akêbat |
karêpmu kono pribadi ||
92. Ki Bayi suka gumuyu |
wus adate santri cilik |
sabên mangan rêrêbutan |
satêmêne mundhak asri |
aku dèk cilik kèlingan |
ya mêngkono nora pai ||

Jilid 6 - Kaca : 184

93. Sapuluh wong urip iku |
lumintu tiru kang uwis |
aku biyèn kala bocah |
mêngko iki kaya kaki |
wus mêngkono tan kêna ra |
amênggilingan wong urip ||
94. Sabanjure tan kadyèku |
mara yêktènana sami |
yèn wong asih maring anak |
utawa lyaning raryalit |
dinulur warêdèn anak |
kèh kèdhik tamtu basuki ||
95. Yèn ana wong larang tuwuh |
iku labêting nora sih |
maring anak myang lare lyan |
utawa nora nganaki |
sihe maring bocah padha |
lan pawong mitranirèki ||
96. Tan gumantung nrusing kalbu |
awèta dènya mlas-asih |
ewa-sêmono ya ana |
mitra kang ngluwihi siwi |
kèh-kèhe kawulaning Hyang |
nanging arang wong kadyèki ||
97. Nadyan ana-a puniku |
pêpancène kurang siwi |
beda lan kang gêng trêsnanya |
mring anak sêmpulur bêcik |
mulane aywa candhala |
bangêt-bangêt marang siwi ||
98. Sadaya samya tumungkul |
Kulawirya matur aris |
inggih lèrês kang timbalan |
kawula matur mênawi |
wontên kang kêrêng mring anak |
pinêthès supaya bêcik ||
99. Sinabêt pinrih miturut |
krêng punika kadospundi |
punapa tan trêsnèng anak |
kale wajib mêthès siwi |
utawi rare kang (n)dhugal |
purun tan wontên dènjrèhi ||
100. Ki Bayi alon amuwus |
basa kêrêng iku nanging |
ana kêrêng nora trêсна |
mring siwi kêrênge gèthing |
dèn akêrênge wong trêсна |

kur sasat mèdeñi siwi ||

101. Batine masih angugung |
sawadine dèn-turuti |
mangkono wong trêsnèng anak |
tansah tyas mung wêlasasih |
pan iku lanang wadona |
tan prabeda anglabêti ||
102. Ki Bayi malih amuwus |
apa wis kang nglêladèni |
yèn ana kang durung ana |
umatur Luci Nuripin |
pan inggih sampun sadaya |
yèn wis payo padha wanting ||
103. Samya matur sandika wus |
samyatêturuh awijik |
kang kokobok ngumbah tangan |
adan lêkas samya bukti |
jangan pindhang padhamara |
bècèk lan êtim kêbiri ||
104. Myang ulam kang wutuh-wutuh |
bêsêngèk bêkakak pitik |
opor lan bêtutu banyak |
sakèhe ulam mêmêki |
pêksi ulam loh lan kewan |
ingolah mawarni-warni ||
105. Kang samya nadhah anutug |
rame kêcaping abukti |
pangrêmêking krupuk sora |
wor krêpyêking srundèng gêbing |
pêncok lan kèdhêle rambak |
balung nèm terong gèlathik ||
106. Gumalêthuk ting kariyuk |
barung serop ting karêcip |
Ki Bayi alon ngandika |
aywa na kêsusu bukti |
kang tamban enak-enakan |
manira lagyantuk bukti ||
107. Jare jaman kuna iku |
yèn mangan enak nyênyambi |
karo angidung srênggara |
lagon arum-arum manis |
enaking iwak winastan |
èndi ingkang dènsêptani ||
108. Kabèh gèntèn padha ngidung |
mangkono jare dhèk dhingin |
iku apa nora cêgah |
sènggane ngidung rêrêpi |

samya amatur sêdaya |
sumanggèng karsa (n)Jêng Kyai ||

109. Ki Kulawirya umatur |
ing kang punika mênawi |
wadhaganipun kewala |
pangraos kula prayogi |
anggêr botên sêsajêngan |
inggih sunat wênang mawi ||

110. Amrih rahabing majêruk |
lamun kagalih ing ngèlmi |
inggih saèstu yèn cêgah |
dalam rêrasan tan kenging |
ewa punika binanda |
ngundur angalangi ngèlmi ||

Jilid 6 - Kaca : 186

111. Angyêktosakên pitutur |
Ki Bayi nauri aris |
ya enak kaolmu Wirya |
mung myat lèlahan sami |
lah mara Gus Jayèngraga |
ngidunga rum-arum manis ||

112. Padha gèntèna angidung |
sapa kang bisa ngidungi |
kang putra matur sandika |
wusing nginum srêbat manis |
amapan dènnira lènggah |
nulya lêkas angrêrêpi ||

113. Angêlik rum-rum mintarum |
kêcubung lara ngedani |
ana barat sing lor wetan |
mangulon paraning milir |
silir-silir mambu ganda |
gandaning wong anjêlanthir ||

114. Tumrape ulam kang mungguh |
enake lèlawuh bukti |
sing angolah sunbadheya |
yèn iwaka iwak bancir |
yèn woh-wohan jruk pacitan |
yèn kêmbanga kêmbang gambir ||

115. Ki Bayi suka gumuyu |
sadaya karênan myarsi |
sêmbada swara rum raras |
pra santri katêmbèn sami |
nulya malih angandika |
padha gèntèna mangrêpi ||

116. Jèngwèsthi angidung arum |
tan pae lir Jayèngragi |

mung kaot mastani ulam |
mundhut sêptane pribadi |
sing angolah sunbadheya |
yèn iwak iwaka tagih ||

117. Yèn kêmbanga kêmbang mênur |
yèn woh-wohan wohing manggis |
nulya gantya ingkang paman |
paman sadaya waradin |
mastani sasêptanira |
ana jambal miwah mrêsi ||
118. Kêlalèn lele lan talung |
woh-wohan jambu jruk manis |
salak dhuku lawan duryan |
kêmbang kênanga mêlathi |
argulo kalak cêpaka |
(n)Jêng Kyai gumujêng angling ||
119. Kari sirèku Pêngulu |
mara ngidunga kang bêcik |
Ki Pêngulu aturira |
botên sagêd angrêrêpi |
punapa kenging sadhengah |
ya sapintêrmu pribadi ||
120. Nulya dhèhèm Ki Pêngulu |
swarane ngêlokor sêdhil |
anggêrok lir wêdhus dumba |
lir kêndhang (ng)gêbêbêr muni |
ting pakênêng gulunira |
angêlik sinom pêngrawit ||
121. Anggalêrêg grawul-grawul |
pêngidunge Basarodin |
gêgêthingku cilik mula |
wong sidhêkah jênang baning |
sêthithik yèn kirim donga |
mangan enak nora micis ||
122. Pindhangipun kêmplung-kêmplung |
alêga rasaning ati |
ulame sêmada kathah |
undhang-undhang mung sêthithik |
amung brêkate tan ana |
pêngaji sigar akêdhik ||
123. Gêr ginuyu sadaya rum |
Kulawiryu gumuywa ngling |
dingarèn swarane ala |
kang Pangulu Basarodin |
lir tarêbang tan sinêntak |
anggêbêbêr sabab sêdhil ||

Jilid 6 - Kaca : 187

124. Kang myarsa sarêng gumuyu |
 Ki Bayi gumujêng angling |
 dhasar ala cilik mula |
 kanti tuwa nora salin |
 Jayèngraga angandika |
 bêbisik mring Jamal Jamil ||
125. Ki Jamal sandika manthuk |
 (n)Jêng Kyai Bayi ngling malih |
 payo sasêlote mangan |
 sadaya kaecan bukti |
 Ki Pangulu dènnya nadhah |
 gumuyu kêkêl pribadi ||
126. Tinanya kang sandhing lungguh |
 wus uning pating guligik |
 Ki Bayi mèsêm tatanya |
 paran ingkang dèn-guyoni |
 dene tan kobêr amangan |
 (ng)guguyu mring Basarodin ||
127. Ki Pangulu Basar matur |
 punika (ng)gènkula bukti |
 sadhengah kang kula tadhah |
 botên kalong pulih malih |
 nulya samya tininggalan |
 kang cinuwil pulih malih ||
128. Ki Bayi myat suka muwus |
 priye kuwe Basarodin |
 (ng)gih duka dalêm punika |
 Kulawirya gumuywa ngling |
 coba opore sinêmpal |
 paran yêkti pulih malih ||
129. Kèh (n)dêngongok samya (n)dulu |
 mring Pangulu Basarodin |
 gya pukang opor sinêmpal |
 opor asru wak-wèk muni |
 kagyat Ki Pangulu Basar |
 sarwi angiling-ilingi ||
130. Dèn-ngêr-ingêr sarwi muwus |
 iki apane kang muni |
 dene wis matêng aenak |
 cocore pan wèk amuni |
 Ki Baywa nging bok cinoba |
 opor gadhonên kang ênting ||
131. Ngrêmbagi sêdayanipun |
 gya Pangulu Basarodin |
 opor ginadho wus têlas |
 kari balunge balindhis |
 opor nêng jro wêtêngira |

sangsaya sru wak wèk muni ||

132. Ki Pangulu gorèh bingung |
swaraning bèbèk mêlingi |
bênêr nèng jroning wêtêngan |
mingak-minguk Basarodin |
ginaguyu ing wong kathah |
Pangulu gumuyu isin ||
133. Kulawirya majêng muwus |
puniki Ki Basarodin |
kula kurmat ingandika |
kang tan mawi kèlak-kèlik |
pindhang sakêda kang eca |
Ki Pangulu ananggapi ||
134. Gya binuka tutupipun |
akilêng pindhang kabiri |
nulya pinêndhêt kang ulam |
kumanug mabur lumaris |
mancal kèthune Ki Basar |
sinampe tangan tan kenging ||
135. Dadya pèncèng kèthunipun |
dadya pangguywan Ki Rodin |
Ki Bayi suka ngandika |
wis padha baginên aglis |
kêndhuri gya cinarikan |
ulam bêkakak binagi ||
136. Sadaya kang wutuh-wutuh |
kang ngijèni angalihi |
molu mapati nyadasa |
sadaya sampun waradin |
sinarang ing tapak dara |
Ki Pangulu Basarodin ||
137. Ngijèni bêkakak wêdhus |
pandumane Basarodin |
ikêt kinarya saptangan |
buntêl brêkat ambêthithil |
kacupe wus siningsêtan |
kumeyok brêkate muni ||
138. Ki Pangulu bêkah-bêkuh |
biyang priye kiye iki |
Kyai dospundi punika |
sadaya ulame muni |
bêkakak êmbak-êmbèkan |
wak-wèk keyok bèbèk pitik ||
139. Gumuruh samya gumuyu |
Ki Bayi gumuyu angling |
lo êmbuh tan surup ingwang |
manawa gus Jamal Jamil |

iku marèkna mênangan |
mêsakake Basarodin ||

140. Sawusnya (n)Jêng Kyai muwus |
nulya cêp tan ana muni |
Pangulu sakala bingar |
wus tata brêkat miranti |
gya winêdalan pawohan |
myang rokok wangèn lininting ||

141. Wus samya nginang audud |
Ki Bayi ngandika aris |
Jèngraga ing kene sapa |
kang bisa paramakawi |
apa ana kang wus nêlas |
ing têngbang têngbunge kawi ||

Jilid 6 - Kaca : 189

142. Jayèngraga nêmbah matur |
ingriki wontên satunggil |
namung pun Kaki Lawatan |
saliyanipun tan uning |
ingkang asring kêdhatêngan |
sutèng priyayi nêgari ||

143. Sami mêrdhatêng mariku |
kawula lan kangmas sami |
kêdhik-kêdhik pan winulang |
ki Baywa ngling tanya aris |
pundi lèh (ng)gêguru paman |
Lawatan matur Matawis ||

144. (n)Jêng Kyai Kêlipa Buyut |
apan pujangga Matawis |
kula duk anèm pruwita |
manakawan mring (n)Jêng Kyai |
kabêgyan sinung sih wulang |
Ki Bayi mèsêm lingnya ris ||

145. Pan mênggah sêkar puniku |
sadaya pintên kèhnèki |
Ki Lawatan aturira |
kathahipun sêkar kawi |
kang jêjêr mung kawanwêlas |
wiwit sawêlas winilis ||

146. Lêbdajiwa wastanipun |
nuntên kalihwêlas malih |
wastane Sumawicitra |
nulya tigawêlas nami |
Sudiradraka kawêkas |
Basanta limalas nênggih ||

147. Mênggalagita rannipun |
anuntên nêmbêlas malih |

namane sêkar Gurisa |
wusing nêmbêlas anuli |
pitulas kèhing aksara |
nênggih sapada-lingsèki ||

148. Sikarini wistanipun |
anuntên wolulas nênggih |
nama sêkar Nagabanda |
anuntên sangalas malih |
ran Sardulawikridhita |
nuntên kalihdasanèki ||
149. Sêkar Swandana rannipun |
nuntên salikur winilis |
Wisalya-arini rannya |
nuntên kalihlikurnèki |
Kilayunêdhêng wastanya |
nuntên tigalikur nênggih ||
150. Wêgang Sulanjani nênggih |
nuntên sêlawe prah malih |
pan sêkar Gandakusuma |
punika kang ugêr sami |
nanging mawi gêhandhokan |
Lêbdajiwa kancuhnèki ||
151. Brêmara-wilasita wus |
de Kusumawicitrèki |
kancuh Candrawilasita |
lan Wisati kandhêh nênggih |
Madurêtna jangkêpira |
de Sudiradraka nênggih ||
152. Dhadhap kancuhipun |
lan Alat-alat jangkêp tri |
dene kang sêkar Basanta |
mung kalih lan Puspanjali |
kang sêkar Manggalagita |
kancuh Sastramanggalèki ||
153. Lan Prana-alika uwus |
kang sêkar Gurisa nênggih |
kancuh Prawiralalita |
dene sêkar Sikarini |
akancuh Saprêtitala |
kalawan Têpikawuri ||
154. Kawitana kalihipun |
Maesabayangan tuwin |
Bangsapatra jangkêpira |
sêkar Nagabanda tuwin |
mung kancuh Nagakusuma |
dene ingkang sêkar malih ||

Jilid 6 - Kaca : 190

155. Sardulawikridhita mung |
tan wontên gandhokanèki |
dene kang sêkar Swandana |
pan akancuh Sulanjari |
lan Sasadara kawêkas |
de sêkar Wisalyarini ||
156. Swaladara kancuhipun |
sêkar Kilayunêdhêng ming |
satunggil tanpa gandhokan |
sêkar Wêgang Sulanjari |
akancuh Kuswalalita |
Astakusala jangkêp tri ||
157. Sêkar Gandakusumèku |
mung Wohingrat kancuhnèki |
punika ingkang kalampah |
wontên lajêngipun malih |
pitulikur Langênjiwa |
nuntên sêkar Dhêndha nênggih ||
158. Tridasa-nêm lampahipun |
Dhêndha-jiwa wistanèki |
lampahipun sanga-sanga |
ping pat sapada-lingsèki |
wontên malih wolungdasa |
Dhêndhapracandha ranèki ||
159. Gangsal-gangsal lampahipun |
wontên sêkar Dhêndha malih |
sangangdasa-nêm lampahnya |
ngalihwêlas salingsèki |
awasta Dhêndhabaswara |
wontên sêkar Dhêndha malih ||
160. Satus-tigangdasa langkung |
nênêm sapadalingsèki |
lampahipun anyangalas |
Dhêndha-prangwara namèki |
wontên malih sêkar Dhêndha |
satus-pitungdasa naming ||
161. Lampahipun ngalih-likur |
Dhêndhapralêbda namèki |
wontên malih sêkar Dhêndha |
satus sangangdasa kalih |
lampahipun nyalawe prah |
Ulab-sisimparanèki ||
162. wontên malih kang ingetung |
pangkating sêkar Salisir |
kang lampah pitu namanya |
pan Citramêngêng Salisir |
kang lampah nënêm punika |

163. Kang lampah wolu rannipun |
Patralalita Salisir |
kang lampah samya wastanya |
pan Têbukasol Salisir |
kang lampah sadasa rannya |
Têbusauyun Salisir ||
164. Gunggunging sêkar gêng nêngguh |
kawandasa-sanga naming |
kang tumraping Kawiswara |
kang sêkar Pramana-wingit |
èngêt kawula punika |
wa mênawi wontên malih ||
165. Ki Bayi mèsêm amuwus |
puniku paman dospundi |
turene mawi wilangan |
Ki Lawatan matur aris |
inggih sèstu wiwicalan |
kang lampah sawêlas nênggih ||
166. Mangkat sakawan gya pitu |
jangkêp sawêlas winilis |
ping sakawan praptèng pada |
ingkang kalihwêlas nênggih |
lampahipun tiga-tiga |
Sumawicitra (n)darbèni ||
167. Candrawilasita nênggih |
papat-papat kaping katri |
jangkêp kalih-wêlasira |
Madurêtna lampahnèki |
sami lan Wisatikandha |
mangkat gangsal gya pitu wis ||
168. Kang tigawêlas ingetung |
mangkat gangsal gya wolu wis |
ping sêkawan têng pada |
jangkêp sastra kang winilis |
ingkang lampah kawanwêlas |
angkat sêkawan ping kalih ||
169. Anuntên nêmbêlas jangkêpipun |
ping pat praptèng padanèki |
ingkang lampah gangsalwêlas |
angkat wolu gya saptèki |
ping pat jangkêp sapadanya |
kang lampah nêmbêlas nênggih ||
170. Angkatipun wolu-wolu |
ping pat jangkêp sapadèki |
ingkang lampah pitu-wêlas |

angkat nênm kaping kalih |
nulya gangsal jangkêpira |
ping pat sapadanirèki ||

171. Sikarini ingkang laku |
sami lan Têpikawuri |
de kang sêkar Kawitana |
lang Mesabayangan sami |
angkat gangsal gya nênmnya |
ping pat jangkêp sapadèki ||
172. Bangsapatra lampahipun |
lan Sapatitala sami |
angkating ngajêng sakawan |
nulya nêm gya pitu malih |
pitulas sapadalingsa |
ping pat jangkêp sapadèki ||
173. Kang lampah wolulas nêngguh |
angkat gangsal gya nêm nuli |
pitu jangkêp salingsanya |
ping pat sapadanirèki |
ingkang sêkar Nagabanda |
lan Nagakusuma sami ||
174. Kang lampah sangalas gupuh |
angkat nênm kaping kalih |
gya pitu jangkêp salingsa |
ping pat sapadanirèki |
ingkang lampah kalihdasa |
Sasadra-kawêkas malih ||
175. Swandana sasaminipun |
angkat pitu kaping kalih |
nulya nêm jangkêping etang |
ping pat sapadanirèki |
Sulanjari lampahira |
wolu gya nênm ping kalih ||
176. Ping pat jangkêp sapadèku |
sakalih-dasanirèki |
mung kaot angkat kewala |
nuntên lajêngipun malih |
ingkang lampah salikurnya |
angkat pitu-pitu ping tri ||
177. Ping pat jangkêp padanipun |
lampah kalihlikur nênggih |
angkatipun gangsal nulya |
nêm ping kalih gangsal malih |
ping pat jangkêp sapadanya |
kang lampah trilikur nênggih ||

Jilid 6 - Kaca : 192

178. Angkatipun gangsal ngayun |
 nulya nênem kaping katri |
 kaping pat jangkêp sapada |
 kang lampah salawe prah nênggih |
 angkat nênem ping sakawan |
 jangkêp ping pat sêpadèki ||
179. Ingkang sêkar pitulikur |
 angkat nênem kaping kalih |
 nuntên wolu nulya sapta |
 ping pat jangkêp sapadèki |
 Ki Bayi alon ngandika |
 lah paman punapa taksih ||
180. Inggih liyane puniku |
 Ki Lawatan matur aris |
 wulange (n)Jêng Kyai kuna |
 Kêlipa Buyut Matawis |
 pangkating sêkar têngahan |
 Gapuh kapisan kang dhingin ||
181. Angkating sastra ing ngayun |
 wolu dhawah wulu mêlik |
 gya wolu dhawah tarungan |
 gya pitu nglêgêna nuli |
 sadaya dhawah nglêgêna |
 sadasa nglêgêna malih ||
182. Gya wolu nglêgêna sampun |
 jangkêp sapadanirèki |
 wontên malih kang winastan |
 sêkar Gambuh kaping kalih |
 Gambuh ping kalih winastan |
 pan sêkar Kênya ping kalih ||
183. Angkat rolas dhawah suku |
 gya wolu dhawah wulu mlik |
 gya rolas dhawah sukunya |
 wolu dhawah suku malih |
 gya wolu dhawah nglêgêna |
 wolu malih wolu mêlik ||
184. Nulya sanga dhawah suku |
 gya wolu dhawah wulu mlik |
 anulya wolu nglêgêna |
 gya rolas nglêgêna nênggih |
 padalingsane sadaya |
 jangkêp sapadanirèki ||
185. Dene Gambuh kaping têlu |
 angkate wolu wulu mlik |
 gya wolu dhawah tarungan |
 gya pitu nglêgêna nênggih |
 nulya pat dhawah sukunya |

- gya nê m dhawah wulu mêlik ||
186. Gya nê m dhawah taling-tarung |
 nulya wolu nglêgêna wis |
 apan mung nê m pada lingsa |
 jangkêp sapadanirèki |
 kang sêkar Gambuh kaping pat |
 angkate ngajêng winilis ||
187. Pitu dhawah suku mêndud |
 gya sêdasa suku malih |
 gya rolas dhawah wulunya |
 wolu dhawah suku malih |
 gya wolu dhawah tarungan |
 jangkêp gangsal sapadèki ||
188. Gambuh kaping lima nêngguh |
 pan dadi Kêdhiri malih |
 lampah angkatipun rolas |
 dhawah suku mêndud nênggih |
 nulya nê m dhawah nglêgêna |
 gya wolu dhawah wulu mlik ||
189. Nulya wolu dhawah suku |
 wolu malih wulu mêlik |
 gya wolu dhawah sukunya |
 gya wolu tarungan nênggih |
 namung pitung pada lingsa |
 jangkêp sapadanirèki ||
190. Lah malih kang sêkar Gambuh |
 kaping nê m winastan nênggih |
 sêkar Pamiwaltung rannya |
 angkat wolu wulu mêlik |
 gya wolu dhawah talingan |
 gya wolu tarungan nênggih ||
191. Sanga dhawah wulu sampun |
 mung kawan padalingsèki |
 pan jangkêp sapadanira |
 Gambuh kaping pitu nênggih |
 angkating sastra ingetang |
 wolu dhawah suku nênggih ||
192. Nulya pitu dhawah suku |
 gya kalihwêlas wulu mlik |
 gya wolu dhawah sukunya |
 lan wolu tarungan nênggih |
 namung gangsal pada-lingsa |
 jangkêp sapadanirèki ||
193. Inggang sêkar Jurudêmung |
 lampahing sastra pangarsi |
 pan wolu dhawah nglêgêna |
 lan wolu pan suku nênggih |

gya wolu dhawah sukunya |
lan wolu nglêgêna nuli ||

194. Nulya wolu dhawah suku |
gya wolu nglêgêna malih |
lan wolu dhawah sukunya |
jangkêp sapadanirèki |
lan malih kang sêkar Lambang |
angkating ngarsa pan sami ||

Jilid 6 - Kaca : 194

195. Wolu-wolu kaping wolu |
sami nglêgênanirèki |
dene sêkar Kuswaraga |
angkat wolu tarung nênggih |
lan wolu dhawah nglêgêna |
nulya wolu wulu mêlik ||

196. Anulya nêdhawah suku |
gya wolu nglêgêna nuli |
gya wolu dhawah wulunya |
nulya wolu wulu malih |
gya wolu dhawah nglêgêna |
wolu dhawah suku nênggih ||

197. Wolung pada-linganipun |
jangkêp sapadanirèki |
wontên malih kang ingetang |
apan sêkar Kuswarini |
rolas dhawah suku nulya |
nêdhawah nglêgêna nênggih ||

198. Nulya wolu dhawah suku |
gya wolu nglêgêna malih |
gya wolu dhawah wulunya |
wolu dhawah suku malih |
gya wolu dhawah talingan |
jangkêp sapadanirèki ||

199. Pitung pada-linga sampun |
kang Kuswa-wirangrong nênggih |
angkating sastra ingetang |
angkat wolu wulu mêlik |
gya wolu taling-tarungan |
nulya nêdhawah nglêgêna nênggih ||

200. Gya sêkawan dhawah suku |
gya nêdhawah wulu mêlik |
lan pitu dhawah nglêgêna |
myang wolu nglêgêna malih |
wus jangkêp sapadanira |
mung pitung pada-lingasèki ||

201. wontên malih ingkang ngetung |
sêkar Kuswa-rangsang nênggih |

- wit rolas dhawah sukunya |
 gya nê m dhawah suku malih |
 anulya nê nê m nglê gê na |
 wolu dhawah suku malih ||
202. Gya wolu nglê gê na nê ngguh |
 wolu dhawah wulu mê lik |
 gya pitu dhawah wulunya |
 wolu dhawah suku nê ngguh |
 namung wolung pada-ling sa |
 jangkê p sapadanirê ki ||
203. wontên malih ingkang ngetung |
 kang sê kar Maesa-langit |
 angkating sastra pangarsa |
 kalihwê las dhawah taling |
 gya pitu dhawah sukunya |
 nulya wolu wulu mê lik ||
204. Wolu malih taling tarung |
 wolu taling-tarung malih |
 namung gangsal pada-ling sa |
 jangkê p sapadanirê ki |
 de kang sê kar Palugangsa |
 angkating ngarsa winilis ||
205. Wolu dhawah taling-tarung |
 nulya nê m nglê gê na nê ngguh |
 gya wolu dhawah talingan |
 rolas dhawah taling malih |
 gya sanga dhawah sukunya |
 nulya wolu wulu mê lik ||
206. Nulya wolu dhawah wulu |
 mung pitung pada-ling sê ki |
 wus jangkê p sapadanira |
 de sê kar Palugon nê ngguh |
 angkating sastra pangarsa |
 wolu dhawah wulu mê lik ||
207. Wolu malih taling-tarung |
 wolu taling-tarung malih |
 lan wolu dhawah nglê gê na |
 wolu dhawah suku nê ngguh |
 wolu dhawah wulu nulya |
 wolu malih dhawah taling ||
208. Wolu malih taling-tarung |
 mung wolung pada ling sê ki |
 wus jangkê p sapadanira |
 de sê kar Mê gatruh nê ngguh |
 pan angkat rolas sukunya |
 nulya wolu wulu mê lik ||

Jilid 6 - Kaca : 195

209. Wolu malih dhawah suku |
wolu malih wulu mêlik |
lan wolu taling-tarungan |
mung gangsal pada-lingsèki |
wus jangkêp sapadanira |
sêkar Maskumambang nênggih ||
210. Angkat rolas dhawah wulu |
nulya nêrn nglêgêna nuli |
gya wolu dhawah wulunya |
lan wolu nglêgêna malih |
namung kawan pada-lingsa |
jangkêp sapadanirèki ||
211. Dene ingkang sêkar Pocung |
angkat rolas suku nênggih |
nulya nêrn dhawah nglêgêna |
gya wolu dhawah wulu mlik |
gya rolas dhawah nglêgêna |
pat pada-lingsa (n)jangkêpi ||
212. Kang sêkar Bêlabak nêngguh |
angkat papat-papat ping tri |
gya tiga dhawah talingan |
mung tri pada-lingsa sami |
wus jangkêp sapadanira |
têlas sêkar têngahan nis ||
213. Kathahipun sangalikul |
sêkar têngahan puniki |
kang sêkar kidung macapat |
kawit sêkar Dhandhanggêndhis |
sadasa dhawah wulunya |
sadasa nglêgêna nênggih ||
214. Wolu dhawah talingipun |
nulya pitu suku nênggih |
gya sanga dhawah wulunya |
lan pitu nglêgêna nuli |
apan nêrn dhawah sukunya |
gya wolu nglêgêna malih ||
215. Nulya rolas dhawah wulu |
gya pitu nglêgêna nênggih |
pan sadasa pada-lingsa |
jangkêp sapadanirèki |
kang sêkar Asmaradana |
angkat wolu wulu mêlik ||
216. Gya wolu nglêgêna nêngguh |
wolu dhawah mure taling |
anulya wolu nglêgêna |
myang pitu nglêgêna malih |
gya wolu dhawah sukunya |

217. Mung pitung pada-lingsèku |
jangkêp sapada-lingsèki |
kang sêkar Pangkur ingetang |
pan wolu nglêgêna nuli |
sawêlas dhawah wulunya |
wolu dhawah suku nênggih ||
218. Gya pitu nglêgêna nêngguh |
nulya rolas sukunèki |
anulya wolu nglêgêna |
wolu malih wulu mêlik |
namung pitung pada-linga |
jangkêp sapadanirèki ||
219. Kang sêkar Sinom ingetung |
wit wolu nglêgêna nênggih |
gya wolu dhawah wulunya |
lan wolu nglêgêna nuli |
gya wolu dhawah wulunya |
nulya pitu wulu mêlik ||
220. Nulya wolu dhawah suku |
lan pitu nglêgêna nênggih |
gya wolu dhawah wulunya |
gya rolas nglêgêna nênggih |
namung sangang pada-linga |
jangkêp sapadanirèki ||
221. Kang sêkar Durma ingetung |
wit rolas nglêgêna nuli |
gya pitu dhawah wulunya |
nulya nêl nglêgêna nuli |
gya pitu dhawah nglêgêna |
wolu dhawah wulu mêlik ||
222. Gya gangsal nglêgêna nêngguh |
gya pitu dhawah mulu mlik |
pitung pada-linganira |
jangkêp sapadanirèki |
kang sêkar Mijil ingetang |
wit sêdasa wulu mêlik ||
223. Nulya nêlêm taling-tarung |
gya sêdasa dhawah taling |
sadasa dhawah wulunya |
anulya nêl wulu malih |
nulya nêl dhawah sukunya |
amung nêl pada-lingsèki ||
224. Wus jangkêp sapadanipun |
dene kang sêkar Kinanthi |
wit wolu dhawah sukunya |

nulya wolu wulu mêlik |
gya wolu dhawah nglêgêna |
wolu malih wulu mêlik ||

225. Gya wolu nglêgêna gupuh |
wolu dhawah wulu mêlik |
wolung pada-lingsanira |
jangkêp sapadanirèki |
ingih punika lampahnya |
sêkar-sêkar sadayèki ||
226. Têlas kang macapat kidung |
namung pitu kathahnèki |
gungunge sadayanira |
Dhêndha kawi myang Salisir |
têngahan kidung macapat |
wolungdasa-gangsal nênggih ||
227. Ki Bayi suka ing kalbu |
myarsa ing kidung kêkawin |
nahwune kang sastra Jawa |
têmbung lan têmbang ginati |
Ki Bayi Panurta suka |
mèsêm angandika aris ||
228. Si paman Prênjana luhung |
nyata yèn wus alim Jawi |
suwawi paman Lawatan |
(n)dika nêmbang Sulanjari |
Ki Lawatan tur sandika |
ngalêsêd ngewahi linggih ||
229. Dhèhèm watuk sêmu-sêmu |
mapanakên swaranèki |
mèsêm mathêt atrapsila |
tangane sidunwèng wêntis |
dumancunging dhêsthar tinrap |
nulya nêmbang Sulanjari ||
230. Ulone landhung amuluh |
rêmêk gêng mêmbat rum manis |
gèdhèg lenggok gulunira |
mayog-mayog lambungnèki |
dariji gênah wilangan |
angkat wolu nêmbang ping kalih ||
231. Sri Karna kasrêg inirup |
sinêp linêpasan nênggih |
warastra pinarêk dira |
ngadêg mamuling anuli |
ngawe ri laruting bala |
lara rêbah ngajêngnèki ||

Jilid 6 - Kaca : 197

232. Bima ngêbak lêpas amuk |
 tiningalanira nênggih |
 mabat gajah rata bëntar |
 trênyuh sing inarung nuli |
 tinêmbungira ring gada |
 kasulayah jangkêpnèki ||
233. Ki Bayi suka gumuyu |
 nora jamak paman iki |
 swara sêdhêngan kêpenak |
 wong wis tau nêng nêgari |
 kaprigêlane abeda |
 têmbang-têmbunge amathis ||
234. Mandahne nom-nomanipun |
 tuwa-tuwa maksih (n)dhandhing |
 dhuh paman sapisan êngkas |
 kula kasupèn sakêdhik |
 sêkar Sasadra-kawêkas |
 sami kalih-dasanèki ||
235. Kadipundi kaotipun |
 Sasadra lan Sulanjari |
 Ki Lawatan nulya nêmbang |
 swara wilête ginambi |
 mèh raina sêmu bang Hyang |
 Haruna kadi netraning ||
236. Angga rapuh lajêngipun |
 gya sabdani kokila ring |
 kanigara lajêngira |
 gya sakêtêrni kidung ning |
 akung lwir wuwusing nulya |
 wini panca papêtêking ||
237. Ayam wana lajêngipun |
 ring pagakan lajêng malih |
 gya mrak anguhuh brêmara |
 angrêbasa kusuma ring |
 para haswana rum purna |
 jangkêp sapadanirèki ||
238. Mèsêm Ki Bayi amuwus |
 enak Sasadaranèki |
 jaman mangkono Lawatan wong nêmbang Kawi |
 aja kaya Widiguna |
 mung Gurisa pintêrnèki ||
239. Padha mareneya cêblung |
 pra dhalang kang pramèng ringgit |
 sira padha (ng)gugurua |
 mring paman Lawatan bêcik |
 Crêmasana Widiguna |

Jilid 6 - Kaca : 198

Widilêksana Thrur Krucil ||

240. Dhalang pan gupuh mangayun |
cêlaking Lawatan nênggih |
Ki Bayi tanya hèn Guna |
sirèku dhalang Matawis |
êndi asalmu padesan |
Widiguna matur aris ||
241. Matawis dhusun ing Bantul |
nênggih Bantul Bantul Kawis |
sirèku apa ta dhasar |
nak putuning dhalang ringgit |
umatur Ki Widiguna |
won-awon inggih naluri ||
242. Pan kêbantun marasêpuh |
sami dhalang purwa saking |
wiji ing Jodhog Lipura |
marasêpuh kula nguni |
turuning dhalang Dalêman |
Ki Lêbdapura kang nami ||
243. Yèn mangkono sira iku |
tabon pèdhalangan yêkti |
kandêl dalilmu Kabudan |
apa kabèh padha luri |
kajaba si Crêmasana |
asli wong Wanamartèki ||
244. Ki Widilêksana matur |
kawula saking Bahrawi |
yêktosipun asli Pajang |
pun bapa nama Ki Rêdi |
-tata turun Citralata |
dhalang bagor dalêm nguni ||
245. Tinanya Ki Thur umatur |
kawula saking Kadhiri |
yêktose asli Blambangan |
mila turun dhalang krucil |
anama Êthur kewala |
katêlah dalasan mami ||
246. Sadaya sami umatur |
sami asli saking têbih |
rèhning tiyang nistha dama |
pados tédhaning nak rabi |
sapikantuking pajiwa |
têmah katrêm anèng ngriki ||
247. Kêraos sami pikantuk |
saking gêng bêrkah (n)Jêng Kyai |
dhangsan ing sakedah-kedah |
sami kaangsalan bukti |

nêng Wanamarta tyas cipta |
kandhêm kèrêm anèng ngriki ||

248. Ki Bayi ngling iya sokur |
sira kaolèhan budi |
puku paman Lawatan |
prayogi kawulang Kawin |
kang dhalang gèdhog nèh wulang |
Mênggalang Ditawatangi ||

Jilid 6 - Kaca : 199

249. Lah paman wawi tinêmbung |
Mênggalangipun dospundi |
Ki Lawatan aturira |
Mênggalang punika Mijil |
inggih makatên ungêlnya |
nulya Ki Lawatan wiwit ||

250. Swara rum mijil Sang Prabu |
saking jro puri anênggih |
lampahira alon nulya |
ginarêbêg lajêngnèki |
ing dyah abayak kèh endah |
wanodya lir widadari ||

251. Sang Prabu ya lajêngipun |
pèkik lir Asmara nuli |
nuntên jangkêp sapadanya |
Ki Bayi ngandika aris |
wawi paman Ditawatangi |
Ki Lawatan amiwiti ||

252. Anggalêndêm swaranya rum |
Hyang Candra purnama murti |
pinangka Dipa anulya |
ning wêngi lajêngirèki |
lintang araras kumênjar |
jaladara dipaning sih ||

253. Katrangan padyating nêngguh |
kilat thathit ajêngnèki |
anarnatèng limut nulya |
riris andulur lan nênggih |
lan imur rum ning mulat gya |
surat-sari jangkêpnèki ||

254. Ki Bayi mèsêm lingnya rum |
mara lah tirunên iki |
iku (ng)gon-anggoning dhalang |
wajib (ng)guguru kang bêcik |
dhalang mono sing pralêbda |
dadi manira lèh bathi ||

255. Padha pakolèhirèku |
wajib prèlu amrih bêcik |

mundhak kapintêranira |
anggunggung kang anitèni |
kuncara ing kana-kana |
dhalang Wanamarta bêcik ||

256. Inggang liningan tumungkul |
nêmbah umatur nuwun sih |
mangkana antaranira |
(n)Jêng Kyai ngandika malih |
lah payo padha bubarani |
arib siyang nambut-kardi ||
257. Tur sandika sadaya wus |
kang jagongan mundur mulih |
Jèngwèsthi lan para paman |
bodhol sarèrèhanèki |
Ki Bayi malêbèng wisma |
lènggah tanya mring Malarsih ||
258. Lah êndi iki putramu |
bagus pêngantèn Mongragi |
matur putra Ni Turida |
maksih sênêt nèng panêpin |
wau kala wêktu dhahar |
kawula ken nitik sêpi ||
259. Tan wontên sabawanipun |
samyak jrih ingkang ngaturi |
pan sinaosan kewala |
Ki Bayi ngandika aris |
lah ya wis akamdullilah |
payo mulih Ni Malarsih ||
260. (n)Jêng Kyai anulya kondur |
lan garwa Nikèn Malarsih |
ingiring sarencangira |
santri Luci anèng ngarsi |
anggawa êtinge gêlas |
gumarudug magêrsari ||
261. Tuwin Kiyai Pangulu |
luk salam sumimpang margi |
samyak mulih sowang-sowang |
yata kang kantun pandhapi |
sira kimas Jayèngraga |
lan paman Kulawiryèki ||
262. Jèngraga aris amuwus |
wawi paman talu malih |
awon nganggur piyambakan |
Ki Kulawiryak nauri |
lah ya karo karêpira |
manira têka umiring ||

Jilid 6 - Kaca : 200

263. Kang putra malih amuwus |
 paman mênawi marêngi |
 ngagêma t êkês prayoga |
 kang paman gumuyu nuli |
 la ngagêm t êkês cèplêsan |
 angling maring santri-santri ||
264. Padha lungguha kang t êpung |
 wus ombèr papane linggih |
 bagor magêrsari mapan |
 miwah para santri-santri |
 kang nonton maksih akathah |
 kêdhik ingkang sami mulih ||
265. Sangsaya pakolèh (n)dulu |
 Jayèngraga ngandika ris |
 punapa g êndhinge paman |
 suwawi bêksa lan mami |
 Kulawirya lon ngandika |
 Pêtung-wulung gya Ginonjing ||
266. Ki Jayèngraga amuwus |
 miwiti l êlagon singir |
 ngêling ngungkung tumlawungan |
 la ilaha illalahi |
 Mukamadun Rasullolah |
 nulya santri naurani ||
267. Gumêr r êmpêk swara barung |
 nganyut-anyut langkung asri |
 nulya ngadêg S ênu Surat |
 anyarimpi ronggèng kalih |
 Jayèngraga trêbangira |
 pinaringkên gus Arpani ||
268. Nulya jumênêng sang bagus |
 kalawan Kulawiryèki |
 ambêksa rangin Mataram |
 pra bagor kêplok mawanti |
 amiwir sondhèr araras |
 sèdhêt amacak r êspati ||
269. Acandhang asta ngêrajung |
 angikal ukêl titinggil |
 jariji gêtêr kêjêran |
 amanggêl tangjêg narisik |
 ahebat sarpa kadhangan |
 ambuncang kunca kunitir ||
270. Angridhong grudha nêladhung |
 amênthang m êthènthèng kadi |
 sawung sawangan tarungan |
 anyimpar m êrak kasampir |
 angigêl parigêl manggal |

271. Sinêmbadèng Surat Sênu |
narimpi ringgit sarimbit |
rumakêting kawilêtan |
malulut umalat ing sih |
anglèngèk mungsêr nèng ngarsa |
sisirig ting-tingan ngêting ||
272. Amêthêt kêclap sumêmprung |
mamprêng ngalêtêr ngidêri |
sumrêpêt nindur tilapan |
prêt-uprêtan prapta lari |
sang priya anglir mardangga |
sinambêr ing kèkèt kêsit ||
273. Lumarap angudêr nindur |
tumèmplêk caplêk ngijèni |
Ki Jayèngraga gus Surat |
Sênu Ki Kulawiryèki |
amênthang asta andhêngklang |
nêngkah lambung lambang liring ||
274. Amungsêr pagolan pupu |
mêmêtêk amathêt lathi |
isthanira lir amothah |
kathah ature kumanthil |
sang priya ro lir kalana |
ngalaga jayèng prang tandhing ||
275. Tinanggalèng garwanipun |
manusul atawan tangis |
sumamar ing tyas sih marma |
eman manawa sor jurit |
mangkana raras èsthanya |
sindhèn angluk lir nangisi ||
276. Priyanya kadya tan kengguh |
pêpagol malang ing wêntis |
tan watos tètèsing tiwas |
ngamêr-amêr ing garwa sih |
sêlahing jangga ling-lingan |
asangkut buburon liring ||
277. Kumalepat sênthot mundur |
akalangan langên ngêlik |
ronggèng ro pênçar asimpar |
sindhèn saplak tan sarênti |
tuwin kêcaping parikan |
rêrekan wangsalan sami ||
278. Dhuh kusuma apisadu |
cêlore dènwor lan liring |
srênging karsa pasugata |

lun-aluning saya dadi |
karêpe dènladènana |
sêmune kalangkung brangti ||

279. Siti rêngka gayung sumur |
gêgêlang munggèng dariji |
katula nora lèh tamba |
lali uripe kinardi |
bayantaka linggar sana |
dening kênuire undhagi ||
280. Srat pêpacak kang ginadhuh |
sipating dhat nora mati |
kewala ngalih panggènan |
tirtamaya ya Ilahi |
supana loro parannya |
êningna tyas ywa nimpangi ||
281. Lalu mangsa margèng ciyut |
panusuling magut jurit |
kasèp rupak bantu brangta |
barat sira ya Ilahi |
pawakan jro nayaka |
pupusèn driyanirèki ||
282. Mangun harja jayèng-ranu |
kang tinut sabarang kardi |
pantês baya angawula |
nata-dewa wrêksa aking |
kursi lawak sikil dênta |
(ng)guru paraning pati ||
283. Gagak bang salin pandulu |
wana lit pinggir pasisir |
tulung dudu kêtêbira |
sarah madu bibis tasik |
pan jarene wong awirya |
lamun kondur ing swarga di ||
284. Nutug dènnya bêksa alus |
gêndhingan niba ginonjing |
acancut serong sarigak |
asondhèr kawèng ubad ji |
bubuntar li wangsulan |
adhupak gagah tan wigih ||
285. Tangjêg cengkok cèkèh kukuh |
sarèng tandangira kalih |
para bagor ngadêg samya |
kêploke gaprok mawanti |
agobyog kang trêbang kèndhang |
angklung sêngkrak umrês ngênthir ||

Jilid 6 - Kaca : 202

286. Pong pèk prong brung klur klur thir thur |
 cruk cruk crak krok kling bêng pung gring |
 tung plék tung plék pak blang pak blang |
 pyak pyak bêm pèp brung pèp brung bring |
 kêtèngtèng nguk pèp pèp bah bah |
 bah gur bah gur tong ting tong gring ||
287. Samya ngantêp sukanipun |
 barung dalah kang ningali |
 sarta kêndhange kinêmpyang |
 angklung wor kêplok gora tri |
 Crêmasana Widiguna |
 wong roro samya (m)badhuti ||
288. Kang bêksa nutug sakayun |
 nêlas rekane pêngibing |
 ambapang mênthang andhêngklang |
 ukêl tapis angêngibing |
 ahebat garudha kagyat |
 ngaricik ngijig sisirig ||
289. Nyanguk nyangkluk pacak-gulu |
 èjègan klêk oklak-aklik |
 asta kipat gêtêr kadya |
 pêthiting sarpa kêpipit |
 ngêbyak gidrah runjah-runjah |
 angêdhindhang ngolang ngaling ||
290. Umaju bandhil anyurung |
 ngadêg ngindha-indha jêglig |
 anêrècèt kicat-kicat |
 cing-cag kêcingcag anjinjing |
 angglong lir tungkak kaborang |
 ilo-ilo aliliring ||
291. Anggiwar wêr muwêr kêsrug |
 srisig srêg sinrêg tan srênti |
 anjingklak nglênggak andhangak |
 langak-langak alilingik |
 atindak banyak-nyiluman |
 gêdrug lingak-linguk miling ||
292. Sisiring surungan ujung |
 ajêng-ajêngan ngajoni |
 langkung ramening abêksa |
 samya rahabira kalih |
 kêplok sênggak babanggenan |
 kang ningali suka ngênting ||
293. Sami katêmbèn andulu |
 dèrèng miyat kang kadyèki |
 tongtonan sasore mula |
 milane tan ana arip |
 akathah paraning suka |

Jilid 6 - Kaca : 203

tuwin myat ing Jayèngragi ||

294. Abagus bêksane alus |
sakathahe kang parèstri |
pra pêrapat manca-lima |
warandha lanjar dudungik |
salong somahan acipta |
samyajrak tan nêdya mulih ||
295. Dadia pangobèngipun |
mawongan mring Jayèngragi |
nora kudu binalanja |
mung ginapeya bae wis |
sadayèstri pan mangkana |
sêngsêm maring Jayèngragi ||
296. Kang abêksa dangu anut |
luwaran dènnira ngibing |
tarêbang gobyog sêsêgan |
anduduk kêndhang tinitir |
sapatêloning irama |
ngêndhêlong suwuking gêndhing ||
297. Samya lèrèn sadaya wus |
tata dènnira alinggih |
winantu sugatanira |
pateyan myang wedang kopi |
miwah nyamikan mawarna |
prayoga lir sorenèki ||
298. Jèngraga aris amuwus |
payo kono sanak santri |
padha sêsambèn nyamikan |
sakarine inganipis |
sadaya matur sandika |
samya nyamik ngaring-ngaring ||
299. Jèngraga malih amuwus |
prayogi nutug saratri |
yèn wus aring rèrènira |
pra bagor ngibing agênti |
têtomboke angrong uwang |
lan sapa kang dhangan ngibing ||
300. Yèn wus ngibing kang alungguh |
nuli wong (n)jaba kang ngibing |
padha atomboka nyuwang |
mêngko pajar bae uwis |
Widiguna ambadhuta |
wong roro (n)jênêngi ngibing ||
301. Mundhuta bokor dèn-gupuh |
Ripin lan mundhuta dhuwit |
rong reyal bolong dèn-enggal |

Nuripin tan dangu prapti |
wus katur bokor myang arta |
dinèkèk têngah pandhapi ||

302. Kulawirya tombokipun |
sreyal winor ing bokor wis |
warata parentahira |
jawi lèbêt wus miranti |
berag sadaya kang nêdya |
angibing mawi nomboki ||
303. Dènnya samya lèrèn nutug |
Jayèngraga ngandika ris |
yèn wis lah payo lèkasa |
sapa kang miwiti ngibing |
anjaluka gègèndhingan |
sasênêngira pribadi ||
304. Kang bawa gèndhing gya talu |
gèndhing manut kang (n)jaluki |
rame mindhak rahabira |
trêbang kèndhang angklung ngènthir |
wor sru swaraning sauran |
pangêliking ronggèng kalih ||
305. Mangkana sadangunipun |
kang angibing gènti-gènti |
tan winuwus solahira |
yata kang anèng ing masjid |
panêpèn Sèh Amongraga |
ingkang (ng)girisakèn ngèlmi ||

17 Ing palêrêman Sèh Amongraga ngandika dhatêng ingkang garwa bab lampahing suhul kèdah kaangkah lobok lanyah. Lanyahipun saking: 1. sarengating wirid; 2. tarekating wirid; 3. hakekating wirid; tuwin 4. makripating wirid. Satunggal-satunggalipun katêrangakên kanthi wijang. Lajêng kawêdharakên gaibing Allah ngantos sajatining kawula Gusti, punika namung sagêd kacakup dening para mukmin. Lampahipun botên kenging nalimpang, wêkasan sagêd mangêrtos dhatêng jatining Pangeran. Sadaya wêjangan damêl padhang tarawanganing manahipun Nikèn Tambangraras. Kaca 204-212

Jilid 6 - Kaca : 205

368 Girisa

1. Mangkana ta sang abrangta |
kang wuru dènnira pana |
apan wus sasontên mila |
dènnya suhul ing Hyang Suksma |
jênêg lagya kanikmatan |
sarira wus tanpa sesa |
saujur-ujure niba |
katri priyangga priyangga ||
2. Mujur ngulon ngalor ngetan |
tan ana ingkang salaya |

- sangating pana tan padha |
tinêtah ing satariyah |
jlalah barjah isbandiyah |
amrat gaibing Pangeran |
winêtara dangunira |
apan tigang èwu napas ||
3. Sira Ki Sèh Amongraga |
uwus bakda wiritira |
asêgu lawan istigpar |
tan antara ingkang garwa |
Nikèn Tambangraras luwar |
dènnira wirit sampurna |
cèthi Cênthini tan beda |
samyak bakda dènnya bengt ||
4. Gya patakur ing Hyang Suksma |
nalangsa minta apura |
saking kiparat ing donya |
akèh kang dadya gigila |
taksis langiping kawula |
aral kang bangsa riyah |
kontrak karaosing driya |
lupute tan ana sêla ||
5. Katêlu pisan mangkana |
ikraling nala nalangsa |
dadya samya mênggak waspa |
misêsêg napas dhucungan |
ting salênggruk kawistara |
karuna tanpa karana |
karanane brangtanira |
marang Hyang ingkang amurba ||
6. Wus mangkana Sèh Mongraga |
tyasira lêjar wèntèhan |
aningali maring garwa |
kang mêngtas luwaran padha |
sih mingsêg-mingsêg karuna |
lan Cênthini nora beda |
Sang Monêng alon ngandika |
sarta sung salam mring garwa ||
7. Lan Cênthini sinalaman |
lingira Sèh Amongraga |
yayi sira karahmatan |
nugrahanira Hyang Suksma |
yèku aplalu ngagêsang |
pasêmon saking Hyang Suksma |
pupucukaning nugraha |
iku angrahmati sira ||
8. Yata Nikèn Tambangraras |
umatur nalangsèng raka |
kawula darmi kewala |

amundhi brêkah paduka |
jiwangga tan paja muga |
lir sarah munggèng lautan |
ing karsa ngrèh tanpa sesa |
ing mangke praptèng wêkasan ||

9. Kang raka arum ngandika |
yayi alkamdulilahi |
muga sira tinulusna |
santosaning tokitira |
nulya Ki Sèh Amongraga |
maring patirtan akadas |
Tambangraras tan kêna sah |
myang Cênthini samya kadas ||

10. Wusnya toyastuti samya |
rambah malih tangatira |
sukril wuluki tahyatal |
-masjidi kalih rêkangat |
sawusira nulya ngangkat |
tahajud rolas rêkangat |
garwa cèthi makmum samya |
pan wus saeka ing tingkah ||

11. Mangkat usali tangatan |
tahjudi rakangatèni |
lilahi tangala Allah |
-hu Akbar kabiran walkam |
-dulilahi kasiran pa |
subkanalahi bukratan |
wa asila nulya wajah |
-tu waji iya lajêngnya ||

Jilid 6 - Kaca : 206

12. Lilahi patarasama |
-wati walarli kanipan |
wa musliman wa mahyaya |
wa mamati muslimina anulya |
[. . .] |
ngalêsik maca Patekah |
surat Ikrak wêwacannya |
subêkana bikamdika ||

13. Yèn nuju kalimahira |
waswud tarib anulya |
ing adêge sinujudan |
ing sabên-sabên mangkana |
gumulung rolas rêkangat |
wus antara tangatira |
nêm salam rêkangat akir |
tahyat sarta tumaninah ||

14. Têrtib ing iptitahira |
nulya salam awal akir |
sawusira bakda tangat |

amapanakên ing bengat |
wus lobok nora rêkasa |
panarike wiritira |
aguyêng ngayêngi rasa |
rasa rasaning sarira ||

15. Sarira kang tanpa sesa |
kumambang ing dhèwèkira |
pan wus jomblah kajumbuhan |
iya nyata nora nyata |
iya tanpa nora tanpa |
nora tanpa nyata tanpa |
tan pae kang wus tan kêna |
kinarsêng dening Hyang Suksma ||
16. Wus dangu wuru worira |
mangkana Sèh Amongraga |
(n)dodonga nglindhung ing Suksma |
munkiri kiparat donya |
wus linuwar wiritira |
aris dènnira ngandika |
mring garwa Kèn Tambangraras |
yayi sira anuduha ||
17. Marang iku cèthinira |
Cènthini konên pêpandam |
gupuh kang garwa kèn pasang |
pandam ni Cènthini sigra |
tan adangu nulya prapta |
patrangan sumaos ngarsa |
wau Nikèn Tambangraras |
umatur marang kang raka ||
18. Punika rayinta prapta |
Rarasati saos dhahar |
Sèh Mongraga ris ngandika |
iya ing kene kewala |
Rarasati majêng ngarsa |
angladèni mring kang raka |
Cènthini nampa rampadan |
lancaran tinatèng ngarsa ||
19. Tambangraras saos tirta |
anèng bokor pawijikan |
ngandika Sèh Amongraga |
payo yayi lan rinira |
kêmbul nadhah lan manira |
kang garwa ris aturira |
pukulun anuwun duka |
ajrih durakèng Hyang Suksma ||
20. Namung ngalap bêrkah tuwan |
pakècèran tapak asta |
têdhan kang dadya lorodan |

Sèh Mongraga gya atirta |
adan lèkas dènya nadhah |
pulukira sakêmlaka |
adangu pangêpêlira |
dhinahar tan pati ulam ||

21. Amung paru kang dhinahar |
sakêdhik lawan lalaban |
têmu poh lawan lêmputyang |
pikantuk dènya adhahar |
pan angsal pitung pulukan |
atobe ping kawan-wêlas |
tan kawawa nutugêna |
nulya atêturuh asta ||
22. Wus suci dènya atirta |
rampadan ambêng linarad |
Cênthini uthi anata |
ingingsêd nèng ngarsanira |
garwa ri nadhah carikan |
tan pati piktuk nadhah |
wus nutug nulya luwaran |
sigra ingundurkên samya ||
23. Cênthini nadhah lorodan |
sarêng parèstri warata |
samya tuwuk sadayannya |
luwaran kang samya nadhah |
lancaran tinatèng dhulang |
kang anampa wus samêkta |
Nikèn Rarasati nêmbah |
mundur saking ngarsèng raka ||
24. Gya dhêdharan majêng ngarsa |
woh-wohan olah-olahan |
myang pateyan mêmanisan |
wus samêkta anèng ngarsa |
kang nampa mundur sadaya |
yata Ki Sèh Amongraga |
ngandika marang kang garwa |
yayi mungguhing agêsang ||
25. Lah kawruhana dènnira |
mungguh lakune kang bengat |
kudu pinrih lobok lanyah |
lanyahe kudu anêtah |
saking patang prakaranya |
sarengat ing wiritira |
lawan tarekating wirit |
miwah kakekating wirit ||
26. Tuwin makripat wiridan |
iku yayi wruhanira |
sarengating wirit ika |
nêbut sawiji kalimah |

pan la ilaha ilalah |
nut panjang wêtuning napas |
tanasubing mukaranah |
ngling ing ati sanubari ||

27. Ya la ilaha ilalah |
pan ora nana Pangeran |
anging Allah ingkang Êsa |
kang andadèkkên sadaya |
kudu mangkono ciptanya |
tan kêna kasêlan basa |
ing dalêm sajroning cipta |
dene tarekating wirit ||
28. Lapal ilalah ilalah |
nut napas kang manjing mêdal |
tanasubing mukaranah |
pamupusing ati puat |
anging Allah kang sunsêmbah |
pan mangkono tan kêna ra |
yayi ywa kanti kasêlan |
liyan osik kang kadyeka ||
29. Dene kakekating wirit |
lapalira Allah Allah |
nut tanapas manjing mêdal |
tanasubing mukaranah |
unining ati maknawi |
angandêl nyataning Allah |
kudu mangkono kang cipta |
tan kêna kasêlan liyan ||
30. Dene makripating wirit |
hu hu hu lapalira |
pan anut wêtuning nupus |
tanasubing mukaramah |
pamuwusing ati siri |
Allah pan uripe langgêng |
mangkono tan kêna nora |
ana dene napas ika ||
31. Ingkang mêdal saking lesan |
anpas kang mêdal ing karna |
tanapas kang mêdal netra |
nupus kang mêdal ing grana |
dene wiriting sarengat |
apan wirit Satariyah |
apan kaji salatira |
ambuntu tigang prakara ||
32. Karna netra grananira |
amêngakakên sajuga |
mung lesan apêngallulah |
dene wiriting tarekat |

Jilid 6 - Kaca : 208

- iya wirit isbandiyah |
 apan kusta salatira |
 ambuntu tigang prakara |
 grana netra lesannira ||
33. Amêngakakên sajuga |
 mung talingan asma-ullah |
 dene wiriting hakekat |
 apan iya wirit barjah |
 iku daim salatira |
 ambuntu tigang prakara |
 lesan grana karnanira |
 amêngakakên sajuga ||
34. Mung paningal sipatulah |
 dene wiriting makripat |
 pan iya wirit jalalah |
 ismungalim salatira |
 ambuntu tigang prakara |
 netra karna lêsannira |
 amêngakakên sajuga |
 mung gêrana êdatolah ||
35. Iku yayi lanyahêna |
 yèn uwis nora rêkasa |
 ya ing dalêm bengatira |
 sampurnaning pat prakara |
 kang kaucap mau ika |
 ingkang dhingin sampurnanya |
 apêngalu tan rêkasa |
 ping kalih sampurnanira ||
36. Asma-ulah tan rêkasa |
 lan kaping tri sampurnanya |
 sipatulah tan rumangsa |
 kaping pat sampurnanira |
 datulah tan ana rasa |
 iya yayi iku ingkang |
 dènranngi gaibing Allah |
 tan kêna kinaya-ngapa ||
37. Ora ana kang kalilan |
 ambuka-a gaibing Hyang |
 mung mukmin kang wus musliman |
 ya kang santosa bengatnya |
 maring Hyang kang Mahamulya |
 karana ingkang wus bisa |
 mujud mukal mung mukmin kas |
 yayi iku kang kalilan ||
38. Ambuka gaibing Allah |
 janma kang wus wujud makal |
 iku roroning ngatunggal |
 pamoring Gusti kawula |

Jilid 6 - Kaca : 209

sanalikaning ing kana |
mulane ingaran tunggal |
sabab tunggal ing pinangka |
dene mungguhing Pangeran ||

39. Dat sipat asma apêngal |
de ta mungguhing kawula |
wujud ngèlmu ênur suhud |
nyatane amor tan beda |
padha kênanan ngaranan |
dat sipat asma apêngal |
wujud ngèlmu ênur suhud |
karone kêna ngaranan ||
40. Gusti kalawan kawula |
tan pae pinae sama |
sira Nikèn Tambangraras |
manêmbah matur ing raka |
amba punapa kalilan |
umatur ing (n)Jêng paduka |
wau Ki Sèh Amongraga |
aris dènnira ngandika ||
41. Iyèngsun lilani sira |
aturira Tambangraras |
bab dat sipat asma apngal |
lan wujud ngèlmu nur suhud |
nyatane ingkang sanyata |
kang mugè tuwan sung wulang |
marang gèbal padukamba |
kang brangta kawêlas-arsa ||
42. Angga lir bantala bêlah |
mangkya kadhawahan jawah |
mèh rapêt bêlahing bumi |
(n)jêng tuwan nampunakêna |
tungtuming tyas kang anêla |
nuwun balêbahing wulang |
supaya bantala rahmat |
idayat wuwulang tuwan ||
43. Sèh Mongraga ris ngandika |
ya yayi pariksakêna |
mungguh nyataning dat yayi |
Êdat iku pan sawiji |
tan kêna linoro tingal |
dene nyataning kang sipat |
sipat iku kaelokan |
tan kêna ingèmpêr-èmpêr ||
44. De yayi nyataning asma |
asma iku apan langgêng |
nora kêna pinaido |
yayi nyataning apêngal |

- ya apêngal iku pêsthi |
nora kêna sinikara |
iku yayi wruhanira |
dene wujud nyatanira ||
45. Anane kita punika |
kalawan dating Hyang Suksma |
dene ngèlmu kang sanyata |
nyatane ngèlmu pan uni |
ya kalawan sipating Hyang |
dene nyataning kang ênur |
nyatane pan urip kita |
kalawan ya asmaning Hyang ||
46. Dene nyatane kang suhud |
nyataning pan ajal kita |
kalawan apêngaling Hyang |
wujud kita ya dating Hyang |
ngèlmu kita sipating Hyang |
ênur kita asmaning Hyang |
suhud kita apngaling Hyang |
iku yayi ingaranan ||
47. Wujud mokal jatinèka |
basa mokal iku yayi |
patêmon kawula Gusti |
iku mokal namanira |
datan Gusti tan kawula |
ya Gusti iya kawula |
Gusti kang sipat kawula |
kawula kang sipat Gusti ||
48. Yayi iya iku mokal |
gaibing roroning tunggal |
nora tunggal nora pisah |
tan kêkalih tan sajuga |
nora ewuh nora gampang |
loro-loroning atunggal |
iya ewuh iya gampang |
ananing Hyang wujud kita ||
49. Ikram kita wujuding Hyang |
iku wujud mokal rannya |
paguting kawula Gusti |
anèng jamaning akomplang |
plêng wêng-uwêng suwung gêmplung |
yèku mokal namanira |
sira yayi dènwaspada |
marang sajatining ora ||
50. Yèn wus bisa lobok yayi |
yèku wujuding nugraha |
wus mokale dhèwèkira |
mokal tan kênaning rusak |
urip tan kênaning pati |

muni tan kênaning luput |
langgêng bae sêlamine |
lamine nora watêsan ||

51. Yèku pok-pokane ing kak |
poma yayi ywa pêpeka |
tokitêna ing tyasira |
ingkang tan kalawan-lawan |
sira kang amokal mring sun |
sun mokal marang Pangeran |
Pangeran mokal ing sira |
sira kang rumangsa mokal ||
52. Ywa rumangsa yèn tan mokal |
iku yayi mungguhing kak |
kang tan kêna winicara |
kajaba kang wus anunggal |
ubaya saeka kapti |
iku yayi pasênêtan |
rasa kang nèng jroning gaib |
yèn wus tumanêm ing sira ||
53. Pêpêtên ywa kêwanguran |
ingkang agêmi akunci |
kang narima maring titah |
tutupên ing wêdi asih |
maring Hyang ingkang amurba |
angadili ing dumadi |
adiling Hyang rong prakara |
angganjar lawan aniksa ||
54. Dene yayi kang ginanjar |
wong kang ngêgungakên ing Hyang |
de yayi ingkang siniksa |
wong kang angapêskên ing Hyang |
iku yayi kawruhana |
kang ngati-ati ing titah |
aywa takabur ing manah |
utawa yèn kawicara ||
55. Iku ngapêskên Hyang Suksma |
ya kang mangkono têmahan |
ganjaran asalin siksa |
sabab dening kibirira |
ya mulane yayi sira |
kang wêdi asih apasrah |
kang kumambang wisesèng Hyang |
ywa pègat sêmbah pujinta ||
56. Marang Hyang kang Mahamulya |
poma yayi ywa nalimpang |
mring cipta ingkang maksiyat |
mangkana Ni Tambangraras |
nêratas tyasira padhang |

Jilid 6 - Kaca : 211

nêrawang nora sumêlang |
mêlêng wuwulanging raka |
kabuka kalbunira dyah ||

57. Cipta wus cakup kacupan |
sakêcap tan ana ninang |
lir kaywaking rinancaka |
mèntèr-mèntèr antarnya |
umatur sayèsmu waspa |
tan sagêd kawula nabda |
sumanggèng karsa (n)jêng tuwan |
kawula darmi lumampah ||

58. Dhumatênga lara pêjah |
tan sumêlang ngèstu pada |
kang raka aris ngandika |
ya yayi alkamdulilah |
kang muga sira lulusa |
sinung kanugrahaning Hyang |
sarwi niyung lungayannya |
ingusap srinatanira ||

59. Pinêtêg larapanira |
astaning raka kangêtan |
maruntus riwe sang rêtna |
kêkêtêging githok sumyar |
mung ukur-ukur kewala |
wontên labête nêratab |
kang raka anamur sabda |
yayi mungguh kawasèng Hyang ||

60. Andhêkêt nora gêpokan |
adohe nora wangênan |
kita lir ulam sagara |
sêgara upamaning Hyang |
anglimputi iwak kabèh |
jaba jro pari-polahnya |
si iwak saking sagara |
suprandene tan rumangsa ||

Jilid 6 - Kaca : 212

61. Lamun puniku kapurba |
kawisesa ing sêgara |
mangkono manèh kawula |
tan uninga dhêkêtira |
bênêr ujare pralambang |
suluk kidung kitab Jawa |
kêmasan tan wruhing rukmi |
sarati tan wruhing gajah ||

62. Panêgar tan wruhing kuda |
kawula tan wruhing Gusti |
mulane akèh kang wigar |
anggagar kawruhe bubar |
kaburu ing kibirira |

kaur ngèlmune kêsasar |
jubar ambêlabar nasar |
pangrasane wus ambabar ||

63. Aywa maha sira rara |
nêrak kang wus linarangan |
upamane wong apasa |
owêl batale sapala |
sira wus sinung nugraha |
ginanjar ilham tyasira |
kang garwa nuwun turira |
tyasnya rapèh tan nêratap ||
64. Pasang-surute wus kawrat |
cipta tan tuwuh winulang |
kalangkung ombèr tyasira |
wus papêsthèn titahing Hyang |
tinitah èstri utama |
anglangkungi kadang darma |
brangtine marang Pangeran |
bêgyantuk krama kasaman ||
65. Kaidayating nugraha |
winantu surasèng ngèlmu |
sangsaya sênêning cahya |
angulati ing awirya |
yata wau nalikanya |
ing ratri wus waktu pajar |
wau ta ingkang trêbangan |
anduduk suwuk gêndhingnya ||

369 Mêgatruh

1. Abubaran pra bagor sadayanipun |
nulya samya kinèn mulih |
miwah wong nonton akukut |
Jèngraga malbèng wismèki |
acucul dènya mêrabot ||
2. Sawusira lajêng mring patirtan adus |
Widiguna amidèni |
arta nèng bokor ingetung |
totomboke angsalnèki |
tigawêlas reyal bolong ||
3. Arta tigawêlas pan pinara têlu |
saduman mring ringgit kalih |
saduman mring kang ambadhut |
saduman mring para santri |
pandume sami kemawon ||
4. Ngawan reyal wolung uwang langkungipun |
wolung dhuwit dènya (m)bagi |
wusnya sigra sami mantuk |
pra santri ambage malih |
kaduman kawan wang kang wong ||

18 V. Petangan Kurup tuwin Wuku

Byar enjing ingkang trêbangan ing pandhapi sami bibaran. Para ingkang ngayahi pakaryan damêl têtینگalan sami andum arta angsal-angsalaning tombok, lajêng sami nêdha kêmbul sakalangkung pakantuk. Jamal Jamil suka pitêdah dhatêng Ki Pangulu jampining sakit encok tuwin bêlaking suku. Sêh Amongraga nêrangakên petangan tanggal kanthi dhasar kurup Kamsiyah, Arbangiyah tuwin Jumangiyah. Lajêng wiwit nêrangakên bab Wuku. ... kaca 212-225

Jilid 6 - Kaca : 213

369 Mêgatruh

5. Langkung nigang dhuwit sadaya wus cukup |
nulya lajêng maring mêsjid |
samyas dus mêt banyu wulu |
kang wus suci ambêdhugi |
Jamal Jamil adan Suboh ||
6. Abandhungan sabawane adan Subuh |
lor kidul kulon angalik |
-alik sanggèn-ênggènipun |
kang cêlak myang ragi têtibih |
kang sarênti barung ulon ||
7. Ing sadesa sawarnining tajug-tajug |
kang lagya dan kang pupuji |
swaranya sri nganyut-anyut |
mawur sabawaning pêksi |
wurahan myang ingon-ingon ||
8. Gêmak pêlung asêngut prêkutut manggung |
jalak menco bêtêt nori |
kruk babon sawung kaluruk |
bèbèk banyak glathik êmprit |
miwah mrak munya mangungong ||
9. Babon kruk-kruk lir wong wulu lagi kêmu |
sawung kaluruk angêlik |
kadya angadani Subuh |
banyak ngak-ngok lir ngimami |
bèbèk kadya Kunut alon ||
10. Jalak menco bêtêt nori lan prêkutut |
pitik cilik glathik êmprit |
lir pupujiyaning Subuh |
gêmak mêngung sênguk muni |
nguk-nguk lir dhikir lèlagon ||
11. Dalimukan lir andonga limang wêktu |
dara (m)bêkur kadya amin |
mrak munya nyêngungong cohung |
èsthanira lir nangsibi |
jara ambrangingèh dhog-dhog ||

12. Kadya (ng)gugah santri angênthongi Subuh |
wêdhus lir srêngên kon tangi |
barung pêksi-wana umyung |
sikatan munya cing-goling |
cocak angroyok kumroyok ||
13. Wor kuthilang thithilangan bangun esuk |
kêdhasih angasih-asih |
si tuhu lir wong akukuk |
nèng kaywa gêng mêmêlingi |
têkèk munya othog-othog ||
14. Apan limrah wong sadesa (ng)gènnya Subuh |
awal maksih pajar gidib |
yèn wus adan barung umyung |
punujiyan langkung asri |
sauran rampak lêlagon ||
15. Datan liyan wong sadesa pujinipun |
astagpirulah halngalim |
minkuli dabin ngalamu |
walayagpiru dunubi |
ila rabil ngalamino ||
16. Kanan kering kulon wetan lor myang kidul |
samyã alêlagon puji |
anganyut swaranira rum |
wong tuwa barung rarywalit |
alayu-layu amelon ||
17. Gurantangan lir sundari tri katiyub |
ing pracandha sru angidid |
sring srang-srangan kapyarsa rum |
wor swararsa agêgrami |
myang pêpasar ting karengkot ||
18. Bang-bang wetan lêkas tatrap awêwarung |
lincaknya nyamikan enjing |
lagya dadèn gêni murub |
kang adol ledre surabi |
anake alit dèn gendhong ||
19. Mèh byar rina rêma saput-lêmah pêdhut |
sangsaya kèh sabawaning |
desarja lêlangênipun |
rame swaraning kang jalmi |
(n)dulur nèng marga agolong ||
20. Cêcaturan guguyon tutur-tinutur |
sawêngi tan bisa guling |
kariipan dènnya (n)dudulu |
ana batur gus Suratini |
ana Sênu kang dèn-omong ||

Jilid 6 - Kaca : 214

21. Ana Widiguna kang cinatur lucu |
ana nutur Jayèngragi |
asigit bagus abêsus |
saselahe jongkar angin |
bisa wèh lam-lam ngêlamong ||
22. Ting kulikik para bakul turut lurung |
sami pêpasar anggili |
kèsèr pipikul andulur |
tunggal kang cinatur sami |
kalane andulu gamboh ||

370 Gambuh

1. Sirat mabang byar esuk |
Hyang Surya mijil udayèng gunung |
sirating Hyang Rawi mrabani salwirning |
nahyani prêdapa wungu |
sumringah sinoming kayon ||
2. Kitri ingkang ngêrêmbyung |
kawijilan ujwalaning samsu |
gambiraning kitri ron katubing angin |
lir wadya suka pinanggut |
tampi ganjaraning katong ||
3. Mangkana èsthanipun |
apan kathah alangên dinulu |
ing sajroning desa ing Wanamartèki |
saking harjaning dhusun gung |
tan ana kang walang atos ||
4. Sadaya sami cukup |
pan (n)Jêng Kyai Bayi brêkahipun |
rare alit jalu èstri samya ngaji |
tan ana tajug kang suwung |
kêbak ing saênggon-ênggon ||
5. Gumrah ngaji nèng tajug |
ana kang gèladhag ngaji Kulhu |
ana lagya tutug Ikral lan Watini |
kang wus tamat Ngama Sajud |
ana kang ngejah kemawon ||
6. Akèh kêrêng kang muruk |
yèn tan bènêr sinabêtan wilur |
gigitike wilah lir walêsan pacing |
sêsrêngên sambu mumuruk |
tansah nunutuh sarya kon ||
7. Jèh ambaèkkên tutur |
yèn wong ngaji amrih gangsaripun |
yèn tuttug Lamyakunil sidhêkah inthil |
ekrak opak Kulhu sêkul |

Jilid 6 - Kaca : 215

Idaja-a iku jongkong ||

8. Akathah solahipun |
harjaning dhusun tan wun cinatur |
Ki Sèh Amongraga alênggah sarimbit |
sarta lan kang rayi wau |
Jayèngraga sakarongron ||
9. Cênthini tansèng ngayun |
angladèni sêsaosanipun |
Nikèn Rarasati kang anatèng ngarsi |
pateyan tenonganipun |
dharan enjingan sumaos ||
10. Sêrabi ledre puthu |
tan kolak bikang jê nang garêndul |
gêmblong lèmpèng juwadah gulali gêbing |
lan bakaran pisang suluh |
dhèndhèng gêpuk apêm kocor ||
11. Munggwèng paningratipun |
ing bale-watangan dènya lungguh |
gya kang rayi Jayèngwèsthi ingkang prapti |
lan garwa rencang nèng pungkur |
sarwi manggul dhulang loro ||
12. Dhêdharan lawan bucu |
praptèng made Jayèngraga mudhun |
ingkang raka Amongraga anginsêti |
wus tata sami alungguh |
dhêdharan lajèng sumaos ||
13. Wus aglar anèng ngayun |
nulya wau ingkang paman rawuh |
Kulawiryana lan sagarwanira katri |
rencangira sarwi manggul |
dhulang têlu abot-abot ||
14. Dhêdharan lawan bucu |
kupati lègandha sa-abênipun |
praptèng paningrat kang putra samya ngering |
pan lajèng tinatèng ngayun |
kupati lègandha mirantos ||
15. Datan antara dangu |
(n)Jèng Kyai Panurta ingkang rawuh |
lan kang garwa sakucumbu samya ngiring |
santri Luci anèng ngayun |
ngirid jodhang sarêmbat bot ||
16. Kang putra duk andulu |
lamun ingkang rama ibu rawuh |
sigra samya mudhun sing bale ngormati |
(n)Jèng Kyai sêmada gupuh |

Jilid 6 - Kaca : 216

myat ing putra mantu anor ||

17. Ki Bayi Panurta wus |
lênggah lan garwa kang putra gupuh |
samyâ nêmbah sadaya sarêng alinggih |
(n)Jêng Kyai alon amuwus |
hèh Wirya apa sireko ||
18. Banjur bae tan mantuk |
ingkang rayi alon aturipun |
inggih mantuk sakêdhap bibaran enjing |
pajar gidip samya mantuk |
pan lajêng Subuh kemawon ||
19. Byar siyang nulya wangsul |
kang raka ngling gumujêng ya sokur |
apa karo anggawa sarapan enjing |
iki manèh bokayumu |
anggawa sèmèkan wayon ||
20. Rada sompok gyanipun |
saenggane ngalih ing (ng)gènnipun |
ing pandhapa kang bawera bae bêcik |
sadaya sami umatur |
sumanggèng karsa kemawon ||
21. (n)Jêng Kyai nulya nuduh |
hèh Tiraga gèlarana gupuh |
ing pèndhapa lampit kêlasa dèn-aglis |
ingkang dhinawuhan gupuh |
tan adangu wus mirantos ||
22. Kang rama alon muwus |
wawi anak nèng pèndhabinipun |
matur inggih sumangga kula umuring |
nulya samya linggar mudhun |
lênggah ing pandhapa manggon ||
23. Dhêdharan sadayèku |
samyâ ginawa sinaos ngayun |
Ni Cènthini lan Sumbaling nglêladèni |
wus tinata kadya wau |
Ki Bayi ngandika alon ||
24. Luci undangên gupuh |
si Pangulu Basarodin mupung |
esuk yèn wus muruk marang santri-santri |
kang liningan mentar dangu |
tan antara nulya rawoh ||
25. Ki Bayi lingira rum |
dimarene Pangulu alungguh |
sira iku gèlis tuwa sunarani |
tan sêmbada daging pupuk |

Jilid 6 - Kaca : 217

sabobotmu gêlis repot ||

26. Ki pangulu umatur |
ping sadasa kêcandhaking ribug |
suku kula bêlakên tan sagêt mari |
mila lampah griyah-griyuh |
kawêwahan sakit encok ||
27. Kulawirya gumuyu |
punapyajêng jampi kang Pangulu |
jampi encok ampuh gathêg sêg gya mari |
dene bobok pan pituduh |
mung sarat nanging sayêktos ||
28. Yèn wontên manuk êngkuk |
jinogèdan wontên ngandhapipun |
sampun êmpun yèn botên mibêr kang pêksi |
bêr bêr ya gawanên mabur |
encokku ngaliha mrono ||
29. Puniku japanipun |
kang sami myarsa suka gumuyu |
Ki Pangulu ambêkuh mèsêm nauri |
jêrku apa yèn kadyèku |
tan pasaja mung guguyon ||
30. Nadyan yêktos puniku |
mawi anjogèd pan botên mungguh |
linampahan tiyang kadya awak mami |
Ki Bayi mèsêm amuwus |
hèh gus Jamal Jamil kono ||
31. Kalamun duwe kawruh |
tamba encok wong tuwa wlas-ayun |
Sèh Mongraga sumambung umatur aris |
inggih Jamal sabênipun |
sagêd anjampèni encok ||
32. Asênggak Ki Pangulu |
dhuh inggih alkamdulilah sokur |
kula ngalap bêrkah adhi Jamal Jamil |
sarta idine wong bagus |
prayogi ngriki alungguh ||
33. Jamal Jamil turipun |
nuwun ajrih lan dede dhêdhukun |
Ki Baywa ngling munggaha gus Jamal Jamil |
lungguha lan Ki Pangulu |
cêlakan bae ing kono ||
34. Amêksa Ki Pangulu |
ngawe cêluk-cêluk manthuk-manthuk |
sampun ta (ng)gih sampun ran dèn lilani |
Sèh Mongraga ngandika rum |

lah ya lungguha ing kono ||

35. Ki Jamal Jamil gupuh |
lênggah tunggil lan Kyai Pangulu |
Kyai Basarodin suka angingsêdi |
kadospundi tambanipun |
ingkang nyarasakên encok ||
36. Ki Jamal aturipun |
jampi encok inggih adatipun |
ingkang sampun kalampahan kèh kang mari |
sarate punika namung |
isining bendha kang gesot ||
37. Kalawan cabe wungkul |
pan salawe lan sarêm sawuku |
sawuku thil kang bendha gesot satunggil |
pinipis ingkang alêmbut |
tinoyanan êmpon-êmpon ||
38. Kewala pathinipun |
rambah ping salawe dènnya jamu |
kaping kalih sawulan dènnira jampi |
sarêng tanggal pisanipun |
lan tanggal limalas kono ||
39. Sabên-sabên puniku |
kang ajangkêp salawe jêjamu |
insa-Allah kang sakit encok pan mari |
oyoding sêsakit larut |
kuwat balung daging otot ||
40. Sêgêr marang ing purus |
dhatêng napas aring antêng landhung |
lan tawêkal mêlèk ratri tan patya rip |
badan asaras sakojur |
manah enggar tan mirangrong ||

371 Wirangrong

1. Pangulu lêga tyasnèki |
myarsa kojah jampi jompo |
mituhu wirayat manthuk-manthuk |
kêduga sarya ngling |
dhuh bagus Jamil Jamal |
kêlangkung alkamdulilah ||
2. Ki Bayi Panurta angling |
Pangulu bêgja-lih kaol |
apan manirarsa iya mèlu |
agawe jêjampi |
wis bunuhe wong tuwa |
agujih krêp sakitira ||
3. Ki Pangulu matur aris |
dhuh inggih apan sayêktos |

kados wus adatnya tiyang sêpuh |
cêpak kang sêsakit |
Ki Baywa ngling ya talah |
puluh wus ganjaraning Hyang ||

Jilid 6 - Kaca : 219

4. Apan sarwi ngancarani |
ing dhêdharan kang sumaos |
paran sinênêngan sadaya wus |
nyamikan binukti |
wedang myang pêpanganan |
sami sakantuk dhêdharan ||
5. Dangu dènnira nyênyamik |
Ki Bayi ngandika alon |
bêcik sêsarapan mumpung esuk |
Malarsih anuding |
Sumbaling Cênthini gya |
malbèng wisma paparentah ||
6. Sadaya sampun miranti |
rampadan ingangkat gupoh |
Cênthini nèng ngarsa manggul bucu |
anèng panjang giri |
sinaoskên nèng ngarsa |
rampadanira tinata ||
7. Sumbaling lawan Cênthini |
sawuse dènnya sêsaos |
mundur saking ngarsa tan adangu |
Kyai ngandika ris |
lah payo samya nadhah |
barêngan bae aenak ||
8. Bancakan pakolih bukti |
lah mara padha wêwisoh |
krana Lah kewala payo kêmbul |
sigra kang sinung ngling |
samya awiwijikan |
adan lêkas samya nadhah ||
9. Nulya Wiradhustha prapti |
Panukma Panamar katon |
Ki Baywa sru lingnya lah dèn-gupuh |
lagi lêkas iki |
rayi gêpah alênggah |
lajêng wijk kêmbul nadhah ||
10. Pakantuk kang samya bukti |
lan garwa putra aroyom |
samya rahabira Ki Pangulu |
nunggil Jamal Jamil |
bucu juga tinigan |
lam-ulamane mawarna ||

11. Myang gudhang kulup mēpēki |
jangan pindhang bobor loncom |
sêkul gorèng pulên punar wuduk |
myang rampadanèki |
ingkang kinarsan ana |
janganan ulam-ulaman ||
12. Ki Pangulu Basarodin |
dènnya nadhah ngramês kokoh |
cekoh mojar wawi ngriku |
adhi Jamal Jamil |
kang nênm kalih kula |
sami krana Lah kewala ||
13. Jayèngraga angêjèpi |
mring Jamal Jamil wong loro |
ingkang sinasmitan samyandhêku |
ing sêmu wus tampi |
mangkana Jamil Jamal |
angangsêg dènnira sila ||
14. Samya angling anangguhi |
wong têlu kokoh aserob |
samya drêmbanira thêkul-thêkul |
andhêngèngèk kudhi |
Pangulu lêga tyasnya |
kaecan dènnya anadhah ||
15. Dangu antaraning bukti |
Ki Pangulu pantog tinog |
ngling Ki Kulawirya kang Pangulu |
saiki lèh tandhing |
binut ro Gathutkaca |
Antarêja Antasena ||
16. Lah mêngko kalah kang êndi |
pêthèkku kalah kang roro |
Ki Pangulu saya nyêrang puluk |
abikut pakolih |
tumpêng sawiji têlas |
ulam sarampadan bebas ||
17. Jangan sakuwali ênting |
bêsêngèk bêtutu opor |
kari balung (ng)glethak bantu sêkul |
punar pulên gurih |
miwah kupat balendrang |
ambandrêng dènnira nadhah ||
18. Akokoh balendrang pêtis |
sambêl têlas lalab lombok |
pan urap-urapan carub wor-suh |
puluke sabithi |
akrêp tan tulatènan |

Jilid 6 - Kaca : 220

ingampêr bar-bêr kewala ||

19. Kokohe sapanjang lintrik |
Jamal Jamil ya samono |
Ki Pangulu mojar laminipun |
nadhah tan kadyèki |
langkung takêre saban |
adhi pan eca kewala ||
20. Ki Jamal Jamil nauri |
inggih sawêg eca mawon |
apan sarêng têlas kokohipun |
nulya luwaran bukti |
Ki Bayi lon ngandika |
wis padha dumên barêkat ||
21. Kang wrata lir dum kêndhuri |
padha bae lanang wadon |
nulya Kulawirya kang adungdum |
barêkat waradin |
pan pinara nêmbêlas |
èstri pitu jalu sanga ||
22. Ki Pangulu Basarodin |
tan dinuman brêkat mêngko |
sabab ambêngira datan kantun |
wus têlas binukti |
Ki Pangulu malêngak |
dhêlêg-dhêlêg tan micara ||
23. Ki Bayi ngandika aris |
iku si Pangulu (n)jomblong |
tan dinuman brêkat priye iku |
katri Jamal Jamil |
Kulawirya alatah |
jêr anumpêr-numpêr mangan ||
24. Ki Pangulu anauri |
inggih sampun bêtjaningong |
sêmune isin tyas ginaguyu |
tumungkul tan angling |
sakêdhap byar katingal |
ambêng kang sampun pinangan ||
25. Wêtah tan ana kang cuwil |
Ki Pangulu andêngongok |
miyat ambênge tyasnya agumun |
mèsêm sarya angling |
niki ambêng punapa |
Jamal Jamil saurira ||
26. (ng)Gih ambêng wau puniki |
kêdhik dèrèng kalong-kalong |
Ki Pangulu Basar kagyat (n)jumbul |

Jilid 6 - Kaca : 221

- agiyak ambêkik |
gumuyu kêkêlyogan |
sing tak pangan mau apa ||
27. Dudu rasane Ki Jamil |
bisa têtên karya gawok |
sadaya kang myarsa sru gumuyu |
Ki Kulawirya ngling |
wit ning mundhak akathah |
barêkate wutuh ayam ||
28. Nulya dinum pinara tri |
Ki Pangulu muwus alon |
niku mêngke uga kadi wau |
adamêl prakawis |
la (m)bok sampun dhi Jamal |
mungna samèntên kewala ||
29. Samya ginuyu Ki Rodin |
Pangulu malih têtakon |
adhi Jamal Jamil nêdha tulung |
kirang saprakawis |
kang dadya kêmlaratan |
sêsakite suku kula ||
30. Sangêt susah ingkang ati |
saking bêlakên malêthok |
tan sagêd lumampah griyah-griyuh |
milane pun adhi |
mugi suka-a têtah |
jampi kang maraskên bêlak ||
31. Inggih sok sarasa nuli |
kula nadar mring (n)dika ro |
mragad wêdhus gibas wong têtêlu |
bukti kang dumugi |
Jamal lon aturira |
babakan pocung kewala ||
- 372 Pocung**
1. Kalih kayu urip lan widuri namung |
punika ginêcak |
ginodhog kang molak-malik |
yèn wus ragi lêm pêr panase kang wedang ||
2. Suku kinum duga-duga panasipun |
yèn uwus sumawah |
pangêkume ywa dèn-(n)dhani |
pan sadintên (m)bêngkêlêng kinum ing wedang ||
3. Wedang lamun asrêp ginodhog kur-ukur |
sumawah kewala |
suku kinumakên malih |
ingkang tanak sadintên pisan tan têtas ||

4. Yèn wus tutug sadintên pangêkumipun |
nulya kinêrukan |
lawan wêlating pring lêgi |
ing kang kanti têlas dlamakan kang bêlak ||
5. Lamun sampun têlas balêdhaganipun |
nuntên jinampènan |
mung tela pêndhêm pinipis |
lan apu dèntraju kang sami wawratnya ||
6. Gya cinampu kaulêt pan sukunipun |
pinopok ing tamba |
kang wrata lamakanèki |
pinanggang ing wangwa kusambi kang panas ||
7. Ing kang dangu pêmanggangipun ing latu |
kang karaos panas |
dèn-kantos aking kang jampi |
pan makatên kewala sa-Allah saras ||
8. Yèn wus mantun dêlamakan mantuk alus |
kang sampun klampahan |
tan wontên madal satunggil |
wah mêkatên punika manawi madal ||
9. Lêrêsipun inggih botên-botênipun |
pan wus dadi sarat |
sakit dêlamakan sikil |
êrang porang bêrak bêlak bubul-yuta ||
10. Ki Pangulu Basarodin manthuk-manthuk |
anggêga kadugi |
mring kojahe Jamal Jamil |
angling inggih dhi sa-Allah botên mangmang ||
11. Nambung wuwus Kulawirya mring Pêngulu |
untung kakang Basar |
layak mau bêngi ngimpi |
kèh bêrkate olèh kojah jampi mata ||
12. Alon muwus Kyai Bayi Panurtèku |
bêgjane Ki Basar |
kabèh ngêmum mring si Rodin |
iku mendah sêsandhingan lan wong bisa ||
13. Lingira rum Ki Bayi marang Pangulu |
hèh Pangulu Basar |
mungguh kurup lan rukyati |
pan manira masih sumêlang tan padhang ||
14. Yèn anuju wulan Ramêlan sring kuwur |
kakirên kawalan |
sabên mêngêng mutawatir |

Jilid 6 - Kaca : 222

kang utama apa kurup apa rukyat ||

15. Kurup têtung prakara iku sun durung |
kusus ing lampahnya |
kang têtêp tanggaling sasi |
kurup Kamsiyah Arbangiyah Jamngiah ||

Jilid 6 - Kaca : 223

16. Ki Pangulu umatur dèrèng tyas kusus |
sumangga kewala |
(n)Jêng Kyai ngandika aris |
kadospundi anak mas Sèh Amongraga ||
17. Ingkang têtentu lampaha kurup têtêlu |
punapa Kamsiyah |
punapa Arbangiyahi |
punapa Jamangiyah sèntune ingetang ||
18. Alon matur Sèh Mongraga mring marsêpuh |
mênggah kang punika |
ing kurup tigang prakawis |
apan sami kêlampah katiga pisan ||
19. Lamun nuju ing taun Dal lampahipun |
salêbêting Êdal |
sami lumampah kurup tri |
kurup Arbangiyah apan lawan wulan ||
20. Wiwitipun wulan Madilakiripun |
Rêjêb Ruwah Siyam |
saking Rêbo wit winilis |
pan ingetang nêptuning taun lan wulan ||
21. De kang kurup Kamsiyah ing lampahipun |
apan gangsal wulan |
wit Sawal Dulkangidah Kaji |
lawan Rabingulakir Jumadilawal ||
22. Pan ingetung saking Kêmis naptunipun |
lêrêse kang tanggal |
sapisan kang botên sisip |
lawan malih lampahing kurup Jamngiyah ||
23. Tigang têngsu wit Sura Sapar lan Mulud |
pangetange tanggal |
saking Jumuwah winilis |
kala Nabiulah têdhak marang donya ||
24. Lêrêsipun tanggal kaping rolas Mulud |
lamun tan dènetang |
saking Jumuwah pan sisip |
dene lamun botên nuju taun Êdal ||
25. Ingkang kurup Kamsiyah kewala laju |
apan wolung wulan |

Sawal Dulkijah Dulkaji |
Sura Sapar Mulud Rabingulakirnya ||

26. Kêlawan Jumadilawal jangkêpipun |
wolung wulan ngetang |
saking Kêmis kurupnèki |
kurup Arbangiyah anggêr kawan wulan ||
27. Tan ewah Jumadilakir Rêjêbipun |
Sakban lan Ramêlan |
saking Rêbo etangnèki |
mila Arbangiyah anggêr datan ewah ||
28. Sababipun ing dalêm sawulan ngriku |
siyame supaya |
jangkêp tigangdasa ari |
dados botên mutawatir Ramêlannya ||
29. Yèn ta ngetung saking Arbangiyahipun |
têmtu yèn sumêlang |
sring tan jangkêp tridasa ri |
sabab dede jumblahé kurup ingetang ||
30. Lamun tangsu Ramêlan tan liyan kurup |
kêdah Arbangiyah |
kang têtêp tan mutawatir |
yèn Kamsiyah asring katunjang ing rukyat ||
31. Alon muwus Ki Bayi marang sang bagus |
wontên malih etang |
tan mawi kurup dèn-pêsthi |
ing dintêne satunggal-tunggal (m)bên tanggal ||
32. Ris umatur Ki Sèh Amongraga arum |
pan inggih punika |
winastanan etang Taprik |
kang rama ngling kadospundi ing lampahnya ||
33. Aturipun kang putra mênggah puniku |
tan mawi pinetang |
taun kang dipuntingali |
pan punika etang saking kapujanggan ||
34. Wiwit taun Alip Kunthara kang windu |
tanggale ing Sura |
Kêmis Kaliwon marêngi |
wuku Kulawu nuntên ing wulan Sapar ||
35. Tanggal Saptu Kliwon Landêp wukunipun |
gya Rabingulawal |
Akat Wage Warigalit |
nuntên wulan Rabingulakir dintênnya ||

Jilid 6 - Kaca : 224

36. Tanggalipun Slasa Wage (ng)gih puniku |
wukunya Galungan |
gya Jumadilawal nênggih |
tanggal Rêbo Pon wuku Julungpujudnya ||
37. Kang wulan Jumadilakir tanggalipun |
ing dintên Jumungah |
Èpon wukunipun Tambir |
wulan Rêjêb tanggal Saptu Paingira ||
38. Wukunipun Manahil ingkang lumaku |
nulya wulan Sakban |
sarêng tanggal Sênèn Paing |
wuku Kulawu nulya wulan Ramêlan ||
39. Tanggalipun Salasa Lêgi puniku |
Landêp wukunira |
Sawal tanggal Kêmis Lêgi |
Wuku Gumbrêg nulya sasi Dulkaidah ||
40. Tanggalipun Jumungah Kaliwon nêngguh |
nuju wuku Sungsang |
wulan Bêsar tanggalnèki |
Akad Kliwon wuku Julungpujud tamat ||
41. Gantya taun ehe nênggih kang lumaku |
tanggale ing Sura |
Sênèn Wage wuku Tambir |
wulan Sapar tanggale Rêbo Wagenya ||
42. Wukunipun Manahil gya wulan Mulud |
Kêmis Pon tanggalnya |
wuku Wayang nulya sasi |
Rabingulakir tanggal Saptu Ponira ||
43. Wukunipun Sinta anulya kang tangsu |
ing Jumadilawal |
tanggalipun Akat Paing |
wuku Gumbrêg gya wulan Madilakirnya ||
44. Tanggalipun Sênèn Lêgi Sungsang wuku |
Rêjêb tanggalira |
Salasa Kliwon anênggih |
wuku Mandhasiya nulya wulan Sakban ||
45. Tanggalipun Kêmis Kliwon Mrakèh wuku |
gya wulan Ramêlan |
tanggal Saptu Kliwonèki |
wuku Wuye anuntên ing wulan Sawal ||
46. Tanggalipun Sênèn Kaliwon puniku |
wukunipun Wayang |
wulan Dulkangidah nênggih |

Jilid 6 - Kaca : 225

sarêng tanggal dintên Salasa Wagenya ||

47. Ingkang wuku Sinta nulya Bêsaripun |
dintên sarêng tanggal |
Kêmis Wage wukunèki |
Tolu tamat ing sataunipun lonthang ||

